



1ye Janvyè – 31 Desanm 2025

Prèv Kouvèti:

Avantaj ak Sèvis Sante Medicare ou yo ansanm ak Kouvèti Medikaman sou Preskripsyon ou antanke Manm Wellcare Dual Access (HMO D-SNP)

Dokiman sa a ba ou detay sou kouvèti swen sante Medicare ou yo ak medikaman sou preskripsyon ou yo sòti 1ye janvyè rive 31 desanm 2025. **Dokiman sa a se yon dokiman jiridik ki enpòtan. Tanpri mete l yon kote l ap an sekirite.**

Pou kesyon ou ka genyen sou dokiman sa a, tanpri kontakte Sèvis pou Manm yo nan 1-833-444-9089. (Moun k ap itilize TTY yo t a dwe rele 711). Orè nou se: Soti 1ye Oktòb pou rive 31 Mas, reprezantan yo disponib soti Lendi–Dimanch, soti 8 a.m. rive 8 p.m. Ant 1ye avril ak 30 septanm, reprezantan yo disponib lendi pou rive vandredi, 8è a.m. jiska 8è p.m. Apèl sa gratis.

Plan sa a, Wellcare Dual Access (HMO D-SNP), se Sunshine State Health Plan, Inc. ki ofri li. (Wellcare) (Lè *Prèv Kouvèti* sa a di "nou" oswa "nou an/yo," l ap pale de Sunshine State Health Plan, Inc. (Wellcare) Lè li di "plan" oswa "plan nou an," l ap pale de Wellcare Dual Access (HMO D-SNP).)

Dokiman sa disponib gratis nan lang Panyòl, Vyetnamyen, ak Kreyòl. Nou dwe bay enfòmasyon yo nan yon fason ki bon pou ou (nan fòma odyo, an bray, gwo lèt detache, oswa lòt fòma altènatif, elatriye). Tanpri rele Sèvis pou Manm yo si w bezwen enfòmasyon sou plan an nan yon lòt fòma.

Avantaj, ak/oswa kopèman/ko-asirans yo ka chanje nan dat 1ye Janvyè 2026.

Fòmilè a (lis medikaman), rezo famasi a, ak/oswa founisè ki nan rezo a ka chanje a nenpòt ki moman. Ou gen pou w resevwa yon avi lè sa nesèsè. Nou gen pou n enfòme moun ki enskri ki afekte yo konsènan chanjman yo omwen 30 jou alavans.

Dokiman sa a eksplike avantaj ak dwa w yo. Itilize dokiman sa a pou w konprann:

- Prim plan ou an ak pataj depans ou yo;
- Avantaj medikal ak medikaman sou preskripsyon ou yo;
- Kòman pou w depoze yon plent si yon sèvis oswa tretman pa satisfè w;
- Fason pou kontakte nou si ou bezwen asistans siplemantè; epi,
- Lòt pwoteksyon lwa Medicare la egzije.

OMB Approval 0938-1051 (Expires: August 31, 2026)

FL5WMREOC60322H_0124

Daprè yon revizyon nan Modèl Swen an, Komite Nasyonal pou Asirans Kalite (NCQA) te apwouve Wellcare Dual Access (HMO D-SNP) pou opere yon Plan Bezwen Espesyal (SNP) jiska lane 2027.

Lis Kontni yo**Prèw Kouvèti pou ane 2025****Lis Kontni yo**

CHAPIT 1:	<i>Kòmanse antanke yon manm</i>	7
SEKSYON 1	Entwodiksyon	8
SEKSYON 2	Kisa ki fè w kalifye pou w vin manm plan an?.....	9
SEKSYON 3	Materyèl ki enpòtan pou manm yo ou gen pou w resevwa.....	11
SEKSYON 4	Depans mansyèl ou pou Wellcare Dual Access (HMO D-SNP).....	13
SEKSYON 5	Plis enfòmasyon konsènan prim mansyèl ou an	16
SEKSYON 6	Kenbe dosye w antanke manm plan an ajou	16
SEKSYON 7	Kòman lòt asirans yo fonksyone avèk plan nou an	17
CHAPIT 2:	<i>Nimewo telefòn ak resous ki enpòtan</i>	19
SEKSYON 1	Mwayen pou kontakte plan nou an (kòman pou kontakte nou, ki enkli kòman pou w kontakte Sèvis pou Manm yo)	20
SEKSYON 2	Medicare (kòman pou w jwenn èd ak enfòmasyon dirèkteman nan men pwogram Federal Medicare la)	25
SEKSYON 3	Pwogram Èd Asirans Sante Eta a (asistans gratis, enfòmasyon, epi repons epi repons pou kesyon ou genyen konsènan Medicare yo)	26
SEKSYON 4	Òganizasyon pou Amelyorasyon Kalite a.....	27
SEKSYON 5	Sekirite Sosyal	28
SEKSYON 6	Medicaid	29
SEKSYON 7	Enfòmasyon konsènan pwogram yo pou ede moun peye pou medikaman sou preskripsyon yo.....	30
SEKSYON 8	Fason pou kontakte Komisyon Retrèt nan Chemennfè a.....	33
SEKSYON 9	Èske ou gen asirans an gwoup oswa lòt asirans sante ki sòti nan men yon anplwayè?	33
CHAPIT 3:	<i>Itilizasyon plan an pou sèvis medikal ou yo ak lòt sèvis ki kouvri yo</i>	35
SEKSYON 1	Bagay ou dwe konnen sou jwenn swen medikal ou yo ak lòt sèvis antanke yon manm nan plan nou an.....	36
SEKSYON 2	Itilize founisè ki nan rezo plan an pou jwenn swen medikal ou yo ak lòt sèvis	38
SEKSYON 3	Kijan pou W jwenn sèvis lè ou gen yon ijans oswa yon bezwen ijan pou swen oswa pandan yon katastwòf.....	42
SEKSYON 4	E si yo faktire w dirèkteman pou totalite pri sèvis ou yo?.....	45
SEKSYON 5	Kijan sèvis medikal ou yo kouvri lè ou nan yon etid pou rechèch klinik?	45

Lis Kontni yo

SEKSYON 6	Règ pou w resevwa swen nan yon enstitisyon swen sante relijye ki pa medikal	47
SEKSYON 7	Règ pou posede ekipman medikal dirab	48
CHAPIT 4:	<i>Tablo Avantaj Medikal yo (sa ki kouvri yo)</i>	50
SEKSYON 1	Konprann sèvis ki kouvri yo.....	51
SEKSYON 2	Itilize Tablo Avantaj Medikal yo pou w konnen kisa ki kouvri yo	52
SEKSYON 3	Ki sèvis ki kouvri andeyò plan an?.....	99
SEKSYON 4	Ki sèvis plan an pa kouvri?.....	99
CHAPIT 5:	<i>Itilize kouvèti plan an pou medikaman sou preskripsyon Pati D yo.....</i>	103
SEKSYON 1	Entwodiksyon	104
SEKSYON 2	Egzekite preskripsyon w lan nan yon famasi ki nan rezo a oswa atravè sèvis kòmman pa lapòs plan an.....	105
SEKSYON 3	Medikaman ou yo dwe sou Lis Medikaman plan an	109
SEKSYON 4	Genyen restriksyon sou kouvèti pou kèk medikaman	110
SEKSYON 5	E si youn nan medikaman ou yo pa kouvri nan fason ou ta renmen pou yo kouvri l la?	112
SEKSYON 6	E si kouvèti w la chanje pou youn nan medikaman w yo?	114
SEKSYON 7	Ki tip medikaman plan an pa kouvri?.....	116
SEKSYON 8	Egzekite yon preskripsyon.....	117
SEKSYON 9	Kouvèti pou medikaman Pati D nan sitiyasyon ki patikilyè.....	117
SEKSYON 10	Pwogram sou sekirite ak jesyon medikaman.....	119
SEKSYON 11	Nou voye rapò ba ou ki eksplike pèman yo te fè pou medikaman ou yo ak etap pèman ou ye a	121
CHAPIT 6:	<i>Sa ou peye pou medikaman sou preskripsyon Pati D ou yo</i>	123
CHAPIT 7:	<i>Mande nou pou n peye yon fakti ou te resevwa pou sèvis medikal oswa medikaman ki kouvri.....</i>	125
SEKSYON 1	Sitiyasyon kote ou ta dwe mande nou pou n peye pou sèvis oswa medikaman ou yo ki kouvri yo.....	126
SEKSYON 2	Fason pou w mande nou pou n ranbouse w oswa pou nou peye yon fakti ou te resevwa	128
SEKSYON 3	Nou gen pou n konsidere demann ou an pou pèman an epi n ap di wi oswa non	129

Lis Kontni yo

CHAPIT 8:	<i>Dwa ak responsablite w yo</i>	131
SEKSYON 1	Plan nou an dwe onore dwa ak sansiblite kiltirèl ou antanke yon manm plan an	132
SEKSYON 2	Ou gen kèk responsablite antanke manm plan an.....	139
CHAPIT 9:	<i>Kisa ou dwe fè si ou gen yon pwoblèm oswa yon plent (desizyon sou kouvèti, kontestasyon, plent)</i>	140
SEKSYON 1	Entwodiksyon	141
SEKSYON 2	Ki kote pou w jwenn plis enfòmasyon ak èd ki pèsonalize	141
SEKSYON 3	Pou fè fas ak pwoblèm ou an, ki pwosesis ou t a dwe itilize?	142
SEKSYON 4	Jesyon pwoblèm yo konsènan avantaj Medicare ou yo	143
SEKSYON 5	Yon gid sou Prensip debaz desizyon Kouvèti ak kontestasyon yo	144
SEKSYON 6	Swen medikal ou: Fason pou w mande yon desizyon sou kouvèti oswa pou fè yon kontestasyon kont yon dezisyon sou kouvèti.....	147
SEKSYON 7	Medikaman sou preskripsyon Pati D ou yo: Fason pou w mande yon desizyon sou kouvèti oswa pou fè yon kontestasyon.....	154
SEKSYON 8	Fason pou w mande nou pou nou kouvri yon ospitalizasyon ki pi long si w panse y ap egzeyate w twò bonè	162
SEKSYON 9	Fason pou w mande nou pou n kontinye kouvri yon pòsyon sèvis medikal si w panse kouvèti asirans ou an ap fini twò bonè.	167
SEKSYON 10	Fè kontestasyon ou an rive nan Nivo 3 a ak pi lwen toujou	170
SEKSYON 11	Fason pou depoze yon plent konsènan kalite swen, tan datant, sèvis kliyan oswa lòt enkyetid.	173
SEKSYON 12	Pwoblèm sou avantaj Ajans pou Administrasyon Swen Sante (Pwogram Medicaid Florida a) pa w la	176
CHAPIT 10:	<i>Fason pou w sispann kontra w nan plan an</i>	177
SEKSYON 1	Entwodiksyon sou fason pou w sispann kontra w nan plan an.....	178
SEKSYON 2	Kilè w kapab sispann kontra w nan plan nou an?.....	178
SEKSYON 3	Kòman pou w mete yon bout nan kontra w ak plan nou an?.....	181
SEKSYON 4	Jiskaske kontra w lan fini, ou dwe kontinye resevwa atik medikal ou yo, sèvis ou yo ansanm ak medikaman w yo atravè plan nou an	183
SEKSYON 5	Nou dwe kanpe kontra w nan plan an nan sèten sitiyasyon.....	183
CHAPIT 11:	<i>Avi Jiridik</i>	185
SEKSYON 1	Avi konsènan lwa k ap gouvène a.....	186
SEKSYON 2	Avi sou zewo diskriminasyon	186

Lis Kontni yo

SEKSYON 3	Avi sou dwa sibstitisyon Peyè Segondè Medicare la.....	186
SEKSYON 4	Rekiperasyon avantaj plan nou an peye anba plan Wellcare Dual Access (HMO D-SNP).....	186
SEKSYON 5	Kat Manm	189
SEKSYON 6	Kontraktè endepandan yo	189
SEKSYON 7	Fwod nan plan swen sante a	189
SEKSYON 8	Sikonstans ki chape anba kontwòl plan an	190
CHAPIT 12:	<i>Definisyon mo enpòtan</i>	191

CHAPIT 1:

Kòmanse antanke yon manm

SEKSYON 1 Entwodiksyon**Seksyon 1.1 Ou enskri nan Wellcare Dual Access (HMO D-SNP), ki se yon plan Medicare Advantage espesyalize (Plan Bezwen Espesyal).**

Ou benefisye alafwa kouvèti Medicare ak Ajans Administrasyon Swen Sante (Pwogram Medicaid Florida a):

- **Medicare** se pwogram asirans sante Federal pou moun ki gen 65 lane oswa plis, kèk moun ki gen mwens pase 65 lane ki gen yon seri andikap, epi moun ki gen maladi ren nan faz tèminal (ensifizans renal).
- **Medicaid** se yon pwogram ki se fwi yon patenarya ant gouvènman federal la ak eta a pou ede moun ki gen revni ak resous ki limite yo pou yo peye frè medikal yo. Kouvèti Medicaid la varye selon Eta a ak kategori Medicaid ou genyen an. Gen yon pòsyon moun ki genyen Medicaid ki resevwa èd pou peye prim Medicare yo ak lòt depans yo. Lòt moun benefisye kouvèti tou pou sèvis siplemantè ak medikaman Medicare pa kouvri yo.

Ou te chwazi pou resevwa swen sante Medicare ak kouvèti medikaman sou preskripsyon ou atravè plan nou an, Wellcare Dual Access (HMO D-SNP). Nou gen egzijans pou n kouvri tout sèvis Pati A ak Pati B yo. Sepandan, pataj depans yo epi aksè ak founisè yo nan plan sa a diferan ak pa Original Medicare yo.

Wellcare Dual Access (HMO D-SNP) se yon Plan Medicare Advantage espesyalize (yon Plan Bezwen Espesyal Medicare), sa ki vle di avantaj li yo fèt pou moun ki gen bezwen swen sante espesyal. Plan nou an fèt pou moun ki gen Medicare epi ki gen dwa tou pou yo resevwa asistans nan men Ajans pou Administrasyon Swen Sante (Pwogram Medicaid Florida a).

Etandone ou resevwa asistans nan men Ajans pou Administrasyon Swen Sante (Pwogram Medicaid Florida a) pou pataj depans Medicare Part A ak Part B ou (franchiz, kopèman, ak ko-asirans) ou gendwa pa peye anyen pou sèvis swen sante Medicare ou. Ajans pou Administrasyon Swen Sante (Pwogram Medicaid Florida a) kapab ba w lòt avantaj tou lè l kouvri sèvis swen sante Medicare pa kouvri jeneralman yo. Ou gen pou w resevwa “Èd Siplemantè” tou nan men Medicare pou peye frè medikaman sou preskripsyon Medicare ou yo. Plan nou an gen pou l ede jere tout avantaj sa yo pou ou, pou w ka resevwa sèvis swen sante ak asistans pou pèman ou gen dwa pou w resevwa yo.

Plan nou an se yon konpayi prive ki ap jere li. Menm jan ak tout Plan Medicare Advantage yo, plan sa a ki se yon Plan Medicare pou Bezwen Espesyal resevwa apwobasyon Medicare. Plan an genyen tou yon kontra avèk pwogram Medicaid Florida a pou kowòdone avantaj ou yo nan Ajans pou Administrasyon Swen Sante (Pwogram Medicaid Florida a). Nou kontan founi kouvèti swen sante Medicare ou an, ki enkli kouvèti pou medikaman sou preskripsyon w yo.

Kouvèti anba plan sa a konsidere kòm Kouvèti Sante Kalifye (QHC) epi li satisfè egzijans responsablite endividyèl Lwa sou Pwoteksyon Pasyan ak Swen Abòdab (ACA). Tanpri ale sou sit entènèt Sèvis Revni Entèn (Internal Revenue Service, IRS) nan: www.irs.gov/Affordable-Care-Act/Individuals-and-Families pou w jwenn plis enfòmasyon.

Seksyon 1.2 Sou kisa dokiman *Prèw Kouvèti* a pale?

Dokiman *Prèw Kouvèti* sa a di ou kòmman pou w jwenn swen medikal Medicare ou yo ak medikaman sou preskripsyon w yo. Li eksplike dwa ak responsabilite ou, sa ki kouvri yo, sa ou peye antanke yon manm nan plan an, epi kòmman pou w depoze yon plent si yon desizyon oswa trètman pa satisfè w.

Tèm *kouvèti* ak *sèvis ki kouvri* yo fè referans ak swen medikal, sèvis ak medikaman sou preskripsyon ou resevwa kòm yon manm Wellcare Dual Access (HMO D-SNP).

Li enpòtan pou ou aprann kisa règ plan an ye ak ki sèvis ki disponib pou ou. Nou ankouraje ou pou w pran yon ti tan pou w konsilte dokiman *Prèw Kouvèti sa a*.

Si ou nan konfizyon, ou gen preyokipasyon oswa ou senpleman gen yon kesyon, tanpri kontakte Sèvis pou Manm yo.

Seksyon 1.3 Enfòmasyon jiridik konsènan *Prèw Kouvèti* a

Prèw Kouvèti sa a se yon pati nan kontra nou an avèk ou sou kòmman plan nou an kouvri swen ou yo. Lòt pati nan kontra sa a gen pami yo fòmilè enskripsyon ou an, *Lis Medikaman ki Kouvri yo (Fòmilè)*, ak tout avi ou resevwa nan men nou konsènan chanjman ki fèt nan kouvèti ou an oswa kondisyon ki afekte kouvèti ou an. Pafwa avi sa yo pote non *revizyon* oswa *amandman*.

Kontra a an vigè pou mwa kote ou enskri nan plan nou an ant 1ye janvye 2025 ak 31 desanm 2025.

Chak lane sivil, Medicare pèmèt nou fè chanjman nan plan nou ofri yo. Sa vle di nou ka chanje depans ak avantaj Wellcare Dual Access (HMO D-SNP) yo aprè 31 Desanm 2025. Nou kapab chwazi tou pou n sispann ofri plan an nan zòn sèvis ou an, oswa ofri li nan yon lòt zòn sèvis, apre 31 desanm 2025.

Medicare (Sant pou Sèvis Medicare ak Medicaid) dwe apwouve Wellcare Dual Access (HMO D-SNP) chak ane. Ou kapab kontinye benefisye kouvèti Medicare la chak lane antanke yon manm nan plan nou an toutotan nou chwazi kontinye ofri plan an epi Medicare renouvle apwobasyon li pou plan an.

SEKSYON 2 Kisa ki fè w kalifye pou w vin manm plan an?**Seksyon 2.1 Kondisyon kalifikasyon w yo**

Ou kalifye pou w vin manm nan plan nou an depi:

- Ou gen alafwa Medicare Part A ak Medicare Part B
- -- *epi* -- Ou rete nan zòn sèvis jewografik nou an (Seksyon 2.3 ki pi ba a dekri zòn sèvis nou an). Moun ki nan prizon yo pa konsidere kòm moun k ap viv nan zòn sèvis jewografik la menm si yo ladan l fizikman.
- -- *ak* -- ou se yon sitwayen peyi Etazini oswa ou prezan legalman nan peyi Etazini
- -- *epi* -- Ou ranpli kondisyon kalifikasyon espesyal ki dekri pi ba a.

Kondisyon kalifikasyon espesyal pou plan nou an

Plan nou an fèt pou reponn ak bezwen moun ki resevwa yon seri avantaj Medicaid. (Medicaid se yon pwogram ki se fwi yon patenarya ant gouvènman federal la ak Eta a pou ede moun ki gen revni ak resous ki limite yo pou yo peye frè medikal yo.) Pou w kalifye pou plan nou an, ou dwe kalifye pou Medicare ak avantaj Konplè Medicaid yo. Asistans pou pataj benefis dapre Ajans Administrasyon Swen Sante (Pwogram Medicaid Florida a).

Tanpri sonje: Si w pèdi kalifikasyon w men ou ka nan yon fason ki rezonab espere rejwenn kalifikasyon w nan 6 mwa, alòs ou toujou kalifye pou antre nan plan nou an (Chapit 4, Seksyon 2.1 enfòmè w sou kouvèti ak pataj depans pandan yon peryòd pwolongasyon prezime pou kalifikasyon).

Seksyon 2.2 Kisa Medicaid ye?

Medicaid se yon pwogram ki se fwi yon patenarya ant gouvènman federal la ak Eta a pou ede moun ki gen revni ak resous ki limite yo pou yo peye frè medikal yo. Chak eta decide kisa ki konte kòm revni ak resous, ki moun ki kalifye, ki sèvis yo kouvri, ak pri sèvis yo. Eta yo kapab decide tou kòman pou dirije pwogram yo an toutotan yo swiv direktiv federal yo.

Mete sou sa, gen pwogram yo ofri atravè Medicaid ki ede moun ki gen Medicare yo peye depans Medicare yo, tankou prim Medicare yo. "Pwogram Epay Medicare" sa yo ede moun ki gen revni ak resous ki limite yo ekonomize lajan chak lane:

- **Benefisyè Kalifye Medicare (QMB):** Ede peye prim Medicare Part A ak B, ansanm ak lòt depans pataje (tankou franchiz, ko-asirans, ak kopèman). (Kèk moun ki gen QMB kalifye tou pou avantaj Medicaid Konplè (QMB+).)
- **Benefisyè Medicare Plis ki Kalifye (Qualified Medicare Beneficiary Plus, QMB+)** Ede peye prim Medicare Part A ak Part B yo, epi lòt pataj depans yo (tankou franchiz, ko-asirans, ak kopèman). Benefisyè ki kalifye yo resevwa avantaj Medicaid ki konplè tou.
- **Benefisyè Espesifye Medicare Plis ki gen Revni ki Fèb (Specified Low-Income Medicare Beneficiary Plus, SLMB+):** Ede peye prim Part B yo. Benefisyè ki kalifye yo resevwa avantaj Medicaid ki konplè tou.
- **Avantaj Konplè ak Doub kalifikasyon (Full Benefit Dual Eligible, FBDE):** Ede peye prim Medicare Part A ak Part B yo ak lòt pataj depans (tankou franchiz, ko-asirans, ak kopèman). Benefisyè ki kalifye yo resevwa avantaj Medicaid ki konplè tou.

Chapit 1 Kòmansan antanke yon manm**Seksyon 2.3 Men zòn sèvis plan pou Wellcare Dual Access (HMO D-SNP)**

Wellcare Dual Access (HMO D-SNP) disponib sèlman pou moun ki abite nan zòn sèvis plan nou an. Pou w rete yon manm nan plan nou an, ou dwe kontinye abite nan zòn sèvis la. Yo dekri zòn sèvis la pi ba a.

Sèvis nou genyen ladan l konte sa yo nan Eta Florida: Alachua, Baker, Bay, Bradford, Brevard, Broward, Calhoun, Charlotte, Citrus, Clay, Collier, Columbia, DeSoto, Dixie, Duval, Escambia, Flagler, Franklin, Gadsden, Gilchrist, Glades, Gulf, Hamilton, Hardee, Hendry, Hernando, Highlands, Hillsborough, Holmes, Indian River, Jackson, Jefferson, Lafayette, Lake, Lee, Leon, Levy, Liberty, Madison, Manatee, Marion, Martin, Miami-Dade, Nassau, Okaloosa, Okeechobee, Orange, Osceola, Palm Beach, Pasco, Pinellas, Polk, Putnam, Santa Rosa, Sarasota, Seminole, St. Johns, St. Lucie, Sumter, Suwannee, Taylor, Union, Volusia, Wakulla, Walton, ak Washington.

Si ou planifye pou w demenaje andeyò zòn sèvis la, ou pap ka rete yon manm nan plan sa a. Tanpri kontakte Sèvis pou Manm yo pou w wè si nou gen yon plan nan nouvo zòn ou an. Lè ou demenaje, w ap gen yon Peryòd Enskripsyon Espesyal ki ap pèmèt ou travèse nan Original Medicare oswa enskri nan yon plan sante oswa medikaman Medicare ki disponib nan nouvo anplasman kote ou ye a.



Li enpòtan tou pou w rele Sekirite Sosyal si ou demenaje oswa chanje adrès postal ou. Ou ka jwenn nimewo telefòn ak enfòmasyon kontak pou Sekirite Sosyal nan Seksyon 5 ki nan Chapit 2 a.

Seksyon 2.4 Sitwayen Ameriken oswa Prezans Legal

Yon manm nan yon plan sante Medicare dwe yon sitwayen peyi Etazini oswa li dwe prezans legalman nan peyi Etazini. Medicare (Sant pou Sèvis Medicare ak Medicaid) ap fè Wellcare Dual Access (HMO D-SNP) konnen si w pa kalifye pou w rete manm sou baz sa a. Wellcare Dual Access (HMO D-SNP) dwe anile enskripsyon w lan si ou pa reponn ak kondisyon sa a.

SEKSYON 3 Materyèl ki enpòtan pou manm yo ou gen pou w resevwa**Seksyon 3.1 Kat manm ou nan plan an**

Pandan ou se yon manm nan plan nou an, ou dwe itilize kat manm ou an chak fwa ou resevwa sèvis plan sa a kouvri epi pou medikaman sou preskripsyon ou resevwa nan farmasi ki nan rezo a. Ou ta dwe montre founisè a kat Ajans pou Administrasyon Swen Sante (Pwogram Medicaid Florida a) pa w la tou. Men yon egzanz kat manm pou montre ou ak kisa kat pa w la gen pou l sanble.

[Plan Logo]	[Plan Name] (HMO D-SNP)
	MEMBER ID #: 123456789012 PLAN #: HXXXX-XXX-XXX ISSUER #: (80840) 9151014609
SAMPLE A SAMPLE	
2025	You can see any PCP in our Network PCP Name: Sally Smith PCP Phone: 1-XXX-XXX-XXXX PCP Office Visit: \$X
 Member portal	
Card Issued: XX/XX/XXXX	RXBIN: XXXXX RXPCN: XXXXX RXGRP: XXXXX
	

	
Member Services / PCP Change	1-XXX-XXX-XXXX (TTY: 711)
Vision: [Provider]	1-XXX-XXX-XXXX (TTY: 711)
Dental: [Provider]	1-XXX-XXX-XXXX (TTY: 711)
Transportation: [Provider]	1-XXX-XXX-XXXX (TTY: 711)
Pharmacy Prior Auth (Providers Only)	1-XXX-XXX-XXXX (TTY: 711)
Pharmacist Only	1-XXX-XXX-XXXX (TTY: 711)
Medical Claims: [Plan Name] Attn: Claims Department PO Box 31372 Tampa, FL 33631-3372 Payor ID: 14163	
Part D Claims: [Plan Name] Attn: Medicare Part D Member Reimbursement P.O. Box 31577, Tampa, FL 33631-3577	
FOR EMERGENCIES: Dial 911 or go to the nearest Emergency Room (ER) member.wellcare.com	

Chapit 1 Kòmmanse antanke yon manm

PA itilize kat Medicare wouj, blan ak ble ou an pou sèvis medikal ki kouvri pandan ou se yon manm nan plan sa a. Si w itilize kat Medicare w la olye w itilize kat manm Wellcare Dual Access (HMO D-SNP) la, ou gendwa oblije ou menm peye pou tout depans sèvis medikal yo. Konsève kat Medicare ou an nan yon kote l ap an sekirite. Yo ka mande ou pou w montre li si ou bezwen sèvis lopital, sèvis swen palyatif, oswa patisipe nan etid rechèch klinik ki resevwa apwobasyon Medicare, yo rele tou esè klinik.

Si kat manm ou an andomaje, pèdi, oswa yo vòlè l, rele Sèvis pou Manm yo san pèdi tan epi nou gen pou n voye yon nouvo kat ba ou.

Seksyon 3.2 Repètwa Founisè ak Famasi yo

Repètwa *Founisè ak Famasi* yo mansyone grenn pa grenn founisè ki nan rezo nou an aktyèlman, founisè ekipman medikal dirab yo, epi famasi ki nan rezo yo. **Founisè rezo** yo se doktè ak lòt pwofesyonèl swen sante, gwoup medikal, founisè ekipman medikal dirab, lopital ak lòt etablisman sante ki gen yon akò avèk nou pou aksepte pèman nou an ak tout pataj depans plan an kòm yon pèman ki konplè.

Yon Gwoup Medikal se yon asosiyasyon doktè, ki enkli Founisè Swen Primè (Primary Care Provider, PCP) ak espesyalis, epi lòt founisè swen sante, ki gen pami yo lopital, ki gen kontra ak plan an pou founi sèvis bay moun ki enskri yo.

Ou dwe itilize founisè rezo yo pou w jwenn swen ak sèvis medikal ou yo. Ou ka dwe itilize tou founisè ki nan Gwoup Medikal / Asosiyasyon Pratik Endepandan (Independent Practice Association, IPA) Founisè Swen Primè (PCP) ou yo. Si ou t a renmen wè yon founisè ki pa nan Gwoup Medikal/IPA PCP ou yo, ou ka bezwen chanje PCP ou a. Mete sou sa, ou ka limite ak founisè ki nan rezo PCP ou an ak/oswa Gwoup Medikal ou an. Sa vle di PCP a ak/oswa Gwoup Medikal ou chwazi a ka detèmine espesyalis ak lopital ou ka itilize yo. Yon IPA se yon asosiyasyon doktè, ki enkli PCP ak espesyalis, epi lòt founisè swen sante, ki gen pami yo lopital, ki gen kontra ak plan an pou founi sèvis bay manm yo. Si ou ale lòt kote san otorizasyon ki apwopriye, ou gen pou w oblije peye totalite frè yo. Sèl eksepsyon yo se ijans, sèvis ijan lè rezo a pa disponib (sa vle di nan sitiyoasyon kote li pa rezonab oswa li enposib pou jwenn sèvis nan rezo a), sèvis dyaliz andeyò zòn nan, ak nan ka kote Wellcare Dual Access (HMO D-SNP) otorize itilize founisè andeyò rezo a.

Lis founisè ak operatè ki pi resan an disponib sou sit entènèt nou an nan www.2025wellcaredirectoriest.com.

Si ou pa gen kopi Repètwa *Founisè ak Famasi* ou an, ou ka mande Sèvis pou Manm yo yon kopi (elektronikman oswa sou fòm papye). Yo gen pou voye Repètwa Founisè ak Famasi ou mande sou fòm papye a ba ou pa lapòs nan entèval twa (3) jou ouvrab. Ou ka mande Sèvis pou Manm yo plis enfòmasyon sou founisè rezo nou yo, ki enkli kalifikasyon yo, lekòl medsin yo te ale, akonplisman tout pwogram rezidans medikal yo, ak sètifikasyon konsèy la. Alafwa Sèvis pou Manm yo epi sit entènèt la ka ba ou enfòmasyon ki pi ajou sou chanjman ki fèt nan founisè rezo nou an.

Repètwa *Founisè ak Famasi* yo www.2025wellcaredirectoriest.com bay lis famasi rezo nou yo. **Famasi rezo** yo se tout famasi ki te dakò pou egzekite preskripsyon ki kouvri pou manm plan nou an. Ou kapab itilize Repètwa *Founisè ak Famasi* yo pou w jwenn famasi nan rezo a ou swete itilize a. Konsilte Seksyon 2.5 ki nan Chapit 5 lan pou enfòmasyon sou ki lè ou ka itilize famasi ki pa nan rezo plan an.

Si ou pa gen Repètwa *Founisè ak Famasi* yo, ou ka resevwa yon kopi nan men Sèvis pou Manm yo. Ou ka jwenn enfòmasyon sa yo tou sou sit entènèt nou an nan www.2025wellcaredirectoriest.com.

Seksyon 3.3 Lis Medikaman Plan an Kouvri (Fòmilè)

Plan an genyen yon *Lis Medikaman ki kouvri (fòmilè)*. Nou rele li “Lis Medikaman” pou pi senp. Li endike ki medikaman sou preskripsyon Pati D ki kouvri anba avantaj Pati D ki enkli nan Wellcare Dual Access (HMO D-SNP). Plan an chwazi medikaman ki nan lis sa a avèk èd yon ekip doktè ak famasyen. Lis la dwe satisfè egzijans Medicare defini yo. Medicare te apwouve Lis Medikaman Wellcare Dual Access (HMO D-SNP) la.

Lis Medikaman an di ou tou si gen kèk règ ki mete restriksyon sou kouvèti medikaman ou yo.

Nou gen pou n ba ou yon kopi Lis Medikaman an. Pou w jwenn enfòmasyon ki pi konplè ak pi ajou sou ki medikaman ki kouvri, ou ka ale sou sit entènèt plan an (www.wellcare.com/medicare) oswa rele Sèvis pou Manm yo.

SEKSYON 4 Depans mansyèl ou pou Wellcare Dual Access (HMO D-SNP)

Depans ou yo ka enkli sa ki vin annapre yo:

- Prim plan an (Seksyon 4.1)
- Prim Mansyèl Medicare Part B (Seksyon 4.2)
- Penalite pou Reta Enskripsyon nan Pati D a (Seksyon 4.3)
- Montan Mansyèl ki Ajiste an Fonksyon Revni (Seksyon 4.4)

Seksyon 4.1 Prim plan

Piske pwogram "Èd Sipleman" a peye prim nan non ou, ou pa peye yon prim plan mansyèl ki separe pou plan nou an.

Seksyon 4.2 Prim Mansyèl Medicare Part B**Anpil manm oblije peye lòt prim Medicare**

Gen kèk manm ki oblije peye lòt prim Medicare. Jan yo eksplike sa nan Seksyon 2 ki pi wo a, pou ou kalifye pou plan nou an, ou dwe mentni kalifikasyon ou pou Ajans pou Administrasyon Swen Sante (Pwogram Medicaid Florida a) epi ou dwe gen alafwa Medicare Part A ak Medicare Part B. Pou pifò manm Wellcare Dual Access (HMO D-SNP) yo, Ajans pou Administrasyon Swen Sante (Pwogram Medicaid Florida a) peye prim ou pou Pati A ou an (si ou pa kalifye pou li otomatikman) epi pou prim Pati B w la.

Si Ajans pou Administrasyon Swen Sante (Pwogram Medicaid Florida a) pa peye prim Medicare ou yo pou ou, ou dwe kontinye peye prim Medicare ou yo pou w rete yon manm plan an. Sa enkli prim ou pou Pati B a. Sa ka enkli tou yon prim pou Pati A ki afekte manm ki pa kalifye pou Pati A san prim yo.

Seksyon 4.3 Penalite Pou Reta Enskripsyon nan Pati D

Piske ou gen doub kalifikasyon, penalite pou enskripsyon an reta (Late Enrollment Penalty, LEP) a pa aplike pou ou, toutotan ou kenbe estati doub kalifikasyon ou an, men si ou pèdi estati doub kalifikasyon ou an, ou ka genyen yon penalite pou enskripsyon ki fèt anreta (Late Enrollment Penalty, LEP). Penalite pou reta enskripsyon nan Pati D a se yon lòt prim ou dwe peye pou kouvèti Pati D a si a nenpòt ki moman apre peryòd enskripsyon inisyal ou an fini, gen yon peryòd 63 jou oswa plis ki vin youn apre lòt kote ou pa gen kouvèti pou Medikaman sou Preskripsyon Pati D oswa lòt kouvèti pou medikaman preskripsyon ki kredib. Yon kouvèti medikaman preskripsyon ki kredib se kouvèti ki reponn ak estanda minimòm Medicare yo piske li t a dwe peye, an mwayèn, omwen menm kantite lajan ak kouvèti medikaman preskripsyon estanda Medicare la. Montan penalite pou reta enskripsyon an depann sou konbyen tan ou te fè san kouvèti Medikaman sou Preskripsyon Pati D ki kredib. Ou dwe peye penalite sa a toutotan ou genyen kouvèti Pati D a.

Ou **pap bezwen** peye li si:

- Ou resevwa "Èd Sipleman" nan men Medicare pou peye medikaman sou preskripsyon ou yo.
- Ou te pase mwens pase 63 jou ki vin youn apre lòt san kouvèti ki kredib.
- Ou te benefisye yon kouvèti medikaman ki kredib atravè yon lòt sous tankou yon ansyen anplwayè, yon sendika, TRICARE, oswa Administrasyon Sante Veteran (Veterans Administration, VA).an. Founisè asirans ou an oswa depatman resous imen ou an ap di w chak lane si kouvèti medikaman ou an se yon kouvèti ki kredib. Enfòmasyon sa a ka vini jwenn ou nan yon lèt oswa pandan l enkli nan yon bilten enfòmasyon plan an. Konsève enfòmasyon sa a paske ou ka bezwen li si ou rantre nan yon plan medikaman Medicare nan pita.
 - **Remak:** Tout avi dwe di ou te genyen yon kouvèti medikaman sou preskripsyon ki kredib ki t a dwe peye menm kantite ak plan medikaman estanda Medicare la peye a.
 - **Remak:** Sa ki vin annaprè yo *pa* kouvèti medikaman sou preskripsyon ki kredib: kat rabè pou medikaman sou preskripsyon, klinik gratis, ak sit entènèt pou rabè sou medikaman.

Medicare detèmine montan penalite a. Men kòmman li fonksyone:

- Premyèman, konte kantite mwa ki konplè ou te retade enskripsyon w nan yon plan medikaman Medicare, apre ou te fin kalifye pou w enskri. Oswa konte kantite mwa konplè ou pa t gen kouvèti medikaman sou preskripsyon ki kredib, si entèripsyon kouvèti a te 63 jou oswa plis. Penalite a se 1% pou chak mwa ou pa t gen kouvèti ki kredib. Pa egzanp, si ou pase 14 mwa san kouvèti, penalite a ap 14%.
- Apre sa, Medicare detèmine montan prim mansyèl an mwayèn pou plan medikaman Medicare yo nan peyi a pa rapò ak ane ki te vin anvan an. Pou 2025, montan mwayèn prim sa a se \$36.78.
- Pou kalkile penalite mansyèl ou an, ou miltipliye pousantaj penalite a avèk prim mansyèl an mwayèn nan epi awondi li nan dizyèm santim ki pi pre a. Nan egzanp lan ki la a, li t ap 14% ki miltipliye pa \$36.78, sa ki egal ak \$5.15. Sa a awondi a \$5.20. Montan sa a t ap ajoute **sou prim mansyèl la pou yon moun ki gen yon penalite pou reta enskripsyon nan Pati D.**

Chapit 1 Kòmmanse antanke yon manm

Gen twa (3) bagay ki enpòtan pou sonje konsènan penalite mansyèl pou reta enskripsyon nan Pati D a:

- Premyèman, **penalite a ka chanje chak lane** paske prim mansyèl an mwayèn nan ka chanje chak lane.
- Dezyèmman, **ou gen pou w kontinye peye yon penalite** chak mwa toutotan ou enskri nan yon plan ki gen avantaj medikaman Medicare Part D yo, menm si ou chanje plan.
- Twazyèmman, si ou gen mwens pase 65 lane epi ou ap resevwa avantaj Medicare yo aktyèlman, penalite pou reta enskripsyon nan Pati D a gen pou l reyinisyalize lè ou gen 65 lane. Apre 65 lane, penalite pou reta enskripsyon nan Pati D ou a ap baze sèlman sou mwa kote ou pa genyen kouvèti yo apre peryòd enskripsyon inisyèl ou pou vyeyisman nan Medicare.

Si ou pa dakò konsènan penalite pou enskripsyon an reta nan Pati D ou a, ou menm oswa reprezantan ou an ka mande yon revizyon. Anjeneral, ou dwe mande revizyon sa a nan entèval 60 jou apati dat ki sou premye lèt ou resevwa ki di ou dwe peye yon penalite pou reta enskripsyon an. Sepandan, si ou t ap peye yon penalite anvan ou te rantre nan plan nou an, ou ka pa gen yon lòt chans pou w mande yon revizyon sou penalite reta enskripsyon an.

Seksyon 4.4 Montan Mansyèl ki Ajiste an Fonksyon Revni

Yon pòsyon manm ka oblije peye yon frè siplemantè, ki rele Montan Mansyèl ki Ajiste an Fonksyon Revni (Income Related Monthly Adjustment Amount) Pati D a, yo rele tou IRMAA. Frè siplemantè a kalkile gras ak revni brit ajiste ki modifiye ou a jan sa rapòte sou deklarasyon taks IRS ou a sa gen de (2) lane. Si montan sa a depase yon sèten kantite, ou gen pou w peye montan prim estanda a epi IRMAA siplemantè a. Pou plis enfòmasyon sou montan siplemantè ou ka bezwen peye an fonksyon revni ou an, vizite <https://www.medicare.gov/drug-coverage-part-d/costs-for-medicare-drug-coverage/monthly-premium-for-drug-plans>.

Si ou dwe peye yon montan siplemantè, Sekirite Sosyal, se pap plan Medicare ou an, gen pou l voye yon lèt ba ou ki di kisa montan siplemantè sa a ap ye. Y ap retire montan siplemantè a nan chèk avantaj Sekirite Sosyal ou a, Komisyon Retrèt nan Chemennfè a, oswa Biwo Jesyon Pèsonèl la, kèlkeswa jan ou konn abitye peye prim plan ou an, sof si avantaj mansyèl ou a pa ase pou kouvri montan siplemantè ki dwe a. Si chèk avantaj ou a pa ase pou kouvri montan siplemantè a, ou gen pou w resevwa yon fakti ki sòti nan Medicare. **Ou dwe peye montan siplemantè a bay gouvènman an. Ou pa ka peye l avèk prim mansyèl plan ou an. Si ou pa peye montan siplemantè a, y ap anile enskripsyon w lan nan plan an epi w ap pèdi kouvèti medikaman sou preskripsyon wlan.**

Si ou pa dakò pou w peye yon montan siplemantè, ou ka mande Sekirite Sosyal pou l revize desizyon an. Pou w jwenn plis enfòmasyon sou kòman pou w fè sa, kontakte Sekirite Sosyal nan 1-800-772-1213 (TTY 1-800-325-0778).

SEKSYON 5 Plis enfòmasyon konsènan prim masyèl ou an**Seksyon 5.1 Èske nou ka chanje prim masyèl plan ou an pandan ane a?**

Non. Nou pa gen dwa pou n chanje montan nou faktire pou prim plan masyèl plan an pandan ane a. Si prim masyèl plan an chanje pou ane ki vin annapre a, nou gen pou n enfòm w sou sa nan mwa septanm epi chanjman an ap antre an vigè 1ye janvyè.

Sepandan, nan kèk ka, ou ka anmezi pou w sispann peye yon penalite pou reta enskripsyon si ou dwe youn. Oswa ou bezwen kòmmanse peye yon penalite pou reta enskripsyon. Sa ka rive si ou vin kalifye pou pwogram "Èd Sipleman" a oswa si ou pèdi kalifikasyon ou pou pwogram "Èd Sipleman" a pandan ane a:

- Si aktyèlman w ap peye penalite pou reta enskripsyon nan Pati D a epi ou vin kalifye pou "Èd Sipleman" pandan ane a, ou t a kapab anmezi pou w sispann peye penalite ou an.
- Si ou pèdi Èd Sipleman a, ou ka gen pou w peye penalite pou reta enskripsyon si ou pase 63 jou oswa plis ki youn apre lòt kote w san kouvèti Pati D a oswa lòt kouvèti medikaman sou preskripsyon ki kredib.

Ou ka jwenn plis enfòmasyon sou pwogram "Èd Sipleman" a ki nan Seksyon 7 Chapit 2 a.

SEKSYON 6 Kenbe dosye w antanke manm plan an ajou

Dosye manm ou an genyen enfòmasyon ki sòti nan fòm enskripsyon ou an, ki enkli adrès ou ak nimewo telefòn ou. Li montre kouvèti plan espesifik ou a ki enkli Founisè Swen Primè / Gwoup Medikal / IPA). Yon IPA se yon asosiyasyon doktè, ki enkli PCP ak espesyalis, epi lòt founisè swen sante, ki gen pami yo lopital, ki gen kontra ak plan an pou founi sèvis bay manm yo.

Doktè yo, lopital yo, famasyon yo, ak lòt founisè ki nan rezo plan an bezwen genyen enfòmasyon sou ou ki kòrèk. **Founisè sa yo nan rezo a itilize dosye manm ou an pou yo konnen ki sèvis ak medikaman ki kouvri pou ou epi montan pataj depans ou yo.** Pou rezon sa a, li trè enpòtan pou ou ede nou kenbe enfòmasyon ou yo ajou.

Enfòmasyon nou konsènan chanjman sa yo:

- Chanjman nan non ou, adrès ou, oswa nimewo telefòn ou.
- Chanjman nan tout lòt kouvèti asirans sante ou genyen (tankou sa ou resevwa nan men anplwayè ou an, anplwayè konjwen ou an oswa patnè domestik ou, konpansasyon travayè a, oswa Ajans pou Administrasyon Swen Sante (Pwogram Medicaid Florida a)).
- Si ou genyen nenpòt reklamasyon sou responsabilite, tankou reklamasyon ki se rezilta yon aksidan otomobil.
- Si ou t al abite nan yon mezon retrèt.
- Si ou resevwa swen nan yon lopital ki pa nan zòn nan oswa ki pa nan rezo a.

Chapit 1 Kòmmanse antanke yon manm

- Si moun yo nonmen ki responsab ou a (tankou yon moun k ap bay swen) chanje.
- Si w ap patisipe nan yon etid pou rechèch klinik (**Remak:** Ou pa oblije enfòmasyon plan ou an konsènan etid pou rechèch klinik ou gen entansyon patisipe ladan yo a, men nou ankouraje w pou w fè sa.)

Si nenpòt nan enfòmasyon sa yo chanje, tanpri fè nou konnen lè w rele Sèvis pou Manm yo.

Li enpòtan tou pou w kontakte Sekirite Sosyal si ou demenaje oswa chanje adrès postal ou. Ou ka jwenn nimewo telefòn ak enfòmasyon kontak pou Sekirite Sosyal nan Seksyon 5 ki nan Chapit 2 a.

SEKSYON 7 Kòmman lòt asirans yo fonksyone avèk plan nou an**Lòt Asirans yo**

Medicare egzije pou nou kolekte enfòmasyon nan men ou konsènan tout lòt kouvèti asirans medikal oswa pou medikaman ou genyen. Se paske nou dwe kowòdone tout lòt kouvèti ou genyen avèk avantaj ou yo nan kad plan nou an. Yo rele sa **Kowòdinasyon Avantaj**.

Yon fwa chak lane, n ap voye yon lèt ba ou ki mansyone tout lòt kouvèti asirans medikal oswa pou medikaman nou konnen. Tanpri li enfòmasyon sa yo avèk anpil atansyon. Si li kòrèk, ou pa bezwen fè anyen. Si enfòmasyon yo pa kòrèk, oswa si ou gen lòt kouvèti ki pa nan lis la, tanpri rele Sèvis pou Manm yo. Li posib pou w bezwen bay lòt konpayi asirans yo nimewo idantifikasyon manm plan ou an (yon fwa ou konfime idantite yo) pou fakti ou yo peye kòrèkteman epi alè.

Lè ou gen lòt asirans (tankou kouvèti asirans sante an gwoup yon anplwayè bay), gen règ Medicare defini ki deside si plan nou an oswa lòt asirans ou an ap peye an premye. Asirans ki peye an premye a rele peyè prensipal epi li peye jiska limit kouvèti li a. Sa ki peye an dezyèm nan, rele peyè segondè, li peye sèlman si gen depans kouvèti prensipal la pa kouvri. Peyè segondè a ka pa peye tout depans ki pa kouvri yo. Si ou gen lòt asirans, di doktè ou an, lopital ou a, ak famasi ou an sa.

Règ sa yo aplike pou kouvèti plan sante an gwoup yon anplwayè oswa yon sendika:

- Si ou gen kouvèti pou moun ki an retrèt, Medicare peye an premye.
- Si kouvèti plan sante an gwoup ou an baze sou travay ou menm oswa yon manm fanmi genyen aktyèlman, sa ki ap peye an premye a depann sou laj ou, kantite moun k ap travay pou anplwayè ou an, epi si ou genyen Medicare ki baze sou laj, andikap, oswa Maladi Ren nan Faz Tèminal (End-Stage Renal Disease, ESRD)
 - Si ou gen mwens pase 65 lane epi ou andikape, epi ou menm oswa yon manm fanmi ou toujou ap travay, plan sante an gwoup ou an peye an premye si anplwayè a genyen 100 anplwaye oswa plis oswa omwen yon anplwayè nan yon plan anplwayè miltip ki gen plis pase 100 anplwaye.
 - Si ou gen plis pase 65 lane epi ou menm oswa konjwen w lan oswa patnè domestik ou a toujou ap travay, plan sante an gwoup ou an peye an premye si anplwayè a genyen 20 anplwaye oswa plis oswa omwen yon anplwayè nan yon plan anplwayè miltip ki gen plis pase 20 anplwaye.
- Si ou gen Medicare akòz ESRD, plan sante an gwoup ou a ap peye an premye pandan 30 premye mwa yo apre ou vin kalifye pou Medicare.

Chapit 1 Kòmmanse antanke yon manm

Jeneralman tip kouvèti sa yo peye an premye pou sèvis ki gen rapò ak chak tip:

- Asirans san kilpabilite (ki enkli asirans otomobil)
- Responsabilite (ki enkli asirans otomobil)
- Avantaj pou maladi poumon nwa
- Konpansasyon travayè

Medicaid ak TRICARE pa janm peye an premye pou sèvis Medicare kouvri yo. Yo peye sèlman apre Medicare ak/oswa plan sante an gwoup anplwayè yo fin peye.

CHAPIT 2:

Nimewo telefòn ak resous ki enpòtan

SEKSYON 1 Mwayen pou kontakte plan nou an (kòman pou kontakte nou, ki enkli kòman pou w kontakte Sèvis pou Manm yo)

Fason pou kontakte Sèvis Manm plan nou an

Pou èd konsènan reklamasyon, fakti oswa kesyon sou kat manm, tanpri rele oswa ekri Sèvis Manm Wellcare Dual Access (HMO D-SNP). N ap kontan ede ou.

Metòd	Sèvis pou Manm yo – Enfòmasyon Kontak
RELE	<p>1-833-444-9089</p> <p>Li gratis pou rele nimewo sa a. Ant 1ye oktòb ak 31 mas, reprezantan yo disponib lendi pou rive dimanch, 8è a.m. jiska 8è p.m. Soti 1ye Avril pou rive 30 Septanm, reprezantan yo disponib soti Lendi–Vandredi, soti 8 a.m. rive 8 p.m.</p> <p>Tanpri sonje, apre orè fonksyonman yo, wikenn ak jou ferye federal yo, sòti 1ye avril pou rive 30 septanm, sistèm telefòn otomatik nou an ka reponn apèl ou. Tanpri kite non ou ak nimewo telefòn ou, epi n ap retounen w apèl la nan delè yon (1) jou ouvrab.</p> <p>Sèvis pou Manm yo genyen sèvis entèpretasyon lang ki gratis ki disponib tou pou moun ki pa pale anglè yo.</p>
TTY	<p>711</p> <p>Li gratis pou rele nimewo sa a.</p> <p>Ant 1ye oktòb ak 31 mas, reprezantan yo disponib lendi pou rive dimanch, 8è a.m. jiska 8è p.m. Soti 1ye Avril pou rive 30 Septanm, reprezantan yo disponib soti Lendi–Vandredi, soti 8 a.m. rive 8 p.m.</p>
EKRI	<p>Wellcare PO Box 31370 Tampa, FL 33631-3370</p>
SIT ENTÈNÈT	www.wellcare.com/medicare

Fason pou kontakte nou lè w ap mande yon desizyon sou kouvèti oswa yon kontestasyon konsènan swen medikal ou yo

Yon desizyon sou kouvèti se yon desizyon nou pran konsènan avantaj ou yo epi kouvèti w la oswa konsènan montan nou gen pou n peye pou sèvis medikal ou yo oswa medikaman sou preskripsyon Pati D ou yo. Yon kontestasyon se yon fason fòmèl pou w mande nou revize epi chanje yon desizyon nou te pran sou kouvèti a. Pou plis enfòmasyon sou demann desizyon sou kouvèti a oswa kontestasyon konsènan swen medikal ou yo oswa medikaman sou preskripsyon Pati D ou yo, konsilte Chapit 9 la (*Kisa pou w fè si ou gen yon pwoblèm oswa yon plent (desizyon sou kouvèti, kontestasyon, plent)*).

Chapit 2 Nimewo telefòn ak resous ki enpòtan

Metòd	Desizyon Sou Kouvèti pou Swen Medikal – Enfòmasyon Kontak
RELE	1-833-444-9089 Li gratis pou rele nimewo sa a. Ant 1ye oktòb ak 31 mas, reprezantan yo disponib lendi pou rive dimanch, 8è a.m. jiska 8è p.m. Soti 1ye Avril pou rive 30 Septanm, reprezantan yo disponib soti Lendi–Vandredi, soti 8 a.m. rive 8 p.m.
TTY	711 Li gratis pou rele nimewo sa a. Ant 1ye oktòb ak 31 mas, reprezantan yo disponib lendi pou rive dimanch, 8è a.m. jiska 8è p.m. Soti 1ye Avril pou rive 30 Septanm, reprezantan yo disponib soti Lendi–Vandredi, soti 8 a.m. rive 8 p.m.
EKRI	Wellcare Coverage Determinations Department - Medical PO Box 31370 Tampa, FL 33631-3370

Metòd	Desizyon Sou Kouvèti pou Medikaman sou Preskripsyon Pati D – Enfòmasyon Kontak
RELE	1-833-444-9089 Li gratis pou rele nimewo sa a. Ant 1ye oktòb ak 31 mas, reprezantan yo disponib lendi pou rive dimanch, 8è a.m. jiska 8è p.m. Soti 1ye Avril pou rive 30 Septanm, reprezantan yo disponib soti Lendi–Vandredi, soti 8 a.m. rive 8 p.m.
TTY	711 Li gratis pou rele nimewo sa a. Ant 1ye oktòb ak 31 mas, reprezantan yo disponib lendi pou rive dimanch, 8è a.m. jiska 8è p.m. Soti 1ye Avril pou rive 30 Septanm, reprezantan yo disponib soti Lendi–Vandredi, soti 8 a.m. rive 8 p.m.
FAKS	1-866-388-1767
EKRI	Wellcare Pharmacy - Coverage Determinations P.O. Box 31397 Tampa, FL 33631-3397
SIT ENTÈNÈT	www.wellcare.com/drug-coverage-determination-request

Chapit 2 Nimewo telefòn ak resous ki enpòtan

Metòd	Kontestasyon pou Swen Medikal – Enfòmasyon Kontak
RELE	1-833-444-9089 Li gratis pou rele nimewo sa a. Ant 1ye oktòb ak 31 mas, reprezantan yo disponib lendi pou rive dimanch, 8è a.m. jiska 8è p.m. Soti 1ye Avril pou rive 30 Septanm, reprezantan yo disponib soti Lendi–Vandredi, soti 8 a.m. rive 8 p.m.
TTY	711 Li gratis pou rele nimewo sa a. Ant 1ye oktòb ak 31 mas, reprezantan yo disponib lendi pou rive dimanch, 8è a.m. jiska 8è p.m. Soti 1ye Avril pou rive 30 Septanm, reprezantan yo disponib soti Lendi–Vandredi, soti 8 a.m. rive 8 p.m.
FAKS	1-866-201-0657
EKRI	Wellcare Appeals Department - Medical P.O. Box 31368 Tampa, FL 33631-3368

Metòd	Kontestasyon pou Medikaman sou Preskripsyon Pati D – Enfòmasyon Kontak
RELE	1-833-444-9089 Li gratis pou rele nimewo sa a. Ant 1ye oktòb ak 31 mas, reprezantan yo disponib lendi pou rive dimanch, 8è a.m. jiska 8è p.m. Soti 1ye Avril pou rive 30 Septanm, reprezantan yo disponib soti Lendi–Vandredi, soti 8 a.m. rive 8 p.m.
TTY	711 Li gratis pou rele nimewo sa a. Ant 1ye oktòb ak 31 mas, reprezantan yo disponib lendi pou rive dimanch, 8è a.m. jiska 8è p.m. Soti 1ye Avril pou rive 30 Septanm, reprezantan yo disponib soti Lendi–Vandredi, soti 8 a.m. rive 8 p.m.
FAKS	1-866-388-1766
EKRI	Attn: Medicare Pharmacy Appeals P.O. Box 31383 Tampa, FL 33631-3383
SIT ENTÈNÈT	www.wellcare.com/medicare

Chapit 2 Nimewo telefòn ak resous ki enpòtan**Fason pou kontakte nou lè w ap fè yon plent konsènan swen medikal ou yo**

Ou ka pote yon plent kont nou oswa youn nan founisè oswa famasi ki nan rezo nou an, ki enkli yon plent sou kalite swen ou yo. Tip plent sa a pa konsène konfli sou kouvèti oswa pèman. Pou plis enfòmasyon sou fason pou pote yon plent konsènan swen medikal ou yo, konsilte Chapit 9 la (*Kisa pou w fè si ou gen yon pwoblèm oswa yon plent (desizyon sou kouvèti, kontestasyon, plent)*).

Metòd	Plent konsènan Swen Medikal – Enfòmasyon Kontak
RELE	1-833-444-9089 Li gratis pou rele nimewo sa a. Ant 1ye oktòb ak 31 mas, reprezantan yo disponib lendi pou rive dimanch, 8è a.m. jiska 8è p.m. Soti 1ye Avril pou rive 30 Septanm, reprezantan yo disponib soti Lendi–Vandredi, soti 8 a.m. rive 8 p.m.
TTY	711 Li gratis pou rele nimewo sa a. Ant 1ye oktòb ak 31 mas, reprezantan yo disponib lendi pou rive dimanch, 8è a.m. jiska 8è p.m. Soti 1ye Avril pou rive 30 Septanm, reprezantan yo disponib soti Lendi–Vandredi, soti 8 a.m. rive 8 p.m.
FAKS	1-866-388-1769
EKRI	Wellcare Grievance Department P.O. Box 31384 Tampa, FL 33631-3384
SIT ENTÈNÈT MEDICARE	Ou ka soumèt yon plent konsènan Wellcare Dual Access (HMO D-SNP) dirèkteman bay Medicare. Pou soumèt yon plent anliy bay Medicare, ale sou www.medicare.gov/MedicareComplaintForm/home.aspx .

Metòd	Plent konsènan Medikaman sou Preskripsyon Pati D – Enfòmasyon Kontak
RELE	1-833-444-9089 Li gratis pou rele nimewo sa a. Ant 1ye oktòb ak 31 mas, reprezantan yo disponib lendi pou rive dimanch, 8è a.m. jiska 8è p.m. Soti 1ye Avril pou rive 30 Septanm, reprezantan yo disponib soti Lendi–Vandredi, soti 8 a.m. rive 8 p.m.
TTY	711 Li gratis pou rele nimewo sa a. Ant 1ye oktòb ak 31 mas, reprezantan yo disponib lendi pou rive dimanch, 8è a.m. jiska 8è p.m. Soti 1ye Avril pou rive 30 Septanm, reprezantan yo disponib soti Lendi–Vandredi, soti 8 a.m. rive 8 p.m.

Chapit 2 Nimewo telefòn ak resous ki enpòtan

Metòd	Plent konsènan Medikaman sou Preskripsyon Pati D – Enfòmasyon Kontak
FAKS	1-866-388-1769
EKRI	Wellcare Grievance Department P.O. Box 31384 Tampa, FL 33631-3384
SIT ENTÈNÈT MEDICARE	Ou ka soumèt yon plent konsènan Wellcare Dual Access (HMO D-SNP) dirèkteman bay Medicare. Pou soumèt yon plent anliy bay Medicare, ale sou www.medicare.gov/MedicareComplaintForm/home.aspx .

Ki kote pou w voye yon demann pou mande nou pou n peye depans pou swen medikal oswa yon medikaman ou te resevwa

Si ou te resevwa yon fakti oswa ou te peye pou sèvis (tankou yon fakti founisè) ou panse nou t a dwe peye, ou ka bezwen mande nou yon ranbousman oswa pou n peye fakti founisè a. Konsilte Chapit 7 la (*Mande nou pou n peye yon fakti ou te resevwa pou sèvis medikal oswa medikaman ki kouvri*)

Tanpri sonje: Si ou voye yon demann pèman ban nou epi nou refize nenpòt pati nan demann ou an, ou ka konteste desizyon nou an. Konsilte Chapit 9 la (*Kisa ou dwe fè si ou gen yon pwoblèm oswa yon plent (desizyon sou kouvèti, kontestasyon, plent)*) pou plis enfòmasyon.

Metòd	Demann Pèman - Enfòmasyon Kontak
EKRI	Medical Payment Requests: Wellcare Medical Reimbursement Department PO Box 31370 Tampa, FL 33631-3370 Part D Payment Requests: Wellcare Medicare Part D Claims Attn: Member Reimbursement Department P.O. Box 31577 Tampa, FL 33631-3577
SIT ENTÈNÈT	www.wellcare.com/medicare

SEKSYON 2 Medicare

(kòman pou w jwenn èd ak enfòmasyon dirèkteman nan men pwogram Federal Medicare la)

Medicare se pwogram asirans sante Federal pou moun ki gen 65 lane oswa plis, yon pòsyon moun ki gen mwens pase 65 lane ki gen andikap, epi moun ki gen Maladi Ren nan Faz Tèminal (ensifizans renal pèmanan ki nesosite yon dyaliz oswa yon transplantasyon ren).

Ajans federal la ki an chaj Medicare se Sant pou Sèvis Medicare ak Medicaid Centers for Medicare & Medicaid Services (yo rele pafwa CMS). Ajans sa a gen kontra ak òganizasyon Medicare Advantage yo, ki genyen nou pami yo.

Metòd	Medicare – Enfòmasyon Kontak
RELE	1-800-MEDICARE, oswa 1-800-633-4227 Li gratis pou rele nimewo sa a. 24 èdtan sou 24, 7 jou sou 7.
TTY	1-877-486-2048 Nimewo sa a mande pou w itilize ekipman telefòn espesyal epi li disponib sèlman pou moun ki tande di oswa ki gen difikilte pou pale. Li gratis pou rele nimewo sa a.
SIT ENTÈNÈT	<p>www.Medicare.gov</p> <p>Sa a se sit ofisyèl gouvènman an pou Medicare. Li ba ou enfòmasyon ki ajou sou Medicare epi pwoblèm aktyèl ki gen rapò ak Medicare yo. Li gen enfòmasyon tou sou lopital, mezon retrèt, doktè, ajans sante adomasil, epi etablisman dyaliz. Li enkli dokiman ou ka enprime dirèkteman apati òdinatè ou an. Ou kapab jwenn kontak Medicare yo nan eta ou an tou.</p> <p>Sit Medicare la gen enfòmasyon ki detaye sou kalifikasyon ou pou Medicare epi opsyon enskripsyon ou yo avèk zouti sa yo:</p> <ul style="list-style-type: none"> • Zouti Kalifikasyon pou Medicare: Bay enfòmasyon sou estati kalifikasyon pou Medicare. • Lokalizatè Plan Medicare: Founi enfòmasyon pèsonalize konsènan plan medikaman sou preskripsyon Medicare ki disponib yo, plan sante Medicare yo, epi polis Medigap (Asirans Siplemanchè Medicare) yo nan zòn ou an. Zouti sa yo founi yon <i>estimasyon</i> sou sa depans ki sòti nan pòch ou yo t a ka ye nan diferan plan Medicare yo.

Chapit 2 Nimewo telefòn ak resous ki enpòtan

Metòd	Medicare – Enfòmasyon Kontak
Si ou patisipe nan yon etid Medicare apwouve, Original Medicare peye pifò frè yo pou sèvis ki kouvri ou resevwa nan kad etid la. Si w di nou ou nan yon esè klinik ki kalifye, lè sa a w ap sèl responsab pou pataj depans ki nan rezo a pou sèvis ki nan esè sa a. Si ou peye plis, pa egzanp, si ou te deja peye montan pataj depans Original Medicare la, nou ap ranbouse w diferans ki genyen ant sa ou te peye a epi pataj depans ki nan rezo a. Sepandan, w ap gen bezwen ban nou dokiman pou montre nou konbyen ou te peye. Lè ou nan yon etid pou rechèch klinik, ou ka rete enskri nan plan nou an epi kontinye resevwa rès swen ou yo (swen ki pa gen rapò ak etid la) atravè plan nou an.

Si ou vle patisipe nan nenpòt etid pou rechèch klinik Medicare apwouve, ou *pap* bezwen di nou sa oswa jwenn apwobasyon nan men nou oswa PCP ou a. Founisè ki founi swen ou yo nan kad etid pou rechèch klinik la *pa* bezwen fè pati rezo founisè plan nou an. Tanpri sonje sa pa enkli avantaj plan nou an responsab yo, ki enkli, antanke yon konpozan, yon esè klinik oswa yon rejis pou evalye avantaj la. Sa yo enkli kèk avantaj ki espesifye nan detèminasyon kouvèti nasyonal yo ki neseste kouvèti ak devlopman prèw (National Coverage Determinations requiring Coverage with Evidence Development, NCDs-CED) ak etid egzanpsyon aparèy investigasyon (Investigational Device Exemption, IDE) e pi yo ka soumèt ak otorizasyon alavans epi lòt règ plan yo.

Menm si ou pa bezwen jwenn pèmasyon nan men plan nou an pou ou patisipe nan yon etid pou rechèch klinik, ki resevwa kouvèti Original Medicare pou moun ki enskri nan Medicare Advantage yo, nou ankouraje w pou w enfòmè nou alavans lè ou chwazi patisipe nan esè klinik Medicare kalifye yo.

Si ou patisipe nan yon etid Medicare pa *apwouve*, w ap responsab pou w peye tout frè yo pou patisipasyon w nan etid la.

Seksyon 5.2 Lè ou patisipe nan yon etid pou rechèch klinik, ki moun ki peye pou kisa?

Yon fwa ou rantrè nan yon etid rechèch klinik Medicare apwouve, Original Medicare kouvri atik ak sèvis woutin yo ou resevwa nan kad etid la, ki enkli:

- Frè ebèjman ak repa nan yon lopital Medicare t ap peye pou li menm si ou pa t nan yon etid
- Yon operasyon oswa lòt pwosedi medikal si sa fè pati etid rechèch la
- Trètman efè segondè ak konplikasyon ki se rezilta nouvo swen yo

Aprè Medicare fin peye pati pa li a nan frè pou sèvis sa yo, plan nou an ap peye rès la. Menm jan ak tout sèvis ki kouvri yo, ou pap gen pou w peye anyen pou sèvis ki kouvri yo ou resevwa nan etid rechèch klinik la.

Chapit 3 Itilizasyon plan an pou sèvis medikal ou yo ak lòt sèvis ki kouvri yo

Lè ou fè pati yon etid pou rechèch klinik, **ni Medicare ni plan nou an pap peye pou okenn nan sa ki vin annaprè yo:**

- Anjeneral, Medicare *pa p* peye pou nouvo atik oswa sèvis etid la ap teste yo sof si Medicare ta kouvri atik oswa sèvis la menm si ou *pa t* nan yon etid.
- Atik oswa sèvis yo founi sèlman pou kolekte done, epi ki pa itilize nan swen sante dirèk ou. Pa egzanp, Medicare *pa t* ap peye pou tomodansitometri (Computed Tomography, CT) mansyèl ki fèt nan kad nan etid la si kondisyon medikal ou an t a nesosite nòmalman yon sèl grenn tomodansitometri.
- Atik ak sèvis gratis esponsò rechèch la founi abityèlman pou tout moun ki enskri nan esè a

Ou vle jwenn plis enfòmasyon?

Ou ka jwenn plis enfòmasyon konsènan patisipasyon an nan yon etid pou rechèch klinik lè w ale sou sit entènèt Medicare la pou w li oswa telechaje piblikasyon Medicare ak Etid pou Rechèch Klinik lan.

(Piblikasyon an disponib nan: www.medicare.gov/Pubs/pdf/02226-Medicare-and-Clinical-Research-Studies.pdf.)

Ou kapab rele tou nan 1-800-MEDICARE (1-800-633-4227), 24 sou 24, 7 jou sou 7. Moun k ap itilize TTY yo dwe rele nan 1-877-486-2048.

SEKSYON 6 Règ pou w resevwa swen nan yon enstitisyon swen sante relijye ki pa medikal

Seksyon 6.1 Kisa yon enstitisyon swen sante relijye ki pa medikal ye?

Yon enstitisyon swen sante relijye ki pa medikal se yon etablisman ki bay swen pou yon kondisyon ki nòmalman t ap resevwa trètman nan yon lopital oswa yon enstitisyon swen enfimye kalifye. Si resevwa swen nan yon lopital oswa yon etablisman swen enfimye kalifye kont kwayans relijye yon manm, olye sa nou gen pou n founi kouvèti pou swen an nan yon enstitisyon swen sante relijye ki pa medikal. Y ap founi avantaj sa a sèlman pou sèvis ospitalye Pati A yo (sèvis swen sante ki pa medikal yo).

Seksyon 6.2 Resevwa Swen nan yon Enstitisyon Swen Sante Relijye ki pa Medikal

Pou w resevwa swen nan yon enstitisyon swen sante relijye ki pa medikal, ou dwe siyen yon dokiman jiridik ki di avèk tout konsyans ou w opoze pou w pa resevwa trètman medikal ki **pa ekskli**.

- Swen oswa trètman medikal **ki pa eksepsyon** se tout swen oswa trètman medikal ki *volontè* epi ki *pa obligatwa* selon okenn lwa federal, nan nivo eta a, oswa lokal.
- Trètman medikal **ki se eksepsyon** se swen oswa trètman medikal ou resevwa ki *pa volontè* oswa ki *obligatwa* selon lwa federal, nan nivo eta a, oswa lokal.

Chapit 3 Itilizasyon plan an pou sèvis medikal ou yo ak lòt sèvis ki kouvri yo

Pou plan an kapab kouvri yo, swen ou resevwa nan yon enstitisyon swen sante relijye ki pa medikal dwe ranpli kondisyon ki vin annapre yo:

- Etablisman k ap bay swen an dwe resevwa sètifikasyon Medicare la.
- Kouvéti sèvis ou resevwa nan men plan nou an limite ak aspè swen yo *ki pa relijye a*.
- Si ou resevwa sèvis nan men enstitisyon sa a yo founi ba ou nan yon etablisman, kondisyon ki vin annapre yo ap aplike:
 - Ou dwe gen yon kondisyon medikal ki t a pèmèt ou resevwa sèvis ki kouvri yo pou swen ospitalizasyon oswa swen nan yon etablisman swen enfimye kalifye.
 - — *epi* — ou dwe jwenn apwobasyon alavans nan men plan nou an anvan yo admèt ou nan etablisman an, sinon sejou ou a pap kouvri.

Plan an pa kouvri sejou ou nan yon enstitisyon swen sante relijye ki pa medikal ak pa kouvri sof si ou resevwa otorizasyon (apwobasyon) alavans nan men plan nou an epi l ap soumèt ak menm limitasyon kouvéti avèk swen ospitalye yo oswa swen nan etablisman swen enfimye kalifye yo ou t ap resevwa nòmalman. Tanpri konsilte Tablo Avantaj Medikal ki nan Chapit 4 la pou règ sou kouvéti yo ak enfòmasyon siplemantè sou pataj depans lan ak limitasyon pou kouvéti swen ospitalye ak swen enfimye kalifye yo.

SEKSYON 7 Règ pou posede ekipman medikal dirab**Seksyon 7.1 Èske ou gen pou w posede ekipman medikal dirab la apre ou fin fè yon kantite pèman nan kad plan nou an?**

Ekipman medikal dirab (Durable Medical Equipment, DME) yo enkli atik tankou ekipman ak founiti oksijèn, chèz woulant, wòkè, sistèm matla elektrik, beki, founiti pou moun ki gen dyabèt, aparèy ki jenere lapawòl, ponp pou pèfizyon anndan venn (Intravenous, IV), nebilizè, ak kabann lopital yon founisè kòmande pou itilize adomisil. Manm nan toujou posede yon pòsyon atik, tankou pwotèz. Nan seksyon sa a, nou diskite sou lòt tip DME ou dwe lwe.

Nan Original Medicare, moun ki lwe yon pòsyon tip DME posede ekipman an apre yo fin fè kopèman pou atik la pandan 13 mwa. Antanke yon manm nan plan nou an, sepandan, jeneralman ou pap rive posede atik EMD ou lwe yo, kèlkeswa konbyen kopèman ou fè pou atik la pandan ou se manm plan nou an. Nan yon pòsyon sikonstans ki limite, nou gen pou n fè w posede atik DME a. Rele Sèvis pou Manm yo pou w konnen egzijans yo ou dwe satisfè epi dokiman ou bezwen bay yo.

Kisa k ap rive ak pèman yo ou te fè pou ekipman medikal dirab la si ou travèse ale nan Original Medicare?

Si ou pa t rive posede atik DME a pandan ou te nan plan nou an, w ap bezwen fè 13 nouvo pèman youn apre lòt apre ou travèse ale nan Original Medicare pou w kapab posede atik la. Pèman ki te fèt pandan ou te enskri nan plan ou an pa konte.

Chapit 3 Itilizasyon plan an pou sèvis medikal ou yo ak lòt sèvis ki kouvri yo

Egzanp 1: Ou te fè 12 pèman oswa mwens ki fèt youn apre lòt pou atik la nan Original Medicare epi apre sa ou te antre nan plan nou an. Pèman ou te fè nan Original Medicare yo pa konte. W ap bezwen fè 13 pèman bay plan nou an anvan ou ka posede atik la.

Egzanp 2: Ou te fè 12 pèman oswa mwens pase sa ki te fèt youn apre lòt pou atik la nan Original Medicare epi apre sa ou te antre nan plan nou an. Ou te nan plan nou an men ou pa t rive posede l pandan ou te nan plan an. Apre sa, ou retounen nan Original Medicare. W ap bezwen fè 13 nouvo pèman youn apre lòt pou w posede atik la yon fwa ou vin retounen nan Original Medicare. Tout pèman ki te fèt anvan yo (kit yo te fèt pou plan nou an oswa pou Original Medicare) pa konte.

Seksyon 7.2 Règ pou ekipman oksijèn, founiti, ak antretyen**Ki avantaj oksijèn ou gen dwa ak yo?**

Si w kalifye pou kouvèti ekipman oksijèn Medicare, Wellcare Dual Access (HMO D-SNP) pral kouvri:

- Lokasyon ekipman oksijèn
- Livrezon oksijèn ak kontni oksijèn
- Tib ak akseswa ki gen rapò ak oksijèn pou livrezon oksijèn ak kontni oksijèn
- Antretyen ak reparasyon ekipman oksijèn

Si w kite Wellcare Dual Access (HMO D-SNP) oswa si w pa medikalman bezwen ekipman oksijèn ankò, yo dwe retounen li.

Kisa k ap rive si ou kite plan ou an epi ou retounen nan Original Medicare?

Original Medicare egizje pou yon founisè oksijèn founi ou sèvis pandan senk lane. Pandan premye 36 mwa yo, ou lwe ekipman an. 24 mwa ki rete yo, founisè a ap founi ekipman an ak antretyen an (ou toujou responsab pou kopèman oksijèn nan). Apre senk lane, ou ka chwazi rete ak menm konpayi a oswa ale nan yon lòt konpayi. Nan estad sa a, sik senk lane a rekòmanse, menm si ou rete ak menm konpayi a, sa mande pou w fè kopèman pandan premye 36 mwa yo. Si ou antre oswa kite plan nou an, sik senk lane a ap rekòmanse.

CHAPIT 4:

*Tablo Avantaj Medikal yo
(sa ki kouvri yo)*

SEKSYON 1 Konprann sèvis ki kouvri yo.

Chapit sa a founi yon tablo avantaj medikal ki mansyone sèvis ou ki kouvri yo antanke yon manm nan plan nou an. Pi lwen nan chapit sa a, ou ka jwenn enfòmasyon konsènan sèvis medikal ki pa kouvri yo. Li eksplike tou limit ki genyen sou yon pòsyon sèvis.

Seksyon 1.1 Ou pap peye anyen pou sèvis ou ki kouvri yo.

Piske ou resevwa asistans nan men Ajans pou Administrasyon Swen Sante (Pwogram Medicaid Florida a), ou pap bezwen peye anyen pou sèvis ou ki kouvri yo toutotan w ap swiv règ plan yo pou w resevwa swen ou yo. (Konsilte Chapit 3 a pou plis enfòmasyon konsènan règ plan yo pou w resevwa swen ou yo.)

Seksyon 1.2 Ki montan maksimòm ou gen pou w peye pou sèvis medikal Medicare Part A ak Medicare Part B kouvri yo?

Remak: Piske manm nou yo jwenn asistans nan men Medicaid tou, vrèman pa gen anpil manm ki janm rive nan montan maksimòm sa a ki pou sòti nan pòch ou oswa depans pèsonèl la. Ou pa responsab pou peye pyès depans ak lajan nan pòch ou pou montan depans maksimòm ak lajan nan pòch ou pou sèvis Pati A ak Pati B ki kouvri yo.

Piske ou enskri nan yon Plan Medicare Advantage, gen yon limit sou montan ki sòti nan pòch ou a ou dwe peye chak ane pou sèvis medikal ki kouvri nan kad Medicare Part A ak Medicare Part B. Limit sa a rele montan maksimòm ki sòti nan pòch (Maximum Out-Of-Pocket, MOOP) pou sèvis medikal. Pou ane sivil 2025 lan, montan sa a se \$9,350.

Montan ou peye pou kopèman, ak ko-asirans pou sèvis ki kouvri yo konte nan montan maksimòm sa a ki pou sòti nan pòch la. Montan lajan ou peye pou medikaman sou preskripsyon Pati D ou yo pa konte nan montan maksimòm ki pou sòti nan pòch ou a. Mete sou sa, kantite lajan ou peye pou yon pòsyon sèvis pa konte nan montan maksimòm ki pou sòti nan pòch ou a. Sèvis sa yo make avèk yon etwal (*) nan Tablo Avantaj Medikal la. Si ou rive nan montan maksimòm \$9,350 ki pou sòti nan pòch la, ou pap gen pou w peye okenn frè ki sòti nan pòch ou pou rès ane a pou sèvis Pati A ak Pati B kouvri yo. Sepandan, ou dwe kontinye peye prim Medicare Part B a (sof si Ajans pou Administrasyon Swen Sante (Pwogram Medicaid Florida a) oswa yon lòt tyès pati peye prim ou an pou ou).

SEKSYON 2 Itilize *Tablo Avantaj Medikal yo* pou w konnen kisa ki kouvri yo

Seksyon 2.1 Avantaj medikal ou yo antanke yon manm nan plan an

Tablo Avantaj Medikal ki sou paj ki vini annapre yo mansyone sèvis plan nou an kouvri yo. Kouvèti medikaman sou preskripsyon Pati D a nan Chapit 5 lan. Sèvis ki mansyone nan Tablo Avantaj Medikal la kouvri sèlman lè egzijans kouvèti ki vin annapre yo respekte:

- Sèvis ou yo Medicare ak Ajans pou Administrasyon Swen Sante (Pwogram Medicaid Florida a) kouvri yo dwe founi an konfòmite ak direktiv pou kouvèti Medicare ak Ajans pou Administrasyon Swen Sante (Pwogram Medicaid Florida a) defini.
- Sèvis ou yo (ki enkli swen medikal, sèvis, founiti, ekipman, ak medikaman preskripsyon Pati B) *dwe nesese pou rezon* medikal. Nesese sou plan medikal vle di sèvis, founiti, oswa medikaman yo nesese pou prevansyon, dyagnostik, oswa trètman kondisyon medikal ou a epi yo reponn ak estanda pratik medikal la aksepte yo.
- Pou nouvo moun ki enskri yo, plan swen kowòdone MA ou a dwe bay yon peryòd tranzisyon minimòm ki se 90 jou, pandan peryòd sa a nouvo plan MA a pa ka mande otorizasyon alavans pou okenn trètman ki ankou, menm si trètman an te pou yon sèvis ki te kòmanse avèk yon founisè ki pa nan rezo a.
- Ou gen yon founisè swen primè (Primary Care Provider, PCP) k ap founi ak sipèvize swen ou yo. Nan pifò sitiasyon yo, PCP ou a dwe ba ou apwobasyon li alavans anvan ou ka wè lòt founisè ki nan rezo plan an. Yo rele sa ba ou yon referans.
- Kèk nan sèvis ki mansyone nan Tablo Avantaj Medikal la kouvri *sèlman* si doktè ou a oswa lòt founisè rezo a jwenn yon apwobasyon alavans (yo rele pafwa otorizasyon alavans) nan men nou. Sèvis ki kouvri ki nesese apwobasyon alavans yo make an italik nan Tablo avantaj Medikal la.
- Si plan swen ki kowòdone w la apwouve yon demann otorizasyon alavans pou yon trètman, apwobasyon an dwe valid pou tout tan ki rezonab ak nesese pou rezon medikal la pou evite entèripsyon nan swen yo an konfòmite ak kritè kouvèti ki aplikab yo, istorik medikal ou, ak rekòmandasyon founisè ki ap bay trètman an.

Lòt bagay enpòtan pou w konnen konsènan kouvèti nou an:

- Ou benefisye alafwa kouvèti Medicare ak Ajans Administrasyon Swen Sante (Pwogram Medicaid Florida a). Medicare kouvri swen sante ak medikaman sou preskripsyon yo. Ajans pou Administrasyon Swen Sante (Pwogram Medicaid Florida a) kouvri pataj depans ou pou sèvis Medicare yo, ki gen ladan franchiz Medicare ak montan kopèman oswa ko-asirans pou sèvis lopital pou pasyan entèn ak pasyan ekstèn ak vizit nan biwo doktè. Ajans pou Administrasyon Swen Sante (Pwogram Medicaid Florida a) kouvri sèvis Medicare pa kouvri, tankou swen alontèm, kèk medikaman ki vann san preskripsyon, epi sèvis adomisil ak kominotè yo.

Chapit 4: Tablo Avantaj Medikal yo (sa ki kouvri yo)

- Menm jan ak tout plan sante Medicare yo, nou kouvri tout sa Original Medicare kouvri. (Si ou vle konnen plis konsènan kouvèti ak frè Original Medicare yo, gade nan *Manyèl Medicare ak Ou 2025* ou an. Konsilte li anliy nan www.medicare.gov oswa mande yon kopi lè w rele 1-800-MEDICARE (1-800-633-4227), 24è pa jou, 7 jou pa semèn. Itilizatè TTY yo ta dwe rele 1-877-486-2048.)
- Pou tout sèvis prevantif yo ki kouvri pou yo san okenn frè pou ou nan kad Original Medicare, nou kouvri sèvis la pou li san okenn frè pou ou tou.
- Si Medicare ajoute kouvèti pou nenpòt nouvo sèvis pandan ane 2025 lan, swa Medicare oswa plan nou an gen pou l kouvri sèvis sa yo.
- Pou sèvis Ajans pou Administrasyon Swen Sante (Pwogram Medicaid Florida a) kouvri yo, tanpri al gade nan plan Rezime Avantaj yo pou jwenn yon lis konplè avantaj Ajans pou Administrasyon Swen Sante (Pwogram Medicaid Florida a). Si ou pa t resevwa yon Rezime Avantaj yo, tanpri rele Sèvis pou Manm yo epi mande yo pou yo voye yon kopi pou ou. Pataj depans pa w pou sèvis Ajans pou Administrasyon Swen Sante (Pwogram Medicaid Florida a) kouvri yo, si genyen, baze sou nivo kalifikasyon w nan Ajans pou Administrasyon Swen Sante (Pwogram Medicaid Florida a).
- Si ou toujou kalifye nan entèval 6 mwa plan nou an, n ap kontinye founi tout avantaj plan Medicare Advantage la kouvri yo. Sepandan, pandan peryòd sa a, plan Medicare Advantage la pa responsab pou kouvèti okenn avantaj ki sòti bò nan Ajans pou Administrasyon Swen Sante (Pwogram Medicaid Florida a) ki enkli nan kad Plan Medicaid Eta w la.

Ou pa peye anyen pou sèvis ki mansyone nan Tablo Avantaj yo, toutotan ou ranpli kondisyon kouvèti ki dekri pi wo yo.

Enfòmasyon Enpòtan sou Avantaj yo pou Moun ki Enskri yo ki Kalifye pou "Èd Siplemanntè":


- Si ou resevwa "Èd Siplemanntè" pou peye depans pou pwogram medikaman sou preskripsyon Medicare ou an, tankou prim, franchiz, ak ko-asirans, ou ka kalifye pou lòt avantaj siplemanntè ki sible ak/oswa rediksyon depans pataje sible.
- Pou plis detay, tanpri ale sou liy Konsepsyon Asirans ki baze sou valè (VBID) nan Tablo Avantaj Medikal ki anba a.
- Manm yo kalifye pou eliminasyon pataj depans yo pou medikaman Pati D yo. Konsilte Chapit 6 la pou plis detay.

Medicare apwouve Sunshine State Health Plan, Inc. pou founi avantaj sa yo nan kad pwogram Konsepsyon Asirans lan Ki Baze Sou Valè a. Pwogram sa pèmèt Medicare eseye nouvo mwayen pou l amelyore plan Medicare Advantage yo.



Ou gen pou w wè pòm sa a sou kote sèvis prevantif yo nan tablo avantaj la.




Chapit 4: Tablo Avantaj Medikal yo (sa ki kouvri yo)**Tablo Avantaj Medikal yo**

Sèvis ki kouvri pou ou yo	Sa ou dwe peye lè ou resevwa sèvis sa yo.
<p>Pou sèvis Ajans pou Administrasyon Swen Sante (Pwogram Medicaid Florida a) kouvri yo, tanpri al gade nan plan Rezime Avantaj yo pou jwenn yon lis konplè avantaj Ajans pou Administrasyon Swen Sante (Pwogram Medicaid Florida a). Si ou pa t resevwa yon Rezime Avantaj yo, tanpri rele Sèvis pou Manm yo epi mande yo pou yo voye yon kopi pou ou. Pataj depans pa w pou sèvis Ajans pou Administrasyon Swen Sante (Pwogram Medicaid Florida a) kouvri yo, si genyen, baze sou nivo kalifikasyon w nan Ajans pou Administrasyon Swen Sante (Pwogram Medicaid Florida a). Tanpri kontakte ajans Medicaid eta ou an pou detèmine nivo pataj depans ou an.</p>	
<p> Deteksyon anevris awòtik nan vant.</p> <p>Yon depistaj gras ak yon ekografi ki fèt yon sèl fwa pou moun ki anba risk yo. Plan an sèlman kouvri tès sa a si ou gen yon pòsyon faktè risk ak si ou jwenn yon referans pou li nan men doktè ou an, yon asistan doktè, enfimye/è pratisyen oswa enfimye ki espesyalize nan zafè klinik.</p>	<p>Pa gen ko-asirans, kopèman, oswa franchiz pou manm ki kalifye pou tès prevantif sa a.</p>
<p>Akiponkti pou doule kwonik nan pati enferyè do a</p> <p>Sèvis ki kouvri yo enkli:</p> <p>Jiska 12 vizit nan 90 jou ki kouvri pou benefisyè Medicare yo nan sikonstans ki vin annapre yo:</p> <p>Nan objektif pou resevwa avantaj sa a, doule kwonik nan pati enferyè do a defini kòm:</p> <ul style="list-style-type: none"> • ki dire 12 semèn oswa plis; • ki pa espesifik, paske li pa gen okenn kòz sistemik ki idantifyab (sa vle di, ki pa asosye ak maladi metastatik, enflamatwa, enfektye, elatriye); • ki pa asosye ak operasyon; epi • ki pa asosye ak gwosès <p>Yo gen pou yo kouvri uit seyans siplemantè pou pasyan ki montre yon amelyorasyon. Pasyan an pa resevwa plis pase 20 trètman akiponkti chak lane.</p> <p>Trètman an dwe sispann si pasyan an pa gen okenn amelyorasyon oswa si l ap fè bak.</p> <p>Egzijans pou Founisè yo:</p> <p>Doktè yo (jan sa defini nan atik 1861(r)(1) Lwa sou Sekirite Sosyal (Lwa a)) ka founi akiponkti an konfòmite ak egzijans eta ki aplikab yo.</p>	<p>Kopèman \$0 pou akiponkti Medicare kouvri ou resevwa nan biwo yon PCP.</p> <p>Kopèman \$0 pou akiponkti Medicare kouvri ou resevwa nan biwo yon Espesyalis. <i>Yon referans ka nesesè. Yon otorizasyon alavans ka nesesè.</i></p> <p>\$0 kopèman pou akiponkti Medicare kouvri yo resevwa nan biwo chiwoptè. <i>Yon referans ka nesesè. Yon otorizasyon alavans ka nesesè.</i></p>




Chapit 4: Tablo Avantaj Medikal yo (sa ki kouvri yo)

Sèvis ki kouvri pou ou yo	Sa ou dwe peye lè ou resevwa sèvis sa yo.
<p>Asistan doktè (Physician Assistant, PA) yo, enfimye/è pratisyen (Nurse Practitioner, NP) yo / enfimye/è klinisyen espesyalize (Clinical Nurse Specialists, CNS) yo (jan sa idantifye nan atik 1861(aa)(5) Lwa a), epi pèsònèl oksilyè yo ka founi akiponkti si yo reponn ak tout egzijans eta a ki aplikab yo epi yo genyen:</p> <ul style="list-style-type: none"> • yon diplòm nan nivo metriz oswa doktora nan akiponkti oswa Medsin Oryantal ki sòti nan yon lekòl ki resevwa akreditasyon nan men Komisyon Akreditasyon nan zafè Akiponkti ak Medsin Oryantal (Acupuncture and Oriental Medicine, ACAOM) la; epi, • yon lisans aktyèl, konplè, aktif, ak san restriksyon pou pratike akiponkti nan yon Eta, Teritwa, oswa Commonwealth (sa vle di Pòtoriko) peyi Etazini, oswa District of Columbia a. <p>Pèsònèl oksilyè ki founi akiponkti yo dwe anba nivo sipèvizyon apwopriye yon doktè, PA, oswa NP/CNS jan règleman nou yo egzije sa nan 42 CFR §§ 410.26 ak 410.27.</p>	
<p>Sèvis anbilans</p> <p>Sèvis anbilans ki kouvri yo, kit se pou yon sitiyaasyon ki se yon ijans oswa ki pa yon-ijans, enkli sèvis anbilans pa aparèy ayeryen ki gen zèl fiks, aparèy ayeryen ki gen zèl k ap vire, epi ki ap deplase sou tè a, pou rive nan etablisman ki apwopriye ki pi prè a ki ka bay swen an, y ap founi yo sèlman si manm k ap resevwa sèvis la gen yon kondisyon medikal kote lòt mwayen transpò ta ka mete sante li an danje oswa si plan an otorize li. Si sèvis anbilans ki kouvri yo pa pou yon sitiyaasyon ijans, yo dwe dokimante pou di manm lan nan yon eta ki lakòz lòt mwayen transpò t a ka mete sante moun nan an danje epi transpò nan anbilans la nesesè pou rezon medikal.</p>	<p>\$0 kopèman pou trajè ale senp pou sèvis anbilans Medicare kouvri yo. <i>Yon otorizasyon alavans ka nesesè pou aparèy ayeryen ak zèl fiks yo epi transpò ki pa ijan yo.</i></p> <p>\$0 kopèman pa trajè ale senp pou sèvis anbilans Medicare kouvri yo. <i>Yon otorizasyon alavans ka nesesè pou aparèy ayeryen ak zèl fiks yo epi transpò ki pa ijan yo.</i></p> <p>Pataj depans lan pap anile si yo ospitalize ou pou swen nan lopital.</p>
<p>Egzamen fizik woutin anyèl</p> <p>Egzamen fizik anyèl la enkli egzamen sistèm kadyak, pilmonè (poumon), abdominal (vant) ak sistèm nève a, ansanm ak yon egzamen fizik kò a (tankou tèt, kou epi manm yo) epi yon istorik medikal/famiyal ki detaye, mete sou sèvis ki enkli nan Vizit Byennèt Anyèl la.</p>	<p>\$0 kopèman pou egzamen fizik woutin anyèl la.*</p>


Chapit 4: Tablo Avantaj Medikal yo (sa ki kouvri yo)

Sèvis ki kouvri pou ou yo	Sa ou dwe peye lè ou resevwa sèvis sa yo.
<p> Vizit byennèt anyèl</p> <p>Si ou te gen Pati B depi plis pase 12 mwa, ou ka benefisye yon vizit byennèt anyèl pou devlope oswa mete ajou yon plan prevansyon pèsonalize ki baze sou sante aktyèl ou ak faktè risk ou yo. Plan nou an pral kouvri vizit byennèt anyèl la yon fwa chak lane sivil.</p> <p>Remak: Premyè vizit byennèt anyèl ou pa ka fèt nan 12 mwa aprè vizit prevantif <i>Byenveni nan Medicare</i> ou an. Sepandan, ou pa bezwen gen yon vizit <i>Byenveni nan Medicare</i> pou yo kouvri w pou vizit byennèt anyèl yo apre ou fin gen Pati B pandan 12 mwa.n</p>	<p>Pa gen ko-asirans, kopèman, oswa franchiz pou vizit byennèt anyèl la.</p>
<p> Mezi mas zo</p> <p>Pou moun ki kalifye yo (jeneralman, sa vle di moun ki anba risk pou pèdi mas nan zo oswa ki anba risk pou fè osteyopowoz) sèvis sa yo kouvri chak 24 mwa oswa pi souvan si yo nesèsè pou rezon medikal: pwosedi pou idantifye mas zo, detekte pèt nan zo, oswa detèmine kalite zo a, ki enkli pou yon doktè entèprete rezilta yo.</p>	<p>Pa gen ko-asirans, ko-pèman oswa franchiz pou mezi mas nan zo Medicare kouvri yo.</p>
<p> Depistaj kansè nan tete (mamogram).</p> <p>Sèvis ki kouvri yo enkli:</p> <ul style="list-style-type: none"> • Yon mamogram debaz ant laj 35 ak 39 lane • Yon mamogram pou depistaj chak 12 mwa pou fanm ki gen 40 lane oswa plis. • Egzamen tete klinik yon fwa chak 24 mwa 	<p>Pa gen ko-asirans, ko-pèman oswa franchiz pou mamogram depistaj ki kouvri yo.</p>
<p>Sèvis reyadaptasyon kadyak</p> <p>Pwogram konplè sèvis reyadaptasyon kadyak yo ki enkli egzèsis, edikasyon, ak konsèy yo benefisye kouvèti pou manm ki ranpli yon pòsyon kondisyon avèk referans yon doktè.</p> <p>Plan an kouvri tou pwogram reyadaptasyon kadyak entansif yo ki jeneralman gen plis rigè oswa pi entans pase pwogram reyadaptasyon kadyak yo.</p>	<p>\$0 kopèman pou sèvis reyabilitasyon kadyak Medicare kouvri yo. <i>Yon referans ka nesèsè.</i></p> <p>\$0 kopèman pou sèvis reyabilitasyon kadyak entansif Medicare kouvri yo. <i>Yon referans ka nesèsè.</i></p>

Chapit 4: Tablo Avantaj Medikal yo (sa ki kouvri yo)

Sèvis ki kouvri pou ou yo	Sa ou dwe peye lè ou resevwa sèvis sa yo.
<p> Vizit pou rediksyon risk maladi kadyovaskilè (terapi pou maladi kadyovaskilè).</p> <p>Nou kouvri yon vizit chak lane avèk doktè swen primè w la pou ede diminye risk ou pou maladi kadyovaskilè. Pandan vizit sa a, doktè ou an ka diskite sou itilizasyon aspirin (si sa apwopriye), kontwole tansyon ou, epi ba ou konsèy pou garanti w ap manje aliman ki bon pou lasante.</p>	Pa gen ko-asirans, kopèman oswa franchiz pou avantaj prevantif terapi konpòtmantal entansif kont maladi kadyovaskilè.
<p> Tès pou maladi kadyovaskilè.</p> <p>Egzamen san pou deteksyon maladi kadyovaskilè (oswa anòmali ki asosye ak yon risk ki elve pou maladi kadyovaskilè) yon fwa chak 5 lane (60 mwa).</p>	Pa gen ko-asirans, kopèman oswa franchiz pou tès maladi kadyovaskilè yo ki kouvri yon fwa chak 5 lane.
<p> Depistaj kansè nan kòl matris ak vaje.</p> <p>Sèvis ki kouvri yo enkli:</p> <ul style="list-style-type: none"> • Pou tout fanm: Pap tès (tès pou deteksyon kansè nan kòl matris) ak egzamen zòn basen an kouvri yon fwa chak 24 mwa. • Si ou gen yon risk ki elve pou kansè nan kòl matris oswa vaje ou nan laj fè pitit epi ou te gen yon paptès ki pa nòmal nan 3 dènye lane yo: yon paptès chak 12 mwa. 	Pa gen ko-asirans, kopèman oswa franchiz pou pap tès ak egzamen zòn basen pou prevansyon Medicare kouvri yo.
<p>Sèvis kiropraktik</p> <p>Sèvis ki kouvri yo enkli:</p> <ul style="list-style-type: none"> • Manipilasyon manyèl kolòn vètebral la pou korije debwatman. 	\$0 kopèman pou sèvis kiropraktik Medicare kouvri. <i>Yon referans ka nesesè. Yon otorizasyon alavans ka nesesè.</i>
<p>Plan nou an kouvri tou vizit kiropraktik siplemantè (sa Medicare pa kouvri yo) yo jiska yon total 12 vizit chak lane.</p> <p>Sèvis kiropraktik siplemantè (sa Medicare pa kouvri yo) yo pou soutni do, kou, oswa atikilasyon bra ak janm yo resevwa apwobasyon sèlman si yo se nesesite medikal.</p> <p>Sèvis kiropraktik ki kouvri yo enkli:</p> <ul style="list-style-type: none"> • Yon egzamen inisyal (Egzamen nouvo Pasyan oswa egzamen woutin pasyan pou premye evalyasyon yon nouvo pwoblèm sante oswa yon nouvo pouse.) 	\$0 kopèman pou chak vizit kiropraktisyen siplemantè (ki pa kouvri nan Medicare). <i>Yon referans ka nesesè. Yon otorizasyon alavans ka nesesè.</i>

Chapit 4: Tablo Avantaj Medikal yo (sa ki kouvri yo)

Sèvis ki kouvri pou ou yo	Sa ou dwe peye lè ou resevwa sèvis sa yo.
<ul style="list-style-type: none"> • Egzamen ki refèt (egzamen woutin pasyan, lè sa nesese pou evalye pwogrè oswa modifiye tretman), Manipilasyon kolòn vètebral la, oswa atikilasyon yo, epi/oswa lòt sèvis (yo ka founi sèvis sa yo nan menm vizit ak yon egzamen) • Sèvis radyografi ak laboratwa yon kiropraktè ki sou kontra founi oswa li bay pasyan an referans pou l resevwa yo. Sèvis radyografi ak laboratwa ki fèt andeyò vizit yon pasyan ki se vizit ki nouvo oswa ki konn abitye pwograme deja ap debouche sou yon kopèman endividyèl. <p>Pou w jwenn asistans pou jwenn yon founisè nan rezo a, ou ka rele Sèvis Manm yo.</p> <p>Remak: Kouvèti pou sèvis chiwoopraktè woutin yo se yon avantaj siplemantè plan an ofri. Ni Medicare, ni Ajans pou Administrasyon Swen Sante (Pwogram Medicaid Florida a) pap peye pati pa w la nan depans pou sèvis sa yo.</p>	
 Depistaj kansè kolorektal Tès depistaj ki vin annapre yo kouvri: <ul style="list-style-type: none"> • Kolonoskopi pa gen okenn limit laj minimòm oswa maksimòm epi li kouvri yon fwa chak 120 mwa (10 ane) pou pasyan ki pa gen gwo risk yo, oswa 48 mwa apre yon sigmoyidoskopi fleksib ki te fèt anvan sa pou pasyan ki pa gen gwo risk pou kansè kolorektal yo, epi yon fwa chak 24 mwa pou pasyan ki gen gwo risk yo apre yon kolonoskopi pou depistaj ki te fèt anvan sa oswa yon lavman ak baryòm. • Sigmoiyidoskopi fleksib pou pasyan ki gen 45 lane ak plis. Yon fwa chak 120 mwa pou pasyan ki pa gen gwo risk yo apre pasyan an te resevwa yon kolonoskopi pou depistaj. Yon fwa chak 48 mwa pou pasyan ki gen gwo risk yo depi dènye sigmoyidoskopi fleksib la oswa lavman ak baryòm nan. • Tès depistaj kras san pou pasyan ki gen 45 lane ak plis. Yon fwa chak 12 mwa. • Tès ADN nan pou pou ki sible plizyè bagay pou pasyan ki gen laj 45 jiska 85 lane epi ki pa ranpli kritè gwo risk. Yon fwa chak 3 lane. • Tès makè biyolojik ki baze sou san pou pasyan ki gen laj 45 jiska 85 lane epi ki pa ranpli kritè gwo risk yo. Yon fwa chak 3 lane. 	<p>Pa gen ko-asrans, kopèman, oswa franchiz pou yon egzamen depistaj kansè kolorektal Medicare kouvri, eksepte lavman ak baryòm nan ko-asirans lan aplike pou li. Si doktè ou a jwenn epi retire yon polip oswa lòt tisi pandan kolonoskopi a oswa sigmoyidoskopi fleksib la, egzamen depistaj la ap tounen yon egzamen dyagnostik epi ou ka peye yon kopèman \$0 pou sèvis doktè ou yo.</p> <p>Pou Kouvèti asirans Medicare pou dyagnostik Kolonoskopi, konsilte seksyon "Operasyon pou Pasyan ki Pa Ospitalize" a pi ba nan tablo sa a pou tout montan pataj depans ki aplikab pou vizit yo nan yon sant chirijikal pou pasyan ki pa ospitalize oswa nan yon anviwònman lopital pou pasyan ki pa ospitalize.</p>

Chapit 4: Tablo Avantaj Medikal yo (sa ki kouvri yo)

Sèvis ki kouvri pou ou yo	Sa ou dwe peye lè ou resevwa sèvis sa yo.
<ul style="list-style-type: none"> • Lavman ak Baryòm kòm yon altènativ nan plas kolonoskopi a pou pasyan ki gen gwo risk yo epi 24 mwa depi dènye lavman ak baryòm pou depistaj la oswa dènye kolonoskopi pou depistaj la. • Lavman ak Baryòm kòm yon altènativ nan plas sigmoidoskopi fleksib la pou pasyan ki pa gen gwo risk epi ki gen 45 lane oswa plis. Omwen fwa omwen chak 48 mwa apre dènye lavman ak baryòm pou depistaj la oswa sigmoidoskopi fleksib pou depistaj la. <p>Tès depistaj kansè kolorektal yo enkli yon kolonoskopi swivi apre yon tès depistaj kansè kolorektal ki baze sou pou pou epi ki pa envazif ki benefisyè kouvèti Medicare bay yon rezilta pozitif.</p>	<p>\$0 kopèman pou Sèvis Lavman ak Baryòm Medicare kouvri yo. <i>Yon referans ka nesesè.</i></p>
<p>Sèvis dantè</p> <p>Anjeneral Original Medicare pa kouvri sèvis dantè pou prevansyon yo (tankou netwayaj, egzamen dantè woutin, ak radyografi dantè). Sepandan, aktyèlman Medicare peye pou sèvis dantè yo nan yon kantite sikonstans ki limite, sitou lè sèvis sa a se yon pati entegral nan trètman espesifik kondisyon medikal prensipal yon benefisyè. Kèk egzanp enkli rekonstriksyon machwè apre yon frakti oswa blesi, ekstraksyon dan ki fèt kòm yon preparasyon pou trètman pa radyasyon pou kansè ki enplike machwè a, oswa egzamen bouch ki fèt anvan yon transplantasyon (grèf) ren. Mete sou sa, nou kouvri:</p> <p><u>Sèvis dantè siplemantè (sètadi, woutin)</u></p> <p>Maksimòm benefis plan an kouvri se \$5,000 chak ane pou sèvis dantè konplè yo. Ou responsab pou kantite lajan ki depase limit benefis la.*</p> <ul style="list-style-type: none"> • Swen Dantè pou Dyagnostik ak Prevansyon (Sèvis ki kouvri yo enkli sa ki annapre yo.) <ul style="list-style-type: none"> ○ Egzamen bouch ki peryodik - 2 chak lane. ○ Netwayaj (pwofilaksi) - 2 chak lane 	<p>\$0 kopèman pou chak sèvis dantè Medicare kouvri. <i>Yon otorizasyon alavans ka nesesè.</i></p> <p><u>Swen dantè siplemantè (sètadi, woutin)</u></p> <p>Dyagnostik ak Prevansyon Dantè</p> <p>\$0 kopèman pou chak egzamen nan bouch.* <i>Yon otorizasyon alavans ka nesesè.</i></p> <p>\$0 kopèman pou chak netwayaj.* <i>Yon otorizasyon alavans ka nesesè.</i></p>




Chapit 4: Tablo Avantaj Medikal yo (sa ki kouvri yo)

Sèvis ki kouvri pou ou yo	Sa ou dwe peye lè ou resevwa sèvis sa yo.
<ul style="list-style-type: none"> ○ Trètman abaz fliyorid - 1 chak lane. 	\$0 kopèman pou chak trètman abaz fliyorid.* <i>Yon otorizasyon alavans ka nesesè.</i>
<ul style="list-style-type: none"> ○ Radyografi dantè - 1 seri chak dat sèvis pou jiska 36 mwa selon tip sèvis la. 	\$0 kopèman pou radyografi dantè pa vizit.* <i>Yon otorizasyon alavans ka nesesè.</i>
<ul style="list-style-type: none"> ○ Lòt sèvis Dyagnostik dantè - 1 chak dat sèvis jiska 36 mwa selon tip sèvis la 	\$0 kopèman pou lòt sèvis dyagnostik dantè a chak vizit.* <i>Yon otorizasyon alavans ka nesesè.</i>
<ul style="list-style-type: none"> ○ Lòt sèvis prevansyon dantè - 1 chak dat sèvis jiska 36 mwa selon tip sèvis la 	\$0 kopèman pou lòt sèvis prevansyon dantè a chak vizit.* <i>Yon otorizasyon alavans ka nesesè.</i>
<ul style="list-style-type: none"> • Swen Dantè Konplè (Sèvis ki kouvri yo enkli sa ki vini annapre yo.) 	Swen Dantè Konplè
<ul style="list-style-type: none"> ○ Sèvis restorasyon -1 chak 12 a 84 mwa pou chak dan selon tip sèvis la 	\$0 kopèman pou chak sèvis restorasyon.* <i>Yon otorizasyon alavans ka nesesè.</i>
<ul style="list-style-type: none"> ○ Andodonsi - yon fwa pou chak dan pou lavi 	\$0 kopèman pou chak sèvis restorasyon.* <i>Yon otorizasyon alavans ka nesesè.</i>
<ul style="list-style-type: none"> ○ Pawodonsi - 1 chak 6 jiska 36 mwa selon tip sèvis la. 	\$0 kopèman pou chak sèvis pawodonsi.* <i>Yon otorizasyon alavans ka nesesè.</i>
<ul style="list-style-type: none"> ○ Pwotèz dantè - demontab - 1 nan chak dat sèvis rive 60 mwa selon tip sèvis la 	\$0 kopèman pou chak sèvis pwotodontik demontab.* <i>Yon otorizasyon alavans ka nesesè.</i>

Chapit 4: Tablo Avantaj Medikal yo (sa ki kouvri yo)

Sèvis ki kouvri pou ou yo	Sa ou dwe peye lè ou resevwa sèvis sa yo.
<ul style="list-style-type: none"> ○ Pwotodontik - fiks - 1 nan chak dat yo bay sèvis jiska 84 mwa pou chak dan, selon tip sèvis la. ○ Operasyon Oral/Machwè ak vizaj - 1 nan chak dat sèvis yo jiska tout lavi selon tip sèvis la ○ Sèvis jeneral siplemantè - 1 chak dat sèvis la jiska 60 mwa selon tip sèvis la <p>Anvan ou jwenn sèvis yo, nou konseye manm yo pou yo diskite sou opsyon tretman yo ak yon founisè sèvis dantè woutin ki se yon patisipan. Tretman an dwe kòmanse ak fini pandan plan an kouvri li pandan lane plan an. Frè sèvis dantè plan an pa kouvri yo se sou responsabilite manm nan yo ye.</p> <p>Yo dwe resevwa sèvis dantè siplemantè (sètadi, woutin Medicare pa kouvri) yo nan men yon founisè ki se yon patisipan pou plan an ka kouvri yo. Pou kesyon sou kòman pou w jwenn yon founisè, soumèt yon reklamasyon, oswa pou plis enfòmasyon, rele Sèvis pou Manm yo. Enfòmasyon siplemantè sou kouvèti dantè, ki enkli yon lis detaye pwosedi ki kouvri yo, disponib tou sou sit entènèt nou an.</p> <p>Ale sou www.wellcare.com/medicare, chwazi eta ou an, chwazi plan Medicare la, antre kòd postal ou, epi klike sou chèche. Jwenn Wellcare Dual Access (HMO D-SNP) sou lis la, epi klike Ale nan detay plan mwen yo. Gade anba kolòn Dokiman Espesifik Plan an pou w jwenn Detay sou Avantaj Dantè yo pou plan sa a.</p> <p>Remak: Kouvéti sèvis dantè woutin yo se yon avantaj siplemantè plan an ofri. Ni Medicare, ni Ajans pou Administrasyon Swen Sante (Pwogram Medicaid Florida a) pap peye pati pa w la nan depans pou sèvis sa yo.</p> <p>Manm ki enskri tou nan Ajans pou Administrasyon Swen Sante (Pwogram Medicaid Florida) yo ka kalifye pou kouvèti segondè pou sèvis dantè siplemantè sa yo atravè Eta a. Anvan w jwenn sèvis dantè yo, mande founisè a si li kapab voye fakti bay Medicaid kòm yon peyè segondè. Asire w ou montre founisè a kat idantifikasyon Ajans pou Administrasyon Swen Sante (Pwogram Medicaid Florida a) pa w la tou.</p>	<p>\$0 kopeman pou chak sèvis pwotodontik fiks.* <i>Yon otorizasyon alavans ka nesesè.</i></p> <p>\$0 kopeman pou chak sèvis oral maxilofasyal.* <i>Yon otorizasyon alavans ka nesesè.</i></p> <p>\$0 kopèman pou chak sèvis jeneral siplemantè.* <i>Yon otorizasyon alavans ka nesesè.</i></p>


Chapit 4: Tablo Avantaj Medikal yo (sa ki kouvri yo)

Sèvis ki kouvri pou ou yo	Sa ou dwe peye lè ou resevwa sèvis sa yo.
 Depisataj Depresyon Nou kouvri yon depistaj depresyon chak lane. Depistaj la dwe fèt nan yon kad swen primè ki ka founi trètman swivi ak/oswa referans.	Pa gen okenn ko-asirans, kopèman, oswa franchiz pou yon vizit anyèl pou depistaj depresyon.
 Depistaj maladi sik (dyabèt) Nou kouvri depistaj sa a (ki enkli tès glikoz ajèn) si w gen nenpòt nan faktè riskki vin annapre yo: tansyon wo, antesedan kolestewòl ak nivo trigliserid ki pa nòmal (dislipidemi), obezite, oswa yon antesedan sik nan san ki wo (glikoz). Tès yo ka kouvri tou si ou ranpli lòt kondisyon yo, tankou si ou gen twòp pwa epi gen yon antesedan maladi sik nan fanmi w. Ou ka kalifye pou jiska de depistaj maladi sik chak 12 mwa apre dat dènye depistaj dyabèt ou an.	Pa gen ko-asirans, kopèman, oswa franchiz pou depistaj maladi sik Medicare kouvri yo.
 Fòmasyon pou oto-jesyon maladi sik, sèvis ak founiti pou moun ki gen maladi sik Pou tout moun ki gen maladi sik yo (moun ki itilize ensilin ak moun ki pa itilize ensilin). Sèvis ki kouvri yo enkli: <ul style="list-style-type: none"> • Founiti pou siveye glikoz nan san ou: Monitè glikoz nan san, ti bann pou tès glikoz nan san, dispozitif pou fè prelevman, ak solisyon pou kontwòle glikoz pou verifye presizyon ti bann pou fè tès yo epi monitè yo. • Pou moun ki gen dyabèt ki soufri maladi pye dyabetik ki grav: Pou chak ane sivil, yon pè soulye terapetik ki fèt sou mezi (ki enkli semèl yo founi ak soulye yo) epi de pè semèl siplemantè, oswa yon pè soulye ki gen pwofondè ak twa pè semèl (ki pa enkli semèl yo ka retire ki pa pèsonalize yo founi ak soulye sa yo). Kouvéti a enkli yon ajisteman. • Fòmasyon sou oto-jesyon dyabèt la kouvri selon yon pòsyon kondisyon. Pwodwi OneTouch® Lifescan yo se founiti tès dyabetik prefere nou (monitè glikoz ak bann tès). Pou w jwenn plis enfòmasyon konsènan atik yo ki nan lis founiti tès dyabèt nou prefere a, tanpri kontakte Sèvis pou Manm yo. Si ou itilize founiti tès dyabèt plan an pa pefer yo, pale ak founisè w la pou w jwenn yon nouvo preskripsyon oswa mande otorizasyon alavans pou yon monitè glikoz ak ti bann pou fè tès nou pa prefere.	\$0 kopèman pou founiti pou siveye maladi sik Medicare kouvri yo. <i>Yon otorizasyon alavans ka nesesè.</i> \$0 kopèman pou soulye terapetik yo oswa semèl Medicare kouvri yo pou moun ki gen dyabèt ki gen maladi grav pye dyabetik <i>Yon otorizasyon alavans ka nesesè.</i> \$0 kopèman pou fòmasyon pou oto-jesyon dyabèt Medicare kouvri. <i>Yon referans ka nesesè.</i>

Chapit 4: Tablo Avantaj Medikal yo (sa ki kouvri yo)

Sèvis ki kouvri pou ou yo	Sa ou dwe peye lè ou resevwa sèvis sa yo.
<p>Ekipman medikal dirab (Durable Medical Equipment, DME) epi founiti ki lye ak sa</p> <p>(Pou yon definisyon ekipman medikal dirab, gade Chapit 12 la ansanm ak Seksyon 7 ki nan Chapit 3 dokiman sa a.)</p> <p>Atik ki kouvri yo enkli, men yo pa limite sèlman ak: chèz woulant, beki, sistèm matla elektrik, founiti pou moun ki gen dyabèt, kabann lopital yon pwofesyonèl swen sante kòmande pou itilize adomisil, ponp pou pèfizyon anndan venn (Intravenous, IV), aparèy ki jenere lapawòl, ekipman oksijèn, nebilizè, epi wòkè.</p> <p>Nou kouvri tout DME ki nesèsè pou rezon medikal Original Medicare kouvri yo. Si founisè nou an nan zòn ou an pa pote yon mak oswa yon fabrikasyon patikilye, ou ka mande li si l ka kòmande l espesyalman pou ou.</p> <p>Lis founisè ki pi resan an disponib sou sit entènèt nou an nan www.2025wellcaredirectoriest.com.</p>	<p><i>Yon otorizasyon alavans ka nesèsè.</i></p> <p>\$0 kopèman pou ekipman medikal dirab Medicare kouvri.</p> <p><i>Yon otorizasyon alavans ka nesèsè.</i></p> <p>\$0 kopèman pou founiti medikal Medicare kouvri.</p> <p>Pataj depans ou pou kouvèti ekipman oksijèn Medicare la se \$0 kopèman, chak 36 mwa. Pataj depans ou an pap chanje apre yon enskripsyon ki dire 36 mwa. Si anvan ou te enskri nan plan nou an ou te fè 36 mwa ap peye lokasyon pou kouvèti ekipman oksijèn nan, pataj depans ou nan plan nou an se \$0 kopèman.</p>
<p>Swen ijans</p> <p>Swen ijans fè referans ak sèvis ki:</p> <ul style="list-style-type: none"> • Founi pa yon founisè ki kalifye pou founi sèvis ijans, epi • Nesèsè pou evalye oswa estabilize yon kondisyon medikal ki ijan. <p>Yon ijans medikal se lè ou menm, oswa nenpòt lòt pwofèsyonèl ki pridan ki gen konnèsans mwayen nan zafè sante ak medsin, kwè ou gen sentòm medikal ki egzije yon atansyon medikal ki imedyata pou anpeche w pèdi lavi w (epi si ou se yon fanm ansent, pèt yon timoun ki poko fèt), pèt yon manm oswa fonksyon yon manm. Sentòm medikal yo kapab yon maladi, yon blesi, yon doulè grav, oswa yon kondisyon medikal ki ap vin pi mal rapidman.</p> <p>Pataj depans pou sèvis ijans ki nesèsè yo founi andeyò rezo a se menm jan ak pou sèvis sa yo founi anndan rezo a.</p>	<p>\$0 kopèman pou vizit nan sal ijans Medicare kouvri yo.</p> <p>Si w resevwa swen ijans nan yon lopital ki pa nan rezo a epi w bezwen swen antanke pasyan ki ospitalize apre kondisyon ijans ou an fin estabilize, ou dwe retounen nan yon lopital rezo a pou swen ou yo kontinye kouvri oswa ou dwe resevwa swen antanke yon pasyan ki ospitalize nan lopital ki pa nan rezo a plan an bay otorizasyon an epi frè a se pataj depans ou t ap peye nan yon lopital rezo a.</p>


Chapit 4: Tablo Avantaj Medikal yo (sa ki kouvri yo)

Sèvis ki kouvri pou ou yo	Sa ou dwe peye lè ou resevwa sèvis sa yo.
Sèvis ijans andeyò Etazini yo kouvri.	<p>\$110 kopèman pou sèvis ijans andeyò Etazini.*</p> <p>Ou peye montan sa a menm si ou ospitalize nan 24 èdtan pou menm maladi a.</p> <p>Ou kouvri jiska \$50,000 chak lane pou sèvis ijans oswa sèvis ijan ki nesèsè andeyò Etazini.</p>
<p> Pwogram edikasyon sou sante ak byennèt.</p> <ul style="list-style-type: none"> <p>Liy asistans telefonik pou konsèy sou sante</p> <p>Ankadreman nan telefòn ki gratis epi konsèy sou sante ki sòti nan men klinisyen ki kalifye. Liy asistans telefonik pou konsèy sou sante a disponib 24è pa jou, 7 jou pa semèn pou ede ak kesyon ki lye ak sante yo. Ou ka kontakte liy konsèy enfimyè a pandan w ap rele Sèvis Manm yo pou yo transfere ou bay liy konsèy enfimyè a.</p> 	<p>\$0 kopèman pou liy telefonik pou konsèy sou sante a.*</p>
<ul style="list-style-type: none"> <p>Avantaj pou Fòm Fizik (Fitness)</p> <p>Plan nou an ofri yon pwogram fòm fizik ki ofri aksè ak lokal pou travay fòm fizik atravè peyi a.</p> <p>Pou ede soutni yon mòd lavi ki aktif epi ki sen, ou gen aksè ak fonksyonalite sa yo san w pa gen anyen pou w peye:</p> <ul style="list-style-type: none"> Manm Sant Aktivite Fòm Fizik: Chwazi nan plizyè sant aktivite fòm fizik an pèsòn yo k ap patisipe nan rezo fòm fizik la Kit Fòm Fizik Adomisil: Ou ka chwazi pami yon latriye Kit pou Fòm Fizik Adomisil, ki enkli yon aparèy pòtatif ki swiv fòm fizik ou. Ou ka resevwa jiska 1 kit pou chak ane avantaj. Pwogram Fòm Fizik Nimerik: Chwazi nan plizyè milye videyo antrènman sou demann atravè bibliyotèk nimerik la, jwenn aksè nan klas vityèl yo, epi itilize yon aplikasyon mobil. <p>Pou plis enfòmasyon konsènan avantaj fòm fizik la, tanpri rele Sèvis pou Manm yo.</p> 	<p>\$0 kopèman pou avantaj bon kondisyon fizik la.*</p>

Chapit 4: Tablo Avantaj Medikal yo (sa ki kouvri yo)

Sèvis ki kouvri pou ou yo	Sa ou dwe peye lè ou resevwa sèvis sa yo.
<ul style="list-style-type: none"> • Sistèm Pèsonèl pou Entèkansyon Annijans (Personal Emergency Response System, PERS) Kouvèti pou yon aparèy pèsonèl pou entèkansyon medikal annijans pou tout lavi ak frè chak mwa a. Yon aparèy pèsonèl pou entèkansyon medikal annijans ofri trankilite pou lespri epi repons 24è pa jou, 7 jou pa semèn pou bezwen ki ijan w yo ak sa ki pa ijan yo. Manm yo ka chwazi ant: <ul style="list-style-type: none"> ○ Yon sistèm PERS tradisyonèl "kab" ki konekte atravè yon liy fiks. Pou sistèm ak kab yo, li nesèsè pou gen yon telefòn fiks ki te deja la. ○ Sistèm PERS san fil ○ Opsyon aparèy pòtatif Pou w jwenn plis enfòmasyon, rele Sèvis pou Manm yo. 	<p>\$0 kopèman pou Sistèm Pèsonèl pou Entèkansyon Annijans (PERS) lan – Sistèm Alèt Medikal.*</p>
<p>Sèvis pou odisyon (zòrèy) Evalyasyon dyagnostik pou odisyon ak ekilib la ki fèt pa founisè w la pou detèmine si ou bezwen tretman medikal la, li benefisye yon kouvèti antanke swen pou pasyan ki pa ospitalize lè se yon doktè, yon odyolojis, oswa lòt founisè ki kalifye ki founi l.</p> <p>Plan nou an kouvri tou sèvis siplemantè (sètadi, woutin) pou odisyon ki vin annapre yo:</p> <ul style="list-style-type: none"> • 1 egzamen woutin pou odisyon chak lane. • 1 ajisteman ak evalyasyon aparèy pou ede tandè chak lane. 	<p>\$0 kopèman pou chak egzamen odisyon Medicare kouvri. <i>Yon otorizasyon alavans ka nesèsè.</i></p> <p>Sèvis pou odisyon siplemantè (sètadi, woutin):</p> <p>\$0 kopèman pou 1 egzamen woutin pou odisyon chak lane.* <i>Yon otorizasyon alavans ka nesèsè.</i></p> <p>\$0 kopèman pou 1 ajisteman ak evalyasyon aparèy pou ede tandè chak lane.* <i>Yon otorizasyon alavans ka nesèsè.</i></p>

Chapit 4: Tablo Avantaj Medikal yo (sa ki kouvri yo)

Sèvis ki kouvri pou ou yo	Sa ou dwe peye lè ou resevwa sèvis sa yo.
<ul style="list-style-type: none"> 1 aparèy pou ede tande ki pa enplantab jiska \$1,500 pou chak zòrèy chak lane. Limite ak 2 aparèy pou ede tande ki pa enplantab chak lane. Avantaj la gen ladan yon garanti 3 lane ki kouvri pèt, ak domaj ansanm ak yon rezèv batri pou 2 lane. <p>Tout depans pou aparèy pou ede tande ki depase maksimòm avantaj ki pi wo a se responsabilite w. Aparèy siolemantè pou ede tande yo pa kouvri.</p> <p>Yo dwe resevwa sèvis oditif woutin yo nan men yon founisè k ap patisipe nan rezo founisè a pou resevwa yon kouvèti konplè sou avantaj oditif plan an ofri.</p> <p>Pou plis enfòmasyon sou founisè sèvis pou odisyon w lan, enfòmasyon kontak yo ak avantaj yo, tanpri rele Sèvis pou Manm yo.</p> <p>Remak: Kouvèti sèvis woutin pou odisyon yo se yon avantaj siplemantè plan an ofri. Ni Medicare, ni Ajans pou Administrasyon Swen Sante (Pwogram Medicaid Florida a) pap peye pati pa w la nan depans pou sèvis sa yo.</p>	<p>\$0 kopèman pou 2 aparèy pou ede tande chak lane.* <i>Yon otorizasyon alavans ka nesesè.</i></p>
<p> Depistaj VIH</p> <p>Pou moun ki mande yon tès depistaj VIH oswa ki gen risk yo ki ogmante pou yo g on enfeksyon VIH, nou kouvri:</p> <ul style="list-style-type: none"> Yon egzamen depistaj chak 12 mwa. <p>Pou fanm ki ansent yo, nou kouvri:</p> <ul style="list-style-type: none"> Jiska twa egzamen depistaj pandan yon gwosès. 	<p>Pa gen ko-asirans, kopèman, oswa franchiz pou manm ki kalifye pou depistaj prevansyon VIH Medicare kouvri a.</p>


Chapit 4: Tablo Avantaj Medikal yo (sa ki kouvri yo)

Sèvis ki kouvri pou ou yo	Sa ou dwe peye lè ou resevwa sèvis sa yo.
<p>Ajans swen sante adomisil</p> <p>Anvan ou resevwa sèvis sante adomisil, yon doktè dwe sètifye ou bezwen sèvis sante adomisil yo epi li gen pou l bay lòd pou yon ajans swen sante adomisil founi sèvis sante adomisil yo. Ou dwe oblije rete lakay ou, sa vle di pou w kite lakay ou sa ap mande yon gwo efò.</p> <p>Sèvis ki kouvri yo enkli, men yo pa limite sèlman ak:</p> <ul style="list-style-type: none"> • Sèvis swen enfimye ak sèvis asistans pou swen sante adomisil amitan oswa pa entèmitans (Pou yo ka kouvri nan kad avantaj swen sante adomisil la, sèvis enfimye kalifye ak sèvis asistans pou swen sante adomisil ou yo dwe totalize mwens pase 8 èdtan pa jou ak 35 èdtan pa semèn). • Terapi fizik (Fizyoterapi), terapi okipasyonèl (Ègoterapi), ak terapi lapawòl (Òtofofi). • Swen medikal ak sosyal • Founiti ak ekipman medikal 	<p>\$0 kopèman pou chak sèvis ajans swen sante adomisil Medicare kouvri.</p> <p><i>Yon referans ka nesesè. Yon otorizasyon alavans ka nesesè.</i></p>
<p>Terapi pèfizyon lakay</p> <p>Terapi pèfizyon adomisil la enplike administrasyon medikaman oswa pwodui biyolojik anndan venn yon moun oswa anba po l adomisil. Konpozan ki nesesè pou fè pèfizyon adomisil la enkli medikaman an (pa egzanp, antiviral, iminoglobilin), ekipman an (pa egzanp, yon ponp), epi founiti yo (pa egzanp, tib ak katetè).</p> <p>Sèvis ki kouvri yo enkli, men yo pa limite sèlman ak:</p> <ul style="list-style-type: none"> • Sèvis pwofesyonèl, ki enkli sèvis enfimye, yo founi an konfòmite ak plan swen an. • Fòmasyon ak edikasyon pasyan an pa kouvri nan kad avantaj ekipman medikal dirab la. • Siveyans a distans • Sèvis siveyans pou founi terapi pèfizyon adomisil la ak medikaman pa pèfizyon adomisil la, se yon founisè terapi enfizyon adomisil ki kalifye ki founi l. 	<p>\$0 kopèman pou sèvis pwofesyonèl ki sòti nan men yon Founisè Swen Primè (PCP), ki enkli sèvis enfimye, fòmasyon ak edikasyon, siveyans a distans epi sèvis siveyans.</p> <p>\$0 kopèman pou sèvis pwofesyonèl ou ki sòti nan men yon espesyalis, ki enkli sèvis enfimye, fòmasyon ak edikasyon, siveyans a distans epi sèvis siveyans.</p> <p><i>Yon referans ka nesesè. Yon otorizasyon alavans ka nesesè.</i></p> <p>Ekipman pou pèfizyon adomisil la epi founiti yo kouvri nan kad avantaj Ekipman Medikal Dirab (DME) ou yo. Tanpri gade seksyon “Ekipman Medikal Dirab (Ekipman Medikal Dirab (Durable Medical Equipment, DME) epi founiti ki lye ak sa a pou enfòmasyon sou pataj depans lan.</p>

Chapit 4: Tablo Avantaj Medikal yo (sa ki kouvri yo)

Sèvis ki kouvri pou ou yo	Sa ou dwe peye lè ou resevwa sèvis sa yo.
	<p>Medikaman pou pèfizyon adomisil yo kouvri nan kad avantaj Medikaman sou Preskripsyon Medicare Part B ou an. Nebuliser Tanpri gade seksyon "Medikaman sou Preskripsyon Medicare Part B" a pou enfòmasyon sou pataj depans lan.</p>
<p>Swen palyatif</p> <p>Ou kalifye pou avantaj swen palyatif la lè doktè ou an ak direktè medikal swen palyatif la te ba ou yon pwonostik tèminal ki sètifye ou nan faz tèminal epi ou rete 6 mwa oswa mwens pou w viv si maladi ou an kontinye swiv sik nòmal li. Ou ka resevwa swen nan nenpòt pwogram swen palyatif Medicare sètifye. Plan ou an gen obligasyon pou l ede w jwenn pwogram swen palyatif Medicare sètifye nan zòn sèvis plan an, ki enkli sa yo òganizasyon MA a posede, ap kontwole oswa li gen yon enterè finansyè nan yo. Doktè swen palyatif ou a ka yon founisè nan rezo a oswa yon founisè ki pa nan rezo a.</p> <p>Sèvis ki kouvri yo enkli:</p> <ul style="list-style-type: none"> • Medikaman pou kontwòl sentòm ak soulajman doule • Swen apèzman akoutèm • Swen adomisil <p><u>Pou sèvis palyatif yo epi pou sèvis Medicare Part A oswa Part B kouvri yo epi ki lye ak pwonostik tèminal ou an:</u> Original Medicare (olye se plan nou an) gen pou l peye founisè swen palyatif ou an pou sèvis palyatif ou yo ki lye ak pwonostik tèminal ou an. Pandan ou nan pwogram swen palyatif la, founisè swen palyatif ou an gen pou l faktire Original Medicare pou sèvis se Original Medicare ki peye pou yo. Yo gen pou yo faktire w pataj depans Original Medicare la.</p> <p><u>Pou sèvis Medicare Part A oswa Part B kouvri epi ki pa gen rapò ak pwonostik tèminal ou a:</u> Si ou bezwen sèvis ki pa yon ijans, ki pa yon bezwen ijan ki kouvri anba Medicare Part A oswa Part B ki pa lye ak pwonostik tèminal ou an, pri ou pou sèvis sa yo depann si ou itilize yon founisè ki nan rezo plan nou an epi ou respekte règ plan an (tankou si gen yon egzijans pou jwenn otorizasyon alavans).</p> <ul style="list-style-type: none"> • Si ou resevwa sèvis ki kouvri yo nan men yon founisè ki nan rezo a epi ou respekte règ plan an pou jwenn sèvis, ou sèlman peye montan pataj depans plan an pou sèvis ki bay anndan rezo a. 	<p>Lè ou enskri nan yon pwogram swen palyatif Medicare sètifye, sèvis palyatif ou yo ak sèvis Pati A ak Pati B ou yo ki lye ak pwonostik tèminal ou an, se Original Medicare ki peye l, se pa plan nou an.</p> <p>Pataje depans sèvis medikal yo ka aplike pou sèvis konsiltasyon nan zafè swen palyatif la. Gade seksyon "Sèvis Doktè/Pratisyen" an nan tablo sa a pou enfòmasyon sou pataje depans lan.</p>

Chapit 4: Tablo Avantaj Medikal yo (sa ki kouvri yo)

Sèvis ki kouvri pou ou yo	Sa ou dwe peye lè ou resevwa sèvis sa yo.
<ul style="list-style-type: none"> • Si ou resevwa sèvis ki kouvri yo nan men yon founisè ki pa nan rezo a, ou peye pataj depans lan selon Modèl Ranbousman pou Sèvis Medicare la (Original Medicare). <p><u>Pou sèvis plan nou an kouvri men Medicare Part A oswa Part B pa kouvri:</u> Plan nou an ap kontinye kouvri sèvis plan an kouvri Pati A ak B pa kouvri kit sèvis sa yo gen rapò oswa yo pa gen rapò ak pwonostik tèminal ou. Ou peye montan pataj depans plan w lan pou sèvis sa yo.</p> <p><u>Pou medikaman avantaj Pati D plan an ka kouvri yo:</u> Si medikaman sa yo pa lye ak kondisyon tèminal ou a nan swen palyatif yo, ou peye pataj depans lan. Si medikaman sa yo lye ak kondisyon tèminal ou a nan swen palyatif yo, ou peye pataj depans Original Medicare la. Swen palyatif yo ak plan nou an pa janm kouvri medikaman yo an men tan. Pou w jwenn plis enfòmasyon, tanpri konsilte Seksyon 9.4 ki nan Chapit 5 lan (<i>E si ou nan yon ospis Medicare ki sètifye?</i>)</p> <p>Remak: Si ou bezwen swen ki pa swen ospis (swen ki pa gen rapò ak pwonostik tèminal ou an), ou ta dwe kontakte nou pou fè aranjman pou sèvis yo.</p> <p>Plan nou an kouvri sèvis konsiltasyon swen palyatif yo (yon fwa sèlman) pou yon moun ki nan faz tèminal ki pa t chwazi avantaj swen palyatif la.</p>	
<p> Vaksinasyon</p> <p>Sèvis Medicare Part B kouvri yo enkli:</p> <ul style="list-style-type: none"> • Vaksen kont nemoni • Piki kont grip (oswa vaksen), yon fwa chak sezon grip nan sezon otòn ak sezon ivè, avèk piki siplemantè kont grip (oswa vaksen), si medikalman nesèsè. • Vaksen kont Epatit B si w anba risk ki elve oswa entèmedye pou w trape epatit B • Vaksen kont COVID-19 • Lòt vaksen si w gen risk epi yo respekte règ kouvèti Medicare Part B yo <p>Nou kouvri tou pifò lòt vaksen pou adilt yo nan kad avantaj medikaman sou preskripsyon Pati D nou an.</p> <p>Plan nou an kouvri pifò vaksen Pati D yo pou granmoun yo gratis pou manm ki gen 19 lane oswa plis.</p>	<p>Pa gen ko-asirans, ko-pèman oswa franchiz pou vaksen kont nemoni, grip/influenza, epatit B, ak COVID-19.</p> <p>Pou lòt vaksen Medicare kouvri yo (si w anba risk epi yo respekte règ kouvèti Medicare Part B yo), tanpri konsilte seksyon medikaman sou preskripsyon Medicare Part B ki nan tablo sa a pou pataje depans ki aplikab yo.</p> <p><i>Kèk medikaman Pati B nesèsite yon otorizasyon alavans pou yo kouvri yo.</i></p>

Chapit 4: Tablo Avantaj Medikal yo (sa ki kouvri yo)

Sèvis ki kouvri pou ou yo	Sa ou dwe peye lè ou resevwa sèvis sa yo.
<p>Swen Lopital pou Pasyan ki Ospitalize</p> <p>Li enkli pasyan ki ospitalize ki bezwen swen entansif, reyabilitasyon pasyan ki ospitalize, lopital pou swen alontèm ak lòt tip sèvis nan lopital pou pasyan ki entèn. Swen lopital pou pasyan entèn kòmanse jou admisyon fòmèl ou nan lopital la avèk lòd yon doktè. Jou anvan ou egzeyate a se dènye jou w antanke pasyan ki ospitalize.</p> <p>Ou kouvri pandan 90 jou pou sejou lopital Medicare kouvri yo.</p> <p>Sèvis ki kouvri yo enkli men yo pa limite ak:</p> <ul style="list-style-type: none"> • Chanm semi prive (oswa yon chanm prive si sa nesèsè pou rezon medikal) • Repa, ki enkli rejim alimantè espesyal • Sèvis swen enfimiyè ki regilye • Frè pou inite swen espesyalize (tankou swen entansif oswa inite swen kowonaryen) • Medikaman ak remèd • Tès laboratwa • Radyografi ak lòt sèvis radyoloji • Founiti chirijikal ak medikal ki nesèsè • Itilizasyon aparèy, tankou chèz woulant • Frè pou sal operasyon ak rekiperasyon • Terapi Fizik (Fizyoterapi), Terapi Okipasyonèl (Ègoterapi) ak Terapi Lapawòl (Òtofooni) • Sèvis twoub Itilizasyon sibstans pou pasyan entèn • Nan yon pòsyon kondisyon, tip transplantasyon ki vin annapre yo kouvri: kòne, ren, ren-pankreyè, kè, fwa, poumon, kè/poumon, mwèl zo, selil souch, epi entestinal/miltiviseral. Si w bezwen yon transplantasyon, n ap fè aranjman pou yon sant transplantasyon Medicare apwouve egzamine ka w la epi ki gen pou deside si w se yon kandida pou yon transplantasyon. Founisè transplantasyon yo ka lokal oswa yo ka andeyò zòn sèvis la. Si sèvis transplantasyon ki nan rezo nou yo andeyò chema swen kominotè a, ou ka chwazi founisè ki lokal yo toutotan founisè transplantasyon lokal yo dispoze pou yo aksepte to Original Medicare la. Si plan nou an founi sèvis transplantasyon nan yon kote ki andeyò chema swen pou transplantasyon nan kominote ou an epi ou chwazi resevwa transplantasyon nan kote sa a ki elwaye, nou gen pou n fè aranjman oswa peye pou frè ebèjman ak transpò ki apwopriye pou ou menm ak yon konpayon. 	<p>Konsènan admisyon Medicare kouvri, pou chak admisyon: \$0 kopeman pou chak sejou lopital. \$0 kopèman pa jou pou Jou Revèy pandan Tout Lavi yo</p> <p>Jou rezèy pou tout lavi yo se jou siplemantè plan an gen pou l peye pou lè manm yo nan yon lopital pandan plis pase kantite jou plan an kouvri yo. Manm yo gen yon total 60 jou rezèy yo ka itilize pandan tout lavi yo.</p> <p>Si ou resevwa swen pou pasyan ki ospitalize ki otorize nan yon lopital ki pa nan rezo a apre kondisyon ijans ou an fin stabilize, frè ou a se menm pataj depans ou t ap peye nan yon lopital ki nan rezo a.</p> <p><i>Yon referans ka nesèsè.</i> <i>Yon otorizasyon alavans ka nesèsè.</i></p>



Chapit 4: Tablo Avantaj Medikal yo (sa ki kouvri yo)

Sèvis ki kouvri pou ou yo	Sa ou dwe peye lè ou resevwa sèvis sa yo.
<ul style="list-style-type: none"> • San - ki enkli estokaj ak administrasyon. Kouvéti pou totalite san an ak konsantrasyon globil wouj la kòmanse apati premyè pent san ou bezwen an. Tout lòt konpozan san yo kouvri apati premye pent yo itilize a. • Sèvis medikal <p>Remak: Pou w vin yon pasyan ki ospitalize, founisè w la dwe ekri yon lòd pou admisyon w fòmèlman antanke yon pasyan ki ospitalize nan lopital la. Menm si ou rete nan lopital pandan lannwit, yo ka toujou konsidere w kòm yon pasyan ki pa ospitalize. Si w pa sèten si ou se yon pasyan ki ospitalize oswa si w pa ospitalize, ou t a mande estaf lopital la.</p> <p>Ou ka jwenn plis enfòmasyon tou nan yon fich enfòmasyon Medicare ki rele <i>Èske Ou Se Yon Pasyan ki Ospitalize oswa ki Pa Ospitalize? Si Ou Gen Medicare - Mande!</i> Fich enfòmasyon sa a disponib sou Entènèt nan https://es.medicare.gov/publications/11435-Medicare-Hospital-Benefits.pdf oswa lè w rele nan 1-800-MEDICARE (1-800-633-4227). Itilizatè TTY yo rele nan 1-877-486-2048. Ou kapab rele nan nimewo sa yo gratis, 24è pa pou, 7 jou pa semèn.</p>	
<p>Sèvis pou pasyan ki ospitalize nan yon lopital sikatrik</p> <p>Sèvis ki kouvri yo enkli sèvis swen sante mantal ki nesese yon sejou nan lopital.</p> <p>Ou kouvri pandan 90 jou pou chak sejou nan lopital Medicare kouvri yo.</p> <p>Gen yon limit 190 jou pou tout lavi pou sèvis sante mantal pou pasyan entèn yo bay nan yon lopital sikatrik. Limit 190 jou a pa aplike pou sèvis sante mantal pou pasyan ki ospitalize yo founi nan yon inite sikatrik nan yon lopital jeneral. Si ou te itilize yon pati nan 190 jou avantaj pou tout lavi Medicare la anvan ou te enskri nan plan nou an, lè sa a ou sèlman gen dwa pou w resevwa rès jou pou tout lavi ou yo.</p>	<p>Konsènan admisyon Medicare kouvri, pou chak admisyon: \$0 kopeman pou chak sejou nan etablisman swen mantal.</p> <p>\$0 kopèman pa jou pou Jou Revè pandan Tout Lavi yo Jou rezèv pou tout lavi yo se jou siplemantè plan an gen pou 1 peye pou lè manm yo nan yon lopital pandan plis pase kantite jou plan an kouvri yo. Manm yo gen yon total 60 jou rezèv yo ka itilize pandan tout lavi yo.</p> <p><i>Yon referans ka nesese.</i></p> <p><i>Yon otorizasyon alavans ka nesese.</i></p> <p>Si ou resevwa swen pou pasyan ki ospitalize ki otorize nan yon lopital ki pa nan rezo a apre kondisyon ijans ou an fin stabilize, frè ou a se menm pataj depans ou t ap peye nan yon lopital ki nan rezo a.</p>

Chapit 4: Tablo Avantaj Medikal yo (sa ki kouvri yo)

Sèvis ki kouvri pou ou yo	Sa ou dwe peye lè ou resevwa sèvis sa yo.
<p>Sejou antanke pasyan ki ospitalize: Sèvis ki kouvri yo resevwa nan yon lopital oswa Eablisman Swen Enfimyè ki Kalifye (Skilled Nursing Facility, SNF) pandan yon sejou antanke pasyan ki ospitalize pa kouvri</p> <p>Si ou fin itilize avantaj ospitalizasyon ou yo oswa si sejou w nan lopital la pa rezonab ak nesèsè, nou pap kouvri sejou ospitalye ou an. Sepandan, nan kèk ka, nou gen pou n kouvri yon pòsyon sèvis ou resevwa pandan ou nan lopital la oswa nan etablisman swen enfimyè kalifye a (SNF). Sèvis ki kouvri yo enkli men yo pa limite ak:</p> <ul style="list-style-type: none"> • Sèvis medikal • Tès dyagnostik (tankou tès laboratwa). • Radyografi, terapi ak radyòm epi izotòp ki enkli materyèl ak sèvis teknik yo • Pansman chirijikal • Atèl, plat ak lòt dispozitif yo itilize pou redui frakti ak debwatman • Pwotèz ak otèz (ki pa dantè) ki ranplase totalite oswa yon pati nan yon ògàn entèn kò a (ki enkli tisi ki konekte fizikman youn ak lòt yo oswa ki toupre yo), oswa totalite oswa yon pati nan fonksyon yon ògàn entèn kò a ki pa fonksyone ditou an pèmanans oswa ki pa byen fonksyone, ki enkli ranplasman oswa reparasyon aparèy dispozitif sa yo. • Atèl pou janm, bra, do, ak kou; soutyen, epi janm, bra, ak je atifisyèl, ki enkli ajisteman, reparasyon, ak ranplasman ki nesèsè akòz ripti, domaj paske pasyan an itilize l twòp, pèt, oswa yon chanjman nan kondisyon fizik pasyan an. • Terapi fizik, terapi lapawòl, ak terapi okipasyonèl 	<p>Sèvis ki mansyone yo ap kontinye kouvri nan montan pataj depans ki nan tablo avantaj la pou sèvis espesifik la.</p>
<p>Repa</p> <p>Repa Apre Swen Entansif</p> <ul style="list-style-type: none"> • Pou manm yo ki egzeye nan yon etablisman ospitalye pou ospitalizasyon, plan an ap bay yon maksimòm 3 repa pa jou pandan 14 jou pou yon total 42 repa san ou pa bezwen peye okenn frè. Selon disponiblite a, ou ka chwazi pou resevwa manje konjele ki fre, repa ki estab, oswa yon ka bwason nitrisyonèl. Ou ka chwazi resevwa yon konbinezon repa ak bwason nitrisyonèl nan limit total avantaj ou a. 	<p>\$0 kopèman pou chak repa oswa bwason nitrisyonèl apre swen entansif ki nesèsè pou rezon medikal epi ki benefisye kouvèti plan an.* <i>Yon referans ka nesèsè.</i></p>


Chapit 4: Tablo Avantaj Medikal yo (sa ki kouvri yo)

Sèvis ki kouvri pou ou yo	Sa ou dwe peye lè ou resevwa sèvis sa yo.
<p> Terapi nitrisyonèl medikal</p> <p>Avantaj sa a se pou moun ki gen dyabèt, maladi ren (men ki pa nan dializ), oswa aprè yon transplantasyon ren lè doktè ou bay lòd sa.</p> <p>Nou kouvri 3 èdtan nan sèvis konsèy endividyèl pandan premyè ane ou nan terapi nitrisyonèl medikal anba Medicare (ki gen ladan plan nou an, nenpòt lòt plan Medicare Advantage, oswa Original Medicare), ak 2 èdtan chak ane aprè sa. Si kondisyon ou, trètman, oswa dyagnostik ou chanje, ou ka anmezi pou resevwa plis èdtan trètman avèk lòd yon doktè. Yon doktè dwe preskri sèvis sa yo epi renouvle lòd yo chak ane si trètman ou nesèsè pou ane sivil kap vini an.</p>	<p>Pa gen ko-asirans, kopèman, oswa franchiz pou manm ki kalifye pou sèvis terapi nitrisyonèl medikal Medicare kouvri.</p>
<p> Pwogram Prevansyon kont Dyabèt Medicare (MDPP)</p> <p>Y ap kouvri sèvis MDPP yo pou tout benefisyè Medicare ki kalifye nan kad tout plan sante Medicare yo.</p> <p>MDPP se yon entèvansyon estriktire sou chanjman konpòtman sante ki founi fòmasyon pratik sou chanjman rejim alimantè alontèm, ogmantasyon aktivite fizik, ak estrateji pou rezoud pwoblèm pou simonte defi ki lye ak rive mentni pèt pwa a ak yon mòd lavi ki sen.</p>	<p>Pa gen ko-asirans, kopèman, oswa franchiz pou avantaj MDPP a.</p>
<p>Medikaman sou Preskripsyon Medicare Part B</p> <p>Medikaman sa yo kouvri nan kad Pati B Original Medicare la. Manm plan nou an resevwa kouvèti pou medikaman sa yo atravè plan nou an. Medikaman ki kouvri yo enkli:</p> <ul style="list-style-type: none"> • Medikaman jeneralman pasyan an pa bay pwòp tèt li yo epi se ba ou yo ba ou l pa enjeksyon oswa pèfizyon pandan wap resevwa sèvis nan men yon doktè, nan yon lopital pou pasyan ki pa ospitalize, oswa nan yon sant chirijikal pou pasyan ki pa ospitalize • Ensilin ki founi atravè yon atik ekipman medikal dirab (tankou yon ponp ensilin ki nesèsè pou rezon medikal) • Lòt medikaman ou pran pandan w ap itilize yon ekipman medikal dirab (tankou nebilizè) plan an te otorize. • Medikaman Alzaymè a, Leqembi®, (non jenerik lecanemab), pasyan an pran atravè venn li. Mete sou depans pou medikaman yo, ou ka bezwen eskanè ak tès siplemantè anvan ak/oswa pandan trètman an ki ka ajoute nan depans global ou yo. Pale ak doktè ou a sou ki eskanè ak tès ou ka bezwen nan kad trètman ou an. 	<p>Gen kèk medikaman yo ka soumèt ak yon terapi pa etap.</p> <p>Medikaman abaz Ensilin Medicare Part B</p> <p>\$0 kopèman pou medikaman abaz ensilin Medicare-covered Part B kouvri. Pataj depans ensilin yo sijè a yon plafon kopèman \$35 pou yon mwa rezèv ensilin.</p> <p><i>Yon otorizasyon alavans ka nesèsè.</i></p> <p>Lòt Medikaman Medicare Part B</p> <p>\$0 kopèman pou lòt medikaman Medicare Part B kouvri.</p> <p><i>Yon otorizasyon alavans ka nesèsè.</i></p>

Chapit 4: Tablo Avantaj Medikal yo (sa ki kouvri yo)

Sèvis ki kouvri pou ou yo	Sa ou dwe peye lè ou resevwa sèvis sa yo.
<ul style="list-style-type: none"> • Faktè kowagilasyon yo ou bay tèt ou pa enjeksyon si ou gen emofili. • Medikaman Transplantasyon/Iminosipresè: Medicare kouvri terapi medikaman pou transplantasyon an si Medicare te peye pou transplantasyon ògàn ou an. Ou dwe gen Pati A nan moman transplantasyon ki kouvri a, epi ou dwe gen Pati B nan moman ou resevwa medikaman iminosipresè yo. Sonje, kouvèti medikaman Medicare la (Pati D) kouvri medikaman iminosipresè yo si Pati B pa kouvri yo. • Medikaman sou fòm piki pou osteyopowoz, si ou oblije rete lakay ou, ou gen yon zo kase yon doktè sètifye li lye ak osteyopowoz apre menopoz, epi ou pa ka bay tèt ou medikaman an • Kèk antijèn: Medicare kouvri antijèn yo si yon doktè prepare yo epi yon moun ki resevwa bon jan enstriksyon (ki kapab ou menm, pasyan an) bay yo avèk yon sipèvizyon ki apwopriye. • Gen kèk medikaman oral ki kont kansè: Medicare kouvri kèk medikaman oral ki kont kansè ou pran atravè bouch ou si menm medikaman an disponib sou fòm piki oswa medikaman an se yon pwomedikaman (fòm oral yon medikaman ki, lè ou vale l, li dekonpoze pou l tounen menm engredyen aktif yo jwenn nan medikaman ki sou fòm piki a) medikaman ki sou fòm piki an. Amezi nouvo medikaman oral kont kansè yo ap vin disponib, Pati B ka kouvri yo. Si Pati B pa kouvri yo, Pati D ap fè sa • Medikaman oral kont kè plen: Medicare kouvri medikaman oral kont kè plen yo ou itilize nan kad nan yon rejim chimyoterapi kont kansè si yo bay pasyan an li anvan, pandan, oswa nan entèval 48 èdtan apre chimyoterapi a oswa si yo itilize kòm ranplasman terapetik konplè nan plas yon medikaman kont kè plen yo bay atravè venn. • Yon pòsyon medikaman oral pou Ensifizans Renal nan Faz Tèminal (End-Stage Renal Disease, ESRD) si menm medikaman an disponib sou fòm piki epi avantaj ESRD Pati B a kouvri li. • Medikaman kalsimimetik anba sistèm pèman ESRD a, enkli medikaman Parsabiv[®] yo pran atravè venn, epi medikaman oral Sensipar[®]. • Kèk medikaman pou dyaliz adomisil, ki enkli eparin (heparin), antidòt pou eparin nan, lè sa nesèsè pou rezon medikal, epi anestezi topik. 	<p>Medikaman Chimyoterapi/ Radyoterapi Medicare Part B</p> <p>\$0 kopèman pou medikaman chimyoterapi Pati B Medicare kouvri yo.</p> <p><i>Yon otorizasyon alavans ka nesèsè.</i></p>

Chapit 4: Tablo Avantaj Medikal yo (sa ki kouvri yo)

Sèvis ki kouvri pou ou yo	Sa ou dwe peye lè ou resevwa sèvis sa yo.
<ul style="list-style-type: none"> Ajan estimilan eritwopoyèz: Medicare kouvri piki eritwopyetin si w gen Maladi Ren nan Etap Final (ESRD) oswa si w bezwen medikaman sa a pou trete anemi ki gen rapò ak kèk lòt kondisyon (tankou Epogen[®], Procrit[®], Retacrit[®], Epoetin Alfa, Aranesp[®], Darbepoetin Alfa, Mircera[®], oswa Metoksi polyetilèn glikòl-epoetin beta). Iminoglobilin atravè venn pou trètman adomisil pou maladi defisyans iminitè primè. Nitrisyon paranteral ak anterl (nitrisyon atravè venn ak alimantasyon atravè tib). <p>Lyen sa a ki vin annapre a ap mennen ou nan yon lis Medikaman Pati B ki ka soumèt ak Terapi pa Etap: www.wellcare.com/PartBStepTherapy25</p> <p>Nou kouvri tou kèk vaksen nan kad Pati B nou an ak pifò vaksen pou granmoun yo nan kad avantaj medikaman sou preskripsyon Pati D nou an.</p> <ul style="list-style-type: none"> Chapit 5 la esplike avantaj medikaman sou preskripsyon Pati D a, ki enkli règ ou dwe swiv pou preskripsyon w yo kouvri. Yo eksplike sa w ap peye pou medikaman sou preskripsyon Pati D yo atravè plan nou an nan Chapit 6 la. 	
 <p>Depistaj ak terapi pou obezite pou pwomouvwa yon pèt pwa ki dirab.</p> <p>Si ou gen yon endis mas kòporèl ki egal ak 30 oswa plis, nou kouvri konsèy entansif yo pou ede ou pèdi pwa. Konsèy sa ap kouvri si ou jwenn li nan yon anviwònman swen primè, kote li ka kowòdone ak plan prevansyon konplè ou an. Pale ak doktè swen primè swa pratisyen ou an pou w jwenn plis enfòmasyon.</p>	<p>Pa gen ko-asirans, kopèman, oswa franchiz pou depistaj ak terapi pou prèvansyon obezite a.</p>
<p>Sèvis pwogram nan pou trètman opyoyid</p> <p>Manm plan nou an ki gen twoub ki lye ak itilizasyon opyoyid (Opioid Use Disorder, OUD) ka resevwa kouvèti pou sèvis yo pou trete OUD a atravè yon Pwogram Trètman Opyoyid (Opioid Treatment Program, OTP) ki enkli sèvis sa yo:</p> <ul style="list-style-type: none"> Medikaman pou trètman avèk asistans medikaman (Medication-Assisted Treatment, MAT) an ki jwenn apwobasyon Administrasyon Manje ak Medikaman (U.S. Food and Drug Administration, FDA) peyi Etazini an k ap jwe wòl agonis ak antagonis kont opyoyid yo Distribisyon ak administrasyon medikaman MAT yo (si sa aplikab) 	<p>\$0 kopèman pou chak sèvis trètman ak opyoyid Medicare kouvri.</p> <p><i>Yon referans ka nesesè.</i></p> <p><i>Yon otorizasyon alavans ka nesesè.</i></p>

Chapit 4: Tablo Avantaj Medikal yo (sa ki kouvri yo)

Sèvis ki kouvri pou ou yo	Sa ou dwe peye lè ou resevwa sèvis sa yo.
<ul style="list-style-type: none"> • Konsèy pou twoub ki lye ak itilizasyon sibstans • Terapi endividyèl ak an gwoup. • Tès toksikoloji • Aktivite pou admisyon • Evalyasyon peryodik 	
<p>Tès dyagnostik epi sèvis ak founiti terapetik pou pasyan ki pa ospitalize</p> <p>Sèvis ki kouvri yo enkli, men yo pa limite sèlman ak:</p> <ul style="list-style-type: none"> • Radyografi • Terapi pa radyasyon (radyòm ak izotòp) ki enkli materyèl ak founiti teknik • Founiti chirijikal, tankou pansman • Atèl, plat ak lòt dispozitif yo itilize pou redui frakti ak debwatman • Tès laboratwa • San - ki enkli estokaj ak administrasyon. Kouvéti pou totalite san an ak konsantrasyon globil wouj la kòmanse apati premyè pent san ou bezwen an. Tout lòt konpozan san yo kouvri apati premye pent yo itilize a. 	<p>\$0 kopèman pou radyografi Medicare kouvri yo. <i>Yon referans ka nesesè.</i> <i>Yon otorizasyon alavans ka nesesè.</i></p> <p>\$0 kopèman pou sèvis radyoloji terapetik Medicare kouvri yo. <i>Yon referans ka nesesè.</i> <i>Yon otorizasyon alavans ka nesesè.</i></p> <p>\$0 kopèman pou founiti medikal Medicare, ki enkli plat ak atèl. <i>Yon otorizasyon alavans ka nesesè.</i></p> <p>\$0 kopèman pou chak sèvis laboratwa Medicare kouvri. <i>Yon referans ka nesesè.</i> <i>Yon otorizasyon alavans ka nesesè.</i></p> <p>\$0 kopèman pou sèvis sangen Medicare kouvri yo. <i>Yon referans ka nesesè.</i></p>

Chapit 4: Tablo Avantaj Medikal yo (sa ki kouvri yo)

Sèvis ki kouvri pou ou yo	Sa ou dwe peye lè ou resevwa sèvis sa yo.
<ul style="list-style-type: none"> • Lòt tès dyagnostik pou pasyan ki pa ospitalize – Sèvis dyagnostik ki pa radyolojik (pa egzanzp, tès alèji oswa EKG) • Lòt tès dyagnostik pou pasyan ki pa ospitalize (ki enkli tès konplèks tankou Tomodansitometri (Computed Tomography, CT), Imajri pa Rezonans Mayetik (Magnetic Resonance Imaging, MRI), Ajyografi pa Rezonans Mayetik (Magnetic Resonance Angiography, MRA), Tomografi pa Emisyon yon Sèl Foton (Single Photon Emission Computed Tomography, SPECT) - Sèvis dyagnostik radyolojik, eksepte radyografi ak fim ki plat la • Kolonoskopi pou dyagnostik 	<p>\$0 kopèman pou pwosedi dyagnostik ak tès [pa egzanzp, tès alèji oswa Elektwokadyogram (Electrocardiogram, EKG)] Medicare kouvri yo. <i>Yon referans ka nesesè.</i> <i>Yon otorizasyon alavans ka nesesè.</i></p> <p>\$0 kopèman pou sèvis radyoloji dyagnostik Medicare yo. <i>Yon referans ka nesesè.</i> <i>Yon otorizasyon alavans ka nesesè.</i></p> <p>Pou Kouvèti asirans Medicare pou dyagnostik Kolonoskopi, konsilte seksyon "Operasyon pou Pasyan ki Pa Ospitalize" a pi ba a nan tablo sa a pou tout montan pataj depans ki aplikab pou vizit yo nan yon sant chirijikal pou pasyan ki pa ospitalize oswa nan yon anviwònman lopital pou pasyan ki pa ospitalize.</p> <p>Si ou resevwa plizyè sèvis ki nan menm kategori sèvis nan menm jou a, w ap sèlman responsab pou w peye montan maksimòm kopèman pou kategori sèvis sa a.</p> <p>Sepandan, si avantaj pou yon sèvis se yon kopèman (montan lajan fiks) epi avantaj la pou yon lòt sèvis se yon ko-asirans (pousantaj frè ki otorize a), yo ka mande w pou w peye ni kopèman an ni ko-asirans lan.</p>

Chapit 4: Tablo Avantaj Medikal yo (sa ki kouvri yo)

Sèvis ki kouvri pou ou yo	Sa ou dwe peye lè ou resevwa sèvis sa yo.
<p>Obsèvasyon nan lopital pou pasyan ki pa ospitalize</p> <p>Sèvis obsèvasyon yo se sèvis nan lopital pou pasyan ki pa ospitalize yo bay pou detèmine si yo bezwen admèt kòm yon pasyan ki ospitalize oswa si w ka egzeyate.</p> <p>Pou sèvis obsèvasyon nan lopital pou pasyan ki pa ospitalize yo kouvri, yo dwe satisfè kritè Medicare yo epi yo dwe konsidere yo kòm rezonab ak nesèsè. Sèvis obsèvasyon yo kouvri sèlman lè yo founi yo sou lòd yon doktè oswa yon lòt moun ki resevwa otorizasyon lwa sou lisans eta a ak règleman manm pèsònèl lopital la pou li ospitalize pasyan an oswa bay lòd pou fè tès pou pasyan ki pa ospitalize yo.</p> <p>Remak: Sof si founisè a ekri yon lòd pou admèt ou antanke yon pasyan ki ospitalize, ou se yon pasyan ki pa ospitalize epi ou peye montan pataj depans pou sèvis pou pasyan ki pa ospitalize. Menm si ou rete nan lopital pandan lannwit, yo ka toujou konsidere w kòm yon pasyan ki pa ospitalize. Si w pa sèten si ou se yon pasyan ki ospitalize oswa si w pa ospitalize, ou t a dwe mande estaf lopital la.</p> <p>Ou ka jwenn plis enfòmasyon tou nan yon fich enfòmasyon Medicare ki rele <i>Èske Ou Se Yon Pasyan ki Ospitalize oswa ki Pa Ospitalize? Si Ou Gen Medicare – Mande!</i> Fich enfòmasyon sa a disponib sou Entènèt nan https://es.medicare.gov/publications/11435-Medicare-Hospital-Benefits.pdf oswa lè w rele nan 1-800-MEDICARE (1-800-633-4227). Itilizatè TTY yo rele nan 1-877-486-2048. Ou kapab rele nan nimewo sa yo gratis, 24è pa pou, 7 jou pa semèn.</p>	<p>\$0 kopèman pou chak vizit sèvis obsèvasyon Medicare kouvri. <i>Yon referans ka nesèsè.</i></p>
<p>Sèvis ospitalye pou pasyan ki pa ospitalize</p> <p>Nou kouvri sèvis ki nesèsè pou rezon medikal yo ou jwenn nan depatman pou pasyan ki pa ospitalize nan yon lopital pou dyagnostik oswa tretman yon maladi oswa yon blesi.</p> <p>Sèvis ki kouvri yo enkli, men yo pa limite sèlman ak:</p> <ul style="list-style-type: none"> • Sèvis nan yon depatman ijans oswa klinik pou pasyan ki pa ospitalize, tankou sèvis obsèvasyon oswa operasyon pou pasyan ki pa ospitalize. • Tès laboratwa ak dyagnostik lopital la faktire. • Swen sante mantal, ki enkli swen nan yon pwogram ospitalizasyon pasyèl, si yon doktè sètifye yon tretman antanke pasyan ki ospitalize t a nesèsè si sa pa fèt • Radyografi ak lòt sèvis radyoloji lopital la faktire. • Founiti medikal tankou atèl ak plat 	<p>Ou peye montan pataj depans ki aplikab yo montre nan Tablo Avantaj Medikal sa a pou sèvis espesifik la.</p> <p>Si ou resevwa plizyè sèvis ki nan menm kategori sèvis nan menm jou a, w ap sèlman responsab pou w peye montan maksimòm kopèman pou kategori sèvis sa a.</p> <p>Sepandan, si avantaj pou yon sèvis se yon kopèman (montan lajan fiks) epi avantaj la pou yon lòt sèvis se yon ko-asirans (pousantaj frè ki otorize a), yo ka mande w pou w peye ni kopèman an ni ko-asirans lan.</p>

Chapit 4: Tablo Avantaj Medikal yo (sa ki kouvri yo)

<p>Sèvis ki kouvri pou ou yo</p>	<p>Sa ou dwe peye lè ou resevwa sèvis sa yo.</p>
<ul style="list-style-type: none"> • Yon pòsyon medikaman ak pwodui biyolojik ou pa ka bay tèt ou <p>Remak: Sof si founisè a ekri yon lòd pou admèt ou antanke yon pasyan ki ospitalize, ou se yon pasyan ki pa ospitalize epi ou peye montan pataj depans pou sèvis pou pasyan ki pa ospitalize. Menm si ou rete nan lopital pandan lannwit, yo ka toujou konsidere w kòm yon pasyan ki pa ospitalize. Si w pa sèten si ou se yon pasyan ki ospitalize oswa si w pa ospitalize, ou t a dwe mande estaf lopital la.</p> <p>Ou ka jwenn plis enfòmasyon tou nan yon fich enfòmasyon Medicare ki rele <i>Èske Ou Se Yon Pasyan ki Ospitalize oswa ki Pa Ospitalize? Si Ou Gen Medicare – Mande!</i> Fich enfòmasyon sa a disponib sou Entènèt nan https://es.medicare.gov/publications/11435-Medicare-Hospital-Benefits.pdf oswa lè w rele nan 1-800-MEDICARE (1-800-633-4227). Itilizatè TTY yo rele nan 1-877-486-2048. Ou kapab rele nan nimewo sa yo gratis, 24è pa pou, 7 jou pa semèn.</p>	
<p>Sèvis sante mantal pou pasyan ki pa ospitalize</p> <p>Sèvis ki kouvri yo enkli:</p> <p>Sèvis sante mantal yo founi pa yon sikyat oswa doktè ki eta a bay lisans, yon sikològ klinik, yon travayè sosyal klinik, yon enfimye/è ki espesyalize nan zafè klinik, yon konseye pwofesyonèl ki gen lisans (Licensed Professional Counselor, LPC), yon terapeyè ki lisansye nan domèn maryaj ak fanmi (Licensed Marriage and Family Therapist, LMFT), yon enfimye/è pratisyen (Nurse Practitioner, NP), yon asistan doktè (Physician Assistant, PA), oswa yon lòt pwofesyonèl swen sante mantal Medicare kalifye jan lwa eta a ki aplikab yo otorize sa.</p> <ul style="list-style-type: none"> • Sèvis yon sikyat founi 	<p>\$0 kopèman pou chak vizit pou terapi endividyèl ak yon sikyat Medicare kouvri.</p> <p>\$0 kopèman pou chak vizit pou terapi an gwoup ak yon sikyat Medicare kouvri.</p> <p><i>Yon referans ka nesesè.</i></p> <p><i>Yon otorizasyon alavans ka nesesè.</i></p>

Chapit 4: Tablo Avantaj Medikal yo (sa ki kouvri yo)

Sèvis ki kouvri pou ou yo	Sa ou dwe peye lè ou resevwa sèvis sa yo.
<ul style="list-style-type: none"> Sèvis lòt pwofesyonèl swen sante mantal founi 	<p>\$0 kopèman pou chak vizit terapi endividyèl avèk lòt pwofesyonèl swen sante mantal Medicare kouvri.</p> <p>\$0 kopèman pou chak vizit terapi an gwoup avèk lòt pwofesyonèl swen sante mantal Medicare kouvri.</p> <p><i>Yon referans ka nesesè.</i></p> <p><i>Yon otorizasyon alavans ka nesesè.</i></p>
<p>Sèvis reyabilitasyon pou pasyan ki pa ospitalize</p> <p>Sèvis ki kouvri yo enkli: terapi fizik, terapi okipasyonèl, ak terapi langaj-lapawòl.</p> <p>Yo founi sèvis reyabilitasyon pou pasyan ki pa ospitalize yo nan divès anviwònman pou pasyan ki pa ospitalize yo, tankou depatman lopital pou pasyan ki pa ospitalize yo, biwo terapet endepandan yo, ak Etablisman Reyabilitasyon Konplè pou Pasyan ki pa Ospitalize (Comprehensive Outpatient Rehabilitation Facilities, CORFs).</p> <ul style="list-style-type: none"> Sèvis yon terapet fizik founi Sèvis yon terapet okipasyonèl founi Sèvis yon terapè lapawòl bay 	<p>\$0 kopèman pou chak vizit terapi fizik Medicare kouvri.</p> <p><i>Yon referans ka nesesè.</i></p> <p><i>Yon otorizasyon alavans ka nesesè.</i></p> <p>\$0 kopèman pou chak vizit terapi okipasyonèl Medicare kouvri.</p> <p><i>Yon referans ka nesesè.</i></p> <p><i>Yon otorizasyon alavans ka nesesè.</i></p> <p>\$0 kopèman pou chak vizit terapi langaj-lapawòl Medicare kouvri.</p> <p><i>Yon referans ka nesesè.</i></p> <p><i>Yon otorizasyon alavans ka nesesè.</i></p>

Chapit 4: Tablo Avantaj Medikal yo (sa ki kouvri yo)

Sèvis ki kouvri pou ou yo	Sa ou dwe peye lè ou resevwa sèvis sa yo.
<p>Sèvis pou twoub ki lye ak itilizasyon sibstans lakay pasyan ki pa ospitalize</p> <p>Sèvis ki kouvri yo enkli:</p> <p>Sèvis pou Twoub ki Lye ak Itilizasyon Sibstans tankou seyans terapi endividyèl ak an gwoup ki founi pa yon doktè, sikològ klinik, travayè sosyal klinik, enfimye/è ki espesyalize nan zafè klinik, enfimye/è pratisyen, asistan doktè, oswa lòt pwofesyonèl oswa pwogram swen sante mantal Medicare kalifye, jan lwa eta ki aplikab yo otorize sa.</p>	<p>\$0 kopèman pou chak vizit terapi endividyèl Medicare kouvri.</p> <p>\$0 kopèman pou chak vizit terapi an gwoup Medicare kouvri.</p> <p><i>Yon referans ka nesesè.</i></p> <p><i>Yon otorizasyon alavans ka nesesè.</i></p>
<p>Operasyon pou paysan ekstèn, ki gen ladan sèvis yo bay nan etablisman lopital pou pasyan ekstèn ak sant operasyon pou pasyan ekstèn</p> <p>Remak: Si w ap fè yon operasyon nan yon etablisman lopital, ou t a dwe verifiye avèk founisè ou an pou w konnen si ou pral yon pasyan ki ospitalize oswa ki pap ospitalize. Sof si founisè a ekri yon òdonans pou admèt ou antanke yon pasyan ki ospitalize, ou se yon pasyan ki pa ospitalize epi ou peye montan pataj depans pou operasyon pou pasyan ki pa ospitalize. Menm si ou rete nan lopital pandan lannwit, yo ka toujou konsidere w kòm yon pasyan ki pa ospitalize.</p> <ul style="list-style-type: none"> • Sèvis yo founi nan yon lopital pou pasyan ki pa ospitalize • Sèvis yo founi nan yon sant chirijikal pou pasyan ki pa ospitalize 	<p>\$0 kopeman pou chak vizit Medicare Kouvri nan yon lopital pou pasyan ki pa ospitalize, ki gen ladan dyagnostik koloskopi Medicare kouvri.</p> <p><i>Yon referans ka nesesè.</i></p> <p><i>Yon otorizasyon alavans ka nesesè.</i></p> <p>\$0 kopeman pou chak vizit Medicare Kouvri nan yon sant chirijikal anbilatwa, ki gen ladan dyagnostik koloskopi Medicare kouvri.</p> <p><i>Yon referans ka nesesè.</i></p> <p><i>Yon otorizasyon alavans ka nesesè.</i></p>

Chapit 4: Tablo Avantaj Medikal yo (sa ki kouvri yo)

Sèvis ki kouvri pou ou yo	Sa ou dwe peye lè ou resevwa sèvis sa yo.
<p>Sèvis ospitalizasyon pasyèl ak sèvis entansif pou pasyan ekstèn</p> <p><i>Ospitalizasyon pasyèl</i> la se yon pwogram estriktire pou trètman sikyatrik aktif yo founi kòm yon sèvis lopital pou pasyan ki pa ospitalize oswa pa yon sant sante mantal kominotè, ki pi entans pase swen ou jwenn nan biwo doktè ou a, terapet ou a ki lisansye nan domèn maryaj ak fanmi (Licensed Marriage and Family Therapist, LMFT), oswa biwo yon konseye pwofesyonèl ki gen lisans epi li se yon altènativ nan plas ospitalizasyon an.</p> <p><i>Sèvis entansif pou pasyan ekstèn</i> se yon pwogram estriktire pou trètman terapi konpòtmantal (mantal) aktif yo bay nan yon depatman lopital pou pasyan ekstèn oswa nan yon sant sante mantal kominotè, nan sant sante ki kalifye federalman, oswa nan yon klinik sante nan zòn riral yo ki pi entans pase swen ou jwenn nan biwo doktè ou a, terapis ou a ki lisansye nan domèn maryaj ak fanmi (LMFT), oswa biwo yon konseye pwofesyonèl ki gen lisans, men mwens entans pase ospitalizasyon pasyèl la.</p>	<p>\$0 kopèman pou ospitalizasyon pasyèl oswa sèvis entansif pou pasyan ki pa ospitalize Medicare kouvri pa jou.</p> <p><i>Yon referans ka nesesè.</i> <i>Yon otorizasyon alavans ka nesesè.</i></p>
<p>Sèvis doktè/pratisyen, enkli vizit nan biwo doktè</p> <p>Sèvis ki kouvri yo enkli:</p> <ul style="list-style-type: none"> • Swen medikal oswa sèvis chirijikal ki nesesè pou rezon medikal yon founisè swen primè founi nan biwo yon doktè • Swen medikal oswa sèvis chirijikal ki nesesè pou rezon medikal yo founi nan yon sant chirijikal pou pasyan ki pa ospitalize yo sètifye, yon depatman lopital pou pasyan ki pa ospitalize, oswa nenpòt lòt kote. • Konsiltasyon, dyagnostik, ak trètman ki ap fèt pa yon espesyalis 	<p>\$0 kopèman pou chak vizit nan kabinè PCP Medicare kouvri.</p> <p>Konsilte seksyon "Operasyon pou Pasyan ki Pa Ospitalize" a pi bonè sa posib nan tablo sa a pou tout montan pataj depans ki aplikab pou vizit yo nan yon sant chirijikal pou pasyan ki pa ospitalize oswa nan yon anviwònman lopital pou pasyan ki pa ospitalize.</p> <p>\$0 kopèman pou chak vizit kay yon espesyalis Medicare kouvri.</p> <p><i>Yon referans ka nesesè.</i> <i>Yon otorizasyon alavans ka nesesè.</i></p>

Chapit 4: Tablo Avantaj Medikal yo (sa ki kouvri yo)

Sèvis ki kouvri pou ou yo	Sa ou dwe peye lè ou resevwa sèvis sa yo.
<ul style="list-style-type: none"> • Lòt pwofesyonèl swen sante • Egzamen debaz pou odision ak ekilib ki fèt pa PCP ooswa espesyalis ou an, si doktè ou an preskri li pou wè si ou bezwen trètman medikal. • Yon pòsyon sèvis telemedsin, ki enkli: Sèvis ki Nesesè Annijans, Sèvis Swen Sante Adomisil, Doktè Swen Primè, Terapi Okipasyonèl, Espesyalis, Seyans Endividyèl ak An Gwoup pou Sante Mantal, Sèvis Podoloji, Lòt Pwofesyonèl Swen Sante, Seyans Endividyèl ak An Gwoup pou Sikatri, Sèvis Terapi Fizik ak Twoub Langaj-Lapawòl, Seyans Endividyèl ak An Gwoup pou Abi Sibstans Lakay Pasyan ki Pa Ospitalize, epi Fòmasyon pou Oto-Jesyon Dyabèt. <ul style="list-style-type: none"> ○ Ou gen posibilite pou w resevwa sèvis sa yo gras ak yon vizit an pèsòn oswa pa telemedsin. Si ou chwazi resevwa youn nan sèvis sa yo pa telemedsin, ou dwe itilize yon founisè rezo a ki ofri sèvis la pa telemedsin. ○ Plan nou an ofri yon aksè pou vizit vityèl 24è pa jou, 7 jou pa semèn avèk doktè yo sètifye, atravè Teladoc oswa MDLIVE pou ede trete yon latriye pwoblèm/kesyon ki gen pou wè ak sante. Sèvis ki kouvri yo enkli medsin jeneral, sante konpòtmantal, dèmatoloji, ak plis bagay toujou. Yon vizit vityèl (yo rele li tou konsiltasyon telesante) se yon vizit avèk yon doktè pa mwayen telefòn oswa entènèt ki itilize yon telefòn entèlijan, tablèt, oswa yon òdinatè. Gen kèk tip vizit ki ka nesese itilizasyon entènèt ak yon kamera. Pou plis enfòmasyon, oswa pou pwograme yon randevou, rele: <ul style="list-style-type: none"> ○ Teladoc nan 1-800-835-2362 (TTY: 711) disponib 24 èdtan sou 24, 7 jou sou 7. Oswa: <ul style="list-style-type: none"> ○ MDLIVE nan 1-888-601-4159 (TTY: 1-800-770-5531) 24 èdtan pa jou, 7 jou pa semèn. 	<p>\$0 kopèman pou chak vizit kay lòt pwofesyonèl swen sante. <i>Yon referans ka nesese.</i> <i>Yon otorizasyon alavans ka nesese.</i></p> <p>\$0 kopèman pou sèvis odision Medicare kouvri yo. <i>Yon otorizasyon alavans ka nesese.</i></p> <p>\$0 kopèman pou sèvis vizit vityèl ki fèt atravè Teladoc oswa MDLIVE.</p> <p>Tanpri sonje: Kopèman \$0 ki endike anwo a aplike sèlman pou sèvis atravè Teladoc oswa MDLIVE. Si w resevwa sèvis an pèsòn oswa sèvis telemedsin nan men yon founisè rezo a men ki pa yon founisè vizit vityèl, w ap peye frè pataje ki endike pou founisè sa yo, jan sa dekri nan tablo avantaj sa a (egzanp, si w resevwa sèvis telesante nan men PCP ou a, w ap peye frè pataje PCP a). <i>Yon referans ka nesese.</i> <i>Yon otorizasyon alavans ka nesese.</i></p>



Chapit 4: Tablo Avantaj Medikal yo (sa ki kouvri yo)

Sèvis ki kouvri pou ou yo	Sa ou dwe peye lè ou resevwa sèvis sa yo.
<ul style="list-style-type: none"> • Kèk sèvis telesante enkli konsiltasyon, dyagnostik, ak trètman yon doktè oswa yon pratikan reyalize, pou pasyan nan kèk zòn andeyò vil yo oswa lòt kote Medicare apwouve • Sèvis telesante pou vizit chak mwa ki lye ak ensifizans renal tèminal pou manm k ap fè dyaliz lakay yo nan yon sant dyaliz ren nan lopital oswa yon lopital aksè kritik, yon etablisman dyaliz ren, oswa lakay manm nan • Sèvis telesante pou fè dyagnostik, evalye, oswa trete sentòm yon estwòk, kèlkeswa kote ou ye • Sèvis telesante pou manm ki souffri twoub ki lye ak itilizasyon sibstans oswa twoub sante mantal ki parèt ansanm, kèlkeswa kote yo ye • Sèvis telesante pou dyagnostik, evalyasyon, ak trètman twoub sante mantal si: <ul style="list-style-type: none"> ○ Ou te gen yon vizit an pèsòn nan 6 mwa anvan premyè vizit telesante w la ○ Ou gen yon vizit an pèsòn chak 12 mwa pandan w ap resevwa sèvis telesante sa yo ○ Gen eksepsyon ki ka fèt pou kèk sikonstans ki anwo yo • Sèvis telesante pou vizit sante mantal Klinik Sante Riral ak Sant Sante ki Kalifye Federalman • Vizit vityèl (egzanp, pa telefòn oswa videyo tchat) avèk doktè ou a pandan 5 a 10 minit si: <ul style="list-style-type: none"> ○ Ou pa yon nouvo pasyan epi ○ Vizit la pa gen rapò ak yon vizit biwo nan 7 dènyè jou yo ak ○ Vizit la pa lakòz yon vizit biwo nan 24 èdtan oswa yon randevou ki pi rapid posib • Evalyasyon videyo ak/oswa imaj ou voye bay doktè ou a, epi entèpretasyon ak swivi doktè ou a nan 24 èdtan si: <ul style="list-style-type: none"> ○ Ou pa yon nouvo pasyan epi ○ Evalyasyon an pa lakòz yon vizit biwo nan 24 èdtan oswa yon randevou ki pi rapid posib 	<p>W ap peye frè pataje ki aplikab pou founisè a (jan sa dekri nan seksyon “Sèvis Doktè/ Pratisyen, Enkli Vizit Biwo Doktè” pi wo a).</p> <p>W ap peye frè pataje ki aplikab pou founisè a (jan sa dekri nan seksyon “Sèvis Doktè/ Pratisyen, Enkli Vizit Biwo Doktè” pi wo a).</p>



Chapit 4: Tablo Avantaj Medikal yo (sa ki kouvri yo)

Sèvis ki kouvri pou ou yo	Sa ou dwe peye lè ou resevwa sèvis sa yo.
<ul style="list-style-type: none"> • Konsilte doktè ou a avèk lòt doktè pa telefòn, entènèt, oswa dosye medikal elektwonik • dezyèm opinyon yon lòt founisè rezo a anvan operasyon an • Swen dantè ki pa woutin (sèvis ki kouvri yo limite ak operasyon nan machwè oswa estrikti ki gen rapò, ak rediksyon frakti machwè oswa zo vizaj yo, ak rache dan pou prepare machwè a pou tretman radyasyon maladi newoplastik, oswa ak sèvis ki ta kouvri si doktè te bay yo) 	<p>W ap peye frè pataje ki aplikab pou founisè a (jan sa dekri nan seksyon “Sèvis Doktè/ Pratisyen, Enkli Vizit Biwo Doktè” pi wo a).</p> <p>W ap peye frè pataje ki aplikab pou founisè a (jan sa dekri nan seksyon “Sèvis Doktè/ Pratisyen, Enkli Vizit Biwo Doktè” pi wo a).</p> <p>\$0 kopèman pou chak sèvis dantè Medicare kouvri. <i>Yon otorizasyon alavans ka nesesè.</i></p> <p>Anplis pataj depans ki endike anwo a, pral genyen yon kopèman ak/oswa yon ko-asirans pou sèvis Medicare ki kouvri yo konsidere kòm nesesè medikalman pou Ekipman ak Founiti Medikal Dirab, aparèy ak founiti pwotèz, tè dyagnostik ak sèvis terapeetik pou pasyan ekstèn, linèt ak lantiy kontak aprè operasyon katarak, medikaman sou preskripsyon Pati D ak medikaman sou preskripsyon Medicare Part B, jan sa dekri nan Tablo Avantaj sa a.</p>
<p>Sèvis Podoloji</p> <p>Sèvis ki kouvri yo enkli:</p> <ul style="list-style-type: none"> • Dyagnostik ak tretman medikal oswa chirijikal blesi ak maladi pye (tankou zòtèy ki gen fòm mato oswa malfòmasyon zo talon) • Swen woutin pye pou manm ki gen kèk kondisyon medikal ki afekte manm enferyè yo 	<p>\$0 kopèman pou sèvis podoloji Medicare kouvri. <i>Yon referans ka nesesè.</i> <i>Yon otorizasyon alavans ka nesesè.</i></p>

Chapit 4: Tablo Avantaj Medikal yo (sa ki kouvri yo)

Sèvis ki kouvri pou ou yo	Sa ou dwe peye lè ou resevwa sèvis sa yo.
<p> Egzamen depistaj kansè pwostat</p> <p>Pou gason ki gen laj 50 lane oswa plis, sèvis ki kouvri yo se sa ki annaprè yo - yon fwa chak 12 mwa:</p> <ul style="list-style-type: none"> • Egzamen rektal nimerik • Tès Antijèn Espesifik Pwostat (PSA) 	<p>\$0 kopèman pou chak egzamen rektal nimerik anyèl Medicare kouvri.</p> <p><i>Yon referans ka nesesè.</i></p> <p>Pa gen ko-asirans, kopèman, oswa franchiz pou yon tès PSA anyèl.</p>
<p>Aparèy pwotèz ak otetik ansanm ak founiti asosye</p> <p>Aparèy (ki pa dantè) ki ranplase tout oswa yon pati nan yon manm oswa fonksyon kòporèl. Sa yo enkli men se pa sa sèlman, tès, ajisteman, oswa fòmasyon pou itilizasyon aparèy pwotèz ak otetik; ansanm ak: sak kolostomi ak founiti ki gen rapò dirèkteman ak swen kolostomi, estimilatè kadyak, bandaj, soulye pwotèz, manm atifisyèl ak pwotèz tete (tankou yon soutyen chirijikal aprè yon mastèktomi). Enkli kèk founiti ki gen rapò ak aparèy pwotèz ak otetik, ansanm ak reparasyon ak/oswa ranplasman aparèy pwotèz ak otetik. Enkli tou kèk kouvèti aprè eliminasyon oswa operasyon katarak – gade Swen Vizyon pi devan nan seksyon sa a pou plis detay.</p>	<p>\$0 kopèman pou pwotèz oswa otetik Medicare kouvri.</p> <p><i>Yon otorizasyon alavans ka nesesè.</i></p> <p>\$0 kopèman pou founiti medikal Medicare kouvri ki gen rapò ak aparèy pwotèz.</p> <p><i>Yon otorizasyon alavans ka nesesè.</i></p>
<p>Sèvis reyabilitasyon poumon</p> <p>Yo kouvri pwogram reyabilitasyon poumon konplè a pou manm ki gen maladi poumon obstriktif kwonik (COPD) modere oswa ki grav anpil ak ki gen yon rekòmandasyon reyabilitasyon poumon doktè k ap trete maladi respiratwa kwonik la.</p>	<p>\$0 kopèman pou chak vizit sèvis reyabilitasyon poumon Medicare kouvri.</p> <p><i>Yon referans ka nesesè.</i></p>
<p> Depistaj ak konsèy pou diminye abi alkòl</p> <p>Nou kouvri yon depistaj abi alkòl pou granmouun ki gen Medicare (enkli fanm ansent) ki abize alkòl, men ki pa depandan alkòl.</p> <p>Si w teste pozitif pou abi alkòl, ou ka resevwa jiska 4 sesyon konsèy brèf fas a fas pa ane (si w konpetan ak vijilan pandan seyans konsèy yo), yon doktè oswa yon pratikan ki kalifye nan swen primè nan yon kad swen primè bay.</p>	<p>Pa gen ko-asirans, kopèman, oswa franchiz pou depistaj ak konsèy Medicare kouvri pou diminye abi alkòl nan kad avantaj prevantif.</p>

Chapit 4: Tablo Avantaj Medikal yo (sa ki kouvri yo)

Sèvis ki kouvri pou ou yo	Sa ou dwe peye lè ou resevwa sèvis sa yo.
<p> Depistaj kansè nan poumon avèk tomografi enfòmatisè fèb dòzaj (LDCT)</p> <p>Pou moun ki kalifye yo, yo kouvri yon LDCT chak 12 mwa.</p> <p>Manm ki kalifye yo se: moun ki gen laj 50 a 77 lane ki pa gen okenn siy oswa sentòm kansè poumon, men ki gen yon antesedan fimèn ki omwen 20 pake pa ane epi ki aktyèlman ap fimèn oswa ki kite fimèn pandan 15 dènye ane yo, ki resevwa yon rekòmandasyon pou LDCT pandan yon vizit konsèy pou depistaj kansè poumon ak desizyon pataje ki reponn ak kritè Medicare pou vizit sa yo epi yon doktè oswa yon pratikan ki kalifye ki pa doktè reyalize.</p> <p><i>Pou depistaj kansè poumon avèk LDCT aprè premyè depistaj avèk LDCT:</i> manm nan dwe resevwa yon rekòmandasyon pou depistaj kansè poumon avèk LDCT, ki ka bay nan nenpòt vizit apwopriye ak yon doktè oswa yon pratikan ki kalifye ki pa doktè. Si yon doktè oswa yon pratikan ki kalifye ki pa doktè chwazi bay yon vizit konsèy pou depistaj kansè poumon ak desizyon pataje pou depistaj kansè nan poumon avèk LDCT ki vin aprè, vizit la dwe reponn ak kritè Medicare pou tip vizit sa yo.</p>	<p>Pa gen ko-asirans, kopèman, oswa franchiz pou vizit Konsèy ak desizyon pataje Medicare kouvri oswa pou LDCT.</p>
<p> Depistaj pou enfeksyon seksyèlman transmisib (STI) ak konsèy pou anpeche STI yo</p> <p>Nou kouvri Depistaj STI pou klamidya, gonore, sifilis ak epatit B. nou kouvri depistaj sa yo pou fanm ansent ak pou kèk moun ki gen plis risk pou STI lè yon founisè swen primè rekòmande tès yo. Nou kouvri tès sa yo yon fwa chak 12 mwa oswa nan kèk moman pandan gwosès la.</p> <p>Nou kouvri tou jiska de seyans endividyèl 20 a 30 minit, fas a fas pou konsèy sou konpòtman ki gen gwo entansite chak ane pou granmoun ki aktif seksyèlman ki gen plis risk pou yo trape STI yo. N ap kouvri seyans konsèy sa yo kòm yon sèvis prevantif sèlman si se yon founisè swen primè ki bay yo epi si yo fèt nan yon etablisman swen primè, tankou yon biwo doktè.</p>	<p>Pa gen ko-asirans, kopèman, oswa franchiz pou depistaj STI Medicare kouvri ak konsèy pou avantaj prevansyon STI.</p>


Chapit 4: Tablo Avantaj Medikal yo (sa ki kouvri yo)

Sèvis ki kouvri pou ou yo	Sa ou dwe peye lè ou resevwa sèvis sa yo.
<p>Sèvis pou trete maladi ren</p> <p>Sèvis ki kouvri yo enkli:</p> <ul style="list-style-type: none"> • Sèvis edikasyon sou maladi ren pou anseye sou swen ren epi ede manm yo pran desizyon enfòmè sou tretman yo. Pou manm ki gen maladi ren kwonik nan estad IV lè doktè yo refere yo, nou kouvri jiska sis seyans sèvis edikasyon sou maladi ren pandan tout lavi yo. • Tretman dyaliz pou pasyan ekstèn (enkli tretman dyaliz lè yo tanporèman an deyò zòn sèvis la, jan sa eksplike nan Chapit 3, oswa lè founisè sèvis sa a pa disponib oswa pa aksesib tanporèman) • Tretman dyaliz pou pasyan ki ospitalize (si ou se yon pasyan ki ospitalize nan yon lopital pou swen espesyal) • Fòmasyon dyaliz lakay (enkli fòmasyon pou ou menm ak nenpòt moun k ap ede w ak tretman dyaliz lakay ou) • Ekipman ak founiti dyaliz lakay • Kèk sèvis sipò lakay (tankou, lè sa nesesè, vizit ajan dyaliz ki resevwa fòmasyon pou verifye dyaliz lakay ou, ede ou nan ka ijans, epi verifye ekipman dyaliz ou ak founiti pou dlo) <p>Gen kèk medikaman dyaliz ki kouvri anba avantaj medikaman Medicare Part B ou a. Pou enfòmasyon sou kouvèti pou medikaman Pati B, tanpri gade seksyon, Medikaman sou Preskripsyon Medicare Part B.</p>	<p>\$0 kopèman pou sèvis edikasyon sou maladi ren Medicare kouvri. <i>Yon referans ka nesesè.</i></p> <p>\$0 kopèman pou tretman dyaliz ren pou pasyan ekstèn Medicare kouvri. <i>Yon referans ka nesesè.</i></p> <p>Gade seksyon "Swen Lopital pou Pasyan ki Ospitalize" pou w konnen depans pataje ki aplikab pou tretman dyaliz pasyan ki ospitalize yo.</p> <p>\$0 kopèman pou fòmasyon dyaliz lakay Medicare kouvri. <i>Yon referans ka nesesè.</i></p> <p>\$0 kopèman pou ekipman dyaliz lakay Medicare kouvri. <i>Yon otorizasyon alavans ka nesesè.</i></p> <p>\$0 kopèman pou founiti dyaliz Medicare kouvri. <i>Yon otorizasyon alavans ka nesesè.</i></p> <p>\$0 kopèman pou sèvis sipò lakay Medicare kouvri. <i>Yon referans ka nesesè.</i></p>

Chapit 4: Tablo Avantaj Medikal yo (sa ki kouvri yo)

Sèvis ki kouvri pou ou yo	Sa ou dwe peye lè ou resevwa sèvis sa yo.
<p>Swen nan etablisman swen enfimye kalifye (SNF) (Pou yon definisyon swen nan etablisman swen enfimye kalifye, gade Chapit 12 dokiman sa a. Pafwa yo rele etablisman swen enfimye kalifye yo tou SNF.)</p> <p>Medicare kouvri jiska 100 jou pou chak peryòd avantaj ospitalizasyon ak sèvis swen kalifye nan SNF oswa nan yon lòt etablisman lè sèvis sa yo reponn ak règ kouvèti Plan ak Medicare yo. Okenn ospitalizasyon alavans pa obligatwa. 100 jou pou chak peryòd avantaj yo enkli jou SNF ou resevwa atravè plan an, Original Medicare, oswa nenpòt lòt òganizasyon Medicare Advantage pandan peryòd avantaj la.</p> <p>Sèvis ki kouvri yo enkli men yo pa limite ak:</p> <ul style="list-style-type: none"> • Chanm semi prive (oswa yon chanm prive si sa nesèsè medikalman) • Manje, enkli rejim alimantè espesyal • Sèvis swen enfimye kalifye • Terapi fizik (Fizyoterapi), terapi okipasyonèl (Ègoterapi), ak terapi lapawòl (Òtofoni). • Medikaman yo ba ou nan kad yon pati nan plan swen ou (sa enkli sibstans ki natirèlman nan kò a, tankou faktè kowagilasyon san). • San - ki enkli estokaj ak administrasyon. Kouvéti pou totalite san an ak konsantrasyon globil wouj la kòmanse apati premyè pent san ou bezwen an. Tout lòt konpozan san yo kouvri apati premye pent yo itilize a. • Founiti medikal ak chirijikal SNF yo souvan bay • Tès laboratwa SNF yo souvan bay • Radyografi ak lòt sèvis radyoloji SNF yo souvan bay • Itilizasyon aparèy tankou chèz woulan SNF yo souvan bay • Sèvis doktè/pratikan 	<p>Pou ospitalizasyon Medicare kouvri, pa peryòd avantaj: \$0 kopèman pou chak ospitalizasyon nan etablisman swen enfimye kalifye Medicare kouvri.</p> <p>W ap peye tout frè pou chak jou aprè 100yèm jou a.</p> <p><i>Yon referans ka nesèsè.</i> <i>Yon otorizasyon alavans ka nesèsè.</i></p>

Chapit 4: Tablo Avantaj Medikal yo (sa ki kouvri yo)

Sèvis ki kouvri pou ou yo	Sa ou dwe peye lè ou resevwa sèvis sa yo.
<p>Jeneralman, w ap jwenn swen SNF ou yo nan etablisman ki nan rezo a. Sepandan, nan kèk kondisyon ki endike anba la a, ou ka anmezi pou peye pataj depans rezo a pou yon etablisman ki pa yon founisè rezo a, si etablisman an aksepte montan pèman plan nou an.</p> <ul style="list-style-type: none"> • Yon etablisman swen enfimye oswa yon kominote retrèt swen kontinyèl kote ou te rete anvan ou te ale lopital la (depi se yon etablisman swen enfimye kalifye) • Yon SNF kote konjwen ou oswa patnè domestik ou rete nan moman ou kite lopital la 	<p>Yon peryòd avantaj kòmanse premyè jou ou antre nan yon etablisman swen enfimye kalifye. Peryòd avantaj la fini lè ou pa resevwa okenn swen kalifye nan yon SNF pandan 60 jou youn dèyè lòt. Si ou antre nan yon etablisman swen enfimye espesyalize aprè yon peryòd avantaj fini, yon nouvo peryòd avantaj kòmanse. Kantite peryòd avantaj yo pa limite.</p>
<p> Sispansyon fimen ak itilizasyon tabak (konsèy pou kite fimen oswa itilize tabak)</p> <p><u>Si w konsome tabak, men ou pa gen siy oswa sentòm maladi ki gen rapò ak tabak:</u> Nou kouvri de tantativ konsèy pou sispann fimen nan yon peryòd 12 mwa kòm yon sèvis prevantif gratis. Chak tantativ konsèy gen ladann jiska kat vizit fas a fas.</p> <p><u>Si w konsome tabak epi yo te dyagnostike w avèk yon maladi ki gen rapò ak tabak oswa w ap pran medikaman tabak ta ka afekte:</u> Nou kouvri sèvis konsèy pou sispann fimen. Nou kouvri de tantativ konsèy pou sispann fimen nan yon peryòd 12 mwa; sepandan, w ap peye frè pataje ki aplikab la. Chak tantativ konsèy gen ladann jiska kat vizit fas a fas.</p>	<p>Pa gen ko-asirans, kopèman, oswa franchiz pou avantaj prevantif pou sispann fimen ak pou konsomasyon tabak Medicare kouvri.</p>
<p>Platfòm pou Sipò Sosyal</p> <p>Plan nou an bay yon platfòm sipò sosyal sou entènèt pou sipòte byennèt jeneral ou. Ou gen aksè nan kominote a, aktivite terapetik, ak resous plan esponsòriz pou ede jere estrès ak enkyetid. Platfòm nan rann li fasil pou antre epi rete enplike pou w kapab kontinye yon pakou ppu sante konpòtmantal ki bon pou sante w. Li disponib sou entènèt la 24 sou 24, 7 jou sou 7, kidonk ou kapab itilize li nenpòt lè ou vle.</p> <p>Platfòm Twill yo gen ladan yo:</p> <ul style="list-style-type: none"> • Pwogram Byennèt Pèsonalize: Jwenn aksè nan pwogram oto-gide Twill Therapeutics 4 semèn yo ki fèt pou amelyore byennèt fizik ak emosyonèl, ki gen ladan konsèy ekspè vyeyisman an sante pou sipòte manm yo espesyalman. Swiv pwogram yo nan pwòp ritm ou epi swiv pwogrè ou pou kontwòle amelyorasyon nan sante ou. 	<p>\$0 kopèman pou platfòm sipò sosyal la.*</p>

Chapit 4: Tablo Avantaj Medikal yo (sa ki kouvri yo)

Sèvis ki kouvri pou ou yo	Sa ou dwe peye lè ou resevwa sèvis sa yo.
<ul style="list-style-type: none"> • Sipò Kanmarad ak Ekspè: Konekte ak Twill Care nan yon espas kominotè modere pou kominike avèk kanmarad ak ekspè medikal yo. Jwenn aksè nan atik yo revize klinikman yo epi resevwa rekòmandasyon pèsonalize pou sèvis Wellcare siplymantè ki baze sou entèraksyon ou ak bezwen ou idantifye yo. • Zouti Sante Nimerik Pèsonalize: Patisipe nan aktivite entèraktif, meditasyon ak jwèt ki baze sou terapi kognitif konpòtmantal, bon sans ak sikoloji pozitif. Zouti sa yo egzamine tèm kle tankou vyeyisman an sante, jesyon izolasyon, sipòte moun k ap bay swen, dèy, jwenn siyifikasyon vyeyisman, ak plis ankò. <p>Manm yo kapab jwenn aksè nan platfòm nan pandan y ap konekte sou pòtal manm yo member.wellcare.com oswa pandan y ap rele Sevis Manm yo. Aprè w fin anrejistre, ou ka jwenn aksè dirèkteman nan platfòm nan nenpòt ki lè nan yon òdinatè, tablèt oswa telefòn entèlijan.</p>	
<p>Terapi Egzèsis Sipèvize (SET)</p> <p>Yo kouvri SET pou manm ki gen sentòm maladi ateryèl periferik (PAD) epi ki gen yon rekòmandasyon pou PAD nan men doktè ki responsab pou trete PAD.</p> <p>Yo kouvri jiska 36 seyans sou yon peryòd 12 semèn si kondisyon pwogram SET yo respekte.</p> <p>Pwogram SET la dwe:</p> <ul style="list-style-type: none"> • Genyen seyans 30 a 60 minit, ki gen ladan yon pwogram fòmasyon egzèsis terapeitik pou PAD kay pasyan ki soufri klodikasyon yo. • Reyalize nan yon etablisman lopital pou pasyan ekstèn oswa nan yon biwo doktè • Delivre atravè pèsonel oksilyè kalifye ki nesèsè pou asire avantaj yo depase risk yo, epi ki resevwa fòmasyon sou terapi egzèsis pou PAD • Anba sipèvizyon dirèk yon doktè, asistan doktè, oswa enfimyè pratikan/espesyalis enfimyè klinik ki dwe resevwa fòmasyon alafwa sou teknik reanimasyon bazik ak avanse. <p>Li posib pou yo kouvri SET pou jiska 36 seyans sou 12 semèn pou yon 36 seyans adisyonèl sou yon peryòd pwolonje si yon founisè swen sante jije sa medikalman nesèsè.</p>	<p>\$0 kopèman pou chak vizit terapi egzèsis sipèvize Medicare kouvri.</p> <p><i>Yon referans ka nesèsè.</i></p>

Chapit 4: Tablo Avantaj Medikal yo (sa ki kouvri yo)

Sèvis ki kouvri pou ou yo	Sa ou dwe peye lè ou resevwa sèvis sa yo.
<p>Sèvis transpò (woutin adisyonèl)</p> <p>Plan nou an kouvri yon total 36 vwayaj tèrès yon sèl ale ki pa ijans nan zòn sèvis nou an chak ane. Avantaj sa a ede w jwenn swen ak sèvis ou bezwen yo. Ou ka jwenn transpò pou ale nan etablisman swen yo tankou kote doktè, espesyalis, ak dantis ou.</p> <p>Woulib (ki rele tou "vwayaj") yo limite ak 75 mil, ale sèlman, epi jiska 4 vwayaj ale senp pa jou.</p> <p>Pou rezève transpò ou, rele nimewo transpò ki sou do kat ID manm ou a. Pou swen woutin, rele jiska 1 mwa ak omwen 3 jou davans. Transpò menm jou yo depann de disponiblite.</p> <p>Transpò yo gen ladan yo taksi, machin patikilyè, kamyonèt pou chèz woulan, ak sèvis transpò pataje (tankou Uber oswa Lyft) pou reponn ak bezwen sante ou yo.</p> <p>Pou plan ka kouvri ou, ou dwe itilize avantaj la pou w ale nan etablisman swen sante yo. Transpò a ka gen plizyè manm an menm tan epi yo ka kanpe nan lòt etablisman ki pa destinasyon ou pandan transpò a. Tanpri sonje mansyone lè w ap fè rezèvasyon an nenpòt bezwen adisyonèl tankou itilizasyon yon chèz woulan oswa nenpòt preferans tankou bezwen plis tan pou rive jwenn mwayen transpò ou a.</p>	<p>\$0 kopèman pou chak vwayaj.*</p> <p>Yo konsidere yon vwayaj kòm transpò yon sèl ale atravè kamyonèt, sèvis transpò pataje, oswa taksi pou ale nan yon etablisman swen sante.</p> <p><i>Yon otorizasyon alavans ka nesesè.</i></p>
<p>Sèvis ki nesesite entèvasyon ijan</p> <p>Yon sèvis plan an kouvri ki nesesite swen medikal imedyà ki pa yon ijans konsidere kòm yon sèvis ki nesesite entèvasyon ijan si ou tanporèman an deyò zòn sèvis plan an, oswa menm si ou nan zòn sèvis plan an, li konsidere kòm pa rezonab selon tan, andwa, ak sikonstans pou jwenn sèvis sa a nan men founisè nan rezo a ki gen kontra avèk plan an. Plan ou an dwe kouvri sèvis ki nesesite entèvasyon ijan yo epi fè w peye sèlman frè pataje rezo a. Egzanp sèvis yo bezwen annijans yo se pou maladi ak blesi medikal yo pa t prevwa, oswa pou pouse yo pa t atann yo ak li ki gen pou wè ak kondisyon ki egziste deja. Sepandan, vizit woutin kay founisè ki nesesè sou plan medikal yo, tankou tchèkòp anyèl, pa konsidere kòm sèvis yo bezwen anijans menm si ou pa nan zòn sèvis plan an oswa rezo plan an pa disponib tanporèman.</p>	<p>\$0 kopèman pou vizit sèvis ki nesesite entèvasyon ijan Medicare kouvri yo.</p>


Chapit 4: Tablo Avantaj Medikal yo (sa ki kouvri yo)

Sèvis ki kouvri pou ou yo	Sa ou dwe peye lè ou resevwa sèvis sa yo.
Sèvis ki nesese entèvansyon ijan ki andeyò Etazini yo kouvri.	<p>\$110 kopèman pou sèvis ki nesese entèvansyon ijan ki andeyò Etazini yo.*</p> <p>Ou peye montan sa a menm si ou ospitalize nan 24 èdtan pou menm maladi a.</p> <p>Ou kouvri jiska \$50,000 chak lane pou sèvis ijans oswa sèvis ijan ki nesese andeyò Etazini.</p>
<p>Modèl Konsepsyon Asirans ki Baze sou Valè (Value-Based Insurance Design, VBID)</p> <p>Paske plan ou an patisipe nan pwogram Konsepsyon Asirans ki baze sou Valè, ou ka itilize alokasyon Wellcare Spendables™ ou an tou pou nenpòt nan avantaj yo montre anba a. Ou dwe kontinye enskri nan plan sa a, epi ou dwe kalifye pou pwogram LIS la, pou resevwa avantaj VBID la. Alokasyon sa a konbine avèk avantaj ou pou pwodwi san preskripsyon (OTC). Gade avantaj Wellcare Spendables™ la nan tablo sa a pou plis enfomasyon.</p> <ul style="list-style-type: none"> • Gaz ou peye dirèkteman nan ponp Ou ka itilize kat ou pou peye gaz dirèkteman nan ponp lan nan estasyon k ap patisipe yo. Ou pa ka itilize kat la pou peye an pèsòn nan kès. Ou ka itilize kat ou a sèlman pou peye gaz jiska montan alokasyon ki disponib la. • Manje ki bon pou lasante Ou ka itilize kat ou a pou pwodwi ki bon pou lasante nan men detayan k ap patisipe yo. Ou ka kòmande manje ki prepare yo atravè yon pòtay anliy. Ou pa ka itilize kat la pou achte tabak oswa alkòl. Pwodwi ki apwouve yo enkli: <ul style="list-style-type: none"> ○ Vyann ak bèt volay ○ Fwi ak legim ○ Bwason ki nitritif <p>Itilize eskanè kòd ba ou a pou jwenn pwodwi ki apwouve yo nan lokal detayan yo, konekte sou pòtay manm ou an oswa gade katalòg ou a.</p> 	

Chapit 4: Tablo Avantaj Medikal yo (sa ki kouvri yo)

Sèvis ki kouvri pou ou yo	Sa ou dwe peye lè ou resevwa sèvis sa yo.
<ul style="list-style-type: none"> • Amelyorasyon nan Kay ak Atik Sekirite Ou ka itilize kat ou a pou ede w peye depans pou amelyorasyon kay ak atik sekirite. Antre nan pòtal manm ou an pou achte atik yo aksepte. Pwodwi ki apwouve yo enkli: <ul style="list-style-type: none"> ○ Ba pou pran sipò oswa manch pòt ak sifas sòl ki pa glise ○ Chèz sekirite ak èd modifikasyon sal benyen ○ Klimatizè pòtab ak pwodwi pou bon jan kalite lè ○ Pwodwi pou kontwòl parazit ak ensèk • Èd pou lwaye Ou ka itilize kat ou a pou ede w peye depans lwaye kay ou a. Konekte sou pòtay manm ou an pou peye founisè yo oswa pou fè pèman dirèkteman bay founisè yo kote yo aksepte pèman yo. • Èd pou sèvis piblik Ou ka itilize kat ou a pou ede w peye depans sèvis piblik lakay ou. Konekte sou pòtay manm ou an oswa peye founisè sèvis piblik yo dirèkteman kote yo aksepte pèman yo. Ou ka itilize kat la pou konfigire pèman otomatik renouvlab. Depans ki apwouve pou avantaj sa a enkli: <ul style="list-style-type: none"> ○ Elektrisite, gaz, sèvis sanitè/dechè, ak sèvis piblik dlo ○ Sèvis telefòn fiks ak telefòn mobil ○ Sèvis Entènèt ○ Sèvis televizyon kab (eksepte sèvis difizyon) ○ Kèk depans petwòl, tankou lwil chofaj kay 	


Chapit 4: Tablo Avantaj Medikal yo (sa ki kouvri yo)

Sèvis ki kouvri pou ou yo	Sa ou dwe peye lè ou resevwa sèvis sa yo.
<p> Swen vizyon</p> <p>Sèvis ki kouvri yo enkli:</p> <ul style="list-style-type: none"> • Sèvis medikal pou pasyan ekstèn pou dyagnostik ak trètman maladi ak blesi je, ki gen ladan trètman deteryorasyon makilè ki gen rapò ak laj. Original Medicare pa kouvri egzamen je woutin (refraksyon je) pou linèt/lantiy kontak. • Pou moun ki gen gwo risk pou glokòm, nou pral kouvri yon depistaj glokòm pa ane. Moun ki gen gwo risk pou glokòm yo gen ladan: moun ki gen yon antesedan familyal glokòm, moun ki souffri dyabèt, Afriken-Ameriken ki gen laj 50 lane ak plis, ak Ispanik Ameriken ki gen laj 65 lane ak plis • Pou moun ki souffri dyabèt, depistaj pou retinopati dyabetik kouvri yon fwa pa ane. • Yon pè linèt oswa lantiy kontak aprè chak operasyon katarak ki enkli mete yon lantiy entraokilè. (Si ou gen de operasyon katarak separe, ou pa ka rezève avantaj la aprè premyè operasyon an epi achte de pè linèt aprè dezyèm operasyon an.) <p>Anplis sa, plan nou an kouvri sèvis vizyon siplemantè sa yo (sa vle di sèvis woutin):</p> <ul style="list-style-type: none"> • 1 egzamen je woutin chak ane. Egzamen je woutin enkli yon tès glokòm pou moun ki gen risk glokòm yo ak yon egzamen retin pou dyabèt. 	<p>\$0 kopèman pou tout lòt egzamen je pou fè dyagnostik ak pou trete maladi je. <i>Yon otorizasyon alavans ka nesesè.</i></p> <p>\$0 kopèman pou depistaj glokòm Medicare kouvri. <i>Yon referans ka nesesè.</i></p> <p>\$0 kopèman pou egzamen retin Medicare kouvri pou manm ki souffri dyabèt. <i>Yon otorizasyon alavans ka nesesè.</i></p> <p>\$0 kopèman pou linèt Medicare kouvri. <i>Yon otorizasyon alavans ka nesesè.</i></p> <p>Sèvis vizyon siplemantè (sètadi, woutin):</p> <p>\$0 kopèman pou 1 egzamen je woutin chak ane.* <i>Yon otorizasyon alavans ka nesesè.</i></p>

Chapit 4: Tablo Avantaj Medikal yo (sa ki kouvri yo)

Sèvis ki kouvri pou ou yo	Sa ou dwe peye lè ou resevwa sèvis sa yo.
<ul style="list-style-type: none"> • Pè linèt sou preskripsyon san limit chak ane jiska yon avantaj maksimòm \$400 chak ane. Linèt ki kouvri yo enkli sa yo ki annaprè yo: <ul style="list-style-type: none"> ○ Linèt (monti ak lantiy) oswa ○ Lantiy linèt sèlman oswa ○ Monty linèt sèlman oswa ○ Lantiy kontak olye linèt oswa ○ Amelyorasyon materyèl vizyon <p>Remak: Plan an kouvri frè ajisteman lantiy kontak yo.</p> <p>Montan maksimòm kouvèti avantaj plan \$400 chak ane a aplike pou pri an detay monty ak/oswa lantiy yo (ki enkli tout opsyon lantiy tankou tenti ak trètman). Ou responsab pou tout pri ki depase montan maksimòm avantaj pou linèt siplemantè yo (sa vle di, woutin).*</p> <p>Yo pa enkli linèt ki kouvri nan Medicare nan benefis maksimòm siplemantè (sètadi, woutin). Manm yo pa kapab itilize avantaj pou linèt siplemantè yo pou ogmante kouvèti yo sou linèt Medicare kouvri yo.</p> <p>Remak: Kouvèti pou sèvis vizyon woutin yo se yon avantaj siplemantè plan an ofri. Ni Medicare, ni Ajans Administrasyon Swen Sante Medicaid Jere nan Tout Eta Florida a pap peye pati pa w la nan depans pou sèvis sa yo.</p> <p>Ou dwe jwenn sèvis vizyon yo atravè rezo vizyon plan an. Pou kesyon sou kòman pou w jwenn yon founisè oswa pou plis enfòmasyon, rele Sèvis pou Manm yo.</p>	<p>\$0 kopèman pou chak linèt.* <i>Yon otorizasyon alavans ka nesesè.</i></p>

Chapit 4: Tablo Avantaj Medikal yo (sa ki kouvri yo)

Sèvis ki kouvri pou ou yo	Sa ou dwe peye lè ou resevwa sèvis sa yo.
<p> Byenvini nan Vizit Prevantif Medicare a</p> <p>Plan an kouvri yon sèl vizit prevantif <i>Byenvini nan Medicare Vizit</i> la enkli yon revizyon sou sante w, ansanm ak edikasyon ak konsèy sou sèvis prevantif ou bezwen yo (ki gen ladan kèk depistaj ak piki (oswa vaksen)), ak rekòmandasyon pou lòt swen si sa nesèsè.</p> <p>Enpòtan: Nou kouvri Vizit Prevantif <i>Byenvini nan Medicare</i> sèlman pandan premyè 12 mwa ou gen Medicare Part B. Lè w ap pwograme randevou ou, fè biwo doktè w la konnen ou ta renmen pwograme Vizit Prevantif <i>Byenvini nan Medicare</i> ou.</p> <ul style="list-style-type: none"> • Medicare kouvri EKG aprè sèvis prevantif <i>Byenvini nan Medicare</i> yo. 	<p>Pa gen ko-asirans, kopèman, oswa franchiz pou vizit prevantif <i>Byenvini nan Medicare</i>.</p> <p>\$0 kopèman pou chak sèvis EKG Medicare kouvri aprè sèvis prevantif <i>Byenvini nan Medicare</i> yo. <i>Yon referans ka nesèsè.</i></p>
<p>Wellcare Spendables™</p> <p>W ap resevwa \$175 chak mwa sou kat Wellcare Spendables™ ou a.</p> <ul style="list-style-type: none"> • Alokasyon mansyèl ou an ap pase nan pwochen mwa a si li pa itilize epi ap ekspire nan fen ane plan an. 	<p>Pa gen ko-asirans, kopèman, oswa franchiz pou kat Wellcare Spendables™.</p> <p>Yon minimòm \$35 ka aplike pou kèk òdonans pou kalifye pou livrezon gratis. Pa gen minimòm obligatwa pou acha nan magazen.</p>
<p><u>Ou ka itilize alokasyon kat ou a pou:</u></p> <p>Pwodwi yo vann san preskripsyon (OTC):</p> <p>Ou ka itilize kat ou a nan lokal detayan patisipan yo, atravè yon aplikasyon mobil, oswa konekte sou pòtay manm ou an pou fè yon kòmman pou livrezon lakay ou.</p> <p>Pwodwi ki kouvri yo enkli:</p> <ul style="list-style-type: none"> • Pwodwi yo vann san preskripsyon, kit se non komèsyal oswa jenerik • Vitamin, medikaman pou doulè, pwodwi rim ak alèji, pwodwi dyabèt • Itilize eskanè kòd ba ou a pou jwenn pwodwi ki apwouve yo nan lokal detayan yo, oswa konekte sou pòtay manm ou an oswa gade katalòg ou a. 	

Chapit 4: Tablo Avantaj Medikal yo (sa ki kouvri yo)

Sèvis ki kouvri pou ou yo	Sa ou dwe peye lè ou resevwa sèvis sa yo.
<p>Remak: Nan kèk sikonstans avantaj medikal plan an kouvri ekipman dyagnostik ak èd pou sispann fimèn. Ou ta dwe (nan mezi posib) itilize avantaj medikal plan nou an anvan ou depanse alokasyon OTC ou a pou pwodwi sa yo.</p> <p><u>Etandone plan ou an patisipe nan pwogram Konsepsyon Asirans ki baze sou Valè, ou ka itilize kat ou an tou pou nenpòt nan avantaj ki anba yo:</u></p> <ul style="list-style-type: none"> • Gaz ou peye dirèkteman nan ponp • Manje ki bon pou lasante • Atik pou Amelyorasyon Kay ak Sekirite • Èd pou lwaye • Èd pou Sèvis Piblik <p>Gade Modèl Konsepsyon Asirans ki Baze sou Valè (Value-Based Insurance Design, VBID) nan tablo sa a pou plis enfòmasyon sou avantaj sa yo.</p>	
<p><u>Kòman pou w itilize kat ou a:</u></p> <ol style="list-style-type: none"> 1. Aktive kat ou a anvan ou sèvi ak li. 2. Vizite yon detayan patisipan, konekte sou lyen pòtay ki anba a, oswa telechaje aplikasyon mobil la. 3. Chwazi pwodwi/sèvi apwouve ou yo. 4. Pase sou kès detayan an epi peye ak kat Wellcare Spendables™ ou a. Pou kòmande anliy oswa atravè aplikasyon mobil, antre nimewo kat ou a pandan pèman an. 5. Kat ou a pa yon kat kredi men li ka antre kòm 'kredi' pandan pèman an. Si yo mande w, PIN ou a se 4 dènyè chif nimewo kat ou a. <p>Remak:</p> <ul style="list-style-type: none"> • Yon fwa ou fin itilize alokasyon pou depans ou yo, ou responsab pou peye pou pòsyon ki rete nan acha ou yo. • Yo ka retounen pwodwi yo te achte nan magazen yo dapre règleman retou ak echanj detayan an. • Si kat ou a pa fonksyone byen oswa nan ka yon pwoblèm teknik, tanpri kontakte nou nan nimewo ki anba a. • Wellcare pa responsab kat ki pèdi oswa kat yo vòlè. 	

Chapit 4: Tablo Avantaj Medikal yo (sa ki kouvri yo)

Sèvis ki kouvri pou ou yo	Sa ou dwe peye lè ou resevwa sèvis sa yo.
<ul style="list-style-type: none"> • Kat Wellcare Spendables™ se pou itilizasyon pèsònèl sèlman, li pa ka vann oswa transfere, epi li pa gen okenn valè lajan. • Yo ka aplike limit ak restriksyon, se sèlman atik ki apwouve yo ki kouvri. • Sa pa fè pati avantaj Ajans pou Administrasyon Swen Sante (Pwogram Medicaid Florida a). <p>Pou plis enfòmasyon sou Kat Wellcare Spendables™ oswa pou mande yon katalòg, tanpri rele: 1-855-744-8550, TTY: 711. Orè yo se: Ant 1^{ye} Oktòb ak 31 Mas, reprezantan yo disponib soti Lendi pou rive Dimanch, 8 a.m. rive 8 p.m. Ant 1^{ye} Avril ak 30 Septanm, reprezantan yo disponib soti Lendi pou rive Vandredi, 8 a.m. rive 8 p.m.</p> <p>Ou ka vizite tou anliy nan: member.wellcare.com.</p>	

SEKSYON 3 Ki sèvis ki kouvri andeyò plan an?**Seksyon 3.1 Sèvis plan an pa kouvri**

Gen sèvis Wellcare Dual Access (HMO D-SNP) pa kouvri men ki disponib atravè Ajans pou Administrasyon Swen Sante an (Pwogram Medicaid Florida a). Si w gen kesyon konsènan asistans w ap jwenn nan Healthcare Administration yo (pwogram Medicaid nan Florida), kontakte Ajans pou Adimistrasyon Swen Sante (pwogram Medicaid nan Florida a) nan 1-877-711-3662, itilizatè TTY yo ka rele nan 1-866-467-4970 soti Lendi pou rive Jedi 8 am - 8 pm, Vandredi 8 am - 7 pm.

SEKSYON 4 Ki sèvis plan an pa kouvri?**Seksyon 4.1 Sèvis plan an pa kouvri (eksklizon)**

Seksyon sa a di w ki sèvis ki ekskli yo.

Tablo ki anba a dekri kèk sèvis ak pwodwi plan an pa kouvri anba kèlkeswa kondisyon an oswa plan an kouvri sèlman anba kèk kondisyon espesifik.

Si w resevwa sèvis ki ekskli (ki pa kouvri), ou dwe ou menm peye pou yo eksepte anba kondisyon espesifik ki endike anba a. Menm si w resevwa sèvis ki ekskli yo nan yon etablisman ijans, sèvis ki ekskli yo toujou pa kouvri epi plan nou an pap peye pou yo. Sèl eksepsyon an se si yo konteste sèvis la epi aprè kontestasyon an, nou deside se yon sèvis medikal nou ta dwe peye oswa kouvri akòz sitiyasyon espesifik ou. (Pou enfòmasyon sou kontestasyon yon desizyon nou te pran pou nou pa kouvri yon sèvis medikal, gade Chapit 9, Seksyon 6.3 nan dokiman sa a.)

Chapit 4: Tablo Avantaj Medikal yo (sa ki kouvri yo)

Sèvis Medicare pa kouvri	Pa kouvri anba okenn kondisyon	kouvri sèlman anba kondisyon espesifik
Akiponkti		<ul style="list-style-type: none"> • Disponib pou moun ki gen doulè nan do kwonik nan kèk sikonstans.
Operasyon oswa pwosedi kosmetik		<ul style="list-style-type: none"> • Kouvri nan ka yon blesi aksidantèl oswa amelyorasyon nan fonksyonman yon manm kòporèl ki defòme. • Kouvri pou tout etap rekonstriksyon yon tete aprè yon mastèktomi, ansanm ak tete ki pa afekte yon fason pou kreye yon aparans simetrik.
Swen pou gad Swen pou gad se swen pèsònèl ki pa nesesite atansyon kontinyèl pèsònèl medikal oswa paramedikal kalifye, tankou swen ki ede w ak aktivite lavi chak jou yo, tankou benyen oswa abiye.	Pa kouvri anba okenn kondisyon	
Swen dantè tankou: <ul style="list-style-type: none"> • Sèvis òtodonsi • Sèvis Enplan • Pwotèz maksilofasyal 	Pa kouvri anba okenn kondisyon	
Pwosedi medikal ak chirijikal eksperimantal, ekipman ak medikaman. Pwosedi ak pwodwi eksperimantal yo se pwodwi ak pwosedi dapre jijman Original Medicare kominote medikal la pa aksepte jeneralman.		<ul style="list-style-type: none"> • Original Medicare ka kouvri yo nan kad yon etid rechèch klinik Medicare oswa plan nou an apwouve. <p>(Gade Chapit 3, Seksyon 5 pou jwenn plis enfòmasyon sou etid rechèch klinik yo.)</p>

Chapit 4: Tablo Avantaj Medikal yo (sa ki kouvri yo)

Sèvis Medicare pa kouvri	Pa kouvri anba okenn kondisyon	kouvri sèlman anba kondisyon espesifik
Frè w peye pou swen fanmi pwòch ou oswa manm fwaye w.	Pa kouvri anba okenn kondisyon	
Swen enfimye aplentan lakay ou.	Pa kouvri anba okenn kondisyon	
Manje yo delivre lakay		<ul style="list-style-type: none"> • Gade avantaj 'Manje' nan Tablo Avantaj Medikal yo pou plis enfòmasyon. • Gade avantaj "Manje ki bon pou sante" nan seksyon VBID nan Tablo Avantaj Medikal pou plis enfòmasyon.
Sèvis èd nan kay ki gen ladan asistans debaz pou travay nan kay, tankou netwayaj lejè oswa preparasyon manje lejè.	Pa kouvri anba okenn kondisyon	
Sèvis natiwopat (itilize tretman natirèl oswa altènatif)	Pa kouvri anba okenn kondisyon	
Soulye òtopedik oswa aparèy sipò pou pye		<ul style="list-style-type: none"> • Soulye ki fè pati yon aparèy òtopedik pou janm epi ki enkli nan pri aparèy la Soulye òtopedik oswa terapetik pou moun ki souffri maladi pye dyabetik.
Pwodwi pèsònèl nan chanm ou nan yon lopital oswa nan yon etablisman swen enfimye kalifye, tankou yon telefòn oswa yon televizyon.	Pa kouvri anba okenn kondisyon	
Chanm prive nan yon lopital.		<ul style="list-style-type: none"> • Kouvri sèlman lè sa nesèsè medikalman
Keratotomi radyal, operasyon LASIK ak lòt èd pou vizyon ki fèb.	Pa kouvri anba okenn kondisyon	

Chapit 4: Tablo Avantaj Medikal yo (sa ki kouvri yo)

Sèvis Medicare pa kouvri	Pa kouvri anba okenn kondisyon	kouvri sèlman anba kondisyon espesifik
Anilasyon pwosedi esterilizasyon ak/oswa founiti kontraseptif ki pa preskripsyon	Pa kouvri anba okenn kondisyon	
Swen woutin pye		<ul style="list-style-type: none"> • Yo bay kèk kouvèti limite dapre règleman Medicare yo (egzanp, si ou soufri dyabèt).
Sèvis yo konsidere ki pa rezonab epi ki pa nesèsè dapre estanda Original Medicare yo	Pa kouvri anba okenn kondisyon	

CHAPIT 5:

*Itilize kouvèti plan an pou medikaman
sou preskripsyon Pati D yo*

**Kòman w ka jwenn enfòmasyon sou pri medikaman w yo?**

Etandone ou kalifye pou Ajans pou Administrasyon Swen Sante (Pwogram Medicaid Florida a), ou kalifye epi w ap resevwa “Èd Sipleman tè” nan men Medicare pou peye pou depans plan medikaman sou preskripsyon w lan. Paske ou nan pwogram “Èd Sipleman tè”, **kèk enfòmasyon ki nan *Prèw Kouvèti sa a konsènan depans pou medikaman sou preskripsyon Pati D yo ka pa aplike pou ou***. Nou te voye ba ou yon sipleman separe, ki rele *Sipleman Prèw Kouvèti pou Moun k ap Resevwa Èd Sipleman tè pou peye Medikaman sou Preskripsyon* (yo rele li tou Sipleman Sibvansyon pou Revni Fèb oswa Sipleman LIS), ki enfòmasyon w sou kouvèti medikaman ou an. Si w pa genyen sipleman sa a, tanpri rele Sèvis Manm yo epi mande pou sipleman LIS la. (Nimewo telefòn pou Sèvis pou Manm yo ekri sou kouvèti ki pa dèyè dokiman sa a.)

SEKSYON 1 Entwodiksyon

Chapit sa a **eksplike règ pou itilizasyon kouvèti medikaman Pati D ou a**. Tanpri gade Chapit 4 pou avantaj medikaman Medicare Part B ak avantaj medikaman ospis.

Anplis medikaman Medicare kouvri yo, yo kouvri kèk medikaman sou preskripsyon pou ou anba avantaj Ajans pou Administrasyon Swen Sante (Pwogram Medicaid Florida a) pa w la. Pou jwenn plis enfòmasyon sou kouvèti medikaman Medicaid tanpri kontakte Ajans pou Administrasyon Swen Sante (Pwogram Medicaid Florida a) pou detèmine ki kouvèti medikaman ki ka disponib pou ou. (Ou ka jwenn nimewo telefòn Medicaid ak enfòmasyon pou kontakte yo nan Chapit 2, Seksyon 6.)

Seksyon 1.1 Règ debaz pou kouvèti medikaman Pati D plan an

Jeneralman plan an pral kouvri medikaman ou yo toutotan ou respekte règ debaz sa yo:

- Ou dwe fè yon founisè (yon doktè, dantis oswa lòt moun k ap preskri), ekri yon preskripsyon pou ou ki dwe valab anba lwa eta ki aplikab.
- Moun k ap preskri w la pa dwe nan lis eksklizyon oswa refi Medicare.
- Jeneralman ou dwe ale nan yon famasi rezo pou egzekite preskripsyon ou an. (Gade Seksyon 2 nan chapit sa a.) *Oswa ou ka egzekite preskripsyon w lan atravè sèvis kòmman pa lapòs plan an.*
- Medikaman w lan dwe nan *Lis Medikaman plan an kouvri yo (Fòmilè)* (nou jis rele li Lis Medikaman) (Gade Seksyon 3 nan chapit sa a.)
- Medikaman ou an dwe itilize pou yon endikasyon medikalman aksepte. Yon “endikasyon medikalman aksepte” se yon itilizasyon medikaman Administrasyon Manje ak Medikaman apwouve oswa kèk referans sipòte. (Gade seksyon 3 nan chapit sa a pou plis enfòmasyon sou endikasyon medikalman aksepte).
- Medikaman ou yo ka bezwen otorizasyon anvan nou kouvri yo. (Gade seksyon 4 nan chapit sa a pou plis enfòmasyon sou restriksyon kouvèti ou a).

SEKSYON 2 Egzekite preskripsyon w lan nan yon famasi ki nan rezo a oswa atravè sèvis kòmman pa lapòs plan an

Seksyon 2.1 Itilize yon famasi rezo a

Nan pifò ka yo, preskripsyon ou yo kouvri *sèlman* si yo egzekite nan famasi rezo plan an. (Gade seksyon 2.5 pou plis enfòmasyon sou ki lè nou kouvri preskripsyon ki egzekite nan famasi ki pa nan rezo a).

Yon famasi rezo se yon famasi ki gen kontra avèk plan an pou bay medikaman sou preskripsyon ki kouvri. Tèm medikaman ki kouvri vle di tout medikaman sou preskripsyon Pati D ki nan Lis Medikaman plan an.

Seksyon 2.2 Famasi rezo yo

Kòman pou jwenn yon famasi rezo nan zòn ou an?

Pou jwenn yon famasi nan rezo a, ou ka konsilte *Repetwa Founisè ak Famasi* w yo, vizite sit entènèt nou an (www.2025wellcaredirectoriest.com), epi/oswa rele Sèvis Manm yo.

Ou ka ale nan nenpòt famasi nan rezo nou an.

E si famasi w ap itilize a kite rezo a?

Si famasi w t ap itilize a kite rezo plan an, w ap bezwen jwenn yon nouvo famasi ki nan rezo a. Pou jwenn yon lòt famasi nan zòn ou an, ou ka jwenn èd nan men Sèvis Manm yo oswa itilize *Repetwa Founisè ak Famasi* yo. Ou ka jwenn enfòmasyon tou sou sit entènèt nou an nan www.2025wellcaredirectoriest.com.

E si w bezwen yon famasi espesyalize?

Gen kèk preskripsyon yo dwe egzekite nan yon famasi espesyalize. Famasi espesyalize yo enkli:

- Famasi ki bay medikaman pou terapi enfizyon lakay yo.
- Famasi ki bay rezidan yon etablisman swen alontèm (LTC) medikaman. jeneralman, yon etablisman LTC (tankou yon etablisman swen enfimyè) gen pwòp famasi pa li. Si w gen difikilte pou jwenn avantaj Pati D nan yon etablisman LTC, tanpri kontakte Sèvis Manm yo.
- Famasi ki desèvi Sèvis Sante Endyen / Tribal / Pwogram Sante Endyen Iben (pa disponib Pòtoriko). Eksepte nan ka ijans, se sèlman Ameriken natif natal oswa Natif Natal Alaska ki gen aksè a famasi sa yo nan rezo nou an.
- Famasi ki bay medikaman FDA mete restriksyon sou yo nan kèk zòn oswa ki nesosite yon tretman espesyal, yon kowòdinasyon ak founisè, oswa fòmasyon sou itilizasyon yo. Pou jwenn yon famasi espesyalize, konsilte *Repetwa Founisè ak Famasi* w yo www.2025wellcaredirectoriest.com oswa rele Sèvis Manm yo.

Seksyon 2.3 Itilize sèvis kòmman pa lapòs plan an

Pou kèk tip medikaman, ou ka itilize sèvis kòmman pa lapòs plan an. Jeneralman, medikaman yo bay atravè kòmman pa lapòs se medikaman ou pran regilyèman pou yon maladi kwonik oswa alontèm. Nou deziyen medikaman ki *pa* disponib atravè sèvis kòmman pa lapòs plan an kòm “NM” nan Lis Medikaman nou an.

Sèvis kòmman pa lapòs plan nou an pèmèt ou kòmande **jiska yon rezèv pou 100 jou**.

Pou jwenn fòm kòmman ak enfòmasyon sou egzekisyon preskripsyon ou yo pa lapòs, rele Sèvis Manm nou yo pou sèvis kòmman pa lapòs nan 1-833-750-0201 (TTY: 711) disponib 24 èdtan sou 24, 7 jou sou 7 . Oswa, konekte ak [express-scripts.com/rx](https://www.express-scripts.com/rx). Si w itilize yon famasi pa lapòs ki pa nan rezo plan an, preskripsyon w lan pap kouvri.

Jeneralman, w ap resevwa yon kòmman famasi pa lapòs nan yon maksimòm 14 jou. Sepandan, sa ka rive pafwa preskripsyon kòmman pa lapòs ou a ka an reta. Pou medikaman alontèm ou bezwen imedyatman yo, mande doktè ou a de preskripsyon: youn pou yon rezèv pou 30 jou pou egzekite nan yon famasi detayan patisipan, ak youn pou yon rezèv alontèm pou egzekite pa lapòs. Si w gen pwoblèm pou w jwenn rezèv pou 30 jou ou an nan yon famasi detayan patisipan lè preskripsyon kòmman pa lapòs ou a an reta, fè famasi detayan w lan rele Sant Sèvis Founisè nou an nan 1-866-800-6111 (TTY 1-888-816-5252), disponib 24 èdtan sou 24, 7 jou pa semèn pou asistans. Manm yo ka rele Sèvis Manm pou kòmman pa lapòs nan 1-833-750-0201 (TTY: 711), disponib 24 èdtan sou 24, 7 jou sou 7. Oswa, konekte ak [express-scripts.com/rx](https://www.express-scripts.com/rx).

Nouvo preskripsyon famasi a resevwa dirèkteman nan biwo doktè ou.

Famasi a pral otomatikman egzekite ak delivre nouvo preskripsyon li resevwa nan men founisè swen sante yo, san li pa kontakte ou anvan, si swa:

- Ou te itilize sèvis kòmman pa lapòs ak plan sa a nan tan pase, oswa
- Ou enskri pou livrezon otomatik pou tout nouvo preskripsyon nou resevwa dirèkteman nan men founisè swen sante yo. Ou ka mande livrezon otomatik pou tout nouvo preskripsyon a nenpòt ki lè pandan w ap kontakte sèvis manm yo pou kòmman pa lapòs nan 1-833-750-0201 (TTY: 711), disponib 24 èdtan sou 24, 7 jou sou 7. Oswa, konekte ak [express-scripts.com/rx](https://www.express-scripts.com/rx).

Si ou te resevwa yon preskripsyon ou pa t vle otomatikman pa lapòs, epi yo pa te kontakte ou pou konnen si ou te vle li anvan yo te voye li, ou ka kalifye pou yon ranbousman.

Si ou te itilize kòmman pa lapòs nan tan pase epi ou pa vle famasi a egzekite ak voye chak nouvo preskripsyon otomatikman, tanpri kontakte nou pandan w ap rele sèvis manm yo pou kòmman pa lapòs nan 1-833-750-0201 (TTY: 711), disponib 24 èdtan sou 24, 7 jou sou 7. Oswa, konekte sou [express-scripts.com/rx](https://www.express-scripts.com/rx).

Si ou pa te janm itilize sèvis livrezon kòmman pa lapòs nou an epi/oswa ou deside sispann egzekisyon nouvo preskripsyon otomatik yo, famasi a ap kontakte ou chak fwa li resevwa yon nouvo preskripsyon nan men yon founisè swen sante pou konnen si ou vle yo egzekite epi voye medikaman an imedyatman. Li enpòtan pou reponn chak fwa famasi a kontakte w, pou fè yo konnen si yo dwe voye, retade, oswa anile nouvo preskripsyon an.

Chapit 5 Itilize kouvèti plan an pou medikaman sou preskripsyon Pati D yo

Reegzekisyon preskripsyon pa lapòs. Pou egzekite medikaman ou yo ankò, ou gen opsyon pou w enskri pou yon pwogram reegzekisyon otomatik. Nan kad pwogram sa a, nou pral otomatikman kòmanse trete pwochen reegzekisyon medikaman w lan lè dosye nou yo montre w prèske fini ak medikaman w lan. Famasi a pral kontakte w anvan li voye chak reegzekisyon medikaman pou asire yo ou bezwen plis medikaman, epi ou ka anile reegzekisyon ki pwograme yo si ou gen ase medikaman oswa si yo te chanje medikaman ou yo.

Si w chwazi pa itilize pwogram reegzekisyon otomatik nou an men ou toujou vle famasi kòmman pa lapòs la voye preskripsyon w lan ba w, tanpri kontakte famasi w la 21 jou anvan aktyèl preskripsyon ou an ekspire. Sa a pral asire yo voye kòmman ou an alè.

Pou soti nan pwogram nou an ki otomatikman prepare reegzekisyon kòmman pa lapòs yo, tanpri kontakte nou pandan w ap rele famasi pa lapòs ou a:

- **Pharmacy Express Scripts®: 1-833-750-0201 (itilizatè TTY yo ka rele 711).**

Si ou resevwa yon reegzekisyon ou pa vle otomatikman pa lapòs, ou ka kalifye pou yon ranbousman.

Seksyon 2.4 Kòmman ou ka jwenn yon rezèv medikaman alontèm?

Plan an ofri de fason pou jwenn yon rezèv medikaman alontèm (yo rele yo tou yon rezèv pwolonje) pou medikaman antretyen ki nan Lis Medikaman ki nan plan nou an. (Medikaman antretyen yo se medikaman ou pran regilyèman pou yon maladi kwonik oswa alontèm.)

1. Kèk famasi detayan nan rezo nou an pèmèt ou jwenn yon rezèv medikaman antretyen alontèm. Repetwa *Founisè ak Famasi* w la www.2025wellcaredirectoriest.com endike w ki famasi nan rezo nou an ki kapab ba w yon rezèv medikaman antretyen alontèm. Ou kapab rele tou Sèvis Manm yo pou plis enfòmasyon.
2. Ou ka resevwa medikaman antretyen tou atravè pwogram kòmman pa lapòs nou an. Gade seksyon 2.3 pou plis enfòmasyon.

Seksyon 2.5 Kilè ou ka itilize yon famasi ki pa fè pati rezo plan an?**Preskripsyon ou ka kouvri nan kèk sitiyasyon**

Jeneralman, nou kouvri medikaman ki egzekite nan yon famasi ki pa nan rezo a *sèlman* lè ou pa kapab itilize yon famasi ki nan rezo a. Pou ede w, nou gen yon rezo famasi ki pa nan zòn sèvis nou an kote ou ka egzekite preskripsyon w yo kòm manm plan nou an. **Tanpri kontakte dabò Sèvis Manm yo** pou konnen si gen yon famasi rezo ki touprè. Ou ka oblije peye diferans ki genyen ant sa ou peye pou medikaman nan famasi ki pa nan rezo a ak depans nou t ap kouvri nan yon famasi ki nan rezo a.

Men sikonstans kote nou kouvri preskripsyon ki egzekite nan yon famasi ki pa nan rezo a:

Vwayaj: Jwenn kouvèti lè w ap vwayaje oswa lè w pa nan zòn sèvis plan an.

- Si w ap pran yon medikaman sou preskripsyon regilyèman epi w ap vwayaje, verifye rezèv medikaman w anvan w ale. Si sa posib, pran tout medikaman w ap gen bezwen yo. Ou ka anmezi pou kòmande medikaman sou preskripsyon ou yo davans nan yon famasi kòmman pa lapòs.

Chapit 5 Itilize kouvèti plan an pou medikaman sou preskripsyon Pati D yo

- Si w ap vwayaje anndan peyi Etazini ak sou teritwa yo epi w vin malad, oswa si w gen medikaman sou preskripsyon ki pèdi oswa manke medikaman sou preskripsyon, nou kouvri preskripsyon ki egzekite nan famasi ki pa nan rezo yo. Nan sitiyasyon sa a, w ap oblije peye tout depans yo (olye pou w jis peye kopèman oswa ko-asirans) lè w ap egzekite preskripsyon w lan. Ou ka mande nou pou ranbouse w pou frè pataje nou yo pandan w ap soumèt yon fòm ranbousman. Si w ale nan yon famasi ki pa nan rezo a, ou ka responsab pou peye diferans ki genyen ant sa nou t ap peye pou yon preskripsyon ki te egzekite nan yon famasi nan rezo a ak sa famasi ki pa nan rezo a te chaje pou preskripsyon w lan. Pou jwenn enfòmasyon sou kòman pou soumèt yon demann ranbousman, tanpri ale gade nan Chapit 7, Seksyon 2, *Kòman Pou mande nou ranbouse w oswa pou peye yon fakti ou te resevwa*.
- Ou ka rele Sèvis Manm yo tou pou konnen si gen yon famasi rezo a nan zòn kote w ap vwayaje a.
- Nou pa kapab peye pou preskripsyon ki egzekite nan famasi ki pa nan peyi Etazini ak teritwa li yo, menm si ta gen yon ijans medikal.

Ijans Medikal: E si Mwen bezwen yon preskripsyon akòz yon ijans medikal oswa paske Mwen te bezwen swen ijan?

- Nou kouvri preskripsyon ki egzekite nan yon famasi ki pa nan rezo a si yo gen rapò ak yon ijans medikal oswa swen ijan. Nan sitiyasyon sa a, w ap oblije peye tout depans yo (olye pou w jis peye kopèman oswa ko-asirans) lè w ap egzekite preskripsyon w lan. Ou ka mande nou pou ranbouse w pou frè pataje nou yo pandan w ap soumèt yon fòm ranbousman. Si w ale nan yon famasi ki pa nan rezo a, ou ka responsab pou peye diferans ki genyen ant sa nou t ap peye pou yon preskripsyon ki te egzekite nan yon famasi nan rezo a ak sa famasi ki pa nan rezo a te chaje pou preskripsyon w lan. Pou jwenn enfòmasyon sou kòman pou soumèt yon demann ranbousman, tanpri ale gade nan Chapit 7, Seksyon 2, *Kòman Pou mande nou ranbouse w oswa pou peye yon fakti ou te resevwa*.

Sitiyasyon Adisyonèl: Nan lòt ka ou ka jwenn kouvèti pou preskripsyon w yo si w ale nan yon famasi ki pa nan rezo a.

- N ap kouvri preskripsyon ou nan yon famasi ki pa nan rezo a si omwen youn nan kondisyon sa yo aplike:
 - Si ou pa kapab jwenn yon medikaman ki kouvri alè nan zòn sèvis nou an paske pa gen famasi nan rezo a, nan yon distans rezonab nan machin, ki ofri sèvis 24 sou 24.
 - Si w ap eseye egzekite yon medikaman sou preskripsyon ki pa estoke regilyèman nan yon famasi detayan oswa famasi kòmman pa lapòs nan yon rezo ki aksesib (tankou medikaman chè epi ki inik).
 - Si w ap resevwa yon vaksen ki nesèsè medikalman men Medicare Part B pa kouvri ak kèk medikaman ki kouvri yo bay nan biwo doktè w la.
- Pou tout sitiyasyon ki endike anwo yo, ou ka resevwa rezèv medikaman sou preskripsyon pou jiska 30 jou. Anplis sa, w ap gen chans pou peye depans famasi ki pa nan rezo a pou medikaman an epi soumèt dokiman pou jwenn ranbousman nan men plan nou an. Tanpri asire w ou enkli yon eksplikasyon sou sitiyasyon an konsènan rezon ou te itilize yon famasi ki pa nan rezo nou an. Sa ap ede nou trete demann ranbousman ou an.

Kòman pou mande ranbousman nan plan an?

Si w dwe itilize yon famasi ki pa nan rezo a, jeneralman w ap oblije peye pou tout depans yo pandan w ap egzekite preskripsyon w lan. Ou ka mande nou pou ranbouse ou. (Chapit 7, Seksyon 2 a eksplike kòman pou mande plan an ranbouse ou.)

SEKSYON 3 Medikaman ou yo dwe sou Lis Medikaman plan an**Seksyon 3.1 Lis Medikaman an endike ki medikaman Pati D ki kouvri**

Plan an genyen yon *Lis Medikaman ki kouvri (fòmilè)*. Nan *Prèw Kouvèti sa a*, nou jis rele li **Lis Medikaman**.

Plan an chwazi medikaman ki nan lis sa a avèk èd yon ekip doktè ak famasyen. Lis la reponn ak egzijans Medicare yo epi Medicare te apwouve li.

Lis Medikaman an enkli medikaman Medicare Part D kouvri yo. Anplis medikaman Medicare kouvri yo, yo kouvri kèk medikaman sou preskripsyon pou ou anba avantaj Ajans pou Administrasyon Swen Sante (Pwogram Medicaid Florida a). Pou jwenn plis enfòmasyon sou kouvèti medikaman Medicaid tanpri kontakte Ajans pou Administrasyon Swen Sante (Pwogram Medicaid Florida a) pou detèmine ki kouvèti medikaman ki ka disponib pou ou. (Ou ka jwenn nimewo telefòn Medicaid ak enfòmasyon pou kontakte yo nan Chapit 2, Seksyon 6.)

Nou pral jeneralman kouvri medikaman ki nan Lis Medikaman plan an depi ou repekte lòt règ kouvèti yo eksplike nan chapit sa a epi depi medikaman an itilize pou yon endikasyon medikalman aksepte. Yon endikasyon medikalman aksepte se yon itilizasyon medikaman ki *swa*:

- Administrasyon Manje ak Medikaman te apwouve pou dyagnostik oswa kondisyon li preskri a, oswa
- Kèk referans sipòte, tankou American Hospital Formulary Service Drug Information ak Micromedex DRUGDEX Information System.

Lis medikaman an gen ladan medikaman ki gen non komèsyal, medikaman ki gen non jenerik, ak pwodwi byolojik (ki ka gen ladan byosimilè).

Yon medikaman ki gen non komèsyal se yon medikaman sou preskripsyon yo vann anba yon deziyasyon komèsyal pwoteje fabrikan medikaman an genyen. Pwodwi byolojik yo se medikaman ki pi konplèks pase medikaman òdinè yo. Nan Lis Medikaman an, tèm medikaman ka deziyen yon medikaman oswa yon pwodwi byolojik.

Yon medikaman ki gen non jenerik se yon medikaman sou preskripsyon ki gen menm engredyan aktif ak medikaman ki gen non komèsyal la. Pwodwi byolojik yo gen altènativ yo rele byosimilè. Jeneralman, medikaman ki gen non jenerik ak byosimilè yo efikas menm jan ak pwodwi ki gen non komèsyal yo oswa pwodwi byolojik orijinal yo epi yo jeneralman koute mwens. Gen anpil medikaman ki gen non komèsyal ak altènativ byosimilè pou kèk pwodwi byolojik orijinal. Gen kèk byosimilè ki se byosimilè ki ka ranplase epi, selon lwa eta a, yo ka ranplase pwodwi byolojik orijinal yo nan famasi san yo pa bezwen yon nouvo preskripsyon, menm jan ak medikaman ki gen non jenerik yo ka ranplase medikaman ki gen non komèsyal yo.

Gade Chapit 12 la pou jwenn definisyon tip medikaman ki ka nan Lis Medikaman an.

Kisa ki pa nan Lis Medikaman an?

Plan an pa kouvri tout medikaman sou preskripsyon.

- Nan kèk ka, lalwa pa pèmèt okenn plan Medicare kouvri kèk tip medikaman. (Pou plis enfòmasyon sou sa, gade Seksyon 7.1 nan chapit sa a.)
- Nan lòt ka, nou te deside pa mete yon medikaman patikilyè nan Lis Medikaman an. Nan kèk ka, ou ka anmezi pou jwenn yon medikaman ki pa nan Lis Medikaman an. (Pou plis enfòmasyon, tanpri gade Chapit 9 la).
- Medikaman sou preskripsyon Ajans pou Administrasyon Swen Sante (Pwogram Medicaid Florida a) kouvri yo pa nan Lis Medikaman an. Tanpri kontakte Ajans pou Administrasyon Swen Sante (Pwogram Medicaid Florida a) pou detèmine ki kouvèti medikaman ki ka disponib pou ou. (Ou ka jwenn nimewo telefòn Medicaid ak enfòmasyon pou kontakte yo nan Chapit 2, Seksyon 6.)

Seksyon 3.2 Kòman ou ka fè konnen si yon medikaman espesifik nan Lis Medikaman an?

Ou gen kat fason pou konnen:

1. Verifye dènye Lis Medikaman nou te bay elektwonikman.
2. Vizite sit entènèt plan an (www.wellcare.com/medicare). Lis Medikaman ki sou sit entènèt la toujou pi resan.
3. Rele Sèvis Manm yo pou konnen si yon medikaman patikilyè nan Lis Medikaman plan an oswa pou mande yon kopi lis la.
4. Itilize "Zouti Avantaj an Tan Reyèl" plan an (www.wellcare.com/medicare oswa pandan w ap rele Sèvis Manm yo). Avèk zouti sa a, ou ka chèche medikaman nan Lis Medikaman an pou jwenn yon estimasyon sou sa w ap gen pou peye epi wè si gen medikaman altènatif nan Lis Medikaman an ki ka trete menm kondisyon an.

SEKSYON 4 Genyen restriksyon sou kouvèti pou kèk medikaman

Seksyon 4.1 Poukisa kèk medikaman gen restriksyon?

Pou kèk medikaman sou preskripsyon, gen règ espesyal ki mete restriksyon sou kòman ak ki lè plan an kouvri yo. Yon ekip doktè ak famasyon te devlope règ sa yo pou ankouraje ou menm ak founisè w la itilize medikaman yo nan yon fason ki pi efikas posib. Pou konnen si nenpòt nan restriksyon sa yo aplike pou yon medikaman w ap pran oswa ou vle pran, verifye Lis Medikaman an.

Chapit 5 Itilize kouvèti plan an pou medikaman sou preskripsyon Pati D yo

Si yon medikaman ki san danje, ki mwens chè efikas medikalman menm jan ak yon medikaman ki pi chè, règ plan an fèt pou ankouraje ou menm ak founisè w la itilize opsyon sa a ki mwens chè a.

Tanpri sonje pafwa yon medikaman ka parèt plis pase yon fwa nan Lis Medikaman nou an. Se paske menm medikaman yo ka varye selon dòz, kantite, oswa fòm medikaman founisè swen sante ou a te preskri, epi diferan restriksyon oswa frè pataje ka aplike pou diferan vèsyon medikaman an (egzanp, 10 mg pa rapò ak 100 mg; youn pa jou pa rapò ak de pa jou; konprime pa rapò ak likid).

Seksyon 4.2 Ki tip restriksyon?

Seksyon ki anba yo eksplike tip restriksyon nou genyen sou kèk medikaman.

Si gen yon restriksyon sou medikaman ou an, jeneralman sa vle di ou menm oswa founisè w la ap bezwen pran yon etap adisyonèl yon fason pou nou ka kouvri medikaman an. Kontakte Sèvis Manm yo pou w konnen kisa ou menm oswa founisè w la dwe fè pou jwenn kouvèti pou medikaman an. **Si ou ta renmen nou leve restriksyon an pou ou, w ap bezwen swiv pwosesis desizyon sou kouvèti a epi mande nou pou nou fè yon eksepsyon.** Nou ka dakò oswa refize leve restriksyon an pou ou. (Gade Chapit 9 la)

Jwenn apwobasyon plan alavans

Pou kèk medikaman, ou menm oswa founisè w la dwe jwenn apwobasyon plan anvan nou dakò pou nou kouvri medikaman an pou ou. Yo rele sa a **otorizasyon alavans**. Yo mete sa a an plas pou asire sekirite medikaman yo ak pou ede gide itilizasyon apwopriye kèk medikaman. Si w pa jwenn apwobasyon sa a, plan an ka pa kouvri medikaman w lan.

Eseye yon medikaman diferan an premye

Egzijans sa a ankouraje w eseye medikaman mwens chè men ki jeneralman efikas anvan plan an kouvri yon lòt medikaman. Egzanp, si Medikaman A ak Medikaman B trete menm kondisyon medikal epi Medikaman A koute mwens chè, plan an ka mande pou w eseye Medikaman A an premye. Si Medikaman A pa fonksyone pou ou, lè sa a plan an pral kouvri Medikaman B a. Egzijans sa a pou eseye yon medikaman diferan an premye a rele **terapi pa etap**.

Limit kantite

Pou kèk medikaman, nou limite kantite medikaman ou ka jwenn chak fwa ou egzekite preskripsyon ou an. Egzanp, si jeneralman yo konsidere li san danje pou w pran yon sèl konprime pa jou pou kèk medikaman, nou ka limite kouvèti preskripsyon ou an ak yon sèl konprime pa jou.

SEKSYON 5 E si youn nan medikaman ou yo pa kouvri nan fason ou ta renmen pou yo kouvri l la?

Seksyon 5.1 Gen bagay ou ka fè si medikaman w lan pa kouvri nan fason w ta renmen yo kouvri l la

Gen sitiyasyon kote yon medikaman sou preskripsyon w ap pran, oswa youn ou menm ak founisè w la kwè ou ta dwe pran, ki pa nan lis medikaman nou an oswa ki gen restriksyon sou li. Egzanp:

- Medikaman an ka pa kouvri ditou. Oswa petèt yon vèsyon non jenerik medikaman an kouvri, men vèsyon non komèsyal ou vle pran an pa kouvri.
- Medikaman an kouvri, men gen règ oswa restriksyon adisyonèl konsènan kouvèti li, jan sa eksplike nan Seksyon 4 la.
- Gen bagay ou ka fè si medikaman w lan pa kouvri nan fason w ta renmen yo kouvri l la. **Si medikaman ou an pa nan Lis Medikaman an oswa li gen restriksyon sou li, ale nan Seksyon 5.2 a pou konnen kisa ou kapab fè.**

Seksyon 5.2 E si medikaman ou an pa nan Lis Medikaman an oswa li gen restriksyon sou li?

Si medikaman ou an pa nan Lis Medikaman an oswa li gen restriksyon sou li, men kèk opsyon:

- Ou ka anmezi jwenn yon rezèv tanporè pou medikaman an.
- Ou ka chanje medikaman.
- Ou ka mande yon **eksepsyon** epi mande plan an pou kouvri medikaman an oswa leve restriksyon sou li.

Ou ka anmezi jwenn yon rezèv tanporè

Nan kèk sikonstans, plan an dwe bay youn rezèv tanporè pou yon medikaman ou deja pran. Rezèv tanporè sa a ba ou tan pou w pale ak founisè w la sou chanjman an.

Pou w ka kalifye pou yon rezèv tanporè, medikaman w t ap pran an **pa dwe sou Lis Medikaman plan an ankò OSWA gen restriksyon kounya sou li.**

- **Si ou se yon nouvo manm**, nou pral kouvri yon rezèv tanporè pou medikaman ou an pandan premyè **90 jou** enskripsyon ou nan plan an.
- **Si ou te yon manm plan an ane dènyè**, n ap kouvri yon rezèv tanporè pou medikaman ou an pou premyè **90 jou** ane sivil la.

Chapit 5 Itilize kouvèti plan an pou medikaman sou preskripsyon Pati D yo

- Rezèw tanporè sa a pral pou yon maksimòm 30 jou nan yon famasi an detay, oswa 31 jou nan yon famasi swen alontèm. Si preskripsyon w lan ekri pou yon peryòd tan ki pi kout, n ap pèmèt plizyè reegzekisyon pou bay jiska yon maksimòm 30 jou rezèw nan yon famasi detayan, oswa 31 jou nan yon famasi swen alontèm. Ou dwe egzekite preskripsyon an nan yon famasi rezo a. (Tanpri sonje famasi swen alontèm nan ka bay medikaman an nan pi piti kantite alafwa pou evite gaspiyaj.)
- **Pou manm ki nan plan an pou plis pase 90 jou, epi ki rezide nan yon etablisman swen alontèm epi ki bezwen yon rezèw imedyatman:**

Nou pral kouvri yon rezèw ijans 31 jou pou yon medikaman patikilyè, oswa mwens si preskripsyon ou an ekri pou yon peryòd ki pi kout. Sa a ajoute ak rezèw tanporè ki mansyone pi wo a.

- **Pou manm ki gen yon chanjman nan nivo swen (tankou deplase ale oswa soti nan yon etablisman swen alontèm oswa lopital) epi ki bezwen yon rezèw imedyatman:**

N ap kouvri yon rezèw 30 jou, oswa mwens si preskripsyon w lan ekri pou yon peryòd ki pi kout (nan ka sa a nou pral pèmèt plizyè reegzekisyon pou bay yon total jiska 30 jou rezèw medikaman).

Pou kesyon konsènan yon rezèw tanporè, kontakte Sèvis Manm yo.

Pandan w ap itilize yon rezèw tanporè pou yon medikaman, ou ta dwe pale ak founisè w la pou deside kisa pou w fè lè rezèw tanporè ou a fini. Ou gen de opsyon:

1) Ou ka chanje medikaman

Pale ak founisè w la pou w konnen si gen yon medikaman diferan plan an kouvri ki ta ka efikas pou ou tou. Ou ka rele Sèvis Manm yo pou mande yon lis medikaman ki kouvri ki trete menm kondisyon medikal la. Lis sa a ka ede pwofesyonèl swen sante w la jwenn yon medikaman ki kouvri ki ka efikas pou ou.

2) Ou kapab mande yon eksepsyon

Ou menm ak founisè w la ka mande plan an pou fè yon eksepsyon epi kouvri medikaman an jan ou vle li kouvri a. Si founisè w la eksplike ou gen rezon medikal ki jistifye demann yon eksepsyon, founisè w la kapab ede w fè demann lan. Egzanp, ou ka mande plan an pou li kouvri yon medikaman menmsi li pa nan Lis Medikaman plan an. Oswa ou ka mande plan an pou fè yon eksepsyon epi kouvri medikaman san restriksyon yo.

Si w se yon manm aktyèl epi yo pral retire yon medikaman w ap pran nan Lis Medikaman plan an oswa mete restriksyon sou yo nan yon fason pou ane pwochè, n ap fè w konnen nenpòt chanjman anvan nouvo ane a. Ou ka mande yon eksepsyon anvan fen ane a epi n ap reponn nan 72 èdtan aprè nou resevwa demann ou an (oswa deklarasyon sipò nan men moun ki preskri w la). Si nou apwouve demann ou an, n ap otorize kouvèti a anvan chanjman an antre an vigè.

Si ou menm ak founisè w la vle mande yon eksepsyon, Chapit 9, Seksyon 7.4 eksplike w kòman pou w fè sa. Li eksplike pwosedi ak dat limit Medicare fikse pou asire demann ou an trete rapidman ak nan yon fason ki jis.

SEKSYON 6 E si kouvèti w la chanje pou youn nan medikaman w yo?**Seksyon 6.1 Lis Medikaman an ka chanje pandan ane a**

Pifò chanjman nan kouvèti medikaman yo fèt nan kòmansman chak ane (1 janvyè). Sepandan, pandan ane a, plan an ka fè chanjman nan Lis Medikaman an. Egzanp, plan an ka:

- **Ajoute oswa retire medikaman nan Lis Medikaman an.**
- **Ajoute oswa leve yon restriksyon sou kouvèti yon medikaman.**
- **Ranplase yon medikaman ki gen non komèsyal avèk yon vèsyon jenerik medikaman an.**
- Ranplase yon pwodwi byolojik orijinal ak yon vèsyon byosimilè ki ka ranplase pwodwi byolojik la.

Nou dwe suiv egzijans Medicare yo anvan nou chanje Lis Medikaman plan an.

Gade Chapit 12 la pou jwenn definisyon tip medikaman ki diskite nan chapit sa a.

Seksyon 6.2 Kisa k ap pase si kouvèti pou yon medikaman w ap pran chanje?**Enfòmasyon sou chanjman nan kouvèti medikaman**

Lè gen chanjman ki fèt nan Lis Medikaman an, nou pibliye enfòmasyon sou yo sou sit entènèt nou an. Nou mete ajou tou regilyèman Lis Medikaman nou an anliy. Seksyon sa a dekri tip chanjman nou ka fè nan “Lis Medikaman” an ak kilè w ap resevwa notifikasyon dirèk si chanjman yo te fèt pou yon medikaman w ap pran.

Chanjman nou ka fè nan Lis Medikaman an ki pral afekte w pandan ane plan aktyèl la

- **Ajoute nouvo medikaman nan Lis Medikaman an epi imedyatman retire oswa chanje yon medikaman ki sanble nan Lis Medikaman an.**
 - Lè nou ajoute yon nouvo vèsyon yon medikaman nan Lis Medikaman an, nou ka retire imedyatman yon medikaman ki sanble nan Lis Medikaman an, deplase li nan yon lòt nivo pataj depans, ajoute nouvo restriksyon, oswa fè toude. Nouvo vèsyon medikaman an pral gen menm restriksyon oswa mwens.
 - N ap fè chanjman imedya sa yo sèlman si nou ap ajoute yon nouvo vèsyon jenerik yon medikaman ki gen non komèsyal oswa kèk nouvo vèsyon byosimilè yon pwodwi byolojik orijinal ki deja sou Lis Medikaman an.
 - Nou ka fè chanjman sa yo imedyatman epi fè w konnen aprè, menm si w ap pran medikaman n ap retire oswa chanje a. Si w ap pran medikaman ki sanble a nan moman nou fè chanjman an, n ap fè w konnen chanjman espesifik nou te fè yo.

Chapit 5 Itilize kouvèti plan an pou medikaman sou preskripsyon Pati D yo

- **Ajoute medikaman nan Lis Medikaman an epi retire oswa modifye yon medikaman ki sanble nan Lis Medikaman an avèk avi alavans.**
 - Lè nou ajoute yon lòt vèsyon yon medikaman nan Lis Medikaman an, nou ka retire yon medikaman ki sanble nan Lis Medikaman an, deplase li nan yon lòt nivo depans pataje, ajoute nouvo restriksyon, oswa fè toude. Vèsyon medikaman nou ajoute a pral gen menm restriksyon oswa mwens.
 - N ap fè chanjman sa yo sèlman si nou ap ajoute yon nouvo vèsyon jenerik yon medikaman ki gen non komèsyal oswa kèk nouvo vèsyon byosimilè yon pwodwi byolojik orijinal ki deja sou Lis Medikaman an.
 - N ap enfòme w omwen 30 jou anvan nou fè chanjman an, oswa n ap fè w konnen chanjman an epi kouvri yon egzekisyon 30 jou vèsyon medikaman w ap pran an.
- **Retire medikaman danjere ak lòt medikaman nan Lis Medikaman an yo retire sou mache a.**
 - Pafwa yo ka jije yon medikaman danjere oswa yo retire li sou mache a pou yon lòt rezon. Si sa rive, nou ka retire medikaman an imedyatman nan Lis Medikaman an. Si w ap pran medikaman sa a, n ap fè w konnen aprè nou fè chanjman an.
- **Fè lòt chanjman nan medikaman ki sou Lis Medikaman an.**
 - Nou ka fè lòt chanjman aprè kòmansman ane a ki afekte medikaman ou ap pran yo. Egzanp, nou baze sou avètisman bwat FDA oswa nouvo direktiv klinik Medicare rekonèt.
 - N ap fè w konnen omwen 30 jou anvan n fè chanjman sa yo, oswa n ap fè w konnen chanjman an epi n ap kouvri yon egzekisyon siplemantè 30 jou pou medikaman w ap pran an.

Si nou fè youn nan chanjman sa yo nan yon medikaman w ap pran, pale avèk moun k ap preskri w la ki opsyon ki pi bon pou ou, tankou chanjman yon lòt medikaman pou trete kondisyon w lan oswa mande yon desizyon sou kouvèti a pou satisfè nouvo restriksyon sou medikaman w ap pran an. Oumenm oswa moun k ap preskri w la ka mande nou yon eksepsyon pou kontinye kouvri medikaman an oswa vèsyon medikaman w ap pran an. Pou plis enfòmasyon sou fason pou mande yon desizyon sou yon kouvèti, tankou yon eksepsyon, gade Chapit 9.

Chanjman nan Lis Medikaman an ki pa afekte w pandan ane plan aktyèl la

Nou ka fè kèk chanjman nan Lis Medikaman ki pa dekri pi wo a. Nan ka sa yo, chanjman an pap afekte w si w ap pran medikaman an nan moman chanjman an fèt la; sepandan, chanjman sa yo ka afekte w apati lye janvyè ane kap vini an si w rete nan menm plan an.

Jeneralman, chanjman ki pap afekte w pandan ane plan aktyèl la se:

- Nou ajoute yon nouvo restriksyon sou itilizasyon medikaman ou yo.
- Nou retire medikaman ou an nan Lis Medikaman an.

Chapit 5 Itilize kouvèti plan an pou medikaman sou preskripsyon Pati D yo

Si nenpòt nan chanjman sa yo konsène yon medikaman w ap pran (eksepte retrè nan mache a, ranplasman yon medikaman ki gen non komèsyal ak yon medikaman ki gen non jenerik, oswa yon lòt chanjman ki masyone nan seksyon ki anwo yo), chanjman an pap afekte itilizasyon w oswa pataj depans ou jiska 1ye janvyè ane kap vini an.

Nou pap fè w konnen dirèkteman tip chanjman sa yo pandan ane plan aktyèl la. W ap bezwen verifye Lis Medikaman an pou pwochen ane plan an (lè lis la disponib pandan peryòd enskripsyon an ouvè a) pou verifye si gen nenpòt chanjman nan medikaman w ap pran yo ki ka afekte w pandan pwochen ane plan an.

SEKSYON 7 Ki tip medikaman plan an pa kouvri?**Seksyon 7.1 Tip medikaman nou pa kouvri**

Seksyon sa a eksplike w ki tip medikaman sou preskripsyon yo **ekskli**. Sa a vle di Medicare pa peye pou medikaman sa yo.

Si w fè yon kontestasyon epi medikaman ou mande a pa eskli anba Pati D a, n ap peye oswa kouvri li. (Pou enfòmasyon konsènan kontestasyon yon desizyon, gade Chapit 9.) Si Ajans pou Administrasyon Swen Sante (Pwogram Medicaid Florida a) eskli medikaman plan nou an eskli tou a, w ap oblije peye li ou menm.

Men twa règ jeneral konsènan medikaman plan medikaman Medicare pa pral kouvri anba Pati D:

- Kouvèti Medikaman Pati D plan nou an pa kapab kouvri yon medikaman ki ta kouvri anba Medicare Part A oswa Part B.
- Plan nou an pa kapab kouvri yon medikaman ki achte andeyò Etazini oswa teritwa li yo.
- Plan nou an pa kapab kouvri yon medikaman itilizasyon li pa endike sou etikèt la lè Kèk referans pa sipòte itilizasyon sa a, tankou American Hospital Formulary Service Drug Information ak Micromedex DRUGDEX Information System. Itilizasyon ki *pa endike sou etikèt se* nenpòt itilizasyon medikaman ki pa sa ki endike sou etikèt medikaman an, jan Administrasyon Manje ak Medikaman te apwouve.

Anplis sa, dapre lalwa, Medicare pa kouvri kategori medikaman ki anba la yo: Sepandan, kèk nan medikaman sa yo ka kouvri pou ou anba kouvèti medikaman Ajans pou Administrasyon Swen Sante (Pwogram Medicaid Florida a). Tanpri kontakte Ajans pou Administrasyon Swen Sante (Pwogram Medicaid Florida a) pou detèmine ki kouvèti medikaman ki ka disponib pou ou. (Ou ka jwenn nimewo telefòn Medicaid ak enfòmasyon pou kontakte yo nan Chapit 2, Seksyon 6.)

- Medikaman san preskripsyon (yo rele yo tou medikaman an vant lib)
- Medikaman yo itilize pou ankouraje fètinite
- Medikaman yo itilize pou soulaje sentòm tous oswa grip
- Medikaman yo itilize pou rezon kosmetik oswa pou ankouraje kwasans cheve

Chapit 5 Itilize kouvèti plan an pou medikaman sou preskripsyon Pati D yo

- Preskripsyon vitamin ak pwodwi mineral, eksepte vitamin prenatal ak preparasyon fliyò
- Medikaman yo itilize pou trete Pwoblèm seksyèl oswa bann
- Medikaman yo itilize pou trete anoreksi, pèt pwa, oswa pou pran pwa
- Fabrikan an egzije pou tès oswa sèvis siveyans ki asosye ak medikaman pou pasyan ekstèn yo achte sèlman nan men fabrikan an kòm yon kondisyon pou vann.

Si w ap resevwa “Èd Sipleman” pou peye pou preskripsyon w yo, pwogram “Èd Sipleman” a pap kouvri medikaman ki nòmalman pa kouvri. Sepandan, si ou gen kouvèti medikaman atravè Medicaid, pwogram Medicaid eta ou a ka kouvri kèk medikaman sou preskripsyon ki pa nòmalman kouvri nan yon plan medikaman Medicare. Tanpri kontakte pwogram Medicaid eta ou a pou detèmine ki kouvèti medikaman ki ka disponib pou ou. (Ou ka jwenn nimewo telefòn Medicaid ak enfòmasyon pou kontakte yo nan Chapit 2, Seksyon 6.)

SEKSYON 8 Egzekite yon preskripsyon**Seksyon 8.1 Bay enfòmasyon manm ou**

Pou egzekite preskripsyon w lan, bay famasi rezo w chwazi a enfòmasyon sou manm ou, ki sou kat manm ou an. Famasi rezo a ap faktire plan ou an otomatikman pou medikaman an.

Seksyon 8.2 E si ou pa gen enfòmasyon manm ou avèk ou?

Si w pa gen enfòmasyon manm ou avèk ou nan moman w ap egzekite preskripsyon w lan, ou menm oswa famasi a ka rele plan an pou w jwenn enfòmasyon ki nesèsè yo, oswa ou ka mande famasi a pou chèche enfòmasyon sou enskripsyon plan w lan.

Si famasi a pa kapab jwenn enfòmasyon ki nesèsè yo, **ou ka oblije peye pou tout depans preskripsyon an pandan w ap pran li.** (Après sa, ou ka mande nou ranbousman ou. Gade Chapit 7, Seksyon 2 pou enfòmasyon sou fason pou mande plan an ranbouse ou.)

SEKSYON 9 Kouvèti pou medikaman Pati D nan sitiyasyon ki patikilyè**Seksyon 9.1 E si w nan yon lopital oswa yon etablisman swen enfimye kalifye pou yon ospitalizasyon plan an kouvri?**

Si ou ospitalize nan yon lopital oswa yon etablisman swen enfimye kalifye pou yon ospitalizasyon plan an kouvri, n ap kouvri jeneralman depans medikaman sou preskripsyon ou pandan ospitalizasyon ou an. Yon fwa ou kite lopital la oswa etablisman swen enfimye kalifye a, plan an pral kouvri medikaman sou preskripsyon ou yo depi medikaman sa yo reponn ak tout règ kouvèti ki dekri nan Chapit sa a.

Seksyon 9.2 E si w se yon rezidan nan yon etablisman LTC?

Jeneralman, yon etablisman LTC (tankou yon etablisman swen enfimye lakay) gen pwòp famasi li oswa itilize yon famasi ki bay medikaman pou tout rezidan li yo. Si w se yon rezidan nan yon etablisman LTC, ou ka jwenn medikaman sou preskripsyon ou yo atravè famasi etablisman an oswa famasi li itilize a, depi li nan rezo nou an.

Konsilte *Repètwa Founisè ak Famasi* ou a www.2025wellcaredirectories.com pou konnen si famasi etablisman LTC ou a oswa famasi li itilize a nan rezo nou an. Si li pa fè pati rezo nou an, oswa si w bezwen plis enfòmasyon oswa asistans, tanpri kontakte Sèvis Manm yo. Si w nan yon etablisman LTC, nou dwe asire ou kapab resevwa avantaj Pati D ou yo regilyèman atravè rezo famasi LTC nou an.

E si w se yon rezidan nan yon etablisman LTC epi ou bezwen yon medikaman ki pa nan Lis Medikaman nou an oswa ki gen restriksyon sou li kèlkonk?”

Tanpri gade nan seksyon 5.2 pou yon rezèv tanporè oswa ijans.

Seksyon 9.3 E si w gen yon kouvèti medikaman tou atravè yon plan anplwayè oswa yon plan gwoup retirete?

Si ou genyen aktyèlman yon lòt kouvèti medikaman sou preskripsyon atravè gwoup anplwayè w (oswa konjwen ou oswa patnè domestik ou) oswa gwoup retirete ou, tanpri kontakte **administratè avantaj gwoup sa a**. Yo ka ede w detèmine kòman kouvèti aktyèl pou medikaman sou preskripsyon w yo ap fonksyone avèk plan nou an.

Jeneralman, si w genyen kouvèti gwoup pou anplwaye oswa retirete, kouvèti medikaman w ap jwenn nan men nou an ap *segondè* parapò ak kouvèti an gwoup la. Sa vle di kouvèti gwoup ou a ap peye an premye.

Remak espesyal konsènan kouvèti kredib:

Chak ane anplwayè w oswa gwoup retirete ou a ta dwe voye yon avi pou di w si kouvèti medikaman w lan pou pwochen ane sivil la kredib.

Si kouvèti plan gwoup la kredib, sa vle di plan an ofri kouvèti medikaman ki ta dwe, an mwayèn, peye omwen menm montan ak kouvèti estanda medikaman sou preskripsyon Medicare.

Konsève avi sa a konsènan kouvèti kredib la, paske ou ka bezwen li aprè. Si ou enskri nan yon plan Medicare ki gen ladann kouvèti medikaman Pati D, ou ka bezwen avi sa a pou pwouve ou te genyen yon kouvèti kredib. Si ou pa te resevwa Avi Kouvèti Kredib la, mande yon kopi nan men administratè avantaj anplwayè w la oswa plan retirete ou a, oswa nan men anplwayè a oswa sendika a.

Seksyon 9.4 E si w nan yon ospis Medicare sètifye?

Ospis ak plan nou an pa kouvri menm medikaman an menm tan. Si w enskri nan ospis Medicare epi w bezwen kèk medikaman (egzanp, medikaman kont kè plen, laksatif, medikaman ki pou soulaje doulè, oswa medikaman kont enkyetid) sèvis ospis ou a pa kouvri paske yo pa gen rapò ak maladi tèminal ou a ak kondisyon ki asosye yo, plan nou an dwe resevwa notifikasyon nan men moun k ap preskri a oswa founisè

Chapit 5 Itilize kouvèti plan an pou medikaman sou preskripsyon Pati D yo

ospis ou a ki endike medikaman an pa gen rapò ak maladi ou a anvan plan nou an ka kouvri medikaman an. Pou evite reta pou resevwa medikaman sa yo plan nou an ta dwe kouvri a, mande founisè ospis ou a oswa moun k ap preskri w la pou bay yon notifikasyon anvan yo egzekite preskripsyon w lan.

Si w anile chwa ospis ou a oswa yo egzeyate w nan etablisman an, plan nou an ta dwe kouvri medikaman w yo jan yo eksplike sa nan dokiman sa a. Pou evite reta nan famasi a lè avantaj ospis Medicare ou a fini, pote dokiman yo nan famasi a pou verifye anilasyon ou an oswa egzeyat ou a.

SEKSYON 10 Pwogram sou sekirite ak jesyon medikaman**Seksyon 10.1 Pwogram pou ede manm yo itilize medikaman an sekirite**

Nou fè revizyon sou itilizasyon medikaman pou manm nou yo pou asire yo resevwa swen ki an sekirite ak apwopriye.

Nou fè yon revizyon chak fwa ou egzekite yon preskripsyon. Nou revize dosye nou yo tou regilyèman. Pandan revizyon sa yo, nou chèche pwoblèm potansyèl tankou:

- Erè posib nan medikaman yo
- Medikaman ki ka pa nesèsè paske w ap pran yon lòt medikaman ki sanble pou trete menm kondisyon an
- Medikaman ki ka pa an sekirite oswa ki ka pa apwopriye akòz laj ou oswa sèks ou
- Kèk konbinezon medikaman ki ka deranje w si w ap pran yo an menm tan
- Preskripsyon pou medikaman ki gen engredyan ou alèji ak yo
- Erè posib nan kantite (dòz) yon medikaman w ap pran
- Kantite danjere medikaman opyoyid pou doule

Si nou detekte yon pwoblèm potansyèl nan itilizasyon medikaman ou yo, n ap travay avèk founisè w la pou rezoud pwoblèm nan.

Seksyon 10.2 Pwogram Jesyon Medikaman (DMP) pou ede manm yo itilize medikaman opyoyid yo an sekirite

Nou gen yon pwogram ki ede nou asire manm yo itilize opyoyid sou preskripsyon ak lòt medikaman yo abize an sekirite. Yo rele pwogram sa a DMP. Si w ap itilize medikaman opyoyid plizyè moun preskri oswa plizyè famasi bay, oswa si w fèk fè yon sidozaj opyoyid, nou ka pale ak moun k ap preskri w la pou asire itilizasyon medikaman opyoyid ou yo apwopriye epi medikalman nesèsè. An kolaborasyon avèk moun k ap preskri w yo, si nou deside itilizasyon medikaman opyoyid oswa benzodyazepin sou preskripsyon ou yo ka pa an sekirite, nou ka limite fason ou ka jwenn medikaman sa yo. Si nou plase ou nan DMP nou an, limit yo ka:

- Egziye w pou w jwenn tout preskripsyon w yo pou medikaman opyoyid oswa benzodyazepin nan youn ou plizyè famasi detèmine yo

Chapit 5 Itilize kouvèti plan an pou medikaman sou preskripsyon Pati D yo

- Egzije w pou w jwenn tout preskripsyon w yo pou medikaman opyoyid oswa benzodyazepin nan youn ou plizyè moun k ap preskri detèmine yo
- Limite kantite medikaman opyoyid oswa benzodyazepin nou pral kouvri pou ou

Si nou planifye pou limite kòman ou ka jwenn medikaman sa yo oswa konbyen ou ka jwenn nan medikaman sa yo, n ap voye yon lèt ba ou alavans. Lèt la ap fè w konnen si nou limite kouvèti medikaman sa yo pou ou, oswa si w ap bezwen jwenn preskripsyon medikaman sa yo sèlman nan men yon moun ki preskri oswa yon famasi espesifik. W ap gen opòtinite pou di nou moun k ap preskri oswa famasi ou prefere itilize, ansanm ak nenpòt lòt enfòmasyon ou panse ki enpòtan pou nou konnen. Aprè w fin gen opòtinite pou reponn, si nou deside limite kouvèti ou pou medikaman sa yo, n ap voye yon lèt lèt ba ou pou konfime limit sa a. Si w panse nou te fè yon erè oswa si ou pa dakò ak desizyon nou an oswa limit nou an, ou menm ak moun k ap preskri w la gen dwa pou fè yon kontestasyon. Si w fè yon kontestasyon, n ap revize ka w la epi n ap ba w yon nouvo desizyon. Si nou kontinye refize nenpòt pati nan demann ou an konsènan limit sou aksè ou nan medikaman, nou pral otomatikman voye dosye ou a bay yon revizè endepandan ki pa fè pati plan nou an. Gade Chapit 9 la pou enfòmasyon sou fason pou mande yon kontestasyon.

Ou pap plase nan DMP nou an si w gen kèk kondisyon medikal, tankou doulè ki gen rapò ak kansè oswa maladi anemi falsifòm, si w ap resevwa swen ospis, swen fen lavi, oswa si w ap viv nan yon etablisman swen alontèm.

Seksyon 10.3 Pwogram Jesyon Terapi Medikaman (MTM) pou ede manm yo jere medikaman yo

Nou gen yon pwogram ki ka ede manm nou yo ki gen bezwen sante konplèks. Pwogram nou an rele Pwogram MTM. Pwogram sa a volontè epi gratis. Yon ekip famasyon ak doktè te devlope pwogram sa a pou ede nou asire manm nou yo jwenn plis avantaj nan medikaman y ap pran yo.

Kèk manm ki gen maladi kwonik espesifik k ap pran medikaman ki koute plis pase kèk montan, oswa ki enskri nan yon DMP pou ede yo itilize opyoyid yo an sekirite, ka jwenn sèvis atravè yon pwogram MTM. Si w kalifye pou pwogram nan, yon famasyon oswa yon lòt pwofesyonèl sante ap fè yon revizyon konplè sou tout medikaman w yo pou ou. Pandan revizyon an, ou ka pale sou medikaman ou yo, depans ou yo, ak nenpòt pwoblèm oswa kesyon sou preskripsyon ou yo ak medikaman san preskripsyon yo. W ap resevwa yon rezime alekri ki gen ladann yon lis tach rekòmande, ak etap pou swiv pou jwenn pi bon rezilta nan medikaman ou yo. W ap resevwa tou yon lis medikaman ki pral gen ladann tout medikaman w ap pran yo, dòz yo, ak lè epi rezon w ap pran yo. Anplis sa, manm pwogram MTM yo pral resevwa enfòmasyon sou eliminasyon an sekirite medikaman sou preskripsyon ki se sibstans kontwole.

Li rekòmande pou w pale avèk doktè ou a sou lis tach rekòmande a ak lis medikaman an. Pote rezime a avèk ou pandan vizit ou yo oswa chak fwa ou ap pale ak doktè ou yo, famasyon yo ak lòt pwofesyonèl swen sante ou yo. Anplis sa, kenbe lis medikaman ou ajou epi avèk ou (egzanp, avèk ID ou) nan ka ou bezwen ale lopital oswa nan sal ijans lan.

Si nou gen yon pwogram ki reponn ak bezwen w yo, n ap enskri w otomatikman epi n ap voye enfòmasyon ki nesèsè yo ba ou. Si w deside pa patisipe, tanpri fè nou konnen epi n ap retire w nan pwogram nan. Si w gen nenpòt kesyon sou pwogram sa a, tanpri kontakte Sèvis Manm yo.

SEKSYON 11 Nou voye rapò ba ou ki eksplike pèman yo te fè pou medikaman ou yo ak etap pèman ou ye a

Seksyon 11.1 Nou voye yon rezime chak mwa ba ou ki rele *Eksplikasyon Avantaj Pati D* (oswa EOB Pati D)

Plan nou an swiv depans medikaman sou preskripsyon ou yo ak pèman ou fè lè ou egzekite oswa reegzekite preskripsyon ou yo nan famasi a. Konsa, nou ka fè w konnen lè w soti nan yon etap pèman medikaman pou ale nan pwochen an. Patikilyèman, nou swiv de tip depans:

- Nou swiv konbyen ou peye. Yo rele sa **Depans ki soti nan Pòch** ou. Sa a gen ladan sa ou te peye pou yon medikaman Pati D, nenpòt pèman pou medikaman yon manm fanmi oswa zanmi te fè pou ou, ak nenpòt pèman pou medikaman atravè "Ed Sipleman" Medicare, plan sante anplwayè oswa sendika, TRICARE, Sèvis Sante Endyen, pwogram asistans medikaman kont AIDS, òganizasyon charitab, ak pifò Pwogram Asistans Famasetik Eta (SPAP) ki te fèt pou ou.
- Nou swiv **Depans Total Medikaman** ou yo. Sa a se total tout pèman yo te fè pou medikaman Pati D ki kouvri ou yo. Sa enkli sa plan an te peye, sa ou te peye, ak sa lòt pwogram oswa òganizasyon te peye pou medikaman Pati D ki kouvri ou yo.

Si ou te egzekite youn oswa plizyè preskripsyon atravè plan an nan mwa anvan an n ap voye yon EOB *Pati D* pou ou. EOB Pati D a gen ladann:

- **Enfòmasyon pou mwa sa a.** Rapò sa a bay detay pèman pou preskripsyon ou te egzekite nan mwa anvan an. Li montre depans total medikaman yo, sa plan an te peye, ak sa ou menm ak lòt moun te peye nan non w.
- **Total pou ane a depi 1^{ye} Janvyè.** Yo rele sa a enfòmasyon depi nan kòmansman ane. Li montre depans total medikaman yo ak pèman total pou medikaman ou yo depi kòmansman ane a.
- **Enfòmasyon sou pri medikaman.** Enfòmasyon sa a pral montre pri total medikaman an, ansanm ak detay konsènan ogmantasyon pri depi premyè egzekisyon pou chak demann preskripsyon nan menm kantite a.
- **Preskripsyon altènatif ki mwens chè ki disponib.** Sa ap gen ladan li enfòmasyon sou lòt medikaman ki disponib avèk frè pataje pi ba pou chak demann preskripsyon, si sa aplikab.

Seksyon 11.2 Ede nou kenbe enfòmasyon sou pèman medikaman w yo ajou

Pou swiv depans medikaman ou yo ak pèman ou fè yo, nou itilize dosye nou resevwa nan men famasi yo. Men kòman ou ka ede nou kenbe enfòmasyon ou yo kòrèk ak ajou:

- **Montre kat manm ou chak fwa ou ap egzekite yon preskripsyon.** Sa ede nou asire nou konnen ki preskripsyon w ap egzekite ak kisa w ap peye.
- **Asire w nou gen enfòmasyon ki nesèsè yo.** Nan kèk ka ou ka peye pou tout depans medikaman sou preskripsyon an. Nan ka sa yo, nou pa pral otomatikman resevwa enfòmasyon ki nesèsè pou swiv depans ki soti nan pòch ou yo. Pou ede nou swiv depans ki soti nan pòch ou yo, tanpri ban nou kopi resi ou yo. **Men kèk egzanp sitiyasyon kote ou dwe ban nou kopi resi medikaman ou yo:**
 - Lè w achte yon medikaman ki kouvri nan yon famasi ki nan rezo a ak yon pri espesyal oswa lè w ap itilize yon kat rabè ki pa fè pati avantaj plan nou an.
 - Lè w te fè yon kopèman pou medikaman yo te bay nan kad yon pwogram èd pasyan fabrikan medikaman an
 - Nenpòt lè ou te achte medikaman ki kouvri nan famasi ki pa nan rezo a oswa nenpòt lè ou peye pou tout pri yon medikaman ki kouvri nan sikonstans espesyal yo.
 - Si w resevwa yon fakti pou yon medikaman ki kouvri, ou ka mande plan nou an pou li peye frè pataje li a. Pou enstriksyon sou fason pou fè sa, gade Chapit 7, Seksyon 2.
- **Voye ban nou enfòmasyon sou pèman lòt moun fè nan non w.** Pèman kèk lòt moun ak òganizasyon fè konte tou nan depans ki soti nan pòch ou yo. Egzanp, pèman yon Pwogram Èd Medikaman pou VIH (ADAP), Sèvis Sante Endyen, ak òganizasyon charitab yo konte nan depans ki soti nan pòch ou yo. Kenbe yon dosye sou pèman sa yo epi voye yo ban nou pou nou ka swiv depans ou yo.
- **Verifye rapò alekri nou voye ba ou a.** Lè w resevwa EOB Pati D a, revize li pou asire w enfòmasyon yo konplè epi kòrèk. Si w panse gen yon bagay ki manke oswa si w gen nenpòt kesyon, tanpri rele nou nan Sèvis Manm yo. Olye pou w resevwa yon dokiman *EOB Pati D* sou papyè pa lapòs, kounya ou gen opsyon pou resevwa yon vèsyon elektwonik EOB Pati D ou a. Ou ka mande li pandan w ap vizite <https://www.express-scripts.com/>. Si w chwazi enskri, w ap resevwa yon imèl lè EOB Pati D elektwonik ou a pare pou konsilte, enprime oswa telechaje. EOB Pati D Elektwonik yo rele tou EOB Pati D san papyè. EOB Pati D san papyè yo se kopi egzak (imaj) EOB Pati D ki enprime yo. Asire w ou konsève rapò sa yo.

CHAPIT 6:

*Sa ou peye pou medikaman sou
preskripsyon Pati D ou yo*

**Kòman w ka jwenn enfòmasyon sou pri medikaman w yo?**

Etandone ou kalifye pou Ajans pou Administrasyon Swen Sante (Pwogram Medicaid Florida a), ou kalifye epi w ap resevwa “Èd Sipleman tè” nan men Medicare pou peye pou depans plan medikaman sou preskripsyon w lan. Paske ou nan pwogram “Èd Sipleman tè”, **kèk enfòmasyon ki nan *Prèv Kouvèti sa a konsènan depans pou medikaman sou preskripsyon Pati D yo ka pa aplike pou ou.*** Nou te voye ba ou yon sipleman separe, ki rele *Sipleman Prèv Kouvèti pou Moun k ap Resevwa Èd Sipleman tè pou peye Medikaman sou Preskripsyon* (yo rele li tou Sipleman Sibvansyon pou Revni Fèb oswa Sipleman LIS), ki enfòme w sou kouvèti medikaman ou an. Si w pa genyen sipleman sa a, tanpri rele Sèvis Manm yo epi mande pou *sipleman LIS* la.

CHAPIT 7:

*Mande nou pou n peye yon fakti ou te
resevwa pou sèvis medikal oswa
medikaman ki kouvri*

SEKSYON 1 Sityasyon kote ou ta dwe mande nou pou n peye pou sèvis oswa medikaman ou yo ki kouvri yo

Founisè rezo nou yo faktire plan an dirèkteman pou sèvis ak medikaman ki kouvri ou yo – ou pa ta dwe resevwa yon fakti pou sèvis oswa medikaman ki kouvri. Si w resevwa yon fakti pou swen medikal oswa medikaman ou te resevwa, ou dwe voye fakti a ban nou pou nou ka peye li. Lè w voye fakti a ban nou, n ap egzamine li epi n ap detèmine si sèvis ak medikaman yo ta dwe kouvri. Si nou deside yo ta dwe kouvri, n ap peye founisè a dirèkteman.

Si ou te deja peye pou yon sèvis oswa yon pwodwi plan Medicare kouvri, ou ka mande plan nou an pou remèt ou lajan an (remèt ou lajan an souvan vle di **ranbouse** ou). Ou gen dwa pou plan nou an ranbouse w chak fwa ou peye pou sèvis medikal oswa medikaman plan nou an kouvri. Ka gen dat limit ou dwe respekte pou yo ka ranbouse w. Tanpri gade Seksyon 2 nan chapit sa a. Lè w voye yon fakti ou te deja peye ban nou, n ap egzamine li epi n ap deside si sèvis yo oswa medikaman yo ta dwe kouvri. Si nou deside yo ta dwe kouvri, n ap ranbouse w pou sèvis oswa medikaman yo.

Ou ka resevwa tou yon fakti nan men founisè a pou tout depans swen medikal ou te resevwa a oswa petèt pou yon frè pataje ki siperyè ak sa yo diskite nan dokiman sa a. Premyèman eseye regle fakti a dirèkteman ak founisè a. Si sa pa mache, voye fakti a ban nou olye pou peye li. Nou pral egzamine fakti a epi deside si sèvis yo ta dwe kouvri. Si nou deside yo ta dwe kouvri, n ap peye founisè a dirèkteman. Si nou deside pa peye li, nou pral enfòmè founisè a. Ou pa ta dwe janm peye plis pase frè pataje plan an otorize a. Si founisè sa a gen yon kontra, ou toujou gen dwa pou resevwa trètman.

Men kèk egzanp sityasyon kote ou ka bezwen mande plan nou an pou ranbouse ou oswa peye yon fakti ou te resevwa:

1. Lè ou te resevwa swen medikal ijans nan men yon founisè ki pa nan rezo plan nou an

Ou ka resevwa sèvis ijans nan men nenpòt founisè, kit yo nan rezo nou an oswa yo pa nan rezo nou an. Nan ka sa yo, mande founisè a pou faktire plan an.

- Si se ou ki peye tout montan an nan moman w ap resevwa swen yo, mande nou pou nou ranbouse w. Voye fakti a ban nou, ansanm ak nenpòt dokiman sou pèman ou te fè yo.
- Ou ka resevwa yon fakti nan men founisè a ki mande yon pèman ou panse ou pa dwe. Voye fakti sa a ban nou, ansanm ak nenpòt dokiman sou pèman ou te deja fè.
 - Si founisè a dwe resevwa yon pèman, nou pral peye founisè a dirèkteman.
 - Si ou te deja peye pou sèvis la, nou pral ranbouse ou.

Chapit 7 Mande nou pou n peye yon fakti ou te resevwa pou sèvis medikal oswa medikaman ki kouvri

2. Lè yon founisè rezo a voye yon fakti ou panse ou pa ta dwe peye

Founisè rezo yo ta dwe toujou faktire plan an dirèkteman. Men pafwa yo fè erè epi yo mande w peye pou sèvis ou yo.

- Chak fwa ou resevwa yon fakti nan men yon founisè ki nan rezo a, voye fakti a ban nou. Nou pral kontakte founisè a dirèkteman epi rezoud pwoblèm fakti a.
- Si ou te deja peye yon founisè ki nan rezo a yon fakti, voye fakti a ansanm ak nenpòt dokiman sou pèman ou te fè yo. Ou ta dwe mande nou ranbouse w pou sèvis ki kouvri yo.

3. Si w enskri yon fason retwoaktif nan plan nou an

Pafwa enskripsyon yon moun nan plan an retwoaktif. (Sa vle di premyè jou enskripsyon yo deja pase. Dat enskripsyon an ka menm depi ane pase.)

Si ou te enskri yon fasyon retwoaktif nan plan nou an epi ou te peye ak lajan nan pòch ou pou nenpòt nan sèvis medikal oswa medikaman ou yo ki kouvri aprè dat enskripsyon w lan, ou ka mande nou ranbouse ou. Ou pral bezwen soumèt dokiman tankou resi ak fakti pou nou trete ranbousman an.

4. Lè w itilize yon famasi ki pa nan rezo a pou egzekite yon preskripsyon

Si w ale nan yon famasi ki pa nan rezo a, famasi a ka pa kapab soumèt demann lan dirèkteman ban nou. Lè sa a rive, w ap oblije peye tout depans preskripsyon w lan.

Konsève resi w la epi voye yon kopi ban nou lè w ap mande nou pou nou ranbouse ou. Sonje nou kouvri sèlman famasi ki pa nan rezo a nan sikonstans limite yo. Gade Chapit 5, Seksyon 2.5 pou yon diskisyon sou sikonstans sa yo. Nou ka pa ranbouse w diferans ant sa ou te peye pou medikaman nan famasi ki pa nan rezo a ak montan nou t ap peye nan yon famasi ki nan rezo a.

5. Lè w peye tout depans yon preskripsyon paske ou pa gen kat manm plan w lan avèk ou

Si ou pa gen kat manm plan an avèk ou, ou ka mande famasi a pou li rele plan an oswa chèche enfòmasyon sou enskripsyon plan an. Sepandan, si famasi a pa ka jwenn enfòmasyon sou enskripsyon ki nesèsè yo imedyatman, ou ka oblije peye ou menm tout depans preskripsyon an. Konsève resi w la epi voye yon kopi ban nou lè w ap mande nou pou nou ranbouse ou. Nou ka pa ranbouse tout kantite lajan ou te peye a si pri lajan kash ou te peye a pi wo pase pri nou te negosye pou preskripsyon an.

6. Lè ou peye tout depans yon preskripsyon nan lòt sitiyasyon

Ou ka peye tout depans preskripsyon an paske ou konstate medikaman an pa kouvri pou kèk rezon.

- Egzanp, medikaman an ka pa nan Lis Medikaman plan an oswa li ka gen yon kondisyon oswa restriksyon ou pa t konnen oswa ou pa panse ta dwe aplike pou ou. Si w deside pran medikaman an imedyatman, ou ka oblije ou menm peye tout depans lan.
- Konsève resi w la epi voye yon kopi ban nou lè w ap mande nou pou nou ranbouse ou. Nan kèk sitiyasyon, nou ka bezwen jwenn plis enfòmasyon nan men doktè ou a pou nou ka ranbouse ou pou medikaman an. Nou ka pa ranbouse tout kantite lajan ou te peye a si pri lajan kash ou te peye a pi wo pase pri nou te negosye pou preskripsyon an.

Chapit 7 Mande nou pou n peye yon fakti ou te resevwa pou sèvis medikal oswa medikaman ki kouvri

7. Si w enskri yon fason retwoaktif nan plan nou an paske ou te kalifye pou Ajans pou Administrasyon Swen Sante (Pwogram Medicaid Florida a)

Medicaid se yon pwogram kolaborasyon gouvènman federal ak eta ki ede kouvri depans medikal pou kèk moun ki gen revni ak resous limite. Kèk moun ki gen Medicaid otomatikman enskri nan plan nou an pou jwenn kouvèti medikaman sou preskripsyon yo. Pafwa enskripsyon yon moun nan plan an retwoaktif. (Retwoaktif vle di premyè jou enskripsyon yo deja pase. Dat enskripsyon an ka menm depi ane pase.)

Si ou te enskri yon fasyon retwoaktif nan plan nou an epi ou te peye ak lajan nan pòch ou pou nenpòt nan medikaman ou yo aprè dat enskripsyon w lan, ou ka mande nou ranbouse ou pou depans yo. Ou pral bezwen soumèt dokiman tankou resi ak fakti pou nou trete ranbousman an.

- Voye ban nou yon kopi resi ou yo lè w ap mande nou ranbouse ou.
- Ou ta dwe mande ranbousman pou depans ki soti nan pòch ou yo (men pa pou depans yon lòt asirans peye).
 - Plan an ka pa kouvri medikaman ki pa nan lis medikaman an. Tout egzanzp ki anwo yo se tip desizyon sou kouvèti. Sa vle di si nou refize demann pèman w lan, ou ka konteste desizyon nou an. Chapit 9 dokiman sa a (*Kisa pou w fè si w gen yon pwoblèm oswa yon plent (desizyon sou kouvèti, kontestasyon, plent)*) genyen enfòmasyon sou fason pou fè yon kontestasyon.

Lè ou voye ban nou yon demann pou pèman, n ap egzamine demann ou an epi n ap deside si sèvis la oswa medikaman an ta dwe kouvri. Yo rele sa pran yon **desizyon sou kouvèti**. Si nou deside li ta dwe kouvri, n ap peye pou sèvis la oswa medikaman an. Si nou refize demann pèman ou an, ou ka konteste desizyon nou an. Chapit 9 dokiman sa a genyen enfòmasyon sou fason pou fè yon kontestasyon.

SEKSYON 2 Fason pou w mande nou pou n ranbouse w oswa pou nou peye yon fakti ou te resevwa

Ou ka mande nou pou nou ranbouse ou pandan w ap voye yon demann ban nou alekri. Si w voye yon demann alekri, voye fakti w la ak dokiman sou nenpòt pèman ou te fè. Li se yon bon lide pou fè yon kopi fakti ak resi ou pou dosye ou yo. **Ou dwe soumèt demann ou an ban nou nan 365 jou (pou demann medikal) ak nan twa lane (pou demann medikaman)** apati dat ou te resevwa sèvis la, pwodwi oswa medikaman an.

Pou asire w ou ban nou tout enfòmasyon ki nesèsè pou pran yon desizyon, ou ka ranpli fòm demann nou an pou mande yon pèman.

- Ou pa oblije itilize fòm nan, men li pral ede nou trete enfòmasyon yo pi vit. Pou ranbousman manm yo, nou gen fòm demann ki disponib atravè pòtay entènèt la. Malgre nou rekòmande pou manm nou yo itilize fòm nan pou asire tout dokiman sipò yo soumèt, li pa obligatwa. Yo kapab tou soumèt yon kopi fakti a san yo pa itilize fòm nan. Nenpòt fason yo ta dwe gen ladan enfòmasyon founisè yo, dat sèvis yo, Kòd Terminoloji Pwosedi Aktyèl yo (CPT) kote sa aplikab, kòd oswa deskripsyon

Chapit 7 Mande nou pou n peye yon fakti ou te resevwa pou sèvis medikal oswa medikaman ki kouvri

dyagnostik ak montan yo faktire, ansanm ak nenpòt done medikal ki disponib pou yo epi, si sa nesèsè, yon deskripsyon tou kout sou poukisa yo te bezwen swen. Manm nan dwe soumèt tou prèw pèman an nan menm tan l ap soumèt demann ranbousman an. Prèw pèman ki valab se yon deklarasyon labank oswa kat kredi, oswa yon kopi yon chèk anile.

- Telechaje yon kopi fòm nan sou sit entènèt nou an (www.wellcare.com/medicare) oswa rele Sèvis Manm yo pou mande fòm lan.

Pou sèvis medikal, voye demann pou pèman ansanm ak nenpòt fakti oswa resi yo peye ban nou pa lapòs nan adrès sa a:

Adrès pou Demann Pèman

Wellcare
Medical Reimbursement Department
PO Box 31370
Tampa, FL 33631-3370

Pou medikaman sou preskripsyon Pati D, voye demann pou pèman ansanm ak nenpòt fakti oswa resi yo te peye ban nou pa lapòs nan adrès sa a:

Adrès pou Demann Pèman Pati D

Wellcare Medicare Part D Claims
Attn: Member Reimbursement Department
P.O. Box 31577
Tampa, FL 33631-3577

SEKSYON 3 Nou gen pou n konsidere demann ou an pou pèman an epi n ap di wi oswa non

Seksyon 3.1 Nou verifeye si nou ta dwe kouvri sèvis la oswa medikaman an

Lè nou resevwa demann pou pèman w lan, nou ap fè w konnen si nou bezwen nenpòt lòt enfòmasyon nan men w. Sinon, n ap egzamine demann ou an epi n ap pran yon desizyon sou kouvèti a.

- Si nou deside swen medikal yo oswa medikaman an kouvri epi ou te respekte tout règ yo, n ap peye pou sèvis oswa medikaman an. Si ou te deja peye pou sèvis la oswa medikaman an, n ap voye ranbousman an pa lapòs ba ou. Si ou te peye pou tout depans yon medikaman, nou ka pa ranbouse w pou tout montan ou te peye a (egzanp, si ou te resevwa yon medikaman nan yon famasi ki pa nan rezo a oswa si montan lajan kash ou te peye pou yon medikaman pi wo pase pri nou te negosye a). Si ou poko peye pou sèvis la oswa medikaman an, n ap voye pèman dirèkteman bay founisè a pa lapòs.
- Si nou deside swen medikal yo oswa medikaman an *pa* kouvri, oswa si ou *pa* t respekte tout règ yo, nou pap peye pou swen oswa medikaman an. N ap voye yon lèt ba ou pou eksplike poukisa nou pa fè pèman ak dwa ou genyen pou konteste desizyon sa a.

Chapit 7 Mande nou pou n peye yon fakti ou te resevwa pou sèvis medikal oswa medikaman ki kouvri

Seksyon 3.2 Si nou di w nou pap peye pou swen medikal oswa medikaman an, ou ka fè yon kontestasyon

Si w panse nou te fè yon erè pandan n ap refize demann pèman w lan oswa pandan n ap detèmine montan n ap peye, ou ka fè yon kontestasyon. Si ou fè yon kontestasyon, sa vle di w ap mande nou chanje desizyon nou te pran lè nou te refize demann pèman w lan. Pwosesis kontestasyon an se yon pwosedi fòmèl epi detaye ak dat limit enpòtan. Pou plis detay sou fason pou fè yon kontestasyon, al gade nan Chapit 9 dokiman sa a.

CHAPIT 8:

Dwa ak responsablite w yo

SEKSYON 1 Plan nou an dwe onore dwa ak sansiblite kiltirèl ou antanke yon manm plan an

Seksyon 1.1 Nou dwe bay enfòmasyon yo nan yon fason ki bon pou ou epi ki konsistan avèk sansiblite kiltirèl ou (nan lòt lang ki pa anglè, sou fòm odyo, an bray, an gwo lèt detache oswa lòt fòm altènatif, elatriye)

Plan ou an dwe garanti tout sèvis yo, kit li sèvis klinik oswa ki pa klinik, delivre nan divèsite kiltirèl, epi aksesib pou tout moun ki enskri yo, tankou sila yo ki gen konpetans limite nan anglè, ki limite nan konpetans lekti, enkapasite oditif, oswa sila yo ki soti nan divès orizon kiltirèl ak etnik. Egzanp sou fason plan an kapab responn ak egzijans aksesiblite sa yo enkli, men pa limite nan bay sèvis tradiksyon, sèvis entèpretasyon, teleskriptè oswa koneksyon TTY (telefòn tèks oswa telefòn teleskriptè).

Plan nou an genyen sèvis entèprèt gratis disponib pou reponn kesyon manm ki pa pale Anglè yo. Nou gen dokiman ki disponib tou nan lòt lang ki pa anglè moun nan zòn sèvis plan an pale. Nou kapab ba ou tou enfòmasyon sou fòm odyo, an bray, an gwo lèt detache, oswa lòt fòm altènatif gratis si ou bezwen. Nou gen responsablite pou ba ou enfòmasyon sou avantaj plan an nan yon fòm ki aksesib epi ki apwopriye pou ou. Pou ou jwenn enfòmasyon nan men nou nan yon fason ki bon pou ou, tanpri rele Sèvis pou Manm yo.

Plan nou an gen obligasyon pou bay fanm ki enskri yo posiblite pou gen aksè dirèk ak yon espesyalis sante pou fanm anndan rezo a pou sèvis swen sante woutin ak prevantif.

Si founisè espesyalize ki nan rezo plan an pa disponib, se responsablite plan an pou jwenn founisè espesyalize an deyò rezo a pou bay swen nesèsè yo. Nan ka sa a, ou ap sèlman peye frè pataje pou sèvis yo bay nan rezo a. Si ou ta nan yon sitiyasyon kote pa gen espesyalis nan rezo plan ki kouvri sèvis ou bezwen an, rele plan an pou ou jwenn enfòmasyon sou kote pou ou jwenn sèvis sa a ak yon frè pataje ki koresponn ak rezo a.

Si ou gen difikilte pou jwenn enfòmasyon nan plan nou an nan yon fòm ki aksesib e apwopriye pou ou, tanpri rele pou depoze doleyans ou bò kote Sèvis pou Manm yo. Ou ka pote plent tou nan Medicare pandan w ap rele nan: 1-800-MEDICARE (1-800-633-4227) oswa dirèkteman nan Biwo Dwa Sivil 1-800-368-1019 oswa TTY 1-800-537-7697.

Sección 1.1 Debemos brindar información de la manera que le resulte mejor y que respete sus sensibilidades culturales (en idiomas distintos del inglés, audio, braille, letra grande, otros formatos alternativos, etc.).

Su plan está obligado a garantizar que todos los servicios, tanto clínicos como no clínicos, se proporcionen de manera competente desde el punto de vista cultural y sean accesibles para todos los afiliados, incluidos los que tienen un nivel de inglés o una capacidad de lectura limitados, una incapacidad auditiva o un origen cultural y étnico diverso. Algunos ejemplos de cómo un plan puede cumplir con estos requisitos de accesibilidad son, entre otros, proporcionar servicios de traducción, servicios de interpretación, teletipos o conexión TTY (teléfono de texto o teletipo).

Chapit 8 Dwa ak responsablite w yo

Nuestro plan cuenta con servicios de interpretación gratuitos para responder a las preguntas de los afiliados que no hablan inglés. A parte del inglés, también disponemos de contenido para usted en otros idiomas comúnmente hablados en el área de servicio del plan. De ser necesario, también podemos brindarle información en audio, braille, en letra grande u otros formatos alternativos sin costo alguno. Estamos obligados a ofrecerle información acerca de los beneficios del plan en un formato que sea accesible y adecuado para usted. Para obtener información de parte de nosotros en un formato que le sea conveniente, llame Servicios para Miembros.

Nuestro plan está obligado a ofrecer a las mujeres afiliadas la opción de acceder directamente a un especialista en salud femenina dentro de la red para los servicios de atención médica de rutina y preventiva para mujeres.

Si no hay proveedores disponibles en la red del plan para una especialidad, es responsabilidad del plan localizar proveedores especializados fuera de la red que le proporcionen la atención médica necesaria. En este caso, solo pagará los gastos compartidos dentro de la red. Si se encuentra en una situación en la que no hay especialistas en la red del plan que cubran un servicio que usted necesita, llame al plan para que le informen dónde acudir para obtener ese servicio con los costos de gastos compartidos dentro de la red.

Si tiene algún problema para obtener información de nuestro plan en un formato que sea accesible y adecuado para usted, llame para presentar una queja ante Servicios para Miembros. También puede presentar un reclamo ante Medicare llamando al 1-800-MEDICARE (1-800-633-4227) o directamente ante la Oficina de Derechos Civiles al 1-800-368-1019 o TTY 1-800-537-7697.

Mục 1.1 Chúng tôi phải cung cấp thông tin theo cách hiệu quả cho quý vị và phù hợp với các khía cạnh văn hóa nhạy cảm của quý vị (bằng các ngôn ngữ không phải Tiếng Anh, dưới dạng âm thanh, bằng chữ nổi braille, bằng bản in chữ lớn hoặc các định dạng thay thế khác v.v.)

Chương trình của quý vị được yêu cầu đảm bảo tất cả các dịch vụ, cả lâm sàng và phi lâm sàng, được cung cấp một cách có hiệu biết về văn hóa và dễ tiếp cận đối với tất cả những người đăng ký, bao gồm cả những người có trình độ tiếng Anh hạn chế, kỹ năng đọc hạn chế, khiếm thính hoặc những người có nguồn gốc văn hóa và dân tộc đa dạng. Ví dụ về cách một chương trình có thể đáp ứng yêu cầu về khả năng việc dễ tiếp cận này bao gồm, nhưng không giới hạn ở việc cung cấp dịch vụ biên dịch, dịch vụ phiên dịch, máy đánh chữ hoặc kết nối TTY (điện thoại văn bản).

Chương trình của chúng tôi cung cấp dịch vụ thông dịch miễn phí để giải đáp thắc mắc của các thành viên không sử dụng tiếng Anh. Chúng tôi cũng có sẵn tài liệu bằng các ngôn ngữ khác ngoài tiếng Anh được sử dụng ở khu vực dịch vụ của chương trình. Chúng tôi cũng có thể cung cấp cho quý vị thông tin ở dạng âm thanh, chữ nổi braille, bản in khổ chữ lớn hoặc các định dạng khác thay thế miễn phí nếu quý vị cần. Chúng tôi phải cung cấp cho quý vị thông tin về các phúc lợi của chương trình theo định dạng dễ truy cập và thích hợp cho quý vị. Để lấy thông tin từ chúng tôi theo cách phù hợp với quý vị, vui lòng gọi Dịch Vụ Thành Viên.

Chương trình của chúng tôi phải cung cấp cho người ghi danh là phụ nữ tùy chọn tiếp cận trực tiếp chuyên gia sức khỏe phụ nữ trong mạng lưới đối với dịch vụ chăm sóc sức khỏe phòng ngừa và định kỳ của phụ nữ.

Chapit 8 Dwa ak responsablite w yo

Néu khòng có bác sĩ chuyên khoa trong mạng lưới của chương trình, chương trình phải có trách nhiệm tìm bác sĩ chuyên khoa ngoài mạng lưới để cung cấp dịch vụ chăm sóc cần thiết cho quý vị. Trong trường hợp này, quý vị sẽ chỉ thanh toán phần chia sẻ chi phí dịch vụ trong mạng lưới. Nếu quý vị cho rằng mình đang trong tình huống là không có bác sĩ chuyên khoa trong mạng lưới của chương trình bao trả cho dịch vụ mà quý vị cần, hãy gọi chương trình đó để biết thông tin về nơi nhận dịch vụ này mà quý vị chỉ thanh toán phần chia sẻ chi phí trong mạng lưới.

Nếu quý vị gặp rắc rối trong việc nhận thông tin từ chương trình của chúng tôi theo định dạng dễ truy cập và thích hợp cho quý vị, vui lòng gọi để gửi đơn khiếu nại tới Dịch Vụ Thành Viên. Quý vị cũng có thể nộp đơn khiếu nại với Medicare bằng cách gọi theo số 1-800-MEDICARE (1-800-633-4227) hoặc gọi trực tiếp với Phòng Dân Quyền theo số 1-800-368-1019 hoặc TTY 1-800-537-7697.

Seksyon 1.2	Nou dwe asire nou ou gen aksè alè a sèvis ak medikaman ki kouvri ou yo
--------------------	---

Ou gen dwa pou chwazi yon PCP nan rezo plan an pou bay ak fè aranjman pou sèvis ki kouvri ou yo. Ou gen dwa tou pou w konsilte yon espesyalis sante fanm (tankou yon jinekòlòg) san w pa bezwen yon referans.

Ou gen dwa pou jwenn randevou ak sèvis ki kouvri nan rezo founisè plan an *alè*. Sa gen ladann dwa pou w jwenn sèvis alè nan men espesyalis yo lè w bezwen swen sa a. Ou gen dwa tou pou w egzekite oswa reegzekite preskripsyon w yo nan youn nan famasi rezo nou yo san reta.

Si w santi w pa resevwa swen medikal ou oswa medikaman Pati D yo alè, Chapit 9 eksplike sa ou kapab fè.

Seksyon 1.3	Nou dwe pwoteje konfidansyalite enfòmasyon sante pèsònèl ou
--------------------	--

Lwa federal ak lwa eta yo pwoteje enfòmasyon prive dosye medikal ou ak enfòmasyon sante pèsònèl ou. Nou pwoteje enfòmasyon sante pèsònèl ou an akò ak lwa sa yo.

- Enfòmasyon sante pèsònèl ou genyen ladann **enfòmasyon pèsònèl** ou te ban nou lè ou t ap enskri nan plan sa a, ansanm ak dosye medikal ou ak lòt enfòmasyon medikal ak sante.
- Ou gen dwa konsènan enfòmasyon ou yo epi kontwole itilizasyon enfòmasyon sante w yo. Nou ba w yon avi alekri, ki rele yon *Avi Pratik sou Konfidansyalite*, ki pale sou dwa sa yo epi ki eksplike kòman nou pwoteje Konfidansyalite sou enfòmasyon sante w yo.

Kòman nou pwoteje konfidansyalite w sou enfòmasyon sante w?

- Nou asire nou moun ki pa otorize pa wè oswa modifye dosye w yo.
- Eksepte nan sikonstans ki endike anba la yo, si nou gen entansyon divilge enfòmasyon sou sante ou bay yon moun ki pa bay swen ou oswa ki pa peye pou swen ou, *nou oblije jwenn pèmasyon alekri ou oswa pèmasyon yon moun ou te bay otorite legal pou yo pran desizyon pou ou davans*.
- Gen kèk eksepsyon ki pa mande pou nou jwenn pèmasyon alekri ou davans. Lalwa otorize oswa egzije eksepsyon sa yo.
 - Nou oblije divilge enfòmasyon sou sante bay ajans gouvènman yo ki ap kontwole kalite swen yo.

Chapit 8 Dwa ak responsablite w yo

- Paske ou se yon manm nan plan nou an atravè Medicare, nou oblije rapòte enfòmasyon sante ou bay Medicare, ki gen ladan enfòmasyon sou medikaman sou preskripsyon Pati D ou yo. Si Medicare divilge enfòmasyon ou yo pou rechèch oswa lòt itilizasyon, li pral fè sa dapre lwa ak règleman federal yo; jeneralman sa vle di enfòmasyon inik ki idantifye w yo pap pataje.

Ou ka wè enfòmasyon ki nan dosye w yo epi chèche konnen kòman yo te pataje yo ak lòt moun

Ou gen dwa pou w verifye dosye medikal ou genyen nan plan an epi pou w jwenn yon kopi dosye w yo. Nou gen otorizasyon pou fè w peye yon frè pou fè kopi yo. Ou gen dwa tou pou mande nou ajoute oswa fè koreksyon nan dosye medikal ou yo. Si w mande nou sa, n ap travay avèk founisè swen sante w la pou n deside si w bezwen fè chanjman.

Ou gen dwa pou konnen kòman yo te pataje enfòmasyon sante w ak lòt moun pou rezon ki pa yon abitud.

Si w gen nenpòt kesyon oswa enkyetid konsènan konfidansyalite enfòmasyon sante pèsònèl ou, tanpri rele Sèvis Manm yo.

Seksyon 1.4 Nou dwe ba w enfòmasyon sou plan an, rezo founisè li yo ak sèvis ou yo kouvri yo.

Antanke manm plan nou an, ou gen dwa jwenn plizyè tip enfòmasyon nan men nou.

Si w ta renmen jwenn nenpòt nan tip enfòmasyon sa yo, tanpri rele Sèvis Manm yo:

- **Enfòmasyon sou plan nou an.** Egzanp, sa a enkli, enfòmasyon sou sitiyasyon finansyèl plan an.
- **Enfòmasyon sou founisè rezo nou yo ak famasi yo.** Ou gen dwa pou w jwenn enfòmasyon sou kalifikasyon founisè ak famasi ki nan rezo nou an, ansanm ak fason nou peye founisè ki nan rezo nou an.
- **Enfòmasyon sou kouvèti ou a ak règ ou dwe respekte lè w ap itilize kouvèti w la.** Chapit 3 ak 4 bay enfòmasyon konsènan sèvis medikal yo. Chapit 5 ak 6 bay enfòmasyon sou kouvèti pou medikaman sou preskripsyon Pati D.
 - **Remak:** Plan nou an pa rekonpanse pratikan, founisè, oswa anplwaye ki fè revizyon itilizasyon, enkli moun ki nan antite delege yo. Desizyon Jesyon Itilizasyon (UM) yo baze sèlman sou konpetans swen ak sèvis yo, ansanm ak disponiblite kouvèti a. Anplis sa, plan an pa rekonpanse espesyalman pratikan oswa lòt moun pou refi kouvèti. Ankourajman finansyèl pou moun k ap pran desizyon UM yo pa ankouraje desizyon ki lakòz itilizasyon limite.
- **Enfòmasyon konsènan rezon ki fè yon sèvis pa kouvri ak sa ou ka fè pou sa.** Chapit 9 la bay enfòmasyon sou demann yon eksplikasyon alekri pou rezon ki fè yon sèvis medikal oswa yon medikaman Pati D pa kouvri, oswa si kouvèti ou genyen restriksyon sou li. Chapit 9 la bay enfòmasyon tou sou demann pou chanje yon desizyon, yo rele yo tou yon kontestasyon.

Seksyon 1.5 Nou dwe sipòte dwa w pou pran desizyon konsènan swen ou.

Ou gen dwa pou w konnen opsyon trètman w yo epi pou w patisipe nan desizyon konsènan swen sante w

Ou gen dwa pou w jwenn tout enfòmasyon nan men doktè w yo ak lòt founisè swen sante w yo. Founisè w yo dwe eksplike kondisyon medikal ou ak chwa trètman w yo *nan yon fason ou ka konprann*.

Ou gen dwa tou pou w patisipe totalman nan desizyon konsènan swen sante w. Pou ede w pran desizyon ak doktè w yo sou trètman ki pi bon pou ou a, dwa w yo genyen ladan yo:

- **Konnen tout opsyon ou yo.** Ou gen dwa pou yo enfòmè ou sou tout opsyon trètman yo rekòmande pou kondisyon ou, kèlkeswa pri yo oswa kit plan nou an kouvri yo oswa pa kouvri yo. Sa gen ladan tou pou yo te enfòmè w sou pwogram plan nou an ofri pou ede manm yo jere epi itilize medikaman yo an sekirite.
- **Konnen risk yo.** Ou gen dwa pou yo enfòmè w sou tout risk ki asosye ak swen ou. Yo dwe enfòmè w davans si nenpòt swen medikal oswa trètman yo pwopoze fè pati yon eksperyans rechèch. Ou toujou gen chwa pou refize nenpòt trètman eksperimental.
- **Dwa pou di “non.”** Ou gen dwa pou refize nenpòt trètman yo rekòmande. Sa gen ladann dwa pou w kite yon lopital oswa yon lòt etablisman medikal, menm si doktè w la konseye w pou pa kite. Ou gen dwa tou pou sispann pran medikaman ou. Nòmalman, si ou refize yon trètman oswa sispann pran yon medikaman, ou aksepte tout responsablite pou konsekans yo sou kò ou.

Ou gen dwa pou w bay enstriksyon sou sa ki ta dwe fèt si ou pa kapab pran desizyon medikal pou tèt ou.

Pafwa moun konn vin pa kapab pran desizyon sou swen sante yo akòz aksidan oswa maladi grav. Ou gen dwa pou di sa ou vle ki pou fèt si ou nan sitiyasyon sa a. Sa vle di, *si ou vle*, ou kapab:

- Ranpli yon fòm ekri pou bay yon **moun otorite legal pou pran desizyon medikal pou ou** si ou vin pa kapab pran desizyon pou tèt ou.
- **Bay doktè ou yo enstriksyon alekri** sou fason ou vle yo jere swen medikal ou si ou vin pa kapab pran desizyon pou tèt ou.

Dokiman jiridik ou ka itilize pou bay enstriksyon ou yo alavans nan sitiyasyon sa yo rele **Enstriksyon Alavans**. Gen diferan tip direktiv alavans ak divès non pou yo. Dokiman yo rele **testaman lavi** ak **pwokirasyon swen sante** yo se egzanp direktiv alavans.

Si w vle itilize yon direktiv alavans pou bay enstriksyon w yo, men sa pou w fè:

- **Jwenn fòm nan.** Ou ka jwenn yon fòm direktiv alavans nan men avoka w, yon travayè sosyal, oswa nan kèk magazen founiti biwo. Ou kapab pafwa jwenn fòm direktiv alavans nan men òganizasyon ki bay enfòmasyon sou Medicare.
- **Ranpli li epi siyen li.** Kèlkeswa kote w jwenn fòm sa a, sonje se yon dokiman jiridik. Ou ta dwe anvizaje chèche èd nan men yon avoka pou prepare li.

Chapit 8 Dwa ak responsablite w yo

- **Bay kopi yo ak moun ki apwopriye.** Ou ta dwe bay doktè ou a yon kopi ak moun ou deziyen nan fòm nan ki pou pran desizyon pou ou si ou pa kapab fè sa. Ou ka bay zanmi pwòch oswa manm fanmi ou yo yon kopi. Kenbe yon kopi lakay ou.

Si w konnen alavans ou pral ospitalize epi ou te siyen yon direktiv alavans, **pote yon kopi avèk ou lopital la.**

- Lopital la ap mande w si w te siyen yon fòm direktiv alavans epi si w genyen li avèk ou la.
- Si w pa te siyen yon fòm direktiv alavans, lopital la gen fòm ki disponib epi l ap mande w si w ta renmen siyen youn.

Sonje byen, se chwa w pou ranpli yon direktiv alavans (tankou si w vle siyen youn pandan w nan lopital la). Daprè lalwa pèsonn pa ka refize pran swen w oswa fè diskriminasyon kont ou selon desizyon w pran pou w siyen yon direktiv alavans oswa pou pa siyen li.

Kisa pou fè si yo pa swiv enstriksyon ou yo?

Si ou te siyen yon direktiv alavans epi ou kwè yon doktè oswa yon lopital pa te swiv enstriksyon ki ladan li yo, ou ka pote yon plent nan Direktiv Alavans pou Swen Sante nan Florida (Florida Health Care Advance Directives).

Seksyon 1.6	Ou gen dwa pou pote plent epi mande pou nou rekonsidere desizyon nou te pran yo
--------------------	--

Si w gen nenpòt pwoblèm, enkyetid oswa plent epi ou bezwen mande kouvèti oswa fè yon kontestasyon, Chapit 9 nan dokiman sa a eksplike sa ou kapab fè. Kèlkeswa sa w fè -mande yon desizyon sou kouvèti, fè yon kontestasyon, oswa pote yon plent -**nou gen obligasyon pou trete w yon fason ki jis.**

Seksyon 1.7	Ou gen dwa fè rekòmandasyon konsènan politik dwa ak responsablite manm nou yo
--------------------	--

Si w gen nenpòt kesyon oswa enkyetid konsènan dwa ak responsablite yo oswa si w gen sijesyon pou amelyore politik dwa manm nou an, pataje panse w avèk nou pandan w ap kontakte Sèvis Manm yo.

Seksyon 1.8	Evalyasyon nouvo teknoloji
--------------------	-----------------------------------

Nouvo teknoloji yo gen ladan yo pwosedi, medikaman, pwodwi byolojik ki fèk devlope, oswa aparèy pou tretman maladi oswa kondisyon espesifik, oswa nouvo aplikasyon pwosedi, medikaman, pwodwi byolojik, ak aparèy ki deja egziste. Plan nou an swiv Detèminasyon Nasyonal ak Lokal Kouvèti Medicare lè sa aplikab.

Nan absans yon detèminasyon kouvèti Medicare, plan nou an evalye nouvo teknoloji yo oswa nouvo aplikasyon teknoloji ki egziste deja yo pou enkli yo nan plan avantaj ki aplikab pou asire manm yo gen aksè ak bon swen epi swen ki efikas. Evalyasyon sa a fèt atravè yon analiz kritik sou literati medikal ki pibliye nan piblikasyon komite lekti evalye yo, ki gen ladan revizyon sistematik, esè kontwole owaza, etid kòwòt, etid kontwòl ka, etid tèz dyagnostik ak rezilta estatistik enpòtan ki demontre sekirite ak efikasite,

Chapit 8 Dwa ak responsablite w yo

ansanm ak yon revizyon nan gid ki baze sou prèw òganizasyon nasyonal ak otorite rekonèt yo devlope. Plan nou an pran an konsiderasyon tou opinyon, rekòmandasyon, ak evalyasyon doktè pratikan yo, asosyasyon medikal ki rekonèt nan nivo nasyonal ki gen ladan Sosyete ki gen Espesyalite Medikal yo, panèl konsansis yo, oswa lòt òganizasyon rechèch oswa evalyasyon teknoloji ki rekonèt nan nivo nasyonal, ansanm ak rapò ak piblikasyon ajans gouvènman yo (egzanp, Administrasyon Manje ak Medikaman (FDA), Sant pou Kontwòl Maladi (CDC), ak Enstiti Nasyonal Sante (NIH)).

Seksyon 1.9	Kisa w ka fè si w kwè y ap trete w yon fason ki enjis oswa si dwa w yo pa respekte?
--------------------	--

Si se diskriminasyon, kontakte Biwo Dwa Sivil la

Si w kwè yo te trete w yon fason ki enjis oswa yo pa respekte dwa w akòz ras ou, andikap, relijyon, sèks, sante, etnisite ou, kwayans ou, laj ou, oryantasyon seksyèl ou oswa orijin nasyonal ou, ou ta dwe rele **Biwo Dwa Sivil** Depatman Sante ak Sèvis Imen an nan 1-800-368-1019 oswa TTY 1-800-537-7697, oswa kontakte Biwo Dwa Sivil lokal ou a. Ou gen dwa pou yo trete w ak respè epi pou yo rekonèt diyite w.

Kisa pou m fè si se sou yon lòt bagay?

Si w panse yo te trete w yon fason ki enjis oswa dwa w yo pa respekte, *epi sa pa* gen rapò ak diskriminasyon, ou ka jwenn èd pou rezoud pwoblèm ou genyen an:

- Ou ka rele **Sèvis Manm yo**.
- Ou ka rele **SHIP**. Pou plis detay, gade Chapit 2, Seksyon 3.
- Oswa, **ou ka rele Medicare** nan 1-800-MEDICARE (1-800-633-4227), disponib 24 èdtan sou 24, 7 jou sou 7 (TTY 1-877-486-2048).

Seksyon 1.10	Kòman pou w jwenn plis enfòmasyon sou dwa w yo
---------------------	---

Gen plizyè kote ou ka jwenn plis enfòmasyon sou dwa ou yo:

- Ou ka rele **Sèvis Manm yo**.
- Ou ka rele **SHIP**. Pou plis detay, gade Chapit 2, Seksyon 3.
- Ou ka kontakte **Medicare**.
 - Ou ka vizite sit entènèt Medicare pou li oswa telechaje piblikasyon *Dwa ak Pwoteksyon Medicare yo*. (Piblikasyon an disponib nan: www.medicare.gov/Pubs/pdf/11534-Medicare-Rights-and-Protections.pdf.)
 - Oswa, ou ka rele 1-800-MEDICARE (1-800-633-4227), disponib 24 èdtan sou 24, 7 jou sou 7 (TTY 1-877-486-2048).

SEKSYON 2 Ou gen kèk responsabilite antanke manm plan an

Sa ou dwe fè antanke manm plan an endike anba a. Si w gen nenpòt kesyon, tanpri rele Sèvis Manm yo.

- **Abitye ak sèvis ki kouvri yo epi règ ou dwe respekte pou jwenn sèvis ki kouvri yo.** Itilize *Prèw Kouvèti* sa a pou konnen kisa yo kouvri pou ou ak règ ou dwe respekte pou jwenn sèvis ou yo kouvri yo.
 - Chapit 3 ak 4 bay detay sou sèvis medikal ou yo.
 - Chapit 5 ak 6 yo bay detay sou kouvèti medikaman sou preskripsyon Pati D ou a.
- **Si w gen lòt kouvèti asirans sante oswa kouvèti medikaman sou preskripsyon anplis plan nou an, ou oblije fè nou konnen.** Chapit 1 eksplike kòman pou kowòdone sèvis sa yo.
- **Di doktè w ak lòt founisè swen sante w yo ou enskri nan plan nou an.** Montre kat manm plan ou an ak kat Ajans pou Administrasyon Swen Sante (Pwogram Medicaid Florida a) chak fwa w ap resevwa swen medikal oswa medikaman sou preskripsyon Pati D ou yo.
- **Ede doktè w yo ak lòt founisè yo ede w pandan w ap bay enfòmasyon, poze kesyon, epi swiv swen ou.**
 - Pou jwenn pi bon swen, pale ak doktè w yo ak lòt founisè swen sante w yo sou pwoblèm sante w yo. Swiv plan tretman ak enstriksyon ou menm ak doktè ou yo dakò sou yo.
 - Asire w doktè ou yo konnen tout medikaman w ap pran yo, tankou medikaman san preskripsyon, vitamin ak sipleman.
 - Si w gen nenpòt kesyon, pa ezite poze epi asire w ou jwenn yon repons ou ka konprann. Ou gen responsablite pou w konprann pwoblèm sante w yo epi ede defini objektif tretman ou menm ak doktè w dakò sou yo.
- **Fè prèw konsiderasyon.** Nou espere tout manm nou yo respekte dwa lòt pasyan yo. Nou espere tou pou w aji yon fason ki ankouraje yon bon fonksyonman nan biwo doktè w la, lopital ak lòt etablisman yo.
- **Peye sa ou dwe.** Antanke manm plan an, ou responsab pou pèman sa yo:
 - Si ou gen obligasyon pou peye yon montan anplis pou Pati D a akòz revni ou ki pi wo (jan yo rapòte nan dènye deklarasyon taks ou a), ou dwe kontinye peye montan anplis sa dirèkteman bay gouvènman an pou w rete yon manm plan an.
- **Si w demenaje nan zòn sèvis nou an, nou bezwen konnen** pou nou kapab mete ajou dosye manm ou epi konnen kòman pou kontakte w.
- **Si w demenaje andeyò zòn sèvis nou an, ou pap kapab rete yon manm plan nou an.**
- Si w ap demenaje, li enpòtan tou pou w enfòme Sekirite Sosyal la (oswa Komisyon Retrèt nan Chemennfè).

CHAPIT 9:

*Kisa ou dwe fè si ou gen yon pwoblèm
oswa yon plent (desizyon sou kouvèti,
kontestasyon, plent)*

Chapit 9 Kisa ou dwe fè si ou gen yon pwoblèm oswa yon plent (desizyon sou kouvèti, kontestasyon, plent)

SEKSYON 1 Entwodiksyon

Seksyon 1.1 Kisa pou w fè si w gen yon pwoblèm oswa yon enkyetid

Chapit sa a eksplike pwosedi pou jere pwoblèm ak enkyetid. Pwosesis ou itilize pou jere pwoblèm ou an depann de bagay:

1. Kit pwoblèm ou a gen rapò ak avantajki anba kouvèti **Medicare** oswa **Ajans Administrasyon Swen Sante (Pwogram Medicaid Florida a)**. Si w ta renmen èd pou w deside si w ap itilize pwosesis Medicare oswa pwosesis Ajans pou Administrasyon Swen Sante (Pwogram Medicaid Florida a), oswa yo toulede, tanpri kontakte Sèvis Manm yo.
2. Tip pwoblèm ou genyen:
 - Pou kèk pwoblèm, ou dwe itilize **pwosesis pou desizyon sou kouvèti ak kontestasyon an**.
 - Pou lòt pwoblèm yo, ou dwe itilize **pwosesis pou depoze plent**; ki rele tou doleyans.

Medicare te apwouve pwosesis sa yo. Chak pwosesis gen yon seri règ, pwosedi ak dat limit nou menm ak ou dwe respekte

Gid ki nan Seksyon 3 a pral ede w idantifye pwosesis ki apwopriye pou itilize ak sa ou ta dwe fè.

Seksyon 1.2 E pou tèm jiridik yo?

Genyen tèm jiridik pou kèk nan règ yo, pwosedi, ak tip dat limit yo eksplike nan chapit sa a. Pifò moun pa abitye ak anpil nan tèm sa yo epi yo ka difisil pou konprann. Pou rann bagay sa yo pi fasil, chapit sa a:

- Itilize mo ki pi senp nan plas kèk tèm jiridik. Egzanp, chapit sa a jeneralman mansyone depoze yon plent olye depoze yon doleyans, desizyon sou kouvèti olye detèminasyon òganizasyon oswa detèminasyon kouvèti oswa detèminasyon risk, ak òganizasyon revizyon endepandan olye Antite Revizyon Endepandan.
- Li itilize tou mwens abrevyasyon posib.

Sepandan, li ka itil - epi pafwa trè enpòtan - pou ou konnen tèm jiridik ki kòrèk yo. Lè w konnen ki tèm pou itilize sa ap ede w kominike pi byen pou w jwenn bon jan èd oswa enfòmasyon pou sitiyasyon w lan. Pou ede w konnen ki tèm pou itilize, nou enkli tèm jiridik yo lè n ap bay detay pou trete tip sitiyasyon espesifik yo.

SEKSYON 2 Ki kote pou w jwenn plis enfòmasyon ak èd ki pèsonalize

Nou toujou disponib pou ede w. Menm si ou gen yon plent konsènan tretman nou ba ou, nou gen obligasyon pou respekte dwa w pou pote plent. Se poutèt sa, ou ta dwe toujou kontakte sèvis kliyan pou èd. Men nan kèk sitiyasyon ou ka vle tou jwenn èd oswa konsèy nan men yon moun ki pa gen rapò ak nou. Pi ba a w ap jwenn de antite ki ka ede w.

Chapit 9 Kisa ou dwe fè si ou gen yon pwoblèm oswa yon plent (desizyon sou kouvèti, kontestasyon, plent)

Pwogram Èd pou Asirans Sante Eta a (SHIP).

Chak eta gen yon pwogram gouvènman avèk konseyè ki resevwa fòmasyon. Pwogram nan pa gen rapò ak nou, ni ak okenn konpayi asirans oswa plan sante. Konseyè nan pwogram sa a ka ede w konprann ki pwosesis ou ta dwe itilize pou rezoud yon pwoblèm ou genyen. Yo ka reponn kesyon ou yo tou, ba ou plis enfòmasyon, epi bay konsèy sou sa pou fè.

Sèvis konseyè SHIP yo gratis. W ap jwenn nimewo telefòn ak URL sit entènèt yo nan Chapit 2, Seksyon 3 dokiman sa a.

Medicare

Ou ka kontakte Medicare tou pou jwenn èd. Pou kontakte Medicare:

- Ou ka rele 1-800-MEDICARE (1-800-633-4227), disponib 24 èdtan sou 24, 7 jou sou 7. Moun k ap itilize TTY yo dwe rele nan 1-877-486-2048.
- Ou ka vizite sit entènèt Medicare la tou (www.medicare.gov).

Ou ka jwenn èd ak enfòmasyon nan men Ajans pou Administrasyon Swen Sante (Pwogram Medicaid Florida a)

Pou plis enfòmasyon ak èd pou rezoud yon pwoblèm, ou ka kontakte Ajans pou Administrasyon Swen Sante (Pwogram Medicaid Florida a) tou. Men de fason pou jwenn enfòmasyon dirèkteman nan Medicaid:

- Ou ka rele Ajans pou Administrasyon Swen Sante (Pwogram Medicaid Florida a) nan 1-877-711-3662. Itilizatè TTY yo ta dwe rele 1-866-467-4970, lè operasyon yo se Lendi jiska Jedi 8 a.m. pou rive 8 p.m., Vandredi 8 a.m. pou rive 7 p.m.
- Ou ka vizite sit entènèt Ajans pou Administrasyon Swen Sante (Pwogram Medicaid Florida a) (<https://www.flmedicaidmanagedcare.com/home/index>).

SEKSYON 3 Pou fè fas ak pwoblèm ou an, ki pwosesis ou t a dwe itilize?

Paske ou gen Medicare epi ou resevwa èd nan men Ajans pou Administrasyon Swen Sante (Pwogram Medicaid Florida a), ou gen diferan pwosesis ou ka itilize pou ou rezoud pwoblèm ou oswa depoze yon plent.

Pwosesis pou itilize a depann de si pwoblèm nan konsène avantaj Medicare oswa avantaj Ajans pou Administrasyon Swen Sante (Pwogram Medicaid Florida a). Si pwoblèm ou an konsène avantaj Medicare kouvri, alòs ou ta dwe itilize pwosesis Medicare la. Si pwoblèm ou an konsène avantaj Ajans pou Administrasyon Swen Sante (Pwogram Medicaid Florida a) kouvri, alòs ou ta dwe itilize pwosesis Ajans pou Administrasyon Swen Sante (Pwogram Medicaid Florida a). Si w ta renmen èd pou w deside si w ap itilize pwosesis Medicare oswa pwosesis Ajans pou Administrasyon Swen Sante (Pwogram Medicaid Florida a), tanpri kontakte Sèvis Manm yo.

Pwosesis Medicare ak pwosesis Ajans pou Administrasyon Swen Sante (Pwogram Medicaid Florida a) yo dekri nan diferan seksyon nan chapit sa a. Pou konnen ki seksyon ou ta dwe li, gade tablo ki anba a.

Chapit 9 Kisa ou dwe fè si ou gen yon pwoblèm oswa yon plent (desizyon sou kouvèti, kontestasyon, plent)

Èske pwoblèm ou genyen konsènan benefis Medicare oswa Ajans pou Ajans pou Administrasyon Swen Sante (Pwogram Medicaid Florida a)?

Si w ta renmen èd pou w deside si pwoblèm ou an konsène avantaj Medicare oswa avantaj Ajans pou Administrasyon Swen Sante (Pwogram Medicaid Florida a), tanpri kontakte Sèvis Manm yo.

Pwoblèm mwen an konsène avantaj **Medicare**.

Ale nan pwochen seksyon chapit sa a, **Seksyon 4, Jesyon Pwoblèm Konsènan avantaj Medicare ou yo**.

Pwoblèm mwen gen rapò ak kouvèti **Ajans pou Administrasyon Swen Sante (Pwogram Medicaid Florida a)** yo.

Ale nan **Seksyon 12** nan chapit sa a, **Jere pwoblèm sou avantaj Ajans pou Administrasyon Swen Sante (Pwogram Medicaid Florida a) yo**.

PWOBLÈM KONSÈNAN AVANTAJ MEDICARE OU YO

SEKSYON 4 Jesyon pwoblèm yo konsènan avantaj Medicare ou yo

Seksyon 4.1 Èske ou ta dwe itilize pwosesis pou desizyon sou kouvèti ak kontestasyon an? Oswa èske ou ta dwe itilize pwosesis pou pote plent la?

Si w gen yon pwoblèm oswa yon enkyetid, ou ta dwe sèlman li pati nan chapit sa a ki aplikab pou sitiyasyon w lan. Tablo ki anba a pral ede w jwenn seksyon ki apwopriye nan chapit sa a pou pwoblèm oswa plent konsènan **avantaj Medicare kouvri yo**.

Pou detèmine ki pati nan chapit sa a ki pral ede w ak pwoblèm ou oswa enkyetid ou konsènan avantaj **Medicare** ou yo, sèvi ak tablo sa a:

Èske pwoblèm ou oswa enkyetid ou an konsène avantaj oswa kouvèti ou?

Sa enkli pwoblèm konsènan kouvèti swen medikal (pwodwi medikal, sèvis ak/oswa medikaman sou preskripsyon Pati B), fason yo kouvri, ak pwoblèm ki gen rapò ak pèman pou swen medikal yo.

Wi.

Ale nan pwochen seksyon chapit sa a, **Seksyon 5, Yon gid sou Prensip debaz desizyon Kouvèti ak kontestasyon yo**.

Non.

Ale dirèkteman nan **Seksyon 11** nan fen chapit sa a: **Fason pou depoze yon plent konsènan kalite swen, tan datant, sèvis kliyan, oswa lòt enkyetid yo**.

SEKSYON 5 Yon gid sou Prensip debaz desizyon Kouvèti ak kontestasyon yo

Seksyon 5.1 Mande desizyon sou kouvèti yo ak fè kontestasyon: esansyèl

Desizyon sou kouvèti ak kontestasyon konsènan pwoblèm ki gen rapò ak avantaj epi kouvèti ou pou swen medikal ou yo (sèvis, atik, ak medikaman sou preskripsyon Pati B, enkli pèman). Pou kenbe bagay yo senp, nou jeneralman refere nou ak pwodwi medikal, sèvis, ak medikaman sou preskripsyon Medicare Part B kòm **swen medikal**. Ou itilize pwosesis desizyon sou kouvèti a ak pwosesis kontestasyon an pou kesyon tankou si yon sèvis kouvri oswa si li pa kouvri oswa kòman sèvis sa a kouvri.

Mande desizyon sou kouvèti yo anvan ou resevwa avantaj yo

Yon desizyon sou kouvèti se yon desizyon nou pran konsènan avantaj ou yo ak kouvèti ou oswa montan nou pral peye pou swen medikal ou. Egzanp, si doktè ki nan rezo plan w lan refere w bay yon espesyalis medikal ki pa nan rezo a, referans sa a konsidere kòm yon desizyon sou kouvèti favorab sof si doktè w la ki nan rezo a kapab demontre ou te resevwa yon avi sou refi estanda pou espesyalis medikal sa a, oswa si prèw kouvèti a endike klèman sèvis yo refere a pa t janm kouvri anba okenn kondisyon. Oumenm oswa doktè ou a ka kontakte nou tou epi mande yon desizyon sou kouvèti si doktè ou a pa sèten si nou pral kouvri yon sèvis medikal patikilyè oswa si nou refize bay swen medikal ou panse ou bezwen. Sa vle di, si ou vle konnen si nou pral kouvri yon swen medikal anvan ou resevwa li, ou ka mande nou pran yon desizyon sou kouvèti pou ou. Nan kèk sikonstans limite nou pral rejte yon demann pou yon desizyon sou kouvèti, sa vle di nou pap revize li. Egzanp sitiyasyon kote nou pral rejte yon demann enkli si demann lan pa konplè, si yon moun fè demann lan nan non w men li pa gen otorizasyon legal pou fè sa, oswa si w mande pou nou retire demann ou an. Si nou refize yon demann pou yon desizyon sou kouvèti, n ap voye yon avi ki eksplike poukisa nou te refize demann lan ak kòman pou mande yon revizyon pou rejè sa a.

Nou pran yon desizyon sou kouvèti pou ou chak fwa nou detèmine kisa ki kouvri pou ou ak konbyen nou peye. Nan kèk ka, nou ka deside Medicare pa kouvri swen medikal pou ou ankò. Si w pa dakò avèk desizyon sou kouvèti sa a, ou ka konteste li.

Fè yon kontestasyon

Si nou pran yon desizyon sou kouvèti epi ou pa satisfè, kit anvan oswa aprè ou resevwa yon avantaj, ou ka **konteste** desizyon an. Yon kontestasyon se yon fason fòmèl pou w mande nou revize epi chanje yon desizyon nou te pran sou kouvèti a. Nan kèk sikonstans, sa nou pral diskite pi devan, ou ka mande yon **kontestasyon rapid** oswa akselere pou yon desizyon sou kouvèti. Diferan revizè ki pa moun ki te pran premyè desizyon an pral revize kontestasyon ou an.

Lè w konteste yon desizyon pou premyè fwa, yo rele sa yon kontestasyon Nivo 1. Nan kontestasyon sa a, nou revize desizyon sou kouvèti nou te pran pou wè si nou te respekte règ yo. Yon fwa revizyon an fini, nou pral di w desizyon nou an.

Chapit 9 Kisa ou dwe fè si ou gen yon pwoblèm oswa yon plent (desizyon sou kouvèti, kontestasyon, plent)

Nan kèk sikonstans limite, nou pral refize yon demann kontestasyon Nivo 1, sa vle di nou pap revize demann lan. Egzanp sitiyouyon kote nou pral rejte yon demann enkli si demann lan pa konplè, si yon moun fè demann lan nan non w men li pa gen otorizasyon legal pou fè sa, oswa si w mande pou nou retire demann ou an. Si nou refize yon demann kontestasyon Nivo 1, n ap voye yon avi ki eksplike poukisa nou te refize demann lan ak kòman pou mande yon revizyon pou rejè sa a.

Si nou di non ak tout oswa yon pati nan kontestasyon Nivo 1 ou an pou swen medikal, kontestasyon w lan pral otomatikman transfere nan yon kontestasyon Nivo 2, yon òganizasyon revizyon endepandan te reyalize ki pa gen rapò ak nou.

- Ou pa bezwen fè anyen pou kòmanse yon kontestasyon Nivo 2. Règ Medicare egzije pou nou voye kontestasyon w lan pou swen medikal otomatikman nan Nivo 2 si nou pa konplètman dakò ak kontestasyon Nivo 1 ou an.
- Gade **Seksyon 6.4** chapit sa a pou plis enfòmasyon sou kontestasyon Nivo 2 pou swen medikal.
- Nou pale sou kontestasyon Pati D plis an detay nan Seksyon 7 chapit sa a.

Si ou pa satisfè ak desizyon ki nan kontestasyon Nivo 2 an, ou ka anmezi pou kontinye atravè kontestasyon nivo adisyonèl yo (seksyon 10 nan chapit sa a eksplike pwosesis pou kontestasyon Nivo 3, 4 ak 5).

Seksyon 5.2 Kòman pou w jwenn èd lè w ap mande yon desizyon sou kouvèti oswa lè w ap fè yon kontestasyon

Men kèk resous si w deside mande yon desizyon sou kouvèti oswa fè yon kontestasyon kont yon desizyon:

- Ou ka rele nou nan **Sèvis Manm yo**.
- Ou ka jwenn èd gratis nan Pwogram Èd Asirans Sante Eta ou a.
- **Doktè w la ka fè yon demann pou ou.** Si doktè w la ede w avèk yon kontestasyon ki depase Nivo 2, li pral bezwen pou deziyen li kòm reprezantan w. Tanpri rele Sèvis Manm yo epi mande fòm *Deziyasyon Reprezantan* an. (Fòmilè a disponib tou sou sit entèt Medicare nan www.cms.gov/Medicare/CMS-Forms/CMS-Forms/downloads/cms1696.pdf oswa sou sit entèt nou an nan www.wellcare.com/medicare.)
 - Pou swen medikal, doktè ou ka mande yon desizyon sou kouvèti oswa fè yon kontestasyon Nivo 1 nan non w. Si kontestasyon Nivo 1 an rejte, li pral otomatikman transfere nan Nivo 2.
 - Pou medikaman sou preskripsyon Pati D, doktè w la oswa lòt moun k ap preskri w la ka mande yon desizyon sou kouvèti oswa fè yon kontestasyon Nivo 1 non w. Si kontestasyon Nivo 1 an rejte, doktè w la oswa moun k ap preskri w la ka mande yon kontestasyon Nivo 2.

Chapit 9 Kisa ou dwe fè si ou gen yon pwoblèm oswa yon plent (desizyon sou kouvèti, kontestasyon, plent)

- **Ou ka mande yon moun pou l aji nan non w.** Si w vle sa, ou ka deziyen yon lòt moun pou aji nan non w kòm yon **reprizantan** pou mande yon desizyon sou kouvèti oswa fè yon kontestasyon.
 - Si w vle yon zanmi, yon manm fanmi oswa yon lòt moun vin reprezantan w, rele Sèvis Manm yo epi mande fòm *Deziyasyon Reprizantan* an. (Fòmilè a disponib tou sou sit entèt Medicare nan www.cms.gov/Medicare/CMS-Forms/CMS-Forms/downloads/cms1696.pdf oswa sou sit entèt nou an nan www.wellcare.com/medicare.) Fòm nan bay moun sa a otorizasyon pou l aji nan non w. Oumenm ak moun ou vle deziyen pou aji nan non ou an dwe siyen li. Ou dwe ban nou yon kopi fòm ki siyen an.
 - Malgre nou ka aksepte yon demann kontestasyon san fòm nan, nou pa kapab kòmanse oswa fini revizyon nou an toutotan nou pa resevwa li. Si nou pa resevwa fòm nan anvan dat limit nou pou pran yon desizyon sou kontestasyon ou an), nou pral refize demann kontestasyon ou an. Si sa rive, n ap voye yon avi alekri ba ou ki eksplike dwa w pou mande òganizasyon revizyon endepandan an revize desizyon nou an pou n refize kontestasyon w lan.
- **Ou gen dwa tou pou anboche yon avoka.** Ou ka kontakte pwòp avoka ou oswa jwenn non yon avoka nan asosyasyon bawo lokal ou a oswa nan lòt sèvis referans. Genyen tou gwoup ki pral ofri w sèvis jiridiik gratis si w kalifye. Sepandan, **ou pa kapab anboche yon avoka** pou mande yon desizyon sou kouvèti oswa fè kontestasyon kont yon desizyon.

Seksyon 5.3 Ki seksyon nan chapit sa a ki bay detay sou sitiyasyon w lan?

Gen kat sitiyasyon diferan ki gen rapò ak desizyon sou kouvèti ak kontestasyon. Piske chak sitiyasyon gen règ ak dat limit diferan, nou bay detay pou chak nan yon seksyon separe:

- **Seksyon 6** nan chapit sa a: Swen medikal ou: Fason pou w mande yon desizyon sou kouvèti oswa pou fè yon kontestasyon
- **Seksyon 7** nan chapit sa a: Medikaman sou preskripsyon Pati D ou yo: Fason pou w mande yon desizyon sou kouvèti oswa pou fè yon kontestasyon
- **Seksyon 8** nan chapit sa a: Fason pou w mande nou pou nou kouvri yon ospitalizasyon ki pi long si w panse doktè a ap egzeye w twò bone
- **Seksyon 9** nan chapit sa a: Fason pou mande pou nou kontinye kouvri kèk sèvis medikal si ou panse kouvèti ou a ap fini twò bonè (*Sa sèlman aplike pou sèvis sa yo: swen sante nan kay, swen nan etablisman swen enfimyè kalifye, ak sèvis nan yon Sant Reyabilitasyon Konplè pou Pasyan Ekstèn (CORF)*)

Si ou pa sèten ki seksyon ou ta dwe itilize, tanpri rele Sèvis Manm yo. Ou ka jwenn èd oswa enfòmasyon tou nan men òganizasyon gouvènman yo tankou Pwogram Èd Asirans Sante Eta ou a.

SEKSYON 6 Swen medikal ou: Fason pou w mande yon desizyon sou kouvèti oswa pou fè yon kontestasyon kont yon dezisyon sou kouvèti

Seksyon 6.1 Seksyon sa a eksplike sa pou w fè si w gen pwoblèm pou w jwenn kouvèti pou swen medikal oswa si w vle nou ranbouse w frè pataje nou pou swen w yo

Seksyon sa a konsène avantaj swen medikal ou yo. Avantaj sa yo dekri nan Chapit 4 dokiman sa a: *Tablo Avantaj Medikal yo (sa ki kouvri yo)*. Nan kèk ka, diferan règ aplike pou yon demann medikaman sou preskripsyon Pati B. Nan ka sa yo, nou pral eksplike kòman règ pou medikaman sou preskripsyon Pati B yo diferan pa rapò ak sa ki pou pwodwi ak sèvis medikal yo.

Seksyon sa a eksplike kisa ou ka fè si w twouve ou nan youn nan senk sitiasyon sa yo:

1. Ou pa resevwa kèk swen medikal ou vle, epi ou kwè plan nou an kouvri swen sa a. **Mande yon desizyon sou kouvèti. Seksyon 6.2**
2. Plan nou an pa apwouve swen medikal doktè ou a oswa lòt founisè swen sante vle ba ou, epi ou kwè plan an kouvri swen sa a. **Mande yon desizyon sou kouvèti. Seksyon 6.2**
3. Ou te resevwa swen medikal ou kwè plan an ta dwe kouvri, men nou te di nou pap peye pou swen sa a. **Fè yon kontestasyon. Seksyon 6.3.**
4. Ou te resevwa epi peye pou swen medikal ou kwè plan an ta dwe kouvri, epi ou ta renmen mande pou plan nou an ranbouse ou pou swen sa a. **Voye fakti a ban nou. Seksyon 6.5.**
5. Yo te enfòmè w kouvèti pou kèk swen medikal ou resevwa nou te apwouve anvan sa ap redwi oswa sispann, epi ou kwè redwi oswa kanpe swen sa a kapab deranje sante ou. **Fè yon kontestasyon. Seksyon 6.3.**

Remak: Si kouvèti yo pral sispann nan konsène swen lopital, swen sante nan kay, swen nan etablisman swen enfimyè kalifye, oswa sèvis nan Etablisman Konplè pou Reyabilitasyon Pasyan Ekstèn (CORF), ou dwe li Seksyon 8 ak 9 nan chapit sa a. Règ espesyal ki aplike pou tip swen sa yo.

Seksyon 6.2 Etap pa Etap: Kòman pou w mande yon desizyon sou kouvèti

Tèm Jiridik

Lè yon desizyon sou kouvèti konsène swen medikal ou, yo rele sa yon **detèminasyon òganizasyon**.

Yo rele yon desizyon sou kouvèti rapid yon **detèminasyon akselere**.

Chapit 9 Kisa ou dwe fè si ou gen yon pwoblèm oswa yon plent (desizyon sou kouvèti, kontestasyon, plent)

Etap 1: Deside si ou bezwen yon desizyon sou kouvèti estanda oswa yon desizyon sou kouvèti rapid.

Jeneralman yo pran yon desizyon sou kouvèti estanda nan 14 jou oswa 72 èdtan pou medikaman Pati B yo. Jeneralman yo pran yon desizyon sou kouvèti rapid nan 72 èdtan, pou sèvis medikal, oswa 24 èdtan pou medikaman Pati B yo. Nan liide pou jwenn yon desizyon sou kouvèti rapid, ou dwe ranpli de kondisyon:

- Ou ka *sèlman* mande kouvèti pou pwodwi ak/oswa sèvis medikal (pa pou demann pèman pou pwodwi ak/oswa sèvis ki resevwa deja).
- Ou ka jwenn yon desizyon sou kouvèti rapid *sèlman* si itilize dat limit estanda yo ka *lakòz gwo deranjman nan sante w oswa afekte kapasite w pou fonksyone*.
- **Si doktè w la di nou sante w nesosite yon desizyon sou kouvèti rapid, nou pral otomatikman dakò pou ba w yon desizyon sou kouvèti rapid.**
- **Si w mande yon desizyon sou kouvèti rapid poukont ou, san sipò doktè ou a, n ap deside si sante w nesosite pou nou ba w yon desizyon sou kouvèti rapid.** Si nou pa apwouve yon desizyon sou kouvèti rapid, n ap voye yon lèt ba ou ki:
 - Eksplike nou pral itilize dat limit estanda a.
 - Eksplike si doktè w la mande yon desizyon sou kouvèti rapid, nou pral otomatikman ba w yon desizyon sou kouvèti rapid.
 - Eksplike ou ka depoze yon plent rapid konsènan desizyon nou an pou ba ou yon desizyon sou kouvèti estanda olye desizyon sou kouvèti rapid ou te mande a.

Etap 2: Mande plan nou an pran yon desizyon sou kouvèti oswa yon desizyon sou kouvèti rapid.

- Kòmanse rele, ekri oswa fakse plan nou an pou mande otorizasyon oswa kouvèti pou swen medikal ou vle a. Oumenm, doktè ou a, oswa reprezantan ou an kapab fè sa. Chapit 2 a genyen enfòmasyon kontak.

Etap 3: Nou revize demann ou an pou kouvèti swen medikal epi ba ou repons nou.

Pou desizyon sou kouvèti estanda nou itilize dat limit estanda.

Sa vle di n ap ba ou yon repons nan 14 jou sivil aprè nou resevwa demann ou an pou yon pwodwi oswa sèvis medikal. Si demann ou an konsène yon **medikaman sou preskripsyon Medicare Part B**, n ap ba ou yon repons nan 72 èdtan aprè nou resevwa demann ou an.

- Sepandan, si ou mande plis tan, oswa si nou bezwen plis enfòmasyon ki ka yon avantaj pou ou, **nou ka pran jiska 14 jou sivil anplis** si demann ou an se pou yon pwodwi oswa sèvis medikal. Si nou pran plis jou, n ap fè w konnen alekri. Nou pa kapab pran plis tan pou nou pran yon desizyon si demann ou an se pou yon medikaman sou preskripsyon Medicare Part B.

Chapit 9 Kisa ou dwe fè si ou gen yon pwoblèm oswa yon plent (desizyon sou kouvèti, kontestasyon, plent)

- Si ou panse nou *pa* ta dwe pran plis jou, ou ka depoze yon plent rapid. N ap ba w yon repons pou plent ou an kou n fin pran yon desizyon. (Pwosesis pou depoze yon plent diferan pa rapò ak pwosesis pou desizyon sou kouvèti ak kontestasyon yo. Gade Seksyon 11 nan chapit sa a pou enfòmasyon sou plent yo.)

Pou pran desizyon sou kouvèti rapid, nou itilize yon dat limit akselere.

Yon desizyon sou kouvèti rapid vle di n ap ba w yon repons nan 72 èdtan si demann ou an konsène yon pwodwi oswa yon sèvis medikal. Si demann ou an konsène yon medikaman sou preskripsyon Medicare Part B, n ap reponn ou nan 24 èdtan.

- **Sepandan**, si ou mande plis tan oswa si nou bezwen plis enfòmasyon ki ka yon avantaj pou ou, **nou ka pran jiska 14 jou anplis**. Si nou pran plis jou, n ap fè w konnen alekri. Nou pa kapab pran plis tan pou nou pran yon desizyon si demann ou an se pou yon medikaman sou preskripsyon Medicare Part B.
- Si ou panse nou pa ta dwe pran plis jou, ou ka depoze yon plent rapid. (Gade Seksyon 11 nan chapit sa a pou enfòmasyon sou plent yo.) Nou pral rele ou kou n fin pran yon desizyon.
- **Si repons nou an negatif pou tout oswa yon pati nan sa ou te mande a**, n ap voye ba ou yon deklarasyon alekri ki eksplike rezon refi nou an.

Etap 4: Si nou refize demann ou an pou kouvèti pou swen medikal, ou ka konteste.

- Si nou di non, ou gen dwa mande nou pou nou rekonsidere desizyon sa a pandan w ap fè yon kontestasyon. Sa vle di mande ankò pou jwenn kouvèti swen medikal ou vle a. Si w fè yon kontestasyon, sa vle di w ap ale nan Nivo 1 nan pwosesis kontestasyon an.

Seksyon 6.3 Etap pa Etap: Kòman pou fè yon kontestasyon Nivo 1

Tèm Jiridik

Yon kontestasyon kont plan an konsènan yon desizyon sou kouvèti pou swen medikal rele **rekonsiderasyon plan**.

Yo rele yon kontestasyon rapid tou yon **rekonsiderasyon akselere**.

Etap 1: Decide si w bezwen yon kontestasyon estanda oswa yon kontestasyon rapid.

Jeneralman, yon kontestasyon estanda fèt nan 30 jou sivil oswa 7 jou sivil pou medikaman Pati B yo. Jeneralman yo fè yon kontestasyon rapid nan 72 èdtan.

- Si w ap fè yon kontestasyon kont yon desizyon nou te pran konsènan kouvèti pou swen ou poko resevwa, ou menm ak/oswa doktè ou ap bezwen decide si w bezwen yon kontestasyon rapid. Si doktè w la di nou sante w nesite yon kontestasyon rapid, nou pral ba w yon kontestasyon rapid.

Chapit 9 Kisa ou dwe fè si ou gen yon pwoblèm oswa yon plent (desizyon sou kouvèti, kontestasyon, plent)

- Kondisyon pou jwenn yon kontestasyon rapid se menm jan ak kondisyon pou jwenn yon desizyon sou kouvèti rapid, jan sa dekri nan Seksyon 6.2 chapit sa a.

Etap 2: Mande plan nou an pou fè yon kontestasyon oswa yon kontestasyon rapid

- **Si w ap mande yon kontestasyon estanda, soumèt kontestasyon estanda ou a alekri.** Ou ka rele nou tou pou w mande yo yon apèl. Chapit 2 a genyen enfòmasyon kontak.
- **Si w ap mande yon kontestasyon rapid, fè kontestasyon ou an alekri oswa rele nou.** Chapit 2 a genyen enfòmasyon kontak.
- **Ou dwe fè demann kontestasyon ou a sou 65 jou sivil** apre dat ki sou avi alekri nou te voye ba ou pou ba w repons nou sou desizyon nou pran konsènan kouvèti asirans lan. Si ou rate dat limit sa a epi ou gen yon rezon valab ki fè w rate li, eksplike rezon ki fè w te fè kontestasyon w lan an reta nan moman w t ap fè l la. Nou kapab ba w plis tan pou fè kontestasyon w lan. Egzanp rezon valab yo kapab se maladi grav ki anpeche w kontakte nou oswa si nou te ba w enfòmasyon ki pa kòrèk oswa ki pa konplè konsènan dat limit pou fè demann yon kontestasyon.
- **Ou ka mande yon kopi enfòmasyon konsènan desizyon medikal ou. Oumenm ak doktè w la kapab ajoute plis enfòmasyon pou sipòte kontestasyon w lan.**

Etap 3: Nou konsidere kontestasyon w lan epi nou ap ba w yon repons.

- Lè n ap revize kontestasyon w lan, nou pran swen espesyal pou n etidye tout enfòmasyon yo. Nou verifye si nou te respekte tout règ yo lè nou te refize demann ou an.
- N ap kolekte plis enfòmasyon si sa nesèsè, petèt nou pral kontakte ou oswa doktè ou a.

Dat limit pou yon kontestasyon rapid

- Pou kontestasyon rapid yo, nou dwe ba w yon repons **nan 72 èdtan aprè nou fin resevwa kontestasyon w lan.** Nou pral ba w yon repons pi bonè si sante w egziye nou fè sa a.
 - Si ou mande plis tan, oswa si nou bezwen plis enfòmasyon ki ka yon avantaj pou ou, nou **ka pran jiska 14 jou sivil anplis** si demann ou an se pou yon pwodwi oswa sèvis medikal. Si nou pran plis jou, n ap fè w konnen alekri. Nou pa kapab pran plis tan si demann ou an se pou yon medikaman sou preskripsyon Medicare Part B.
 - Si nou pa reponn ou nan 72 èdtan (oswa nan fen peryòd pwolonje a si nou te pran plis jou), nou gen obligasyon otomatikman pou nou transfere demann ou an nan Nivo 2 nan pwosesis kontestasyon an, kote yon òganizasyon revizyon endepandan pral revize li. Seksyon 6.4 la eksplike pwosesis kontestasyon Nivo 2 a.
- **Si repons nou an pozitif pou yon pati oswa pou tout nan sa ou te mande a,** nou dwe otorize oswa bay kouvèti nou te dakò ba w la nan 72 èdtan aprè nou resevwa kontestasyon ou an.
- **Si repons nou an negatif pou yon pati oswa pou tout nan sa ou te mande a,** n ap voye desizyon nou an alekri epi otomatikman voye kontestasyon w lan bay òganizasyon revizyon endepandan an pou yon kontestasyon Nivo 2. Òganizasyon revizyon endepandan an ap fè w konnen alekri aprè li resevwa kontestasyon ou an.

Chapit 9 Kisa ou dwe fè si ou gen yon pwoblèm oswa yon plent (desizyon sou kouvèti, kontestasyon, plent)

Dat limit pou yon kontestasyon estanda

- Pou yon kontestasyon estanda, nou dwe ba w yon repons **nan 30 jou sivil** aprè nou fin resevwa kontestasyon w lan. Si demann ou an konsène yon medikaman sou preskripsyon Medicare Part B, n ap ba ou repons nou **nan 7 jou sivil** aprè nou fin resevwa kontestasyon w lan. Nou pral ba w yon repons pi bonè si eta sante w egzije nou fè sa a.
 - **Sepandan**, si ou mande plis tan, oswa si nou bezwen plis enfòmasyon ki ka yon avantaj pou ou, **nou ka pran jiska 14 jou sivil anplis** si demann ou an se pou yon pwodwi oswa sèvis medikal. Si nou pran plis jou, n ap fè w konnen alekri. Nou pa kapab pran plis tan pou nou pran yon desizyon si demann ou an se pou yon medikaman sou preskripsyon Medicare Part B.
 - Si ou panse nou *pa* ta dwe pran plis jou, ou ka depoze yon plent rapid. Lè w depoze yon plent rapid, n ap ba w yon repons pou plent ou an nan 24 èdtan. (Gade Seksyon 11 nan chapit sa a pou enfòmasyon sou plent yo.)
 - Si nou pa ba ou yon repons nan dat limit la (oswa nan fen peryòd tan pwolonje a) n ap voye demann ou an nan yon kontestasyon Nivo 2, kote yon òganizasyon revizyon endepandan pral revize kontestasyon an. Seksyon 6.4 la eksplike pwosesis kontestasyon Nivo 2 a.
- **Si repons nou an pozitif pou yon pati oswa pou tout nan sa ou te mande a**, nou dwe otorize oswa bay kouvèti a nan 30 jou sivil si demann ou an se pou yon pwodwi oswa sèvis medikal, oswa **nan 7 jou sivil** si demann ou an konsène yon medikaman sou preskripsyon Medicare Part B.

Si plan nou an refize yon pati oswa tout pati yo nan kontestasyon w lan, n ap voye kontestasyon w lan otomatikman bay òganizasyon revizyon endepandan an pou yon kontestasyon Nivo 2.

Seksyon 6.4 Etap pa Etap: Kòman yo fè yon kontestasyon Nivo 2

Tèm Jiridik

Non fòmèl pou òganizasyon revizyon endepandan an se **Antite Revizyon Endepandan**. Yo souvan rele li **IRE** tou.

Òganizasyon revizyon endepandan an se yon òganizasyon endepandan Medicare anboche. Li pa gen okenn rapò ak nou epi li pa yon ajans gouvènmanal. Òganizasyon sa a, se li k ap deside si desizyon nou te pran an kòrèk oswa si nou ta dwe chanje li. Medicare ap sipèviz travay li.

Etap 1: Òganizasyon revizyon endepandan an ap revize kontestasyon w lan.

- Nou ap voye enfòmasyon konsènan kontestasyon ou an bay òganizasyon sa a. Yo rele enfòmasyon sa yo **dosye ka ou**. **Ou gen dwa pou ou mande nou yon kopi dosye ou a.**
- Ou gen dwa bay òganizasyon revizyon endepandan an plis enfòmasyon pou sipòte kontestasyon w lan.
- Revizè nan òganizasyon revizyon endepandan yo pral pran san yo pou yo gade tout enfòmasyon ki gen rapò ak kontestasyon ou an.

Chapit 9 Kisa ou dwe fè si ou gen yon pwoblèm oswa yon plent (desizyon sou kouvèti, kontestasyon, plent)

Si ou te gen yon kontestasyon rapid nan Nivo 1, ou pral genyen tou yon kontestasyon rapid nan nivo 2.

- Pou kontestasyon rapid la òganizasyon revizyon an dwe ba ou yon repons pou kontestasyon Nivo 2 ou a **nan 72 èdtan** aprè li resevwa kontestasyon w lan.
- Si demann ou an konsène yon pwodwi oswa sèvis medikal epi òganizasyon revizyon endepandan an bezwen rasanble plis enfòmasyon ki ka yon avantaj pou ou, **sa ka pran jiska 14 jou sivil anplis**. Òganizasyon revizyon endepandan an pa ka pran plis tan pou pran yon desizyon si demann ou an konsène yon medikaman sou preskripsyon Medicare Part B.

Si ou te gen yon kontestasyon estanda nan Nivo 1, ou pral genyen tou yon kontestasyon estanda nan nivo 2.

- Pou kontestasyon estanda si demann ou an se pou yon atik oswa sèvis medikal, òganizasyon revizyon an dwe ba ou yon repons pou kontestasyon Nivo 2 ou a **nan 30 jou sivil** aprè li resevwa kontestasyon ou an.
- Si demann ou an se pou yon medikaman sou preskripsyon Medicare Part B, òganizasyon revizyon an dwe ba ou yon repons pou kontestasyon Nivo 2 ou a **nan 7 jou sivil** aprè li resevwa kontestasyon ou an.
- Si demann ou an konsène yon pwodwi oswa sèvis medikal epi òganizasyon revizyon endepandan an bezwen rasanble plis enfòmasyon ki ka yon avantaj pou ou, **sa ka pran jiska 14 jou sivil anplis**. Òganizasyon revizyon endepandan an pa ka pran plis tan pou pran yon desizyon si demann ou an konsène yon medikaman sou preskripsyon Medicare Part B.

Etap 2: Òganizasyon revizyon endepandan an ba ou repons pa li.

Òganizasyon revizyon endepandan an ap enfòme w sou desizyon li pran alekri epi eksplike rezon an.

- **Si repons òganizasyon revizyon endepandan an pozitif pou yon pati oswa pou tout nan yon demann pou yon pwodwi oswa sèvis medikal**, nou dwe otorize kouvèti swen medikal la **nan 72 èdtan** oswa bay sèvis la **nan 14 jou sivil** aprè nou resevwa desizyon òganizasyon revizyon endepandan an pou **demann estanda yo**, oswa bay sèvis la **nan 72 èdtan** aprè dat plan an resevwa desizyon òganizasyon revizyon endepandan an pou **demann akselere a**.
- **Si repons òganizasyon revizyon endepandan an pozitif pou yon pati oswa pou tout nan yon demann pou yon medikaman sou preskripsyon Medicare Part B**, nou dwe otorize oswa bay medikaman sou preskripsyon Medicare Part B **nan 72 èdtan** aprè nou resevwa desizyon òganizasyon revizyon endepandan an pou **demann estanda yo**, oswa **nan 24 èdtan** aprè dat plan an resevwa desizyon òganizasyon revizyon endepandan an pou **demann akselere a**.
- **Si repons òganizasyon sa a negatif pou yon pati oswa pou tout kontestasyon w lan**, sa vle di yo dakò ak plan nou an, demann ou an (oswa yon pati nan demann ou an) pou kouvèti medikal la pa ta dwe apwouve. (Yo rele sa a **kenbe desizyon an** oswa **rejte kontestasyon w lan**). Nan ka sa a, òganizasyon revizyon endepandan an ap voye yon lèt ba ou:
 - Ki eksplike desizyon li pran an.

Chapit 9 Kisa ou dwe fè si ou gen yon pwoblèm oswa yon plent (desizyon sou kouvèti, kontestasyon, plent)

- Enfòmè w sou dwa pou yon kontestasyon Nivo 3 si valè an dala kouvèti swen medikal w ap chèche a rive nan kèk minimòm. Avi alekri ou resevwa nan men òganizasyon revizyon endepandan an ap di w montan an dola ou dwe atenn pou kontinye pwosesis kontestasyon yo.
- Di w kòman pou fè yon kontestasyon Nivo 3.

Etap 3: Si dosye w la satisfè egzijans yo, w ap chwazi si w vle kontinye kontestasyon w lan pou ale pi lwen.

- Gen twa nivo adisyonèl nan pwosesis kontestasyon yo aprè nivo 2 (pou yon total senk nivo kontestasyon). Si w vle avanse nan yon kontestasyon Nivo 3, w ap jwenn detay sou fason pou w fè sa nan avi alekri ou resevwa aprè kontestasyon Nivo 2 ou a.
- Se yon Jij Dwa Administratif oswa yon avoka k ap trete dosye Kontestasyon Nivo 3 a. Seksyon 10 nan chapit sa a eksplike pwosesis kontestasyon Nivo 3, 4 ak 5.

Seksyon 6.5 Kisa pou fè si ou mande nou ranbouse ou pou yon fakti ou te resevwa pou swen medikal?

Si ou te deja peye pou yon sèvis oswa yon atik plan Ajans pou Administrasyon Swen Sante (Pwogram Medicaid Florida a) kouvri, ou ka mande plan nou an pou remèt ou lajan an (yo souvan rele remèt ou lajan ranbouse ou). Ou gen dwa pou plan nou an ranbouse w chak fwa ou peye pou sèvis medikal oswa medikaman plan nou an kouvri. Lè w voye yon fakti ou te deja peye ban nou, n ap egzamine li epi n ap deside si sèvis yo oswa medikaman yo ta dwe kouvri. Si nou deside yo ta dwe kouvri, n ap ranbouse w pou sèvis oswa medikaman yo.

Mande yon ranbousman se mande nou yon desizyon sou kouvèti

Si w voye yon dokiman ban nou kote w ap mande ranbousman, se yon desizyon sou kouvèti w ap mande. Pou pran desizyon sa a, nou pral verifye si swen medikal ou te peye a se yon sèvis ki kouvri. N ap verifye tou si ou te respekte tout règ konsènan itilizasyon kouvèti ou a pou swen medikal.

- **Si nou reponn pozitif ak demann ou an:** Si swen medikal la kouvri epi ou te respekte tout règ yo, n ap voye pèman ba ou pou depans yo nan jeneralman 30 jou sivil, men pa pita pase 60 jou sivil aprè nou resevwa demann ou an. Si ou pa t peye pou swen medikal la, n ap voye pèman dirèkteman bay founisè a.
- **Si nou reponn negatif ak demann ou an:** Si swen medikal la pa kouvri, oswa ou pa t respekte tout règ yo, nou pap voye pèman. Olye sa, n ap voye ba ou yon lèt ki di nou pap peye pou swen medikal la ak rezon an.

Si ou pa dakò ak desizyon refi nou an, **ou ka fè yon kontestasyon.** Si ou fè yon kontestasyon, sa vle di w ap mande nou chanje desizyon sou kouvèti nou te pran lè nou te refize demann ou an pou pèman an.

Chapit 9 Kisa ou dwe fè si ou gen yon pwoblèm oswa yon plent (desizyon sou kouvèti, kontestasyon, plent)

Pou fè kontestasyon sa a, swiv pwosesis kontestasyon nou dekri nan Seksyon 6.3 a. Pou kontestasyon konsènan ranbousman, tanpri sonje:

- Nou dwe ba w yon repons nan 60 jou sivil aprè nou resevwa kontestasyon w lan. Si w ap mande ranbousman pou swen medikal ou te deja resevwa epi peye, ou pa kapab mande yon kontestasyon rapid.
- Si òganizasyon revizyon endepandan an deside nou dwe peye, nou dwe voye pèman ba ou oswa bay founisè a nan 30 jou sivil. Si repons kontestasyon w lan pozitif nan tout etap nan pwosesis kontestasyon an aprè Nivo 2, nou dwe voye pèman ou te mande a ba ou oswa bay founisè a nan 60 jou sivil.

SEKSYON 7 Medikaman sou preskripsyon Pati D ou yo: Fason pou w mande yon desizyon sou kouvèti oswa pou fè yon kontestasyon

Seksyon 7.1 Seksyon sa a eksplike sa pou w fè si w gen pwoblèm pou w jwenn medikaman Pati D oswa si w vle nou ranbouse w pou medikaman Pati D

Avantaj ou yo enkli kouvèti pou anpil medikaman sou preskripsyon. Pou yo ka kouvri, medikaman an dwe itilize pou yon endikasyon medikalman aksepte. (Gade Chapit 5 la pou plis enfòmasyon sou yon endikasyon medikalman aksepte.) Pou plis detay sou medikaman Pati D, règ, restriksyon, ak depans tanpri gade Chapit 5. **Seksyon sa a konsène sèlman medikaman Pati D ou yo.** Pou kenbe bagay yo senp, n ap itilize tèm *medikaman* jeneralman nan tout rèz seksyon sa a, olye pou nou repete chak fwa *medikaman sou preskripsyon pou pasyan ekstèn ki kouvri* oswa *medikaman Pati D*. Nou itilize tou tèm *Lis Medikaman* nan plas *Lis Medikaman ki Kouvri* oswa *Fòmilè*.

- Si w pa sèten si yon medikaman kouvri oswa si w respekte règ yo, ou ka mande nou. Gen kèk medikaman ki mande pou w jwenn apwobasyon nan men nou anvan nou kouvri yo.
- Si famasi w la fè w konnen w pa ka egzekite preskripsyon w lan jan li ekri a, famasi a ap ba w yon avi alekri k ap eksplike kòman pou w kontakte nou pou w mande yon desizyon sou kouvèti.

Desizyon sou kouvèti Pati D ak kontestasyon

Tèm Jiridik

Yo rele yon premyè desizyon sou kouvèti konsènan medikaman Pati D ou yo yon **detèminasyon kouvèti**.

Yon desizyon sou kouvèti se yon desizyon nou pran konsènan avantaj ou yo ak kouvèti ou a oswa konsènan montan nou pral peye pou medikaman ou yo. Seksyon sa a eksplike kisa ou ka fè si w twouve ou nan youn nan sitiyasyon sa yo:

- Mande kouvèti pou yon medikaman Pati D ki pa nan *Lis Medikaman ki kouvri* nan plan an. **Mande yon eksepsyon. Seksyon 7.2**

Chapit 9 Kisa ou dwe fè si ou gen yon pwoblèm oswa yon plent (desizyon sou kouvèti, kontestasyon, plent)

- Mande pou leve yon restriksyon sou kouvèti plan an pou yon medikaman (tankou limit sou kantite medikaman ou ka jwenn). **Mande yon eksepsyon. Seksyon 7.2**
- Mande pou jwenn apwobasyon alavans pou yon medikaman. **Mande yon desizyon sou kouvèti. Seksyon 7.4**
- Peye pou yon medikaman sou preskripsyon ou te deja achte. **Mande nou ranbouse w. Seksyon 7.4**

Si ou pa dakò ak yon desizyon sou kouvèti nou te pran, ou ka fè yon kontestasyon kont desizyon nou an.

Seksyon sa a di w alafwa kòman pou w mande desizyon sou kouvèti ak fason pou w mande yon kontestasyon.

Seksyon 7.2 Kisa yon eksepsyon ye?

Tèm Jiridik

Pafwa yo rele mande kouvèti pou yon medikaman ki pa nan Lis Medikaman an mande yon **eksepsyon fòmilè**.

Yo rele pafwa leve yon restriksyon sou kouvèti medikaman mande yon **eksepsyon fòmilè**.

Yo rele pafwa mande pou peye yon pri pi ba pou yon medikaman ki kouvri ki pa prefere mande yon **“eksepsyon nivo.”**

Si yon medikaman pa kouvri jan ou ta renmen l kouvri a, ou ka mande nou pou n fè yon **eksepsyon**. Yon eksepsyon se yon tip desizyon sou kouvèti.

Pou nou kapab revize demann eksepsyon ou an, doktè w la oswa lòt moun k ap preskri w la ap gen bezwen eksplike rezon medikal ki fè ou bezwen eksepsyon an apwouve. Men de egzanp eksepsyon ou menm oswa doktè w la oswa lòt moun k ap preskri w la ka mande nou fè:

1. **Kouvri yon medikaman Pati D pou ou ki pa nan Lis Medikaman nou an.** Ou pa kapab mande yon eksepsyon pou montan frè pataje nou egzije pou peye pou medikaman an.
2. **Leve yon restriksyon sou yon medikaman ki kouvri.** Chapit 5 lan dekri lòt règ oswa restriksyon ki aplike pou kèk medikaman ki nan “Lis Medikaman” nou an.

Seksyon 7.3 Sa ki enpòtan ou dwe konnen sou demann eksepsyon

Doktè w la dwe di nou rezon medikal yo

Doktè w la oswa lòt moun k ap preskri w la dwe ban nou yon deklarasyon ki eksplike rezon medikal pou mande yon eksepsyon. Pou yon desizyon pi rapid, mete enfòmasyon medikal sa a ou jwenn nan men doktè w la oswa lòt moun k ap preskri w la lè w ap mande eksepsyon an.

Chapit 9 Kisa ou dwe fè si ou gen yon pwoblèm oswa yon plent (desizyon sou kouvèti, kontestasyon, plent)

Jeneralman, Lis Medikaman nou an gen ladan plis pase yon medikaman pou trete yon kondisyon patikilyè. Posibilite diferan sa yo rele medikaman **altènatif**. Si yon medikaman altènatif efikas menm jan ak medikaman ou mande a epi li pa lakòz plis efè segondè oswa lòt pwoblèm sante, jeneralman nou *pap* apwouve demann eksepsyon ou an.

Nou ka di wi oswa non pou demann ou an

- Si nou apwouve demann eksepsyon ou an, apwobasyon nou an jeneralman valab jiska fen ane plan an. Sa a valab toutotan doktè ou a kontinye preskri medikaman an pou ou epi medikaman sa a rete san danje epi efikas pou trete kondisyon ou an.
- Si nou refize demann ou an, ou ka mande yon lòt revizyon pou desizyon nou an pandan w ap fè yon kontestasyon.

Seksyon 7.4 Etap pa Etap: Kòman pou mande yon desizyon sou kouvèti, enkli yon eksepsyon

Tèm Jiridik

Yo rele yon desizyon sou kouvèti rapid yon **desizyon sou kouvèti akselere**.

Etap 1: Deside si ou bezwen yon desizyon sou kouvèti estanda oswa yon desizyon sou kouvèti rapid.

Nou pran **desizyon sou kouvèti estanda** nan **72 èdtan** aprè nou resevwa deklarasyon doktè w la. Nou pran **desizyon sou kouvèti rapid** nan **24 èdtan** aprè nou resevwa deklarasyon doktè w la.

Si sante w mande sa a, mande nou pou nou ba ou yon desizyon sou kouvèti rapid. Pou jwenn yon desizyon sou kouvèti rapid, ou dwe ranpli de kondisyon:

- *Ou dwe mande yon medikaman ou poko resevwa.* (Ou pa kapab mande pou yo ranbouse yon desizyon sou kouvèti rapid pou yon medikaman ou te deja achte.)
- *Itilize dat limit estanda yo ka lakòz gwo domaj nan sante ou oswa afekte kapasite w pou fonksyone.*
- **Si doktè w la oswa lòt moun k ap preskri w la di nou sante w nesosite yon desizyon sou kouvèti rapid, nou pral otomatikman ba w yon desizyon sou kouvèti rapid.**
- **Si w mande yon desizyon sou kouvèti rapid poukont ou, san sipò doktè ou a oswa lòt moun k ap preskri w la, n ap deside si sante w nesosite pou nou ba w yon desizyon sou kouvèti rapid.** Si nou pa apwouve yon desizyon sou kouvèti rapid, n ap voye yon lèt ba ou ki:
 - Eksplike nou pral itilize dat limit estanda a.
 - Eksplike si doktè w la oswa lòt moun k ap preskri w la mande yon desizyon sou kouvèti rapid, nou pral otomatikman ba w yon desizyon sou kouvèti rapid.

Chapit 9 Kisa ou dwe fè si ou gen yon pwoblèm oswa yon plent (desizyon sou kouvèti, kontestasyon, plent)

- Eksplike kòman pou w depoze yon plent rapid konsènan desizyon nou pran pou ba w yon desizyon sou kouvèti estanda olye desizyon sou kouvèti rapid ou te mande a. Nou pral reponn plent ou an nan 24 èdtan aprè nou resevwa li.

Etap 2: Mande yon desizyon sou kouvèti estanda oswa yon desizyon sou kouvèti rapid.

Kòmanse rele, ekri oswa fakse plan nou an pou mande otorizasyon oswa kouvèti pou swen medikal ou vle a. Ou ka jwenn aksè nan pwosesis desizyon sou kouvèti a tou atravè sit entènèt nou an. Nou dwe aksepte nenpòt demann alekri, enkli yon demann ki te soumèt sou Fòm Demann Detèminasyon Kouvèti Modèl CMS la, ki disponib sou sit entènèt nou an nan www.wellcare.com/drug-coverage-determination-request. Chapit 2 a genyen enfòmasyon kontak. Pou ede nou trete demann ou an, tanpri asire w ou mete non w, enfòmasyon kontak, ak enfòmasyon ki idantifye demann yo refize ou te konteste a.

Oumenm, doktè w la (oswa lòt moun k ap preskri a) oswa reprezantan w lan kapab fè sa. Ou ka anboche yon avoka tou pou aji nan non w. Seksyon 5 nan chapit sa a eksplike kòman ou ka bay yon lòt moun otorizasyon alekri pou aji kòm reprezantan ou.

- **Si w ap mande yon eksepsyon, bay “deklarasyon sipò,** a sa vle di rezon medikal pou eksepsyon an. Doktè w la oswa lòt moun k ap preskri w la ka voye deklarasyon an ba nou pa mwayen faks oswa lapòs. Oswa doktè w la oswa lòt moun k ap preskri w la ka ban nou enfòmasyon an nan telefòn epi voye yon deklarasyon alekri pa mwayen faks oswa lapòs si sa nesesè.

Etap 3: Nou revize demann ou an epi ba ou repons nou.

Dat limit pou yon desizyon sou kouvèti rapid

- Nou dwe jeneralman ba w repons nou **nan 24 èdtan** aprè nou resevwa demann ou an.
 - Pou eksepsyon, n ap bay repons nou nan 24 èdtan aprè nou resevwa deklarasyon sipò doktè w la. Nou pral ba w yon repons pi bonè si sante w egzije nou fè sa a.
 - Si nou pa respekte dat limit sa a, nou gen obligasyon pou voye demann ou an nan Nivo 2 pwosesis kontestasyon an, kote pral gen yon òganizasyon revizyon endepandan k ap revize li.
- **Si repons nou an pozitif pou yon pati oswa pou tout sa ou te mande a,** nou dwe ba w kouvèti nou te dakò pou ba w la nan 24 èdtan aprè nou fin resevwa demann ou an oswa deklarasyon sipò doktè w la.
- **Si repons nou an negatif pou yon pati oswa pou tout demann ou an,** n ap voye yon deklarasyon alekri ba ou ki eksplike poukisa nou reponn negatif. N ap di w kijan ou ka konteste desizyon nou an tou.

Dat limit pou yon desizyon sou kouvèti estanda konsènan yon medikaman ou poko resevwa

- Nou dwe jeneralman ba w repons nou **nan 72 èdtan** aprè nou resevwa demann ou an.
 - Pou eksepsyon, n ap ba ou repons nou nan 72 èdtan aprè nou resevwa deklarasyon sipò doktè w la. Nou pral ba w yon repons pi bonè si sante w egzije nou fè sa a.
 - Si nou pa respekte dat limit sa a, nou gen obligasyon pou voye demann ou an nan Nivo 2 pwosesis kontestasyon an, kote pral gen yon òganizasyon revizyon endepandan k ap revize li.

Chapit 9 Kisa ou dwe fè si ou gen yon pwoblèm oswa yon plent (desizyon sou kouvèti, kontestasyon, plent)

- **Si repons nou an pozitif pou yon pati oswa pou tout sa ou te mande a**, nou dwe ba w kouvèti nou te dakò pou ba w la nan 72 èdtan aprè nou fin resevwa demann ou an oswa deklarasyon sipò doktè w la.
- **Si repons nou an negatif pou yon pati oswa pou tout demann ou an**, n ap voye yon deklarasyon alekri ba ou ki eksplike poukisa nou reponn negatif. N ap di w kijan ou ka konteste desizyon nou an tou.

Dat limit pou yon desizyon sou kouvèti estanda konsènan pèman pou yon medikaman ou te deja achte

- Nou dwe ba w repons nou **nan 14 jou sivil** aprè nou resevwa demann ou an.
 - Si nou pa respekte dat limit sa a, nou gen obligasyon pou voye demann ou an nan Nivo 2 pwosesis kontestasyon an, kote pral gen yon òganizasyon revizyon endepandan k ap revize li.
- **Si repons nou an pozitif pou yon pati oswa pou tout sa ou te mande a**, nou gen obligasyon tou pou n fè pèman pou ou nan 14 jou sivil aprè nou resevwa demann ou an.
- **Si repons nou an negatif pou yon pati oswa pou tout demann ou an**, n ap voye yon deklarasyon alekri ba ou ki eksplike poukisa nou reponn negatif. N ap di w kijan ou ka konteste desizyon nou an tou.

Etap 4: Si nou reponn negatif pou demann pou kouvèti ou a, ou ka fè yon kontestasyon.

- Si nou di non, ou gen dwa mande nou pou nou rekonsidere desizyon sa a pandan w ap fè yon kontestasyon. Sa vle di pou w mande ankò pou jwenn kouvèti medikaman ou vle a. Si w fè yon kontestasyon, sa vle di w ap ale nan Nivo 1 nan pwosesis kontestasyon an.

Seksyon 7.5 Etap pa Etap: Kòman pou fè yon kontestasyon Nivo 1

Tèm Jiridik

Yo rele yon kontestasyon kont plan an konsènan yon desizyon yo pran sou kouvèti medikaman Pati D plan **redetèminasyon**.

Yon kontestasyon rapid pote non **redetèminasyon akselere** tou.

Etap 1: Deside si w bezwen yon kontestasyon estanda oswa yon kontestasyon rapid.

Yon kontestasyon estanda jeneralman fèt nan yon peryòd 7 jou sivil. Jeneralman yo fè yon kontestasyon rapid nan 72 èdtan. Si sante w mande sa a, fè demann yon kontestasyon rapid.

- Si w ap konteste yon desizyon nou te pran konsènan yon medikaman ou poko resevwa, ou menm ak doktè w la oswa lòt moun k ap preskri w medikaman an dwe deside si w ap bezwen fè yon kontestasyon rapid.
- Kondisyon pou benefisye yon kontestasyon rapid yo se menm kondisyon ak sa pou w jwenn yon desizyon rapid sou kouvèti w la selon sa ki di nan Seksyon 7.4 chapit sa a.

Chapit 9 Kisa ou dwe fè si ou gen yon pwoblèm oswa yon plent (desizyon sou kouvèti, kontestasyon, plent)

Etap 2: Ou menm, reprezantan w lan, doktè oswa lòt moun k ap preskri w medikaman an dwe kontakte nou epi prezante kontestasyon Nivo 1 ou a. Si sante w mande pou nou bay yon repons rapid, ou dwe fè demann yon **kontestasyon rapid**.

- **Pou kontestasyon estanda, soumèt yon demann alekri oswa rele nou.** Chapit 2 a genyen enfòmasyon kontak.
- **Pou kontestasyon rapid yo, se swa w soumèt kontestasyon w la alekri oswa ou rele nou nan 1-833-444-9089 (TTY: 711).** Chapit 2 a genyen enfòmasyon kontak.
- **Nou dwe aksepte nenpòt demann alekri,** enkli yon demann ki te soumèt sou Fòm Demann Detèminasyon Modèl CMS la, ki disponib sou sit entènèt nou an nan www.wellcare.com/drug-coverage-determination-request. Tanpri asire w ou mete non w, enfòmasyon kontak ou, ak enfòmasyon konsènan demann ou an pou ede nou trete demann nan.
- **Ou ka soumèt kontestasyon ou an yon fason elektwonik atravè sit entènèt nou an nan www.wellcare.com/medicare.**
- **Ou dwe fè demann kontestasyon ou a sou 65 jou sivil** apre dat ki sou avi alekri nou te voye ba ou pou ba w repons nou sou desizyon nou pran konsènan kouvèti asirans lan. Si ou rate dat limit sa a epi ou gen yon rezon valab ki fè w rate li, eksplike rezon ki fè w te fè kontestasyon w lan an reta nan moman w t ap fè l la. Nou kapab ba w plis tan pou fè kontestasyon w lan. Egzanp rezon valab yo kapab se maladi grav ki anpeche w kontakte nou oswa si nou te ba w enfòmasyon ki pa kòrèk oswa ki pa konplè konsènan dat limit pou fè demann yon kontestasyon.
- **Ou ka mande yon kopi enfòmasyon nan kontestasyon w lan epi ajoute plis enfòmasyon.** Oumenm ak doktè w la kapab ajoute plis enfòmasyon pou sipòte kontestasyon w lan.

Etap 3: Nou konsidere kontestasyon w lan epi nou ap ba w yon repons.

- Lè n ap revize kontestasyon w lan, nou ap byen verifye tout enfòmasyon konsènan demann kouvèti w la. Nou verifye si nou te respekte tout règ yo lè nou te refize demann ou an. Nou kapab kontakte w ou menm oswa doktè w la oswa lòt moun ki preskri w medikaman pou jwenn plis enfòmasyon.

Dat limit pou yon kontestasyon rapid

- **Pou kontestasyon rapid yo, nou dwe ba w yon repons nan 72 èdtan aprè nou fin resevwa kontestasyon w lan.** Nou pral ba w yon repons pi bonè si sante w egzije nou fè sa a.
 - Si nou pa ba w yon repons nan espas 72 èdtan, nou pral oblije voye demann ou an nan Nivo 2 pwosesis kontestasyon an, kote pral gen yon òganizasyon revizyon endepandan k ap fè verifikasyon li. Seksyon 7.6 la eksplike pwosesis kontestasyon Nivo 2 a.
- **Si repons nou an pozitif pou yon pati oswa pou tout demann ou an,** nou dwe fè w jwenn kouvèti asirans nou te dakò ba w la nan espas 72 èdtan apre nou fin resevwa kontestasyon w la.
- **Si repons nou an negatif pou yon pati oswa pou tout demann ou an,** n ap voye yon deklarasyon alekri ba ou ki eksplike poukisa nou reponn negatif epi ki di kijan ou ka konteste desizyon nou an.

Chapit 9 Kisa ou dwe fè si ou gen yon pwoblèm oswa yon plent (desizyon sou kouvèti, kontestasyon, plent)

Dat limit pou yon kontestasyon estanda pou yon medikaman ou pako resevwa

- Pou yon kontestasyon estanda, nou dwe ba w yon repons **nan 7 jou sivil** aprè nou fin resevwa kontestasyon w lan. Nou pral ba w yon repons alavans si w pa ko resevwa medikaman an epi si kondisyon sante w mande nou fè sa a.
 - Si nou pa pataje desizyon nou ak ou nan espas 7 jou sivil, nou pral oblije voye demann ou an nan Nivo 2 pwosesis kontestasyon an, kote pral gen yon òganizasyon revizyon endepandan k ap fè verifikasyon li. Seksyon 7.6 la eksplike pwosesis kontestasyon Nivo 2 a.
- **Si repons nou an pozitif pou yon pati oswa pou tout demann ou an**, nou dwe fè w jwenn kouvèti asirans rapid vit depi sante w retabli, men nou pa dwe pran plis pase **7 jou sivil** apre nou fin resevwa kontestasyon w la. **Si repons nou an negatif pou yon pati oswa pou tout demann ou an**, n ap voye yon deklarasyon alekri ba ou ki eksplike poukisa nou reponn negatif epi ki di kijan ou ka konteste desizyon nou an.

Dat limit pou yon kontestasyon estanda konsènan peman pou yon medikaman ou te deja achte

- Nou dwe ba w repons nou **nan 14 jou sivil** aprè nou resevwa demann ou an.
 - Si nou pa respekte dat limit sa a, nou gen obligasyon pou voye demann ou an nan Nivo 2 pwosesis kontestasyon an, kote pral gen yon òganizasyon revizyon endepandan k ap revize li.
- **Si repons nou an pozitif pou yon pati oswa pou tout sa ou te mande a**, nou gen obligasyon tou pou n fè pèman pou ou nan 30 jou sivil aprè nou resevwa demann ou an.
- **Si repons nou an negatif pou yon pati oswa pou tout demann ou an**, n ap voye yon deklarasyon alekri ba ou ki eksplike poukisa nou reponn negatif. N ap di w kijan ou ka konteste desizyon nou an tou.

Etap 4: Si nou reponn negatif a kontestasyon ou an, w ap decide si ou vle kontinye ak pwosesis kontestasyon an epi fè yon lòt kontestasyon.

- Si w decide fè yon lòt kontestasyon, sa vle di kontestasyon ou an ap ale nan Nivo 2 pwosesis kontestasyon an.

Seksyon 7.6 Etap pa Etap: Kijan pou fè yon kontestasyon Nivo 2

Tèm Jiridik

Non fòmèl pou òganizasyon revizyon endepandan an se **Antite Revizyon Endepandan**. Yo souvan rele li **IRE** tou.

Òganizasyon revizyon endepandan an se yon òganizasyon endepandan Medicare anboche. Li pa gen okenn rapò ak nou epi li pa yon ajans gouvènmanal. Òganizasyon sa a, se li k ap decide si desizyon nou te pran an kòrèk oswa si nou ta dwe chanje li. Medicare ap sipèvize travay li.

Chapit 9 Kisa ou dwe fè si ou gen yon pwoblèm oswa yon plent (desizyon sou kouvèti, kontestasyon, plent)

Etap 1: Ou menm (oswa reprezantan w la oswa doktè w la oubyen lòt moun k ap preskri w medikaman an) dwe kontakte òganizasyon revizyon endepandan an epi mande pou yo fè yon revizyon dosye w la.

- Si nou reponn negatif pou kontestasyon Nivo 1 ou an, avi alekri nou voye ba ou an ap genyen ladan l **enstriksyon sou fason pou fè yon kontestasyon Nivo 2** ansanm ak òganizasyon revizyon endepandan an. Enstriksyon sa yo pral fè w konnen kiyès ki ka fè kontestasyon Nivo 2 sa a, ki dat limit ou dwe respekte, ak kijan pou w kontakte òganizasyon revizyon an. Sepandan, si nou pa t fin fè revizyon nou an nan peryòd tan aplikab la, oubyen si nou te pran yon desizyon ki pa favorab konsènan detèminasyon ki a **risk** nan kad pwogram jesyon medikaman nou an, n ap voye demann ou a otomatikman bay IRE.
- Nou ap voye enfòmasyon konsènan kontestasyon ou an bay òganizasyon sa a. Yo rele enfòmasyon sa yo **dosye ka ou. Ou gen dwa pou ou mande nou yon kopi dosye ou a.**
- Ou gen dwa bay òganizasyon revizyon endepandan an plis enfòmasyon pou sipòte kontestasyon w lan.

Etap 2: Òganizasyon revizyon endepandan an ap revize kontestasyon w la.

Revizè nan òganizasyon revizyon endepandan yo pral pran san yo pou yo gade tout enfòmasyon ki gen rapò ak kontestasyon ou an.

Dat limit pou kontestasyon rapid

- Si sante w mande sa a, mande òganizasyon revizyon endepandan an yon kontestasyon rapid.
- Si òganizasyon an dakò ba ou opòtinite fè yon kontestasyon rapid, òganizasyon an dwe ba ou yon repons pou kontestasyon Nivo 2 ou a **nan 72 èdtan** apre li fin resevwa demann kontestasyon ou an.

Dat limit pou kontestasyon estanda

- Pou kontestasyon estanda yo, òganizasyon revizyon an dwe ba ou yon repons pou kontestasyon Nivo 2 ou a **nan espas 7 jou sivil** apre li fin resevwa kontestasyon ou a si se pou yon medikaman ou poko resevwa ou fè l. Si w ap fè nou yon demann ranbousman pou yon medikaman ou te deja achte, òganizasyon revizyon an dwe ba w yon repons pou kontestasyon Nivo 2 ou a **nan espas 14 jou sivil** apre li fin resevwa demann ou an.

Etap 3: Òganizasyon revizyon endepandan an ba ou repons pa li.

- *Pou kontestasyon rapid yo:*
 - **Si òganizasyon revizyon endepandan an reponn pozitif pou yon pati oswa pou tout demann ou an, nou gen obligasyon pou nou fè w benefisye kouvèti asirans medikaman òganizasyon revizyon an te apwouve a nan espas 24 èdtan** apre nou fin konnen desizyon òganizasyon revizyon an.

Chapit 9 Kisa ou dwe fè si ou gen yon pwoblèm oswa yon plent (desizyon sou kouvèti, kontestasyon, plent)

- **Pou kontestasyon estanda:**

- **Si òganizasyon revizyon endepandan an reponn pozitif pou yon pati oswa pou tout demann kouvèti asirans ou an,** nou gen obligasyon pou nou fè w benefisye kouvèti asirans medikaman òganizasyon revizyon an te apwouve a **nan espas 72 èdtan** apre nou fin konnen desizyon òganizasyon revizyon an.
- **Si òganizasyon revizyon endepandan an reponn pozitif pou yon pati oswa pou tout demann ou te fè pou ranbousman** yon medikaman ou te deja achte a, nou oblije **peye ou nan espas 30 jou sivil** apre nou fin konnen desizyon òganizasyon revizyon an.

E si òganizasyon revizyon an reponn negatif pou kontestasyon ou an?

Si òganizasyon sa a reponn negatif pou yon pati oswa pou tout kontestasyon w lan, sa vle di li dakò ak desizyon nou pran pou nou pa apwouve demann ou an (oswa yon pati nan demann ou an). (Yo rele sa **konfimasyon desizyon**. Yo konn rele sa **refize kontestasyon w lan tou**.) Nan ka sa a, òganizasyon revizyon endepandan an ap voye yon lèt ba ou:

- Ki eksplike desizyon li pran an.
- L ap fè w konnen dwa w genyen pou w fè yon kontestasyon Nivo 3 si valè kouvèti asirans medikaman w ap mande a rive nan yon sèten minimòm. L ap fè w konnen dwa w genyen pou w fè yon kontestasyon Nivo 2 si valè kouvèti asirans medikaman w ap mande a rive nan yon sèten minimòm.
- L ap di w montan dola ki dwe lakòz litij la pou kontinye ak pwosesis kontestasyon an.

Etap 4: Si dosye w la satisfè egzijans yo, w ap chwazi si w vle kontinye kontestasyon w lan pou ale pi lwen.

- Gen twa nivo adisyonèl nan pwosesis kontestasyon yo aprè nivo 2 (pou yon total senk nivo kontestasyon).
- Si ou vle ale nan yon kontestasyon Nivo 3, w ap jwenn detay sou fason pou fè sa a nan avi alekri ou resevwa apre desizyon ki pran sou kontestasyon Nivo 2 ou a.
- Se yon Jij Dwa Administratif oswa yon avoka k ap trete dosye Kontestasyon Nivo 3 a. Seksyon 10 nan chapit sa a pale plis sou Nivo 3, 4 ak 5 nan pwosesis kontestasyon an.

SEKSYON 8 Fason pou w mande nou pou nou kouvri yon ospitalizasyon ki pi long si w panse y ap egzeyate w twò bonè

Lè ou entène nan yon lopital, ou genyen dwa pou w benefisye tout sèvis ki asire anndan lopital la ki nesèsè pou fè dyagnostik ak trete maladi oswa aksidan ou fè a.

Chapit 9 Kisa ou dwe fè si ou gen yon pwoblèm oswa yon plent (desizyon sou kouvèti, kontestasyon, plent)

Pandan ou entène nan lopital nan kad asirans lan, doktè w lan ansanm ak pèsònèl lopital la ap travay avè w pou prepare w pou jou w ap egzeyate a. Yo pral òganize swen ou kapab gen bezwen apre ou egzeyate a.

- Yo rele jou ou kite lopital la **dat egzeyat**.
- Lè li fin deside dat egzeyat ou, doktè w la oswa anplwaye lopital la ap fè w konnen dat sa.
- Si ou panse yo te mande w kite la lopital twò bonè, ou kapab mande pou w rete plis tan lopital la epi yo pral konsidere demann ou an.

Seksyon 8.1 Pandan ou entène lopital la, ou pral jwenn yon avi alekri Medicare voye ba w ki ap fè ou konnen dwa w

Sou de jou sivil apre w fin entène lopital la, yo pral ba w yon avi alekri ki pote non *Yon Mesaj Enpòtan Medicare sou Dwa ou Genyen*. Tout moun ki gen Medicare ap jwenn yon kopi avi sa a. Si pa gen yon moun nan lopital la (pa egzansp, yon travayè sosyal oswa yon enfimyè) ki fè w jwenn avi a, mande nenpòt anplwaye lopital la pou l fè w jwenn li. Si w bezwen èd, tanpri rele Sèvis Manm yo oswa 1-800-MEDICARE (1-800-633-4227), 24 èdtan pa jou, 7 jou nan semen nan. (TTY 1-877-486-2048).

1. **Li avi sa a byen, epi si w pa konprann, poze kesyon.** Li fè w konnen:
 - Dwa ou genyen pou w resevwa sèvis Medicare kouvri yo pandan epi aprè tan ou pase lopital la, jan doktè w la mande sa a. Sa gen ladan l dwa w pou w konnen kisa sèvis sa yo, kiyès k ap peye pou yo epi ki kote w ap jwenn yo.
 - Dwa ou gen pou w patisipe nan nenpòt desizyon sou tan w ap pase lopital la.
 - Ki kote pou rapòte nenpòt enkyetid ou genyen konsènan kalite swen lopital ou a.
 - Dwa w pou **mande yon revizyon imedyat** sou desizyon ki pran pou egzeyate w la si w panse yo te egzeyate w twò bonè. Sa a se yon fason fòmèl epi legal pou mande yo pouse dat egzeyat ou a pou pi devan pou nou ka asire swen lopital ou yo pou yon tan ki pi long.
2. **Yo pral mande w pou w siyen avi alekri sa a pou montre ou resevwa li epi konprann dwa w yo.**
 - Yo pral mande w, ou menm oswa yon moun ki ap aji nan non w pou nou siyen avi a.
 - Lè w siyen avi a sa montre *sèlman* ou te resevwa enfòmasyon sou dwa w yo. Avi an pa fè w konnen dat egzeyat la. Siyen avi a **pa vle di** ou dakò sou yon dat egzeyat.
3. **Kenbe yon kopi** avi a yon kote byen prè konsa ou pral genyen enfòmasyon sou kòman pou fè yon kontestasyon (oswa sou kòman pou rapòte yon enkyetid ou genyen konsènan kalite swen ou) si ou bezwen li.
 - Si ou siyen avi a plis pase de jou sivil anvan dat egzeyat ou a, ou pral resevwa yon lòt kopi anvan yo pwograme pou yo egzeyate w.
 - Pou w ka wè yon kopi avi sa a davans, ou kapab rele Sèvis Manm yo oswa 1-800 MEDICARE (1-800-633-4227), 24 èdtan chak jou, 7 jou pa semèn. Moun k ap itilize TTY yo dwe rele nan 1-877-486-2048. Ou kapab gade avi a anliy tou nan www.cms.gov/Medicare/Medicare-General-Information/BNI/HospitalDischargeAppealNotices.

Chapit 9 Kisa ou dwe fè si ou gen yon pwoblèm oswa yon plent (desizyon sou kouvèti, kontestasyon, plent)

Seksyon 8.2 Etap pa Etap: Kòman pou fè yon kontestasyon Nivo 1 pou chanje dat egzeyat ou nan lopital ou a

Si w vle mande pou nou asire sèvis w ap resevwa lopital la antanke pasyan ki entène pou yon tan ki pi long, w ap bezwen itilize pwosesis kontestasyon an pou fè demann sa a. Anvan ou kòmanse, konprann ki sa ou bezwen pou fè epi ki dat limit ou genyen.

- **Suiv pwosesis lan.**
- **Respekte dat limit yo.**
- **Mande pou yo ede w si w bezwen èd.** Si w gen kesyon oswa si w bezwen èd nenpòt ki lè, tanpri rele Sèvis Manm yo. Oswa rele Pwogram Èd Asirans Sante Eta ou a, ki se yon òganizasyon gouvènman an ki bay asistans pèsonalize.

Pandan w ap fè yon kontestasyon Nivo 1, Òganizasyon Amelyorasyon Kalite an ap revize kontestasyon ou a. Li verifye pou l wè si dat egzeyat ou te planifye a apwopriye pou ou sou plan medikal.

Òganizasyon pou Amelyorasyon Kalite a se gwoup doktè ak lòt pwofesyonèl swen sante Gouvènman Federal la peye pou verifye ak ede amelyore kalite swen yo pou moun ki genyen Medicare yo. Sa gen ladan l revizyon dat egzeyat nan lopital pou moun ki gen Medicare yo. Ekspè sa yo pa fè pati plan nou an.

Etap 1: Kontakte Òganizasyon Amelyorasyon Kalite ki disponib pou eta ou a epi mande pou gen yon revizyon imedyat ki fèt sou egzeyat ou nan lopital la. Ou dwe aji rapid.

Kijan w kapab kontakte òganizasyon sa a?

- **Avi alekri ou resevwa a** (*Yon Mesaj Enpotan Medicare Sou Dwa Ou Yo*) di ou kijan pou kontakte òganizasyon sa a. Oswa jwenn non, adrès, ak nimewo Òganizasyon pou Amelyorasyon Kalite ki disponib nan eta ou nan Chapit 2 a.

Aji rapid:

- Pou fè kontestasyon ou an, ou dwe kontakte Òganizasyon pou Amelyorasyon Kalite a anvan ou kite lopital la epi **pa pita pase minwi nan jou egzeyat ou a.**
 - **Si ou respekte delè sa a,** ou ka rete lopital la *apre* dat egzeyat ou a *san ou pa peye yon dola* pou li pandan ou ap tann pou w konnen desizyon Òganizasyon pou Amelyorasyon Kalite an
 - **Si ou pa respekte dat limit sa a,** kontakte nou. Si deside rete nan lopital la aprè dat ki planifye pou egzeyate ou a, *ou ka oblije peye tout depans* pou swen w resevwa yo aprè dat egzeyat ki planifye pou ou a.

Yon fwa ou amnde yon revizyon imedyat pou egzeyat ou nan lopital la, Òganizasyon Amelyorasyon Kalite an ap kontakte nou. A midi nan jou apre yo fin kontakte nou an, n ap ba w yon **Avi Detaye sou Egzeyat**. Avi sa a fè w konnen dat egzeyat ki planifye pou ou a epi li eksplike an detay rezon ki fè doktè ou a, lopital la, epi nou panse se yon bagay kòrèk (ki apwopriye medikalman) pou ou egzeyate nan dat sa.

Chapit 9 Kisa ou dwe fè si ou gen yon pwoblèm oswa yon plent (desizyon sou kouvèti, kontestasyon, plent)

Ou ka jwenn yon echantiyon Avi Detaye sou Egzeyat la pandan w ap rele Sèvis Manm yo oswa 1-800-MEDICARE (1-800-633-4227), 24 èdtan pa jou, 7 jou pa semèn. (Itilizatè TTY yo ta dwe rele 1-877-486-2048.) Oswa w kapab gade yon echantiyon avi a anliy sou www.cms.gov/Medicare/Medicare-General-Information/BNI/HospitalDischargeAppealNotices.

Etap 2: Òganizasyon Amelyorasyon Kalite a fè yon revizyon endepandan sou dosye ou a.

- Pwofesyonèl swen sante nan Òganizasyon pou Amelyorasyon Kalite a (evalyatè yo) pral mande ou menm (oswa reprezantan ou an) poukisa ou kwè kouvèti asirans pou sèvis yo ta dwe kontinye. Ou pa gen pou ou prepare anyen alekri, men ou gen dwa pou ou fè sa si ou vle.
- Egzaminatè yo pral voye yon kout je tou sou enfòmasyon medikal ou, pale ak doktè w la, epi yo pral revize enfòmasyon lopital la ak enfòmasyon nou te ba yo.
- Anvan midi nan jou apre evalyatè yo fin pale ak nou sou kontestasyon w la, ou pral jwenn yon avi alekri n voye ba w ki ap fè w konnen dat egzeyat ki planifye pou ou a. Avi sa a eksplike an detay rezon ki fè doktè ou a, lopital la, epi nou panse se yon bagay kòrèk (ki apwopriye medikalman) pou ou egzeyate nan dat sa.

Etap 3: Nan yon jou konplè aprè li fin jwenn tout enfòmasyon nesèsè yo, Òganizasyon pou Amelyorasyon Kalite a ap ba ou repons li pou kontestasyon ou an.

Kisa k ap rive si repons lan pozitif?

- Si repons òganizasyon revizyon an pozitif, **nou dwe kontinye ofri w sèvis ki asire antanke pasyan ki entènè lopital la pou tout tan sèvis sa yo nesèsè sou plan medikal.**
- Ou pral oblije toujou aplike peye pati pa w nan depans yo (tankou franchiz oswa kopeman, si sa yo aplike). Mete sou sa, kapab gen limit sou sèvis lopital ou gen ki asire yo.

Kisa k ap rive si repons lan negatif?

- Si òganizasyon revizyon an reponn *negatif*, se di y ap di w dat ki planifye pou egzeyat ou a medikalman apwopriye. Si sa rive, **kouvèti asirans nou pou sèvis lopital antanke pasyan ki entènè yo ap fini** a midi nan jou *apre* Òganizasyon pou Amelyorasyon Kalite a ba ou repons li pou kontestasyon ou a.
- Si òganizasyon revizyon reponn negatif pou kontestasyon ou a epi ou deside pou rete lopital la, ebyen, **ou ka oblije peye tout depans** swen lopital ou resevwa yo apre midi nan jou apre Òganizasyon pou Amelyorasyon Kalite a ba ou repons li pou kontestasyon ou a.

Etap 4: Si repons pou kontestasyon Nivo 1 ou an negatif, ou ap deside si ou vle fè yon lòt kontestasyon.

- Si Òganizasyon pou Amelyorasyon Kalite a te reponn *negatif* pou kontestasyon w lan, *epi* ou rete lopital la apre dat egzeyat ki te planifye pou ou a, ebyen ou ka fè yon lòt kontestasyon. Fè yon lòt kontestasyon vle di ou pase nan **Nivo 2** nan pwosesis kontestasyon an.

Chapit 9 Kisa ou dwe fè si ou gen yon pwoblèm oswa yon plent (desizyon sou kouvèti, kontestasyon, plent)

Seksyon 8.3 Etap pa Etap: Kòman pou fè yon kontestasyon Nivo 2 pou chanje dat egzeyat ou nan lopital ou a

Pandan w ap fè yon kontestasyon Nivo 2, ou ap mande Òganizasyon Amelyorasyon Kalite an pou li fè yon lòt verifikasyon sou desizyon li pran sou premye kontestasyon ou a. Si Òganizasyon Amelyorasyon Kalite an rejte kontestasyon Nivo 2 ou a, ou kapab oblije peye tout depans spou sejou w apre dat ki planifye pou w egzeyate a.

Etap 1: Kontakte Òganizasyon pou Amelyorasyon Kalite a ankò epi mande yon lòt revizyon.

- Ou dwe mande revizyon sa a **nan 60 jou sivil** aprè jou Òganizasyon pou Amelyorasyon Kalite a te reponn *negatif* pou kontestasyon Nivo 1 ou an. Ou kapab mande pou yo fè revizyon sa a sèlman si ou rete nan lopital la apre dat kouvèti asirans ou pou swen an fini a.

Etap 2: Òganizasyon pou Amelyorasyon Kalite a fè yon dezyèm revizyon sou sitiyasyon ou an.

- Ajan revizyon nan Òganizasyon Amelyorasyon Kalite yo pral pran san yo pou yo gade tout enfòmasyon ki gen rapò ak kontestasyon ou a.

Etap 3: Nan 14 jou sivil aprè yo fin resevwa demann kontestasyon Nivo 2 ou a, egzaminatè yo pral deside sou kontestasyon ou an epi yo pral di w ki desizyon yo pran.

Si òganizasyon revizyon an reponn pozitif:

- **Nou dwe ranbouse w** pou pataj depans nou nan swen lopital ou te resevwa depi midi nan jou aprè dat Òganizasyon pou Amelyorasyon Kalite a te rejte premye kontestasyon ou an. **Nou dwe kontinye asire w pou swen w nan lopital antanke pasyan entènè pandan toutotan li nesèsè sou plan medikal.**
- Ou dwe kontinye peye pati pa ou nan depans yo epi kapab gen limit nan akd kouvèti asirans lan ki aplike.

Si òganizasyon revizyon an reponn negatif:

- Sa vle di yo dakò ak desizyon yo te pran sou kontestasyon Nivo 1 ou a.
- Avi ou pral resevwa an ap di w alekri kisa ou kapab fè si ou vle ale kontinye ak pwosesis revizyon an.

Etap 4: Si repons lan negatif, ou pral bezwen deside si w vle kontinye kontestasyon w lan pou ale pi lwen lè w pase nan Nivo 3 a.

- Gen twa nivo adisyonèl nan pwosesis kontestasyon yo aprè nivo 2 (pou yon total senk nivo kontestasyon). Si w vle avanse nan yon kontestasyon Nivo 3, w ap jwenn detay sou fason pou w fè sa nan avi alekri ou resevwa aprè desizyon sou kontestasyon Nivo 2 ou a.
- Se yon Jij Dwa Administratif oswa yon avoka k ap trete dosye Kontestasyon Nivo 3 a. Seksyon 10 nan chapit sa a pale plis sou Nivo 3, 4, ak 5 nan pwosesis kontestasyon an.

Chapit 9 Kisa ou dwe fè si ou gen yon pwoblèm oswa yon plent (desizyon sou kouvèti, kontestasyon, plent)

SEKSYON 9 Fason pou w mande nou pou n kontinye kouvri yon pòsyon sèvis medikal si w panse kouvèti asirans ou an ap fini twò bonè.

Seksyon 9.1 Seksyon sa a kouvri sèlman twa sèvis: Swen sante lakay, swen nan etablisman swen enfimye kalifye, ak sèvis nan Etablisman Konplè pou Reyabilitasyon Pasyan Ekstèn (CORF)

Lè w ap resevwa sèvis sante asire adomisil, swen enfimye kalifye ki asire, oswa swen reyabilitasyon ki asire (Etablisman Reyabilitasyon Konplè pou Pasyan Ekstèn), ou gen dwa pou w kontinye resevwa sèvis ou pou kategori swen sa a toutotan swen an nesese pou fè dyagnostik ak trete maladi oswa blesi w la.

Lè nou decide li lè pou nou sispann asire nenpòt nan twa kalite swen sa yo pou ou, nou gen obligasyon pou n di w sa alavans. Lè kouvèti ou pou swen sa a fini, *n ap sispann peye pou swen ou yo.*

Si w panse n ap mete fen nan kouvèti swen w lan twò bonè, **ou ka konteste desizyon nou.** Seksyon sa pale sou kijan pou w mande yon kontestasyon.

Seksyon 9.2 Nou pral di w annavans kilè kouvèti asirans ou an pral fini

Tèm Jiridik

Avi Medicare ki pa kouvri. Li di w kouman ou ka mande yon **kontestasyon akselere.** Mande yon kontestasyon rapid se yon fason fòmèl epi legal pou mande yon chanjman nan desizyon nou pran nan kad kouvèti asirans ou konsènan ki lè pou sispann swen w ap resevwa a.

- 1. Ou resevwa yon avi alekri** omwen de jou sivil anvan plan nou an pral sispann asire swen ou ap resevwa yo. Avi ap fè w konnen:
 - Dat lè nou pral sispann asire swen w ap resevwa yo pou ou.
 - Fason pou mande yon kontestasyon rapid pou mande nou pou n kontinye kouvri swen ou pou yon peryòd tan ki pi long.
- 2. Yo pral mande w, ou menm oswa yon moun ki ap aji nan non w pou nou siyen avi alekri a pou montre w resevwa li.** Lè w siyen avi a, sa montre *sèlman* ou te resevwa enfòmasyon sou kilè kouvèti asirans ou an ap fini. **Si w siyen, sa pa vle di ou dakò** ak desizyon plan an pran pou sispann ba w swen.

Chapit 9 Kisa ou dwe fè si ou gen yon pwoblèm oswa yon plent (desizyon sou kouvèti, kontestasyon, plent)

Seksyon 9.3 Etap pa Etap: Kijan pou fè yon kontestasyon Nivo 1 pou w fè plan nou an asire swen w ap resevwa pou plis tan

Si w vle mande pou nou asire sèvis w ap resevwa a pou yon peryòd tan ki pi long, w ap bezwen itilize pwosesis kontestasyon an pou fè demann sa a. Anvan ou kòmanse, konprann ki sa ou bezwen pou fè epi ki dat limit ou genyen.

- **Suiv pwosesis lan.**
- **Respekte dat limit yo.**
- **Mande pou yo ede w si w bezwen èd.** Si w gen kesyon oswa si w bezwen èd nenpòt ki lè, tanpri rele Sèvis Manm yo. Oswa rele Pwogram Èd Asirans Sante Eta ou a, ki se yon òganizasyon gouvènman an ki bay asistans pèsonalize.

Pandan w ap fè yon kontestasyon Nivo 1, Òganizasyon Amelyorasyon Kalite an ap revize kontestasyon ou a. Li decide si dat pou swen w yo fini an apwopriye nan yon kad medikal.

Etap 1: Fè kontestasyon Nivo 1 w lan: Kontakte Òganizasyon pou Amelyorasyon Kalite a epi mande yon kontestasyon akselere. Ou dwe aji rapid.

Kijan w kapab kontakte òganizasyon sa a?

- Avi alekri ou resevwa a (*Avi Medicare ki pa kouvri*) di ou kòman pou kontakte òganizasyon sa a. (Oswa jwenn non, adrès, ak nimewo Òganizasyon pou Amelyorasyon Kalite ki disponib nan eta ou nan Chapit 2 a.)

Aji rapid:

- Ou dwe kontakte Òganizasyon pou Amelyorasyon Kalite a pou kòmanse kontestasyon w lan **anvan midi nan jou anvan dat ki efektif** ki sou *Avi Medicare ki pa kouvri a*.
- Si w rate dat limit pou kontakte Òganizasyon pou Amelyorasyon Kalite a, ou ka toujou gen dwa pou w fè kontestasyon. Kontakte Òganizasyon pou Amelyorasyon Kalite.

Etap 2: Òganizasyon Amelyorasyon Kalite a fè yon revizyon endepandan sou dosye ou a.

Tèm Jiridik

Eksplikasyon Detaye sou Atik ki pa Kouvri yo. Avi ki detaye rezon ki fè nou sispann kouvèti asirans lan.

Kisa ki pase pandan revizyon an?

- Pwofesyonèl swen sante nan Òganizasyon pou Amelyorasyon Kalite a (evalyatè yo) pral mande w, oswa reprezantan ou an) poukisa ou kwè kouvèti asirans pou sèvis yo ta dwe kontinye. Ou pa gen pou ou prepare anyen alekri, men ou gen dwa pou ou fè sa si ou vle.

Chapit 9 Kisa ou dwe fè si ou gen yon pwoblèm oswa yon plent (desizyon sou kouvèti, kontestasyon, plent)

- Òganizasyon revizyon an pral voye yon kout je tou sou enfòmasyon medikal ou, pale ak doktè w la, epi yo pral revize enfòmasyon yo te resevwa yo.
- Nan fen jou evalyatè yo pale ak nou sou kontestasyon w la, n ap ba w yon **Eksplikasyon Detaye sou Atik ki pa Kouvri yo ki detaye** rezon ki fè nou sispann kouvèti nou an pou sèvis ou yo.

Etap 3: Nan yon jou konplè apre yo fin jwenn tout enfòmasyon yo bezwen yo, evalyatè yo ap fè w konnen desizyon yo pran an.

Kisa k ap rive si evalyatè yo reponn pozitif?

- Si egzaminatè yo reponn pozitif pou kontestasyon ou an, alòs **nou dwe toujou kontinye ba w sèvis ou yo ki kouvri yo toutotan sa nesesè sou plan medikal.**
- Ou pral oblije toujou aplike peye pati pa w nan depans yo (tankou franchiz oswa kopeman, si sa yo aplike). Kapab gen limit sou sèvis lopital ou gen ki asire yo.

Kisa k ap rive si evalyatè yo reponn negatif?

- Si egzaminatè yo reponn negatif, alòs **kouvèti ou a ap fini nan dat nou te di w la.**
- Si ou deside kontinye jwenn swen sante lakay, oswa swen nan yon etablisman swen enfimye kalifye, oswa sèvis nan Etablisman Konplè pou Reyabilitasyon Pasyan Ekstèn (CORF) aprè dat kouvèti w la fini, alòs **w ap gen pou w peye tout depans** pou swen sa a ou menm.

Etap 4: Si repons pou kontestasyon Nivo 1 ou an negatif, ou ap deside si ou vle fè yon lòt kontestasyon.

- Si evalyatè yo reponn negatif pou kontestasyon Nivo 1 ou a – epi ou chwazi kontinye resevwa swen apre kouvèti asirans pou swen ou an fini – ebyen, ou ka fè yon kontestasyon Nivo 2.

Seksyon 9.4 Etap pa Etap: Kijan pou fè yon kontestasyon Nivo 2 pou w fè plan nou an asire swen w ap resevwa pou plis tan

Pandan w ap fè yon kontestasyon Nivo 2, ou ap mande Òganizasyon Amelyorasyon Kalite an pou li fè yon lòt verifikasyon sou desizyon ki pran sou premye kontestasyon ou a. Si Òganizasyon Amelyorasyon Kalite an rejte kontestasyon Nivo 2 ou a, ou kapab oblije peye tout depans swen sante w resevwa lakay ou a, oswa depans swen w resevwa nan yon sant swen enfimye espesyalize, oswa depans swen w resevwa nan Etablisman Reyabilitasyon Konpreyansif pou Pasyan Ekstèn (Comprehensive Outpatient Rehabilitation Facility, CORF) *apre* dat lè nou te anonse w pwoteksyon ou ta dwe fini.

Etap 1: Kontakte Òganizasyon pou Amelyorasyon Kalite a ankò epi mande yon lòt revizyon.

- Ou dwe mande pou revizyon sa fèt **sou yon peryòd 60 jou sivil** apre jou Òganizasyon Amelyorasyon Kalite a te reponn *negatif* pou kontestasyon Nivo 1 ou a. Ou ka mande pou yo fè revizyon sa a sèlman si ou te kontinye resevwa swen apre dat kouvèti asirans ou pou swen an fini a.

Chapit 9 Kisa ou dwe fè si ou gen yon pwoblèm oswa yon plent (desizyon sou kouvèti, kontestasyon, plent)

Etap 2: Òganizasyon pou Amelyorasyon Kalite a fè yon dezyèm revizyon sou sityasyon ou an.

- Ajan revizyon nan Òganizasyon Amelyorasyon Kalite yo pral pran san yo pou yo gade tout enfòmasyon ki gen rapò ak kontestasyon ou a.

Etap 3: Sou 14 jou sivil apre yo fin resevwa demann kontestasyon ou a, evalyatè yo pral decide sou kontestasyon ou a epi yo pral di w ki desizyon yo pran.

Kisa k ap rive si òganizasyon revizyon an reponn pozitif?

- **Nou dwe ranbouse w** pou pataj depans nou pou swen ou te resevwa depi nan dat nou te di kouvèti w la ta dwe fini an. **Nou dwe kontinye asire w** pou swen an pandan toutotan li nesèsè sou plan medikal.
- Ou dwe kontinye peye pati pa ou nan depans yo epi kapab gen limit nan kad asirans ki aplike.

Kisa k ap rive si òganizasyon revizyon an reponn negatif?

- Sa vle di li dakò ak desizyon li te pran sou kontestasyon Nivo 1 ou a.
- Avi ou pral resevwa an ap di w alekri kisa ou kapab fè si ou vle ale kontinye ak pwosesis revizyon an. Li pral ba w detay sou kijan pou ale nan pwochen nivo kontestasyon an, ki li menm se yon Jij Administratif oswa yon avoka k ap trete li.

Etap 4: Si repons lan negatif, ou pral bezwen decide si w vle kontinye kontestasyon w lan pou ale pi lwen.

- Gen twa lòt nivo kontestasyon apre Nivo 2 a, sa ki fè yon total senk nivo kontestasyon. Si ou vle ale nan yon kontestasyon Nivo 3, w ap jwenn detay sou fason pou fè sa a nan avi alekri ou resevwa apre desizyon ki pran sou kontestasyon Nivo 2 ou a.
- Se yon Jij Dwa Administratif oswa yon avoka k ap trete dosye Kontestasyon Nivo 3 a. Seksyon 10 nan chapit sa a pale plis sou Nivo 3, 4 ak 5 nan pwosesis kontestasyon an.

SEKSYON 10 Fè kontestasyon ou an rive nan Nivo 3 a ak pi lwen toujou

Seksyon 10.1 Nivo Kontestasyon 3, 4 ak 5 pou Demann Sèvis Medikal

Seksyon sa a kapab apwopriye pou ou si ou te fè yon kontestasyon Nivo 1 anvanm ak yon kontestasyon Nivo 2, epi yo te refize tou de kontestasyon ou yo.

Si valè an dola atik oswa sèvis medikal ou te fè kontestasyon pou li a satisfè sèten nivo minimòm, ou kapab anmezi pou pase nan lòt nivo kontestasyon. Si valè dola a pi ba pase nivo minimòm lan, ou pa kapab fè kontestasyon ankò. Repons alekri ou resevwa pou kontestasyon Nivo 2 ou an pral eksplike kijan pou fè yon kontestasyon Nivo 3.

Chapit 9 Kisa ou dwe fè si ou gen yon pwoblèm oswa yon plent (desizyon sou kouvèti, kontestasyon, plent)

Pou pifò sitiyasyon ki genyen kontestasyon, twa dènye nivo kontestasyon yo fonksyone menm jan an. Men ki moun ki jere dosye revizyon kontestasyon ou a nan chak nivo sa yo.

Kontestasyon Nivo 3 Yon Jij Administratif oswa yon avoka k ap travay pou gouvènman Federal la pral revize kontestasyon w la epi ba w yon repons.

- **Si Jij Administratif la oswa avoka an reponn pozitif pou kontestasyon w la, pwosesis kontestasyon an *kapab oswa kapab pa fini*.** Kontrèman ak yon desizyon ki pran pou yon kontestasyon Nivo 2, nou gen dwa pou konteste yon desizyon Nivo 3 ki favorab pou ou. Si nou decide konteste, li pral pase nan yon kontestasyon Nivo 4.
 - Si nou decide pa fè kontestasyon, nou dwe otorize oswa ba ou swen medikal nan espas 60 jou sivil apre nou fin resevwa desizyon Jij Administratif la oswa avoka an.
 - Si nou decide konteste desizyon an, n ap voye yon kopi demann kontestasyon Nivo 4 la ba w ansanm ak tout dokiman ki akonpaye li yo. Li posib pou nou tann desizyon kontestasyon Nivo 4 la anvan nou otorize oswa bay swen medikal ki lakòz litij yo.
- **Si Jij Administratif la oswa avoka an reponn negatif pou kontestasyon w la, pwosesis kontestasyon an *kapab oswa kapab pa fini*.**
 - Si w decide aksepte desizyon ki rejte kontestasyon w la, pwosesis kontestasyon an tou fini la a.
 - Si ou pa vle aksepte desizyon an, ou kapab kontinye ale nan pwochen nivo pwosesis revizyon an. Avi ou resevwa a ap di ou sa pou w fè pou w kapab fè yon kontestasyon Nivo 4.

Kontestasyon Nivo 4 Konsèy Kontestasyon Medicare (Konsèy) la ap revize kontestasyon w lan epi l ap ba w yon repons. Konsèy la fè pati gouvènman federal la.

- **Si repons lan pozitif, oswa si Konsèy la refize demann nou an ki se revize yon desizyon kontestasyon Nivo 3 favorab, pwosesis kontestasyon an *kapab oswa kapab pa fini*.** Kontrèman ak yon desizyon Nivo 2, nou gen dwa pou konteste yon desizyon Nivo 4 ki favorab pou ou. N ap decide si nou ap konteste desizyon Nivo 5 sa a.
 - Si nou decide *pa* konteste desizyon an, nou dwe otorize oswa ba ou swen medikal nan espas 60 jou sivil apre nou fin resevwa desizyon Konsèy la..
 - Si nou decide konteste desizyon an, n ap fè w konnen sa alekri.
- **Si repons lan negatif oswa si Konsèy la refize demann nou an, pwosesis kontestasyon an *kapab oswa kapab pa fini*.**
 - Si w decide aksepte desizyon ki rejte kontestasyon w la, pwosesis kontestasyon an tou fini la a.
 - Si ou pa vle aksepte desizyon an, ou gen posibilite pou w kapab kontinye nan pwochen nivo pwosesis revizyon an. Si Konsèy la reponn negatif pou kontestasyon w la, avi w ap resevwa a ap di w si règ yo pèmèt ou pase nan yon kontestasyon Nivo 5 epi l ap fè w konnen kijan pou kontinye ak yon kontestasyon Nivo 5.

Chapit 9 Kisa ou dwe fè si ou gen yon pwoblèm oswa yon plent (desizyon sou kouvèti, kontestasyon, plent)

Kontestasyon Nivo 5 Yon jij nan Tribinal Distri Federal la pral revize kontestasyon w la.

- Yon jij pral revize tout enfòmasyon yo epi li ap decide si repons lan ap *wi* oswa *non* pou demann ou an. Sa a se yon repons final. Pa gen okenn nivo kontestasyon apre sa nan Tribinal Distri Federal la.

Seksyon 10.2 Nivo Kontestasyon 3, 4 ak 5 pou Demann Medikaman Pati D

Seksyon sa a kapab apwopriye pou ou si ou te fè yon kontestasyon Nivo 1 ansanm ak yon kontestasyon Nivo 2, epi yo te refize tou de kontestasyon ou yo.

Si valè medikaman ou te fè kontestasyon pou li a satisfè kèk montan dola, ou ka anmezi pou pase nan nivo kontestasyon siplemantè. Si kantite dola a pi ba pase sa a, ou pa kapab fè kontestasyon ankò. Repons alekri ou resevwa pou kontestasyon Nivo 2 ou an pral eksplike w ki moun pou w kontakte ak ki sa pou w fè pou mande yon kontestasyon Nivo 3.

Pou pifò sitiyasyon ki genyen kontestasyon, twa dènye nivo kontestasyon yo fonksyone menm jan an. Men ki moun ki jere dosye revizyon kontestasyon ou a nan chak nivo sa yo.

Kontestasyon Nivo 3 Yon Jij Administratif oswa avoka k ap travay pou gouvènman Federal la pral revize kontestasyon w lan epi ba w yon repons.

- **Si repons lan pozitif, pwosesis kontestasyon an ap fini.** Nou dwe otorize oswa bay kouvèti medikaman jij administratif la oswa avoka a apwouve a **nan 72 èdtan (24 èdtan pou kontestasyon akselere) oswa fè pèman pa pita pase 30 jou sivil** aprè nou resevwa desizyon an.
- **Si repons lan negatif, pwosesis kontestasyon an kapab oswa ka pa fini.**
 - Si w decide aksepte desizyon ki rejte kontestasyon w la, pwosesis kontestasyon an tou fini la a.
 - Si ou pa vle aksepte desizyon an, ou kapab kontinye ale nan pwochen nivo pwosesis revizyon an. Avi ou resevwa a ap di ou sa pou w fè pou w kapab fè yon kontestasyon Nivo 4.

Kontestasyon Nivo 4 Konsèy Kontestasyon Medicare (Konsèy) la ap revize kontestasyon w lan epi l ap ba w yon repons. Konsèy la fè pati gouvènman federal la.

- **Si repons lan pozitif, pwosesis kontestasyon an ap fini.** Nou dwe otorize oswa bay kouvèti asirans pou medikaman an Konsèy la te apwouve an **nan espas 72 èdtan (24 èdtan pou kontestasyon akselere) oswa fè pèman an pa pita pase 30 jou sivil** aprè nou fin resevwa desizyon an.
- **Si repons lan negatif, pwosesis kontestasyon an kapab oswa ka pa fini.**
 - Si w decide aksepte desizyon ki rejte kontestasyon w la, pwosesis kontestasyon an tou fini la a.

Chapit 9 Kisa ou dwe fè si ou gen yon pwoblèm oswa yon plent (desizyon sou kouvèti, kontestasyon, plent)

- Si ou pa vle aksepte desizyon an, ou gen posibilite pou w kapab kontinye nan pwochen nivo pwosesis revizyon an. Si Konsèy la reponn negatif pou kontestasyon w la oswa li rejte demann revizyon w fè pou kontestasyon an, avi an ap di w si règ yo pèmèt ou pase nan yon kontestasyon Nivo 5. Li pral di w tou ki moun pou w kontakte ak kisa w dwe fè si w chwazi kontinye ak kontestasyon w la.

Kontestasyon Nivo 5 Yon jij nan **Tribinal Distri Federal** la pral revize kontestasyon w la.

- Yon jij pral revize tout enfòmasyon yo epi li ap decide si repons lan ap *wi* oswa *non* pou demann ou an. Sa a se yon repons final. Pa gen okenn nivo kontestasyon apre sa nan Tribinal Distri Federal la.

SEKSYON 11 Fason pou depoze yon plent konsènan kalite swen, tan datant, sèvis kliyan oswa lòt enkyetid.

Seksyon 11.1 Ki kalite pwoblèm yo konn rezoud ak pwosesis plent lan?

Pwosesis plent lan se yon pwosesis yo itilize *sèlman* pou kèk kalite pwoblèm. Se pwoblèm tankou pwoblèm ki gen rapò ak kalite swen, tan w fè ap tann, ansanm ak sèvis kliyantèl. Men kèk egzanp kalite pwoblèm yo konn rezoud ak pwosesis plent lan.

Plent	Egzanp
Kalite swen medikal ou	<ul style="list-style-type: none"> • Èske ou pa kontan pou kalite swen ou te resevwa a (sa ki gen ladan l swen w jwenn nan lopital la)?
Respè vi prive ou	<ul style="list-style-type: none"> • Èske gen yon moun ki pa respekte dwa vi prive w oswa ki te pataje enfòmasyon konfidansyèl ou?
Mank respè, move sèvis kliyantèl, oswa lòt konpòtman negatif	<ul style="list-style-type: none"> • Èske gen yon moun ki te mechan ak ou oswa ki te manke w respè? • Èske w pa kontan poutèt Sèvis Manm nou ofri yo? • Èske w santi gen bagay ki ankouraje w sispann benefisye plan an?
Tan atant	<ul style="list-style-type: none"> • Èske ou gen pwoblèm pou w pran yon randevou, oswa èske w tann twòp tan pou jwenn li? • Èske doktè, famasyon oswa lòt pwofesyonèl lasante yo te fè w tann twòp tan? Oswa èske Sèvis manm nou yo oswa lòt anplwaye nan plan an te fè w tann twòp tan? <ul style="list-style-type: none"> ○ Kèk egzanp se tann twò lontan nan telefòn, nan sal datant oswa sal egzamen an, oswa pran tan pou jwenn yon preskripsyon.

Chapit 9 Kisa ou dwe fè si ou gen yon pwoblèm oswa yon plent (desizyon sou kouvèti, kontestasyon, plent)

Plent	Egzanp
Pwòpte	<ul style="list-style-type: none"> Èske w pa kontan poutèt pwòpte oswa kondisyon yon klinik, lopital, oswa kabinè yon doktè?
Enfòmasyon ou jwenn nan men nou	<ul style="list-style-type: none"> Èske sa rive nou pa fè w jwenn yon avi ki enpòtan? Èske enfòmasyon alekri nou yo difisil pou konprann?
Ponktyalite (Tout kalite plent sa yo gen rapò ak <i>ponktyalite</i> aksyon nou ki gen rapò ak desizyon sou kouvèti ak kontestasyon)	<p>Si ou te mande nou pran desizyon sou kouvèti asirans oswa ou te fè yon kontestasyon, epi ou panse nou pa reponn ase vit, ou ka pote yon plent konsènan tan reta n ap bay la. Men kèk egzanp:</p> <ul style="list-style-type: none"> Ou te mande nou pran yon desizyon rapid sou kouvèti asirans oswa sou yon kontestasyon rapid, epi nou te reponn negatif; ou kapab depoze yon plent. Ou kwè nou pa respekte dat limit pou desizyon sou kouvèti asirans oswa kontestasyon yo; ou kapab depoze yon plent. Ou kwè nou pa respekte dat limit pou kouvri oswa ranbouse ou pou kèk atik medikal oswa sèvis oswa medikaman yo te apwouve; ou kapab depoze yon plent. Ou kwè nou pa t respekte dat limit obligatwa pou voye ka w la bay òganizasyon revizyon endepandan an; ou kapab depoze yon plent.

Seksyon 11.2 Kijan pou w depoze yon plent.

Tèm Jiridik

- Yo rele yon **Plent** tou yon **doleyans**.
- Pote yon plent** se prezante ou **prezante yon doleyans** tou.
- Yo rele **itilize pwosesis la pou pote plent** tou **itilize pwosesis pou depoze yon doleyans**.
- Yo rele yon **plent rapid** tou yon **doleyans akselere**.

Seksyon 11.3 Etap pa Etap: Depoze yon Plent

Etap 1: Kontakte nou rapid vit - Swa pa telefòn oswa alekri.

- Jeneralman, rele Sèvis pou Manm yo se premye etap la.** Si gen nenpòt lòt bagay ou bezwen fè, Sèvis Manm yo ap fè w konnen.
- Si ou pa vle rele (oswa si ou te rele men ou pa t satisfè), ou ka ekri plent ou an epi voye li ban nou.** Si w fè plent ou an alekri, n ap reponn li alekri tou.

Chapit 9 Kisa ou dwe fè si ou gen yon pwoblèm oswa yon plent (desizyon sou kouvèti, kontestasyon, plent)

- **Si nou pa kapab rezoud plent ou a nan telefòn, nou gen yon pwosedi fòmèl pou revize plent ou a. Nou rele sa Pwosedi Doleyans.** Pou fè yon plent, oswa si tout fwa w gen kesyon sou pwosedi sa a, tanpri rele Sèvis Manm yo. Osinon ou ka voye yon demann alekri ba nou pa lapòs nan adrès ki afiche nan *Plent sou Swen Medikal* oswa *Plent sou Medikaman Preskripsyon Pati D* nan Chapit 2 dokiman sa a.
 - Si ou mande yon repons alekri, si ou depoze yon plent alekri (yon doleyans), oswa si plent ou an gen rapò ak kalite swen w ap resevwa, n ap reponn ou alekri.
 - Ou dwe depoze plent ou nan yon espas 60 jou sivil apre evènman an. Ou kapab soumèt plent ou, yon fason fòmèl epi alekri nan adrès ki afiche nan *Plent sou Swen Medikal* oswa *Plent sou Medikaman Preskripsyon Pati D* nan Chapit 2 dokiman sa a.
 - Nou dwe fè w konnen desizyon nou pran konsènan plent ou an rapid vit selon jan dosye w la mande sa dapre eta sante w, men li pa dwe depase 30 jou sivil aprè nou fin resevwa plent ou an. Nou ka pwolonje delè a jiska 14 jou sivil si ou mande pwolongasyon an, oswa si nou jistifye gen yon bezwen pou plis enfòmasyon epi si reta a nan pi bon enterè ou.
 - Nan sèten ka, ou gen dwa pou mande yon revizyon rapid pou plent ou a. Se sa ki rele Pwosedi Doleyans Akselere. Ou gen dwa benefisye yon revizyon rapid nan kad plent ou a si ou pa dakò ak desizyon nou an nan sitiyasyon sa yo:
 - Nou refize demann ou pou nou fè yon revizyon rapid pou yon demann pou swen medikal oswa medikaman Pati D.
 - Nou te refize demann ou an pou revizyon rapid yon kontestasyon konsènan sèvis yo refize oswa medikaman Pati D.
 - Nou deside li nesèsè pou n gen plis tan pou revize demann swen medikal ou a.
 - Nou deside li nesèsè pou n gen plis tan pou revize demann kontestasyon swen medikal yo refize w.
- Ou ka soumèt kalite plent sa nan telefòn lè w rele Sèvis Manm yo. Ou kapab soumèt plent la ba nou tou alekri nan adrès ki afiche nan *Plent sou Swen Medikal* oswa *Plent sou Medikaman Preskripsyon Pati D* nan Chapit 2 dokiman sa a. Yon fwa nou resevwa doleyans akselere a, yon Praktisyen Klinik pral revize ka a pou detèmine rezon ki fè yo refize demann ou fè pou yon revizyon rapid oswa si pwolongasyon ka a te apwopriye. Nou pral fè w konnen desizyon ka akselere la aloral epi alekri nan yon espas 24 èdtan apre nou fin resevwa plent ou a.
- **Dat limit** pou depoze yon plent se 60 jou sivil apati lè ou te gen pwoblèm ou vle pote plent pou li a.

Etap 2: Nou revize plent ou an epi n ap ba ou repons nou.

- **Si sa posib, nou pral reponn ou tousuit.** Si ou rele nou pou w prezante nou yon plent, nou ka anmezi ba ou yon repons nan menm apèl telefòn nan.

Chapit 9 Kisa ou dwe fè si ou gen yon pwoblèm oswa yon plent (desizyon sou kouvèti, kontestasyon, plent)

- **Nou reponn majorite plent nan espas 30 jou sivil.** Si nou bezwen plis enfòmasyon epi reta a nan avantaj ou oswa si ou mande plis tan, nou kapab pran jiska 14 jou sivil anplis (44 jou sivil an total) pou reponn plent ou a. Si nou deside pran plis jou, n ap fè w konnen sa alekri.
- **Si w ap pote yon plent paske nou te refize demann ou te fè pou yon desizyon rapid sou kouvèti asirans oswa pou yon kontestasyon rapid, n ap ba w aksè depoze yon plent rapid otomatikman.** Si w depoze yon plent rapid, sa vle di n ap ba w **yon repons nan espas 24 èdtan.**
- **Si nou pa dakò ak kèk oswa tout plent ou a oswa si nou pa pran pwoblèm ou pote plent pou li a sou do nou, n ap mete rezon nou yo nan repons nou ba ou a.**

Seksyon 11.4 Ou ka depoze plent ou gen sou kalite swen yo bay Òganizasyon pou Amelyorasyon Kalite a

Lè plent ou an se konsènan *kalite swen*, ou gen de opsyon siplemantè tou:

- **Ou ka depoze plent ou dirèkteman nan Òganizasyon pou Amelyorasyon Kalite a.** Òganizasyon pou Amelyorasyon Kalite a se yon gwoup doktè pratikan ansanm ak lòt ekspè nan swen sante gouvènman federal la peye pou verifiye ak amelyore swen yo ofri pasyan Medicare yo. Chapit 2 a genyen enfòmasyon kontak.

oswa

- **Ou ka depoze plent ou an devan Òganizasyon pou Amelyorasyon Kalite a epi tou devan nou an menm tan.**

Seksyon 11.5 Ou kapab pale ak Medicare tou sou plent ou depoze a

Ou ka depoze yon plent ou gen konsènan plan nou an dirèkteman bay Medicare. Pou depoze yon plent bay Medicare, ale sou www.medicare.gov/MedicareComplaintForm/home.aspx. Ou ka rele tou 1-800-MEDICARE (1-800-633-4227). Moun ki itilize TTY/TDD yo kapab rele nan 1-877-486-2048.

PWOBLÈM SOU AVANTAJ Ajans pou Administrasyon Swen Sante (Pwogram Medicaid Florida a) PA W LA

SEKSYON 12 Pwoblèm sou avantaj Ajans pou Administrasyon Swen Sante (Pwogram Medicaid Florida a) pa w la

Si w kwè yo te refize w yon sèvis oswa yon peman pou yon sèvis Ajans pou Administrasyon Swen Sante (Pwogram Medicaid Florida a) kouvri, ou gen dwa fè apèl kont desizyon nou an nan Ajans pou Administrasyon Swen Sante (Pwogram Medicaid Florida a). Pou depoze yon doleyans (plent) oswa pou fè yon kontestasyon pou yon sèvis Ajans pou Administrasyon Swen Sante (Pwogram Medicaid Florida a), tanpri kontakte biwo Medicaid Eta ou a. Ou kapab jwenn enfòmasyon pou pran kontak yo nan Chapit 2 a, Seksyon 6 lan.

CHAPIT 10:

*Fason pou w sispann kontra
w nan plan an*

SEKSYON 1 Entwodiksyon sou fason pou w sispann kontra w nan plan an

Sispann patisipasyon ou antanke manm Wellcare Dual Access (HMO D-SNP) kapab **volontè** (pwòp chwa w) oswa **envolontè** (pa pwòp chwa w):

- Ou ka kite plan nou an paske ou deside ou *vle* kite l. Seksyon 2 ak 3 yo bay enfòmasyon sou fason pou w sispann kontra ou a volontèman.
- Genyen tou sitiyasyon limite kote ou ka pa chwazi kite, men nou oblije sispann kontra ou nou menm. Seksyon 5 di w nan ki sitiyasyon nou dwe sispann kontra w lan nou menm.

Si w ap kite plan nou an, plan nou an dwe kontinye ba w swen medikal ak medikaman sou preskripsyon epi w ap kontinye peye patisipasyon w la jiskaske kontra ou nan plan an fini.

SEKSYON 2 Kilè w kapab sispann kontra w nan plan nou an?

Seksyon 2.1 Ou kapab gen opòtinite pou sispann kontra w la n paske ou gen Medicare ak Medicaid.

- Majorite moun ki gen Medicare kapab sispabb abònè sèlman pandan sèten moman nan ane a. Paske ou genyen Ajans pou Administrasyon Swen Sante (Pwogram Medicaid Florida a), ou ka mete fen nan kontra ou ak plan nou an antanke manm nan nenpòt mwa nan ane a. Ou genyen opsyon tou pou w enskri nan yon lòt plan Medicare nenpòt mwa sa ki gen ladan l:
 - Original Medicare *ak* tout yon plan medikaman sou preskripsyon apa
 - Original Medicare *san* yon lòt plan Medicare pou medikaman sou preskripsyon (so w chwazi opsyon sa a, Medicare ka enskri w nan yon plan medikaman, sof si w te chwazi anile enskripsyon otomatik la.), oswa
 - Si w elijib, yon D-SNP entegre ki bay avantaj ak sèvis Medicare ou yo ak pifò oswa tout avantaj ak sèvis Ajans pou Administrasyon Swen Sante w (pwogram Medicaid Florida a) nan yon sèl plan.

Remak: Si w pa enskri nan kouvèti asirans Medicare pou medikaman sou preskripsyon epi w rete san yon kouvèti asirans pou medikaman sou preskripsyon ki kredib pandan yon peryòd 63 jou pou pi piti san kanpe, ou ka vin oblije peye yon penalite paske w enskri an reta nan Pati D an si w rantre nan yon plan Medicare pou medikaman apre sa a.

Kontakte Biwo Eta Medicaid ou a pou w konnen opsyon plan Medicaid ou genyen yo (nimewo telefòn yo disponib nan Chapit 2, Seksyon 6 dokiman sa a).

- Gen lòt opsyon plan sante Medicare ki disponib pandan **Peryòd Enskripsyon Anyèl la**. Seksyon 2.2 an ba w plis enfòmasyon sou Peryòd Enskripsyon Anyèl la.
- **Kilè kontra ou an ap fini?** Anjeneral, kontra ou a pral fini premye jou nan mwa apre nou fin resevwa demann ou fè pou chanje plan ou yo. Enskripsyon w nan nouvo plan w la ap kòmanse tou nan menm jou sa a.

Seksyon 2.2 Ou ka sispann kontra ou an pandan Peryòd Enskripsyon Anyèl la

Ou ka sispann kontra ou an pandan **Peryòd Enskripsyon Anyèl la** (ki pote non Peryòd Enskripsyon Lib Anyèl tou) Pandan tan sa a, revize kouvèti asirans sante w ak medikaman w lan epi pran desizyon sou kouvèti asirans ou pou ane k ap vini an.

- **Peryòd Enskripsyon Anyèl la soti 15 oktòb pou rive 7 desanm,**
- **Chwazi rete nan kouvèti asirans ou genyen aktyèlman la a oswa fè chanjman nan kouvèti asirans ou an pou ane k ap vini an.** Si w deside chanje pou ale nan yon nouvo plan, ou ka chwazi nenpòt nan kalite plan sa yo:
 - Yon lòt plan sante Medicare, avèk oswa san kouvèti asirans medikaman sou preskripsyon.
 - Original Medicare *ak* tout yon plan medikaman sou preskripsyon apa

OSWA

 - Original Medicare *san* yon plan medikaman sou preskripsyon apa.
- **Kontra w nan plan nou an ap fini** lè kouvèti nouvo plan w lan kòmanse nan dat 1ye janvyè.

Si w resevwa “Èd Sipleman” nan men Medicare pou peye medikaman sou preskripsyon w yo: Si w chanje ale nan Original Medicare epi w pa enskri nan yon plan Medicare apa pou medikaman preskripsyon, Medicare kapab enskri w nan yon plan medikaman, sof si w chwazi pa enskri otomatikman.

Remak: Si w pa enskri nan kouvèti asirans Medicare pou medikaman sou preskripsyon epi w rete san yon kouvèti asirans pou medikaman sou preskripsyon ki kredib pandan 63 jou pou pi piti san kanpe, ou ka vin oblije peye yon penalite paske w enskri an reta nan Pati D an si w rantre nan yon plan Medicare pou medikaman apre sa a.

Seksyon 2.3 Ou ka sispann kontra ou an pandan Peryòd Enskripsyon Lib Medicare Advantage la

Ou gen opòtinite pou fè *yon* chanjman nan kouvèti asirans sante ou pandan **Peryòd Enskripsyon Lib Medicare Advantage la**.

- **Peryòd Enskripsyon Anyèl ak Lib Medicare Advantage la** soti nan dat 1ye janvyè rive 31 mas epi tou li disponib pou nouvo benefisyè Medicare ki enskri nan yon plan MA, depi mwa li jwenn dwa pou Pati A ak Pati B jiska dènye jou 3yèm mwa li gen dwa a.
- **Pandan Peryòd Enskripsyon Lib Medicare Advantage la,** ou kapab:
 - Chanje ale nan yon lòt plan Medicare Advantage, avèk oswa san kouvèti asirans medikaman sou preskripsyon.
 - Kanpe kontra ou nan plan nou an epi jwenn kouvèti asirans atravè Original Medicare. Si w chwazi chanje pou w ale nan Original Medicare pandan peryòd sa a, ou kapab tou rantre nan yon plan Medicare apa pou medikaman preskripsyon nan moman sa a.

- **Kontra ou a ap fini** nan premye jou nan mwa a apre ou fin enskri nan yon lòt plan Medicare Advantage oswa apre nou fin resevwa demann ou pou chanje ale nan Original Medicare. Si w chwazi fè pati yon plan Medicare pou medikaman preskripsyon, kontra w nan plan medikaman an ap kòmanse premye jou nan mwa a apre plan an jwenn fòm demann enskripsyon w lan.

Seksyon 2.4 Nan sèten sitiyasyon, ou kapab sispann kontra ou an pandan Peryòd Enskripsyon Espesyal la

Nan sèten sitiyasyon, ou kapab elijib pou mete fen nan kontra ou nan lòt moman nan ane a. Yo rele sa yon **Peryòd Enskripsyon Espesyal**.

Ou kapab elijib pou mete yon bout nan kontra ou pandan yon Peryòd Enskripsyon Espesyal si nenpòt nan sitiyasyon sa yo ta aplike pou ou. Sa yo se sèlman kèk egzanp, pou jwenn lis konplè a, ou ka kontakte plan an, rele Medicare, oswa vizite sit entènèt Medicare la (www.medicare.gov):

- Jeneralman, lè ou te demenaje.
- Si ou gen Ajans pou Administrasyon Swen Sante (Pwogram Medicaid Florida a)
- Si ou kalifye pou "Èd Siplemanchè" pou peman preskripsyon Medicare ou yo.
- Si w vyole kontra nou gen ak ou a.
- Si w ap resevwa swen nan yon enstitisyon, tankou yon mezon retrèt oswa yon lopital pou swen alontèm (long-term care, LTC).
- Si w enskri nan Pwogram Swen Konplè Pou Moun Aje a (Program of All-inclusive Care for the Elderly, PACE)
- **Remak:** Si w nan yon pwogram jesyon medikaman, ou ka pa kapab chanje plan. Chapit 5, Seksyon 10 la ba w plis enfòmasyon sou pwogram jesyon medikaman yo.
- **Remak:** Seksyon 2.1 an ba w plis enfòmasyon sou peryòd enskripsyon espesyal pou moun ki gen Medicaid la.

Peryòd tan enskripsyon yo varye selon sitiyasyon ou ladan l lan.

Pou konnen si w kalifye pou yon Peryòd Enskripsyon Espesyal, tanpri rele Medicare nan 1-800-MEDICARE (1-800-633-4227), 24 sou 24, 7 jou sou pa semèn. Itilizatè TTY yo rele nan 1-877-486-2048. Si ou elijib pou mete fen nan kontra ou poutèt yon sitiyasyon espesyal, ou kapab chwazi pou w chanje ni kouvèti asirans sante Medicare ou ni kouvèti asirans medikaman preskripsyon ou a. Ou kapab chwazi:

- Yon lòt plan sante Medicare, avèk oswa san kouvèti asirans medikaman sou preskripsyon,
- Original Medicare *ak* tout yon plan medikaman sou preskripsyon apa,

Chapit 10 Fason pou w sispann kontra w nan plan an

- *oswa* - Original Medicare *san* yon plan Medikaman Preskripsyon Medicare apa.

Remak: Si w pa enskri nan kouvèti asirans Medicare pou medikaman sou preskripsyon epi w rete san yon kouvèti asirans pou medikaman sou preskripsyon ki kredib pandan 63 jou pou pi piti san kanpe, ou ka vin oblije peye yon penalite paske w enskri an reta nan Pati D an si w rantre nan yon plan Medicare pou medikaman apre sa a.

Si w resevwa “Èd Sipleman tè” nan men Medicare pou peye medikaman sou preskripsyon w yo: Si w chanje ale nan Original Medicare epi w pa enskri nan yon plan Medicare apa pou medikaman preskripsyon, Medicare kapab enskri w nan yon plan medikaman, sof si w chwazi pa enskri otomatikman.

Anjeneral, kontra ou a pral fini premye jou nan mwa apre yo fin resevwa demann ou fè pou chanje plan ou a.

Remak: Seksyon 2.1 ak 2.2 a ba ou plis enfòmasyon sou peryòd enskripsyon espesyal pou moun ki gen Medicaid ak "Èd sipleman tè".

Seksyon 2.5 Ki kote ou ka jwenn plis enfòmasyon sou lè ou kanpe kontra ou a?

Si w gen nenpòt kesyon sou kijan pou w mete fen nan kontra ou, ou kapab:

- **Rele Sèvis manm yo.**
- Jwenn enfòmasyon nan amnyèl *Medicare & You 2025* la.
- Kontakte **Medicare** nan 1-800-MEDICARE (1-800-633-4227), 24 èdtan pa jou, 7 jou pa semèn. (TTY 1-877-486-2048).

SEKSYON 3 Kòman pou w mete yon bout nan kontra w ak plan nou an?

Tablo ki pi ba a eksplike kòman pou w mete yon bout nan kontra w ak plan nou an.

Si w ta renmen chanje kite plan nou an pou w ale nan:	Men sa ou ta dwe fè:
<ul style="list-style-type: none"> • Yon lòt Plan Sante Medicare 	<ul style="list-style-type: none"> • Enskri nan nouvo plan sante Medicare la. Nouvo kouvèti asirans ou an pral kòmanse nan premye jou nan mwa k ap vini a. • Yo pral dezabònè w otomatikman nan Wellcare Dual Access (HMO D-SNP) lè kouvèti nouvo plan w la kòmanse.

Chapit 10 Fason pou w sispann kontra w nan plan an

Si w ta renmen chanje kite plan nou an pou w ale nan:	Men sa ou ta dwe fè:
<ul style="list-style-type: none"> • Original Medicare <i>ak</i> tout yon plan medikaman sou preskripsyon apa 	<ul style="list-style-type: none"> • Enskri nan nouvo plan pou medikaman sou preskripsyon Medicare la. Nouvo kouvèti asirans ou an pral kòmanse nan premye jou nan mwa k ap vini a. • Yo pral dezabòne w otomatikman nan Wellcare Dual Access (HMO D-SNP) lè kouvèti nouvo plan w la kòmanse.
<ul style="list-style-type: none"> • Original Medicare <i>san</i> yon plan medikaman sou preskripsyon apa <ul style="list-style-type: none"> ○ Si w chanje ale nan Original Medicare epi w pa enskri nan yon plan Medicare apa pou medikaman preskripsyon, Medicare kapab enskri w nan yon plan medikaman, sof si w chwazi pa enskri otomatikman. ○ Si w pa enskri nan kouvèti asirans Medicare pou medikaman sou preskripsyon epi w rete san yon kouvèti asirans pou medikaman sou preskripsyon ki kredib pandan 63 jou pou pi piti san kanpe, ou ka vin oblije peye yon penalite paske w enskri an reta si w rantre nan yon plan Medicare pou medikaman apre sa a. 	<ul style="list-style-type: none"> • Voye yon demann ekri ba nou pou w kapab anile enskripsyon w. Kontakte Sèvis Manm yo pou jwenn enfòmasyon sou fason pou fè sa. • Ou kapab kontakte Medicare tou, nan 1-800-MEDICARE (1-800-633-4227), 24 sou 24, 7 jou sou 7, epi mande pou dezenskri w. Moun k ap itilize TTY yo dwe rele nan 1-877-486-2048. • Y ap dezenskri w nan Wellcare Dual Access (HMO D-SNP) lè kouvèti ou nan Original Medicare kòmanse.

Remak: Si w pa enskri nan kouvèti asirans Medicare pou medikaman sou preskripsyon epi w rete san yon kouvèti asirans pou medikaman sou preskripsyon ki kredib pandan 63 jou pou pi piti san kanpe, ou ka vin oblije peye yon penalite paske w enskri an reta nan Pati D an si w rantre nan yon plan Medicare pou medikaman apre sa a.

Si w gen kesyon konsènan avantaj Ajans pou Adimistrasyon Swen Sante yo (pwogram Medicaid nan Florida), kontakte Ajans pou Adimistrasyon Swen Sante (pwogram Medicaid nan Florida a), 1-877-711-3662, TTY 1-866-467-4970, soti Lendi pou rive Jedi 8 am - 8 pm, Vandredi 8 am - 7 pm. Mande kòman enskripsyon nan yon lòt plan oswa retounen nan Original Medicare afekte fason ou resevwa kouvèti Ajans pou Administrasyon Swen Sante (pwogram Medicaid Florida a) ou.

SEKSYON 4 Jiskaske kontra w lan fini, ou dwe kontinye resevwa atik medikal ou yo, sèvis ou yo ansanm ak medikaman w yo atravè plan nou an

Jiskaske kontra manm Wellcare Dual Access (HMO D-SNP) ou fini epi nouvo kouvèti Medicare ak Medicaid ou a kòmanse, ou dwe kontinye jwenn atik, sèvis ak medikaman sou preskripsyon ou yo nan plan nou an.

- Kontinye itilize founisè rezo nou yo pou resevwa swen medikal.
- Kontinye itilize famasi rezo ki nan nou yo oswa sèvis *lavant pa korespondans* la pou fè ranpli preskripsyon ou yo.
- Si w entèn lopital nan jou kontra ou a fini an, plan nou an pral kouvri tan w pase lopital la jiskaske w egzeyate (menm si w egzeyate apre nouvo kouvèti asirans sante w la kòmanse).

SEKSYON 5 Nou dwe kanpe kontra w nan plan an nan sèten sitiyasyon

Seksyon 5.1 Kilè nou dwe sispann kontra w nan plan an?

Nou dwe kanpe kontra w nan plan an si nenpòt nan sa ki pi ba yo ta rive:

- Si w pa genyen Medicare Part A ak Part B ankò.
- Si ou pa kalifye ankò Ajans pou Administrasyon Swen Sante (Pwogram Medicaid Florida a). Jan sa endike nan Chapit 1, Seksyon 2.1 an, plan nou an fèt pou moun ki kalifye alafwa pou kouvèti Medicare ak Ajans Administrasyon Swen Sante (Pwogram Medicaid Florida a). Si ou pa ranpli kondisyon espesyal pou kalifikasyon plan nou an ankò, kontra ou nan plan sa a ap kanpe apre 6 mwa. W ap resevwa yon avi na p voye ba w ki ap enfòmè w sou fen kontra ou an ansanm ak opsyon ou genyen yo. Si w gen nenpòt kesyon konsènan kalifikasyon w, tanpri kontakte Sèvis pou Manm yo.
 - Peryòd nou konsidere yon moun elijib anndan plan an se 6 mwa. Peryòd pwolongasyon prezime pou kalifikasyon an kòmanse nan premye jou nan mwa ki vin apre mwa ou pèdi estati bezwen espesyal la.
- Si w demenaje kite zòn sèvis nou an.
- Si w lwen zòn sèvis nou an pou plis pase sis mwa.
 - Si w deplase oswa si w fè yon vwayaj ki long anpil, rele Sèvis Manm yo pou w konnen si kote w ap deplase oswa kote w ap vwayaje ale a se nan zòn sèvis plan nou an.
- Si w vin ale nan prizon.
- Si ou pa yon sitwayen peyi Etazini ankò oswa si ou pa prezan legalman nan peyi Etazini ankò.

Chapit 10 Fason pou w sispann kontra w nan plan an

- Si w bay manti oswa si w refize bay enfòmasyon sou lòt asirans ou genyen ki ba w kouvèti asirans pou medikaman sou preskripsyon
- Si ou deside volontèman pou w ban nou enfòmasyon ki pa kòrèk lè w ap enskri nan plan nou an epi enfòmasyon sa yo afekte kalifikasyon w pou plan nou an. (Nou pa ka fè w kite plan nou an pou rezon sa a sof si nou jwenn pèmisyon Medicare anvan sa a.)
- Si w kontinye konpòte w nan yon fason ki deranje epi ki fè li difisil pou nou ba w swen medikal ou menm ak bay lòt manm plan nou an swen medikal sa yo tou. (Nou pa ka fè w kite plan nou an pou rezon sa a sof si nou jwenn pèmisyon Medicare anvan sa a.)
- Si ou kite yon lòt moun sèvi ak kat manm ou pou jwenn swen medikal. (Nou pa ka fè w kite plan nou an pou rezon sa a sof si nou jwenn pèmisyon Medicare anvan sa a.)
 - Si nou mete yon bout nan kontra ou poutèt rezon sa a, Medicare kapab fè Enspektè Jeneral la mennen ankèt sou ka w la.
- Si w oblije peye montan siplemantè Pati D la poutèt revni w epi ou pa peye li, Medicare pral retire w nan plan nou an.

Ki kote w ka jwenn plis enfòmasyon?

Si ou gen kesyon oswa w ta renmen jwenn plis enfòmasyon sou kilè nou ka kanpe kontra w la, rele Sèvis Manm yo.

Seksyon 5.2 Nou pa kapab mande w kite plan nou an pou okenn rezon ki gen rapò ak sante

Wellcare Dual Access (HMO D-SNP) pa gen otorizasyon pou mande w kite plan nou an pou okenn rezon sante.

Kisa ou ta dwe fè si sa rive?

Si w santi y ap fòse w dezabòne plan nou an poutèt yon rezon ki gen pou wè ak lasante w, ou ka rele Medicare nan 1-800-MEDICARE (1-800-633-4227), 24 èdtan sou 24, 7 jou sou 7 (TTY 1-877-486-2048).

Seksyon 5.3 Ou gen dwa pou w pote yon plent si nou mete fen nan kontra ou nan plan nou an

Si nou mete bout nan kontra ou nan plan nou an, nou dwe ba w rezon nou alekri ki fè nou mete bout nan kontra ou a. Nou dwe eksplike tou ki jan ou ka prezante yon doleyans oswa depoze yon plent konsènan desizyon nou pran pou mete yon bout nan kontra ou a.

CHAPIT 11:

Avi Jiridik

SEKSYON 1 Avi konsènan lwa k ap gouvène a

Lwa prensipal ki aplike nan dokiman *Prèw Kouvèti Asirans* sa a se Tit XVIII nan Lwa sou Sekirite Sosyal la ansanm ak règleman ki kreye nan kad Lwa sou Sekirite Sosyal atarvè Sant pou Sèvis Medicare ak Medicaid la, oswa CMS. Mete sou sa, gen lòt lwa federal ki kapab aplike epi, nan sèten sikonstans, lwa eta kote w ap viv la. Sa ka gen yon enpak sou dwa ak responsablite ou menm si lwa yo pa afiche oswa detaye nan dokiman sa a.

SEKSYON 2 Avi sou zewo diskriminasyon

Plan sante nou an respekte lwa sou dwa sivil Federal yo. **Nou pa fè diskriminasyon** ki baze sou ras, gwoup etnik, orijin nasyonal, koulè, relijyon, sèks, laj, oryantasyon seksyèl, andikap mantal oswa fizik, eta sante, si li konn fè reklamasyon deja, dosye medikal, enfòmasyon jenetik, prè ou gen asirans oswa pozisyon jewografik nan zòn sèvis la. Tout òganizasyon ki ofri plan Medicare Advantage, tankou plan nou an, dwe obeyi lwa Federal kont diskriminasyon, tankou Tit VI Lwa sou Dwa Sivil 1964, Lwa Reyabilitasyon 1973, Lwa 1975 sou Diskriminasyon Laj, Lwa Ameriken Ki Andikape, Seksyon 1557 nan Lwa sou Swen pou Tout Pòch la, tout lòt lwa ki aplike pou òganizasyon ki jwenn finansman Federal, ak nenpòt lòt lwa ak règ ki aplike pou nenpòt lòt rezon.

Si w vle plis enfòmasyon oswa si w gen enkyetid konsènan diskriminasyon oswa tretman enjis, tanpri rele **Biwo Dwa Sivil** Depatman Sante ak Sèvis Imen nan 1-800-368-1019 (TTY 1-800-537-7697) oswa Biwo pou Dwa Sivik lokal ou a. Ou kapab revize enfòmasyon nan Biwo Dwa Sivil Depatman Sante ak Sèvis Sosyal Ameriken (U.S. Department of Health and Human Services) a nan <https://www.hhs.gov/ocr/index.html>.

Si w gen yon andikap epi w bezwen èd ak aksè pou resevwa swen, tanpri rele nou nan Sèvis Manm yo. Si w gen yon plent, tankou yon pwoblèm pou w jwenn aksè chèn woulant, Sèvis Manm yo kapab ede w.

SEKSYON 3 Avi sou dwa sibstitisyon Peyè Segondè Medicare la

Nou gen dwa ak responsablite pou nou kolekte pou sèvis asire anndan Medicare, Medicare pa fè okenn peman prensipal yo. Dapre règleman CMS yo nan atik 42 CFR seksyon 422.108 ak 423.462, plan nou an, antanke yon Òganizasyon Medicare Advantage, pral egzèsè menm dwa pou rekiperasyon Sekretè a egzèsè dapre règleman CMS nan soupati B rive jous nan soupati D anndan pati 411 nan atik 42 CFR ansanm ak règ ki tabli nan seksyon sa a ranplase tout lwa Eta a.

SEKSYON 4 Rekiperasyon avantaj plan nou an peye anba plan Wellcare Dual Access (HMO D-SNP)

Lè ou blese

Si ou ta rive blese, malad oswa devlope yon kondisyon poutèt aksyon yon lòt moun, konpayi, oswa poutèt aksyon pa w (yon "pati responsab"), plan nou an ap ofri avantaj pou sèvis asire ou resevwa.

Chapit 11 Avi Jiridik

Sepandan, si w resevwa lajan oswa si w gen dwa pou w resevwa lajan poutèt aksidan w, maladi oswa kondisyon w lan, kit se atravè yon antant, jijman, oswa nenpòt lòt peman ki asosye ak aksidan w, maladi oswa kondisyon w lan, plan nou an ak/oswa pwofeysonèl swen sante k ap trete w yo konsève dwa pou yo rekipere valè nenpòt sèvis yo ba ou atravè plan sa a dapre lwa Eta ki aplikab la.

Jan yo itilize li nan tout dispozisyon sa a, tèm "pati responsab" la vle di nenpòt moun oswa antite ki aktyèlman oswa potansyèlman responsab aksidan, maladi oswa kondisyon ou souffri a. Tèm "pati responsab" la gen ladan l responsablite an oswa lòt konpayi asirans moun oswa antite responsab la.

Kèk egzanp sou fason ou kapab blese, vin malad oswa devlope yon kondisyon atravè aksyon yon pati responsab yo se egzanp tankou, men yo pa limite ak:

- Ou nan yon aksidan machin;
- Ou glise epi w tonbe nan yon magazen;
- Ou gen pwodui chimik danjere ki tonbe sou ou nan kad travay ou.

Dwa pou rekiperasyon plan nou an aplike a nenpòt epi tout montan ou resevwa nan men pati responsab la, sa ki gen ladan l men ki pa limite ak:

- Peman yon lòt pati endepandan oswa nenpòt konpayi asirans fè sou non pati endepandan a;
- Kouvèti asirans pou chofè ki pa gen asirans oswa ki pa gen ase asirans;
- Pwoteksyon pou blesi pèsonèl, san responsablite oswa nenpòt lòt pwoteksyon premye pati;
- Konpansasyon pou Aksidan nan kad Travay oswa Prim Andikap oswa negosyasyon;
- Kouvèti pou peman medikal nan kad nenpòt kontra asirans otomobil, lokal oswa kouvèti asirans pwopriyete kay oswa pwoteksyon jeneral;
- Nenpòt negosyasyon oswa jijman yon moun resevwa nan yon pwosè oswa lòt aksyon jiridik; oswa
- Nenpòt lòt peman ki soti nan nenpòt lòt sous yon moun resevwa kòm konpansasyon pou aksyon oswa mank aksyon pati responsab la.

Lè w aksepte avantaj nan kad plan sa a, ou dakò plan nou an gen yon dwa premye priyorite pou sibwogasyon ak ranbousman ki aplike lè plan sa a te peye avantaj pou Sèvis ki asire ou te resevwa poutèt aksyon oswa mank aksyon yon pati responsab, epi ou menm oswa reprezantan ou vin resevwa, oswa gen dwa resevwa, nenpòt kantite lajan nan men yon pati responsab.

Lè w aksepte avantaj nan plan sa a, ou (i) bay plan nou an dwa w pou rekipere depans medikal nan nenpòt kouvèti asirans ki disponib jiska pri total tout Sèvis Asire plan an bay an koneksyon avèk aksidan, maladi oswa kondisyon, epi (ii) ou dakò sitou pou w mande pati responsab la dirèkteman pou l ranbouse plan an sou non ou.

Lè w aksepte avantaj nan kad plan sa a, ou bay plan nou an yon privilèj premye priyorite tou sou nenpòt rekiperasyon, règleman oswa jijman, oswa lòt sous konpansasyon ak tout ranbousman pou tout depans avantaj pou Sèvis Asire ki peye nan kad plan an ki asosye ak blesi, maladi oswa kondisyon ou poutèt aksyon oswa mank aksyon yon pati responsab. Priyorite sa a aplike kèlkeswa se yon kantite lajan yo idantifye espesyalman kòm yon rekiperasyon pou depans medikal ak kèlkeswa si yo fè w yon konpansasyon antye

oswa konplè pou pèt ou. Plan nou an ka rekipere depans total tout avantaj plan sa a ofri yo san w pa konsidere okenn reklamasyon pou fòt ou, kit se pa neglijan konparatif oswa otreman. Pa gen okenn frè avoka yo kapab dedui nan rekiperasyon plan nou an, epi plan nou an pa oblije peye oswa kontribye nan peye frè tribinal oswa frè avoka pou avoka ki anboche pou pousuiv reklamasyon oswa pwose kont nenpòt pati responsab.

Etap ou dwe pran

Si ou blese, vin malad oswa devlope yon maladi akòz yon pati responsab, ou dwe kolabore ak plan nou an ak/oswa efò founisè swen sante a pou rekipere depans li yo, tankou:

- Bay plan nou an oswa pwofesyonèl swen sante k ap trete w la, jan sa aplikab, non ak adrès pati responsab la ak/oswa avoka li, si ou konnen li; non ak adrès avoka ou, si w ap itilize sèvis yon avoka, non ak adrès nenpòt konpayi asirans ki enplike; ak yon deskripsyon sou fason aksidan an, maladi oswa kondisyon an te rive.
- Ranpli nenpòt dokiman plan nou an oswa pwofesyonèl k ap trete w la ka mande nan yon kad rezonab pou ede nan aplike privilèj oswa dwa rekiperasyon an.
- Reponn san pèdi tan pou demann plan nou an oswa pwofesyonèl swen sante k ap trete w la sou sitiyasyon ka oswa reklamasyon an ak nenpòt konvèsasyon ki gen nan kad negosyasyon an.
- Fè plan nou an konnen imedyatman lè ou menm oswa avoka ou a resevwa nenpòt lajan nan men pati responsab la (yo) oswa nenpòt lòt sous.
- Peye privilèj swen sante an oswa montan rekiperasyon plan nan kad nenpòt operasyon rekiperasyon, règleman oswa jijman, oswa lòt sous konpansasyon, sa ki gen ladan l peman tout ranbousman ou dwe plan nou an pou tout depans avantaj ki peye nan kad plan an ki asosye ak aksidan ou, maladi ou oswa kondisyon w poutèt yon pati responsab kèlkeswa wi oubyen non yo idantifye espesyalman kòm yon rekiperasyon pou depans medikal ak kèlkeswa si yo fè w yon konpansasyon antye oswa konplè pou pèt ou.
- Pa fè anyen pou vyole dwa plan nou an jan sa endike pi wo a. Sa gen ladan l, men li pa limite ak sa ki la yo sèlman, evite nenpòt tantativ pou redui oswa evade negosyasyon oswa rekiperasyon depans total tout avantaj plan an peye oswa nenpòt tantativ pou refize plan nou an dwa premye priyorite pou rekiperasyon oswa privilèj.
- Konsève (kache) nan yon fidisi nenpòt lajan ou menm oswa avoka ou resevwa nan men pati responsab la (yo), oswa nan nenpòt lòt sous, epi ranbouse plan nou an oswa pwofesyonèl swen sante k ap ba w tretman an, jan sa aplikab, pou kantite lajan rekiperasyon ou dwe plan an yon fwa yo peye epi anvan peman nenpòt lòt moun ki gen dwa privilèj potansyèl oswa pati endepandan ki reklame yon dwa rekiperasyon.
- Ou oblije kolabore avèk nou pou pousuiv rekiperasyon oswa peman anplis sa yo.

SEKSYON 5 Kat Manm

Kat manm plan nou an bay nan kad *Prèw Kouvèti Asirans* sa a se pou rezon idantifikasyon sèlman li ye. Posede yon kat manm pa bay okenn dwa pou yon moun resevwa sèvis oswa lòt avantaj nan kad *Prèw Kouvèti Asirans* sa a. Pou yon moun gen dwa resevwa sèvis oswa avantaj nan kad *Prèw Kouvèti Asirans* sa a, moun ki gen kat la dwe kalifye pou l jwenn kouvèti asirans lan epi li dwe enskri kòm manm nan kad *Prèw Kouvèti Asirans* sa a. Nenpòt moun k ap resevwa sèvis li pa gen okenn dwa pou l resevwa dapre *Prèw Kouvèti Asirans* sa a pral responsab pou l peye pou sèvis sa yo. Yon manm dwe prezante kat manm plan an nan moman sèvis la, li pa dwe yon kat Medicare. Tanpri rele Sèvis Manm yo nan 1-833-444-9089 (TTY: 711) si w bezwen ranplase kat manm ou a.

Remak: Nenpòt manm ki fè espere ki otorize abi oswa move itilizasyon kat manm lan kapab pèdi kontra li pou rezon sa a. Plan nou an oblije voye rapò sou yon kontra ki sispann poutèt abi oswa move itilizasyon kat manm lan bay Biwo Enspektè Jeneral la, sa ki ka lakòz gen pouswit kriminel kont moun ki fè vyolasyon an.

SEKSYON 6 Kontraktè endepandan yo

Relasyon ant plan nou an ak chak pwofesyonèl swen sante k ap patisipe yo se yon relasyon kontraktè endepandan. Pwofesyonèl swen sante k ap patisipe yo pa anplwaye oswa ajan nan plan nou an epi ni plan nou an, ni okenn anplwaye plan nou an pa yon anplwaye oswa ajan yon pwofesyonèl swen sante k ap patisipe nan plan an. Nan okenn ka, plan nou an pap responsab pou neglijan, move zak, oswa mank aksyon nenpòt moun oswa lòt pwofesyonèl swen sante k ap patisipe. Doktè k ap patisipe yo, epi ki pa nan plan nou an, konsève menm relasyon doktè-pasyan ak Manm nan. Plan nou an pa yon plan pou bay moun swen sante.

SEKSYON 7 Fwod nan plan swen sante a

Fwod nan kad plan swen sante a defini kòm tronpri oswa fo deklarasyon yon founisè, Manm, anplwayè, oswa nenpòt moun ki aji nan non yo fè nan plan an. Se yon deli yo kapab trennen w lajistis pou li. Nenpòt moun ki fè espere ak tout konsyans li l al patisipe nan yon aktivite ki gen entansyon twonpe plan swen sante a, pa egzanp, depoze yon reklamasyon ki gen yon fo deklarasyon oswa yon deklarasyon ki la pou twonpe, kapab koupab poutèt li komèt fwod nan kad plan swen sante a.

Si w gen enkyetid konsènan nenpòt frè ki parèt sou yon fakti oswa fòm Eksplikasyon Avantaj, oswa si w konnen oswa sispèk nenpòt aktivite ilegal, rele liy dirèk gratis pou lite kont fwod plan nou an nan 1-866-685-8664 (TTY: 711). Liy Dirèk pou Fwod nou an fonksyone 24 èdtan pa jou, sèt jou pa semèn. Tout apèl yo trè konfidansyèl.

SEKSYON 8 Sikonstans ki chape anba kontwòl plan an

Nan limit kote yon katastwòf natirèl, lagè, revòlt, rebelyon sivil, epidemi, destriksyon konplè oswa pasyèl enstalasyon nou yo, eksplozyon atomik oswa lòt fyit enèji nikleyè, pwoblèm pami manm pèsònèl ki enpòtan nan gwoup medikal, eta dijans oswa lòt evènman ki parèy ak sa nou site yo epi ki chape anba kontwòl plan nou an ta vin lakòz enstalasyon oswa pèsònèl rejim asirans nou an pa disponib pou bay oswa fè aranjman pou sèvis oswa avantaj selon *Prèv Kouvèti Asirans* sa a, obligasyon plan an genyen pou l bay sèvis oswa avantaj sa yo dwe limite a egzijans plan nou an gen pou l fè yon bon efò bòn fwa pou bay oswa fè aranjman pou bay sèvis oswa avantaj sa yo nan kad disponiblite aktyèl enstalasyon oswa manm pèsònèl li yo.

CHAPIT 12:

Definisyon mo enpòtan

Chapit 12 **Definisyon mo enpòtan**

Sant Chirijikal Anbilatwa – Yon Sant Chirijikal Anbilatwa se yon antite ki fonksyone sèlman nan objektif pou l fè pasyan ki pa bezwen entèn lopital ansanm ak sa ki pap fè plis apse 24 èdtan nan enstalasyon lopital yo jwenn sèvis chirijikal pou pasyan ekstèn.

Kontestasyon – Yon kontestasyon se yon bagay ou fè si ou pa dakò ak desizyon nou apran pou n refize yon demann kouvèti asirans pou sèvis swen sante oswa kouvèti asirans pou medikaman preskripsyon oswa demann peman pou sèvis oswa medikaman ou deja resevwa. Ou kapab fè yon kontestasyon tou si w pa dakò ak desizyon nou pran pou n sispann sèvis ou deja ap resevwa.

Peryòd Avantaj – Fason plan nou an ansanm ak Original Medicare mezire jan w itilize sèvis sant swen enfimye espesyalize (Skilled Nursing Facility, SNF) yo. Yon peryòd avantaj kòmanse nan jou ou antre nan yon sant swen enfimye espesyalize. Peryòd avantaj la fini lè ou rive nan moman kote w pa resevwa swen kalifye nan yon SNF pandan 60 jou youn dèyè lòt. Si ou antre nan yon etablisman swen enfimye espesyalize aprè yon peryòd avantaj fini, yon nouvo peryòd avantaj kòmanse. Kantite peryòd avantaj yo pa limite.

Pwodwi Byolojik – Yon medikaman preskripsyon ki fèt ak resous natirèl epi ak resous vivan tankou selil bèt, selil plant, bakteri, oswa ledven. Pwodwi byolojik yo pi konplike pase lòt medikaman epi okenn moun pa ka kopye yo menm jan ak orijinal yo, kidonk lòt fòm yo kapab genyen yo pote non "byosimilè". (Gade tou "**Pwodwi Byolojik Orijinal**" ak "**Byosimilè**").

Byosimilè – Yon pwodwi byolojik ki sanble anpil ak pwodwi byolojik orijinal la, men li pa egzaktman sa a. Byosimilè yo pa reprezante yon danje epi yo efikas menm jan ak pwodwi byolojik orijinal la. Gen kèk byosimilè ki ka ranplase pwodwi byolojik orijinal la nan famasi a san yo pa bezwen yon nouvo preskripsyon (gade "**Byosimilè ki ka ranplase**").

Medikaman Mak – Yon medikaman preskripsyon konpayi pwodwi famasi ki te fè rechèch ak devlope medikaman an pwodwi epi vann. Medikaman mak yo gen menm fòmil engredyan aktif ak vèsyon jenerik medikaman an. Sepandan, se lòt fabrik medikaman ki pwodwi ak vann medikaman jenerik yo, epi jeneralman, yo pa disponib jiskaske patant sou medikaman an ekspire.

Faz Kouvèti Asirans nan moman Katastwòf – Faz nan Avantaj Medikaman Pati D a ki kòmanse lè ou menm (oswa lòt moun/antite kalifye ki ap aji nan non w) rive depanse \$2,000 pou medikaman nan kad Pati D ki asire pandan ane asirans lan. Pandan etap pèman sa a, ou pa peye anyen pou medikaman Pati D ki kouvri yo.

Sant pou Sevis Medicare ak Medicaid (CMS) – Ajans federal k ap administre Medicare lan.

Ko-asirans – Yon kantite lajan ou ka oblije peye, ki eksprime an pousantaj (egzanp 20%) pou depans pataje ou pou sèvis oswa medikaman sou preskripsyon yo.

Plent — Nan yon kad fòmèl, lè w pote yon plent se prezante ou **prezante yon doleyans**. Pwosesis plent lan, se yon pwosesis yo itilize sèlman pou sèten kalite pwoblèm. Se pwoblèm tankou pwoblèm ki gen rapò ak kalite swen, tan w fè ap tann, ansanm ak sèvis kliyantèl ou resevwa a. Kategori sa gen ladan l tou plent ou pote si plan ou a pa respekte peryòd tan pwosesis kontestasyon an.

Chapit 12 **Definisyon mo enpòtan**

Etablisman Reyabilitasyon Konplè pou Pasyan Ekstèn (CORF) – Yon etablisman ki bay prensipalman sèvis reyabilitasyon aprè yon maladi oswa yon blesi, ki gen ladan terapi fizik, sèvis sosyal oswa sikolojik, terapi respiratwa, terapi okipasyonèl, sèvis reyabilitasyon ak terapi lapawòl, ansanm ak sèvis evalyasyon anviwònman lakay.

Kopeman (oswa kontribisyon) – Yon montan ou kapab oblije peye antanke pati pa w nan depans ki fèt pou yon sèvis oswa yon pwodwi medikal, tankou yon vizit lakay doktè, vizit antanke pasyan ekstèn nan yon lopital, oswa yon medikaman sou preskripsyon. Yon kopeman se yon montan ki fiks (pa egzanp \$10), li pa yon pousantaj.

Pataj Depans – Pataj depans se yon kantite lajan yon manm gen pou li peye lè li fin resevwa sèvis oswa yo ba l yon medikaman. Pataj depans kapab gen pou wè ak nenpòt konbinezon twa kalite peman sa yo: (1) nenpòt montan dediktib yon plan kapab egzije anvan sèvis oswa medikaman yo gen kouvèti asirans lan; (2) nenpòt montan kopeman fiks yon plan mande lè yon moun resevwa yon sèvis oswa yo ba l yon medikaman espesifik; oswa (3) nenpòt montan ko-asirans, yon pousantaj nan montan total ki peye pou yon sèvis oswa yon medikaman yon plan egzije lè yon moun resevwa yon sèvis oswa yo ba li yon medikaman espesifik.

Detèminasyon Kouvèti Asirans – Yon desizyon sou posibilite yon medikaman yo preskri w asire nan kad plan an ansanm ak kantite lajan, si tout fwa genyen, ou gen obligasyon pou w peye pou preskripsyon an. An jeneral, si ou ale ak preskripsyon w lan nan yon famasi epi famasi an di w preskripsyon sa pa asire nan plan w lan, sa pa yon detèminasyon kouvèti asirans. Ou ap bezwen rele oswa ekri administratè plan w la pou mande l pran yon desizyon fòmèl sou kouvèti asirans lan. Detèminasyon kouvèti asirans yo pote non desizyon sou kouvèti asirans nan dokiman sa a.

Medikaman Asire – Tèm nou itilize pou dekri tout medikaman ki asire nan plan nou an.

Sèvis Asire – Tèm nou itilize pou dekri tout sèvis ak founiti swen sante ki asire nan plan nou an.

Kouvèti Medikaman Preskripsyon Kredib – Kouvèti medikaman sou preskripsyon (pa egzanp, ki se òf yon enstitisyon travay oswa yon sendika) ki ta dwe peye, an mwayèn, omwen menm kantite lajan ak kouvèti medikaman preskripsyon estanda Medicare la. Moun ki gen kalite kouvèti sa a lè yo vin elijib pou Medicare kapab jeneralman kontinye ak kouvèti asirans lan san yo pa peye yon penalite depi yo decide enskri nan kouvèti asirans Medicare pou medikaman preskripsyon an apre sa a.

Swen ki pa medikal – Swen ki pa medikal se swen pèsònèl yo bay nan yon mezon retrèt, ospis, oswa yon lòt etablisman lè ou pa gen nesite swen medikal kalifye oswa swen enfimye kalifye. Swen ki pa medikal, ki disponib atravè moun ki pa gen konpetans oswa fòmasyon pwofesyonèl, gen ladan l èd ak aktivite lavi chak jou tankou benyen, abiye, manje, leve oswa ale sou kabann oswa chèz, deplase alantou anndan kay la, epi itilize twalèt la. Li kapab gen ladan l tou kalite swen ki gen rapò ak sante pifò moun fè poukont yo, tankou kijan pou itilize gout pou je. Medicare pa peye pou swen gad.

Chapit 12 **Definisyon mo enpòtan**

To pataj depans chak jou – Yon to pou pataj depans chak jou kapab aplike lè doktè w la preskri kèk medikaman pou mwens pase yon mwa konplè epi ou oblije peye yon kopèman. Kalkil pou yon pousantaj pataj depans chak jou se kopèman divize pa kantite jou apwovizyonman pou yon mwa. Men yon egzanp: Si kopèman w pou yon apwovizyonman medikaman pou yon mwa se \$30, epi yon apwovizyonman pou yon mwa nan plan ou a se 30 jou, ebyen, "to pataj depans chak jou" ou se \$1 pa jou.

Dediktib – Kantite lajan ou dwe peye pou swen sante oswa preskripsyon anvan plan nou an peye.

Sispann Kontra oswa **Sispanyon kontra** – Pwosesis pou w sispann kontra w nan plan an.

Frè Dispans – Yon frè yo pran sou ou chak fwa yo ba w yon medikaman ki kouvri pou peye pou egzekite yon preskripsyon, tankou tan famasyon an pran pou prepare preskripsyon an epi mete l nan pake.

Plan Doub Elijibilite pou Bezwen Espesyal (D-SNP) – Yon kalite plan ki enskri moun ki gen dwa alafwa pou Medicare (Tit XVIII Lwa sou Sekirite Sosyal la) epi pou asistans medikal nan yon plan eta a anndan Medicaid (Tit XIX). Eta yo kouvri kèk oswa tout depans Medicare yo, selon eta a ak kalifikasyon moun nan.

Moun a Doub Kalifikasyon – Yon moun ki kalifye pou kouvèti asirans Medicare ak Medicaid.

Ekipman Medikal Dirab (DME) – Sèten ekipman medikal doktè ou an kòmande pou rezon medikal. Kèk egzanp se, wòkè, chèz woulant, beki, sistèm matla elektrik, founiti pou moun ki gen dyabèt, ponp pou pèfizyon anndan venn (Intravenous, IV), aparèy ki jenere lapawòl, nebilizè, oswa kabann lopital yon pwofesyonèl swen sante kòmande pou itilize adomisil.

Ijans – Yon ijans medikal se lè ou menm, oswa nenpòt lòt moun ki konnen kèk bagay sou sante ak medsin, kwè ou gen sentòm medikal ki egzije yon atansyon medikal ki imedyata pou anpeche w pèt lavi w (epi si ou se yon fanm ansent, pèt yon timoun ki poko fèt), pèt yon manm oswa fonksyon yon manm, oswa pèt oswa yon deteryorasyon grav nan yon fonksyon kò a. Sentòm medikal yo kapab yon maladi, yon blesi, yon doule grav, oswa yon kondisyon medikal ki ap vin pi mal rapidman.

Swen Ijans – Sèvis asire ki: (1) yon opsyon ki disponib atravè yon pwofesyonèl swen sante ki kalifye pou bay sèvis ijans; epi (2) ki nesèsè pou trete, evalye, oswa estabilize yon kondisyon medikal ijans.

Prèv Kouvèti Asirans (EOC) ak Enfòmasyon sou Divilgasyon – Dokiman sa a, ansanm ak fòm enskripsyon ou a ak nenpòt lòt atachman, nenpòt lòt pyès jwent, oswa lòt kouvèti asirans opsyonèl ou chwazi, ki eksplike kouvèti asirans ou, sa nou dwe fè, dwa ou genyen, ak sa ou menm ou dwe fè antanke yon manm nan plan nou an.

Eksepsyon – Yon kalite desizyon nan akd kouvèti asirans ki, si yo apwouve li, pèmèt ou jwenn yon medikaman ki pa nan fòmilè nou an (yon eksepsyon nan fòmilè a), oswa jwenn yon medikaman non-prefere ki klase nan yon nivo pataj depans ki pi ba (yon eksepsyon a nivo). Ou kapab mande yon eksepsyon tou si plan nou an mande pou w eseye yon lòt medikaman anvan ou resevwa medikaman w ap mande a, si plan nou an egzije yon otorizasyon alavans pou yon medikaman epi ou vle nou anile restriksyon ki gen nan kritè a, oswa si plan nou an limite kantite oswa dòz medikaman w ap mande an (yon eksepsyon nan fòmilè a).

"Èd Siplemanè" – Se yon pwogram Medicare pou ede konsomatè ki gen revni ak resous limite peye depans pwogram preskripsyon medikaman sou Medicare, tankou prim, frachiz, ak kowasirans.

Chapit 12 **Definisyon mo enpòtan**

Medikaman Jenerik – Yon medikaman sou preskripsyon Administrasyon Manje ak Medikaman (FDA) apwouve genyen menm engredyan aktif ak medikaman ki gen non mak la. Jeneralman, yon medikaman jenerik fonksyone menm jan ak yon medikaman ki jeneralman koute mwens.

Doleyan – Yon kalite plent ou fè kont plan nou an, pwofesyonèl swen sante yo oswa famasi nou yo, san wete yon plent konsènan kalite swen ou yo. Kalite plent sa a pa konsène konfli sou kouvèti oswa pèman.

Asistan Sante nan Kay – Yon moun k ap bay sèvis epi ki pa bezwen konpetans yon enfimyè oswa yon terapeut a lisans, tankou èd pou swen pèsònèl (pa egzanzp, benyen, itilizasyon twalèt, abiye, oswa fè egzèsis yo preskri pasyan an).

Ospis – Yon avantaj ki ofri trètman espesyal pou yon manm ki te sètifye medikalman nan dènyè faz maladi, sa vle di ki gen yon esperans lavi 6 mwa oswa mwens. Nou menm, plan w la, nou dwe ba w yon lis ospis ki disponib nan zòn jeyografik ou a. Si w chwazi ospis epi w kontinye peye prim yo, ou toujou yon manm nan plan nou an. Ou kapab toujou jwenn tout sèvis ki nesèsè sou plan medikal ansanm ak avantaj siplemantè nou ofri yo.

Sejou Lopital pou Pasyan Entèn – Yon sejou lopital lè yo te aksepte w antre fòmèlman nan lopital la pou sèvis medikal kalifye. Menm si ou rete nan lopital pandan lannwit, yo ka toujou konsidere w kòm yon pasyan ki pa ospitalize.

Kantite Ajisteman Mansyèl ki Gen rapò ak Revni (IRMAA) – Si revni brit a ajisteman modifiye ou an, jan yo rapòte nan deklarasyon taks IRS ou sa fè 2 lane a, vin pi plis pase yon sèten kantite, w ap peye montan prim estanda a ansanm ak yon Montan Ajisteman Mansyèl ki gen rapò ak revni ki rele IRMAA tou. IRMAA se yon frè siplemantè ki ajoute sou prim ou. Mwens pase 5% moun ki gen Medicare afekte, kidonk pifò moun pa pral peye yon prim ki pi wo.

Asosyasyon Pratik Endepandan (IPA) – yon asosiyasyon doktè, ki enkli PCP ak espesyalis, epi lòt founisè swen sante, ki gen pami yo lopital, ki gen kontra ak plan an pou founi sèvis bay manm yo. Gade Chapit 1, Seksyon 6 la.

Etap Kouvèti Asirans Inisyèl – Sa a se etap anvan frè depans pèsònèl ou pou ane a vin rive nan kantite limit depans pèsònèl la.

Peryòd Inisyèl Enskripsyon – Lè w kalifye pou premye fwa pou Medicare, peryòd tan ou ka enskri pou Medicare Part A ak Part B. Si w kalifye pou Medicare lè w vin gen 65 lane, Peryòd Inisyèl Enskripsyon w la se peryòd 7 mwa ki kòmanse 3 mwa anvan mwa ki ba w 65 lane a, li gen ladan l mwa ki ba w 65 lane a, epi ki fini 3 mwa apre mwa ki ba w 65 lane a.

D-SNP Entegre – Yon D-SNP ki kouvri Medicare ak pifò oswa tout sèvis Medicaid nan yon sèl plan sante pou sèten gwoup moun ki elijib pou Medicare ak Medicaid. Yo rekonèt moun sa yo tou kòm moun ki gen doub elijibilite pou avantaj konplè.

Byosimilè Entèchanjab – Yon byosimilè moun ka itilize kòm yon ranplasan pou yon pwodui orijinal byosimilè nan famasi a san moun nan pa bezwen yon nouvo preskripsyon paske li satisfè kondisyon adisyonèl ki gen rapò ak potansyèl pou ranplasman otomatik. Ranplasman otomatik nan famasi an soumèt ak lwa eta a.

Chapit 12 **Definisyon mo enpòtan**

Lis Medikaman Asire yo (Fòmilè oswa Lis Medikaman) – Yon lis medikaman sou preskripsyon plan an kouvri.

Sibvansyon pou Revni Ba (LIS) – Ale sou “Èd Sipleman tè.”

Pwogram Rabè pou Fabrikan – Yon pwogram kote fabrikan medikaman yo peye yon pati nan depans total plan an pou medikaman ki gen non mak ak medikaman byolojik Pati D ki asire yo. Rabè yo baze sou akò ant gouvènman federal la ak manifakti medikaman yo.

Montan Maksimòm Depans Pèsonèl – Montan maksimòm ou peye ak lajan ki soti nan pòch ou pandan ane sivil la pou sèvis Pati A ak Pati B ki kouvri nan rezo a. Montan lajan ou peye pou prim Medicare Part A ak Part B ou, ansanm ak medikaman preskripsyon yo pa konte nan montan maksimòm ki pou sòti nan pòch ou a. **(Remak:** Piske manm nou yo jwenn asistans nan men Medicaid tou, vrèman pa gen anpil manm ki janm rive nan montan maksimòm sa a ki pou sòti nan pòch ou oswa depans pèsonèl la).

Medicaid (oswa Asistans Medikal) – Yon pwogram ki fèt ant patenarya gouvènman federal la ak Eta a pou ede moun ki pa gen anpil revni ak resous limite yo peye frè medikal. Pwogram Medicaid Eta yo varye, men pifò depans swen sante yo asire si w kalifye pou Medicare ak Medicaid.

Gwoup Medikal – Yon asosiyasyon doktè, ki enkli Swen Primè PCP ak espesyalis, epi lòt pwofesyonèl swen sante, ki gen pami yo lopital, ki gen kontra ak plan an pou founi sèvis bay moun ki enskri yo. Gade Chapit 1, Seksyon 3.2 la.

Endikasyon Medikal ki Aksepte – Itilizasyon yon medikaman ki swa gen apwobasyon Administrasyon Manje ak Medikaman Etazini an (FDA) oswa aki gen sipò sèten referans, tankou American Hospital Formulary Service Drug Information ak Sistèm Enfòmasyon DRUGDEX Micromedex.

Nesesè sou plan Medikal – Sèvis, founiti, oswa medikaman ki nesèsè pou prevansyon, dyagnostik, oswa tretman kondisyon medikal ou a epi ki reponn ak estanda pratik medikal la aksepte yo.

Medicare – Pwogram asirans sante Federal pou moun ki gen 65 lane oswa plis, yon pòsyon moun ki gen mwens pase 65 lane ki gen andikap, epi moun ki gen Maladi Ren nan Faz Tèminal (ensifizans renal pèmanan ki nesèsite yon dyaliz oswa yon grèf ren).

Peryòd Enskripsyon Lib pou Medicare Advantage – Peryòd 1ye Janvye rive 31 Mas lè manm nan yon plan Medicare Advantage kapab anile enskripsyon yo nan plan yo epi chanje pou pase nan yon lòt plan Medicare Advantage oswa jwenn kouvèti atravè Original Medicare. Si w chwazi chanje pou w ale nan Original Medicare pandan peryòd sa a, ou kapab tou rantre nan yon plan Medicare apa pou medikaman preskripsyon nan moman sa a. Peryòd Enskripsyon Lib Medicare Advantage la disponib tou pou yon peryòd 3 mwa apre yon moun vin kalifye pou premye fwa pou benefisye Medicare.

Chapit 12 **Definisyon mo enpòtan**

Plan Medicare Advantage (Plan MA) – Pafwa yo rele l Medicare Part C tou, epi se yon plan ki disponib gras ak yon konpayi prive ki fè kontra avèk Medicare pou ba w tout avantaj Medicare Part A ak Part B ou yo. Yon Plan Medicare Advantage kapab i) yon HMO, ii) yon PPO, iii) yon plan Frè pou Sèvis Prive (Private Fee-for-Service, PFFS), oswa iv) yon plan Kont Epay Medikal Medicare (Medicare Savings Account, MSA). Mete sou chwa kalite plan sa yo, yon plan Medicare Advantage HMO oswa PPO kapab yon Plan Bezwen Espesyal (Special Needs Plan, SNP) tou. Nan pifò sitiyasyon, Plan Medicare Advantage ofri opsyon Medicare Part D a tou (kouvèti asirans pou medikaman preskripsyon). Yo rele plan sa yo **Plan Medicare Advantage ak Kouvèti Asirans pou Medikaman Preskripsyon**.

Sèvis ki Kouvri nan Medicare – Sèvis ki kouvri nan Medicare Part A ak Part B. Tout plan sante Medicare dwe kouvri tout sèvis ki kouvri nan Medicare Part A ak Part B. Tèm Sèvis ki kouvri nan Medicare pa gen ladan avantaj siplemantè yo, tankou swen vizyon, dantè, oswa zòrèy, yon plan Medicare Advantage ka ofri.

Plan Sante Medicare – Yon konpayi prive ki fè kontra avèk Medicare ofri yon plan sante Medicare pou bay moun ki gen Medicare ki enskri nan plan an avantaj Pati A ak Pati B. Tèm sa a gen ladan l tout Plan Medicare Advantage, Plan Depans Medicare, Plan Bezwen Espesyal, Pwogram Demonstrasyon/Pwogram Pilòt, ak Pwogram Swen Konplè Pou Moun Aje a (Program of All-inclusive Care for the Elderly, PACE).

Kouvèti Medicare pou Medikaman sou Preskripsyon (Medicare Part D) – Asirans pou ede nan pèman medikaman sou preskripsyon pou pasyan ekstèn, founiti vaksen, byolojik, ak kèk founiti Medicare Part A oswa Part B ki pa kouvri.

Règleman Medigap (Asirans Siplemantè Medicare) – Asirans siplemantè Medicare konpayi asirans prive yo vann pou konble “lakin” nan Original Medicare. Règleman Medigap yo travay sèlman ak Original Medicare. (Yon Plan Medicare Advantage pa yon kontra Medigap.)

Manm (Manm Plan nou an, oswa Manm Plan an) – Yon moun ki gen Medicare ki kalifye pou resevwa sèvis ki kouvri yo, ki enskri nan plan nou an epi enskripsyon li te jwenn konfimasyon Sant pou Sèvis Medicare ak Medicaid (CMS).

Sèvis pou Manm yo – Yon depatman nan plan nou an ki responsab pou reponn kesyon ou yo konsènan kontra ou, avantaj ou, doleyans ou yo, ansanm ak kontestasyon ou yo.

Famasi Rezo – Yon famasi ki gen kontra avèk plan nou an kote manm plan nou an ka jwenn avantaj medikaman preskripsyon yo. Nan pifò ka yo, preskripsyon ou yo kouvri sèlman si yo egzekite nan youn nan famasi rezo nou yo.

Pwofesyonèl Swen Sante nan Rezo – Pwofesyonèl swen sante se tèm jeneral pou doktè, lòt pwofesyonèl lasante, lopital, ak lòt etablisman swen sante ki gen lisans oswa sètifye pa Medicare ak pa Eta a pou bay sèvis swen sante. **Pwofesyonèl Swen Sante** nan rezo yo gen yon akò avèk plan nou an pou aksepte peman nou an kòm peman antye, epi nan kèk sitiyasyon pou kowòdone epi bay manm plan nou an sèvis asire yo. Yo di pwofesyonèl swen sante rezo oswa "pwofesyonèl swen sante nan plan."

Chapit 12 **Definisyon mo enpòtan**

Detèminasyon Òganizasyon – Yon desizyon plan nou an pran sou posibilite pou atik oswa sèvis yo asire oswa posibilite pou konbyen ou dwe peye pou atik oswa sèvis ki asire yo. Ou ka di detèminasyon òganizasyon oswa desizyon sou kouvèti asirans nan dokiman sa a.

Pwodwi Byolojik Orijinal – Yon pwodwi byolojik ki apwouve nan Administrasyon Manje ak Medikaman Etazini an (Food and Drug Administration, FDA) epi ki sèvi kòm konparezon pou manifaktirè yo fè yon vèsyon byosimilè. Yo rele sa yon pwodui referans tou.

Original Medicare (Medicare Tradisyonèl oswa Medicare Frè-pou-Sèvis) – Se gouvènman an ki ofri opsyon Original Medicare, epi li pa yon plan sante prive tankou Plan Medicare Advantage ak plan medikaman sou preskripsyon yo. Selon Original Medicare, sèvis Medicare yo asire nan peye montan peman pou doktè, lopital, ak lòt pwofesyonèl swen sante Kongrè a te tabli. Ou kapab wè nenpòt doktè, lopital, oswa lòt pwofesyonèl swen sante ki aksepte Medicare. Ou dwe peye dediktib (franchiz) la. Medicare peye pati pa 1 la nan kantite lajan Medicare apwouve a, epi ou peye pati pa w la. Original Medicare gen de pati. Pati A (Asirans Lopital) ak Pati B (Asirans Medikal) epi li disponib toupatou Ozetazini.

Famasi Andeyò Rezo a – Yon famasi ki pa gen yon kontra ak plan nou an pou kowòdone oswa bay manm plan nou an medikaman ki kouvri yo. Pifò medikaman ou jwenn nan famasi andeyò rezo a pa asire nan plan nou an sof si sèten kondisyon aplike.

Pwofesyonèl Swen Sante Andeyò Rezo a oswa Etablisman Andeyò Rezo a – Yon pwofesyonèl oswa yon etablisman ki pa gen yon kontra ak plan nou an pou kowòdone oswa bay manm plan nou an medikaman ki asire yo. Pwofesyonèl swen sante andeyò rezo yo se pwofesyonèl ki pa anplwaye, nan posesyon oswa k ap opere nan kad plan nou an.

Depans Pèsonèl – Wè definisyon pou pataj depans pi wo a. Egzijans yon manm gen pou l patisipe nan pataj depans nan lide pou peye yon pòsyon nan sèvis oswa medikaman li resevwa se yon egzijans ki refere antanke egzijans depans pèsonèl manm nan.

Limit Depans Pèsonèl – Kantite maksimòm ou peye nan pòch ou pou medikaman Pati D yo.

Plan PACE – Yon plan Pwogram Swen Konplè Pou Moun Aje (Program of All-Inclusive Care for the Elderly, PACE) konbine sèvis ak sipò medikal, sosyal ak alontèm (ong-term services and supports, LTSS) pou moun ki frajil pou ede moun rete endepandan epi rete viv nan kominote yo (olye pou yo deplase al viv nan yon mezon retrèt) toutotan sa posib. Moun ki enskri nan plan PACE yo resevwa avantaj Medicare ak Medicaid yo atravè plan an.

Pati C – gade Plan Medicare Advantage (MA).

Pati D – Pwogram volontè pou Avantaj Medikaman Preskripsyon Medicare.

Medikaman Pati D – Medikaman ki ka asire nan kad Pati D a. Nou kapab oswa nou kapab pa ofri tout medikaman Pati D yo. Sèten kategori medikaman Kongrè a te retire nan kouvèti asirans Pati D a. Sèten kategori medikaman Pati D dwe asire gras ak chak plan.

Chapit 12 **Definisyon mo enpòtan**

Sanksyon pou Reta nan Enskripsyon pou Pati D – Yon montan ki ajoute nan prim mansyèl ou pou kouvèti medikaman Medicare si ou ale san pwoteksyon kredib (kouvèti asirans ki espere peye, an mwayèn, omwen tout tan gen kouvèti Medicare estanda pou medikaman sou preskripsyon) pou yon peryòd 63 jou pou pi piti san rete apre ou te premye kalifye pou w rantre nan yon plan Pati D. Si ou pèdi aksè "Èd Sipleman" a, ou ka gen pou w peye penalite pou reta enskripsyon si ou pase 63 jou oswa plis ki youn apre lòt kote w san kouvèti Pati D a oswa lòt kouvèti medikaman sou preskripsyon ki kredib.

Prim – Peman peryodik pou Medicare, yon konpayi asirans, oswa yon plan swen sante pou pwoteksyon sante oswa medikaman sou preskripsyon.

Pwofesyonèl Swen Sante Prensipal (PCP) – Doktè oswa lòt pwofesyonèl swen sante w wè an premye pou pifò pwoblèm sante w genyen. Nan anpil plan sante Medicare, ou dwe wè pwofesyonèl swen prensipal ou anvan ou wè nenpòt lòt pwofesyonèl swen sante.

Otorizasyon Alavans – Apwobasyon alavans pou jwenn sèvis oswa sèten medikaman. Sèvis asire ki bezwen otorizasyon alavans yo afiche nan Tablo avantaj Medikal Chapit 4 la. Medikaman ki kouvri ki bezwen otorizasyon alavans yo endike nan lis medikaman an epi nouibliye kritè yo sou sit entèt nou an.

Pwotèz ak Ôtèz – Aparèy medikal ki gen ladan, men ki pa limite ak, aparèy òtopedik pou bra, do, ak kou; pwotèz pou manm; je atifisyèl; ak aparèy ki nesesè pou ranplase yon pati oswa fonksyon entèn nan kò a, tankou founiti pou estomi ak terapi nitrisyon anteral ak paranteral.

Òganizasyon pou Amelyorasyon Kalite (QIO) – Yon gwoup doktè pratikan ansanm ak lòt ekspè nan swen sante gouvènman federal la peye pou verifye ak amelyore swen yo ofri pasyan Medicare yo.

Limit Kantite – Yon zouti jesyon ki fèt pou limite itilizasyon medikaman ki chwazi pou rezon kalite, sekirite oswa itilizasyon. Limite yo kapab sou kantite medikaman nou asire pou chak preskripsyon oswa pou yon peryòd tan defini.

"Zouti Avantaj an Tan Reyèl" – Yon pòtay oswa aplikasyon òdinatè kote moun ki enskri yo ka chèche enfòmasyon konplè, egzakt, alè, ki apwopriye pou klinik, espesifik pou enskripsyon an ak enfòmasyon sou avantaj yo. Sa a gen ladan l montan pataj depans yo, medikaman altènatif nan fòmilè ki ka itilize pou menm kondisyon sante ak yon medikaman bay yo, ak restriksyon sou kouvèti (Otorizasyon Davans, Terapi Etap, Limit Kantite) ki aplike pou medikaman altènatif yo.

Sèvis Reyabilitasyon – Sèvis sa yo se sèvis tankou terapi fizik, terapi lapawòl ak langaj, ak terapi okipasyonèl.

Zòn Sèvis – Yon zòn jeyografik kote ou dwe abite pou antre nan yon plan sante patikilyè. Pou plan ki limite ki kalite doktè ak lopital ou kapab ale ladan yo, se jeneralman zòn kote ou ka jwenn sèvis woutin (non-ijans) yo. Plan an dwe retire w si w ale kite zòn sèvis plan an.

Swen Nan Sant Swen Enfimyè Espesyalize (SNF) – Swen enfimyè kalifye ak sèvis reyabilitasyon ki disponib sou yon baz kontinyèl, chak jou, nan yon sant swen enfimyè espesyalize. Egzanp swen yo se swen tankou terapi fizik oswa piki nan venn se sèlman yon enfimyè ki anrejistre oswa yon doktè ki kapab bay yo.

Chapit 12 **Definisyon mo enpòtan**

Plan Bezwen Espesyal – Yon kalite espesyal Plan Medicare Advantage ki bay swen sante ki plis konsantre sou gwoup moun espesifik, tankou moun ki gen Medicare ak Medicaid, ki abite nan yon mezon retrèt, oswa ki gen sèten kondisyon medikal kwonik.

Terapi pa Etap – Yon zouti itilizasyon ki mande pou w eseye premyeman yon lòt medikaman pou trete kondisyon medikal ou anvan nou asire medikaman doktè ou a te ka preskri w anvan an.

Revni Sekirite Sipleman (Supplemental Security Income, SSI) – Yon avantaj Sekirite Sosyal peye chak mwa pou moun ki gen revni ak resous limite epi ki andikape, avèg, oswa ki gen 65 lane pou pi piti. Avantaj SSI yo pa menm ak avantaj Sekirite Sosyal yo.

Sèvis Ki Nesesite Entèkansyon Ijan – Yon sèvis plan an kouvri ki nesese yon atansyon medikal imedya ki pa yon ijans se yon sèvis yo bezwen anijans si tanporèman ou pa nan zòn sèvis plan an, oswa si li pa rezonab, an fonksyon tan ou, kote ou ye, ak sikonstans ou yo pou w resevwa sèvis sa a nan men founisè ki nan rezo a plan an gen kontra avèk yo. Egzanp sèvis yo bezwen anijans yo se pou maladi ak blesi medikal yo pa t prevwa, oswa pou pouse yo pa t atann yo ak li ki gen pou wè ak kondisyon ki egziste deja. Sepandan, vizit woutin kay founisè ki nesese sou plan medikal yo, tankou tchèkòp anyèl, pa konsidere kòm sèvis yo bezwen anijans menm si ou pa nan zòn sèvis plan an oswa rezo plan an pa disponib tanporèman.

Kat Wellcare Spendables™ – Yon kat debi, plan an prechaje moun ki genyen l la ka itilize pou ede peye kèk atik jan sa dekri nan Tablo Avantaj Medikal yo.

Multi-Language Insert
Multi-language Interpreter Services

English: We have free interpreter services to answer any questions you may have about our health or drug plan. To get an interpreter, just call us at **1-877-374-4056 (TTY: 711)**. Someone who speaks English/Language can help you. This is a free service.

Spanish: Contamos con los servicios de interpretación gratuitos para responder cualquier pregunta que pueda tener sobre nuestro plan de salud o medicamentos. Para solicitar un intérprete, llámenos al **1-877-374-4056 (TTY: 711)**. Alguien que hable español puede ayudarlo. Este es un servicio gratuito.

Chinese (Mandarin): 我们提供免费的口译服务，可解答您对我们的健康或药物计划的有关疑问。如需译员，请拨打 **1-877-374-4056 (TTY: 711)**。您将获得中文普通话口译员的帮助。这是一项免费服务。

Chinese (Cantonese): 我們提供免費的口譯服務，可解答您對我們的健康或藥物計劃可能有的任何疑問。如需口譯員服務，請致電 **1-877-374-4056 (TTY: 711)**。會說廣東話的人員可以幫助您。此為免費服務。

Tagalog: May mga libre kaming serbisyo ng interpreter para sagutin ang anumang posible ninyong tanong tungkol sa aming planong pangkalusugan o plano sa gamot. Para kumuha ng interpreter, tawagan lang kami sa **1-877-374-4056 (TTY: 711)**. May makakatulong sa inyo na nagsasalita ng Tagalog. Isa itong libheng serbisyo.

French: Nous mettons à votre disposition des services d'interprétation gratuits pour répondre à toutes vos questions sur notre régime de santé ou de médicaments. Pour obtenir les services d'un interprète, appelez-nous au **1-877-374-4056 (TTY: 711)**. Un interlocuteur francophone pourra vous aider. Ce service est gratuit.

Vietnamese: Chúng tôi có dịch vụ thông dịch miễn phí để trả lời bất kỳ câu hỏi nào của quý vị về chương trình sức khỏe hoặc chương trình thuốc của chúng tôi. Để nhận thông dịch viên, chỉ cần gọi cho chúng tôi theo số **1-877-374-4056 (TTY: 711)**. Một nhân viên nói tiếng Việt có thể giúp quý vị. Dịch vụ này được miễn phí.

German: Wir bieten Ihnen einen kostenlosen Dolmetschservice, wenn Sie Fragen zu unseren Gesundheits- oder Medikamentenplänen haben. Wenn Sie einen Dolmetscher brauchen, rufen Sie uns unter folgender Telefonnummer an: **1-877-374-4056 (TTY: 711)**. Ein deutschsprachiger Mitarbeiter wird Ihnen behilflich sein. Dieser Service ist kostenlos.

Korean: 당사의 건강 또는 의약품 플랜과 관련해서 물어볼 수 있는 모든 질문에 답변하기 위한 무료 통역 서비스가 있습니다. 통역사가 필요한 경우, **1-877-374-4056(TTY: 711)**번으로 당사에 연락해 주십시오. 한국어를 구사하는 통역사가 도움을 드릴 수 있습니다. 통역 서비스는 무료로 제공됩니다.

Russian: Если у вас возникли какие-либо вопросы о нашем плане медицинского страхования или плане с покрытием лекарственных препаратов, вам доступны бесплатные услуги переводчика. Если вам нужен переводчик, просто позвоните нам по номеру **1-877-374-4056 (TTY: 711)**. Вам окажет помощь сотрудник, говорящий на русском языке. Данная услуга бесплатна.

Arabic: نوّقر خدمات ترجمة فورية مجانية للإجابة على أي أسئلة قد تكون لديك حول خطة الصحة أو الدواء الخاصة بنا. للحصول على مترجم فوري، ما عليك سوى الاتصال بنا على الرقم **1-877-374-4056 (TTY: 711)**. يمكن أن يساعدك شخص يتحدث العربية. وتتوفر هذه الخدمة بشكل مجاني.

Hindi: हमारे स्वास्थ्य या ड्रग प्लान के बारे में आपके किसी भी प्रश्न का उत्तर देने के लिए, हम मुफ्त में दुभाषिया सेवाएं देते हैं। दुभाषिया सेवा पाने के लिए, बस हमें **1-877-374-4056 (TTY: 711)** पर कॉल करें। हिंदी बोलने वाला/वाली कोई सहायक आपकी मदद कर सकता/सकती है। यह एक निःशुल्क सेवा है।

Italian: Sono disponibili servizi di interpretariato gratuiti per rispondere a qualsiasi domanda possa avere in merito al nostro piano farmacologico o sanitario. Per usufruire di un interprete, è sufficiente contattare il **1-877-374-4056 (TTY: 711)**. Qualcuno la assisterà in lingua italiana. È un servizio gratuito.

Portuguese: Temos serviços de intérprete gratuitos para responder a quaisquer dúvidas que possa ter sobre o nosso plano de saúde ou medicação. Para obter um intérprete, contacte nos através do número **1-877-374-4056 (TTY: 711)**. Um falante de português poderá ajudá-lo. Este serviço é gratuito.

French Creole: Nou gen sèvis entèprèt gratis pou reponn nenpòt kesyon ou ka genyen sou plan sante oswa plan medikaman nou an. Pou jwenn yon entèprèt, annik rele nou nan **1-877-374-4056 (TTY: 711)**. Yon moun ki pale Kreyol Ayisyen ka ede w. Se yon sèvis ki gratis.

Polish: Oferujemy bezpłatną usługę tłumaczenia ustnego, która pomoże Państwu uzyskać odpowiedzi na ewentualne pytania dotyczące naszego planu leczenia lub planu refundacji leków. Aby skorzystać z usługi tłumaczenia ustnego, wystarczy zadzwonić pod numer **1-877-374-4056 (TTY: 711)**. Zapewni to Państwu pomoc osoby mówiącej po polsku. Usługa ta jest bezpłatna.

Japanese: 弊社の健康や薬剤計画についてご質問がある場合は、無料の通訳サービスをご利用いただけます。通訳を利用するには、**1-877-374-4056 (TTY: 711)** にお電話ください。日本語の通訳担当者が対応します。これは無料のサービスです。

Hawaiian: Loa‘a iā mākou nā lawelawe unuhi ‘ōlelo manuahi e pane i nā nīnau āu e pili ana i kā mākou papahana olakino a lā‘au paha. No ka loa‘a ‘ana o ka unuhi ‘ōlelo e kelepona iā mākou ma **1-877-374-4056 (TTY: 711)**. Hiki i kekahi kanaka ‘ōlelo Hawai‘i ke kōkua iā ‘oe. He lawelawe manuahi kēia.

Ilocano: Adda iti libre a serbisyo ti panagpatarus mi tapno masungbatan ti anyaman a saludsod mo maipanggep iti plano ti salun-at wenna agas mi. Tapno makaala ti maysa nga agipatpatarus pakiawagan dakami laeng iti **1-877-374-4056 (TTY: 711)**. Mabalina nga makatulong kenka ti maysa nga agsasao iti Ilocano. Daytoy ket libre a serbisyo.

Samoan: E iai matou auaunaga faamatala upu e tali atu i soo se fesili e te ono fesili ai e uiga ia matou fuafuaga tau soifua maloloina poo fualaau. Ina ia maua se tagata faamatala upu na’o le vili mai a matou i le **1-877-374-4056 (TTY: 711)**. E mafai ona fesoasoani atu ia te oe se tasi e tautala i le gagana Samoan. E leai se totogi o lenei auaunaga.

Ukrainian: Ми безкоштовно надаємо послуги перекладачів, щоб ви могли отримати відповіді на будь-які запитання щодо нашого плану медичного обслуговування чи забезпечення лікарськими засобами. Щоб отримати допомогу перекладача, просто зателефонуйте нам за номером **1-877-374-4056 (TTY: 711)**. Спеціаліст, який володіє українською, допоможе вам. Ця послуга безкоштовна.

Lao: ພວກເຮົາມີບໍລິການຄົນພາສາພຣີ ເພື່ອຕອບຄໍາຖາມທີ່ທ່ານອາດຈະມີກ່ຽວກັບແຜນສຸຂະພາບ ທີ່ ຢູ່ຂອງ ພວກເຮົາ. ເພື່ອຂໍຄືນແປພາສາ ພຽງແຕ່ໂທຫາພວກເຮົາໄດ້ທີ່ເບີ **1-877-374-4056 (TTY: 711)**. ມີຄົນທີ່ເວົ້າພາສາ ລາວສາມາດຊ່ວຍທ່ານໄດ້. ນີ້ແມ່ນບໍລິການພຣີ.

Cambodian: យើងមានសេវាកម្មប្រែប្រួលមាត់ដោយឥតគិតថ្លៃសម្រាប់ឆ្លើយរាល់សំណួរដែលអ្នកមានអំពីគម្រោងឱសថ ឬគម្រោងសុខភាពរបស់យើង។ ដើម្បីទទួលបានអ្នកបកប្រែផ្ទាល់មាត់ គ្រាន់តែទូរសព្ទមកយើងខ្ញុំតាមរយៈលេខ **1-877-374-4056 (TTY: 711)**។ មនុស្សម្នាក់ដែលនិយាយភាសាខ្មែរបានអាចជួយអ្នកបាន។ នេះជាសេវាកម្មឥតគិតថ្លៃ។

Hmong: Peb muaj cov kev pab cuam kws txhais lus pab dawb los teb cov nqe lus nug twg uas koj yuav muaj hais txog peb lub phiaj xwm duav roos kev noj qab haus huv thiab tshuaj. Yog xav tau ib tug kws txhais lus ces tsuas hu rau peb tau ntwam **1-877-374-4056 (TTY: 711)**. Ib tug neeg twg uas hais tau lus Hmoob yuav pab tau koj. Qhov no yog kev pab cuam pab dawb xwb.

Thai: เรามีบริการล่ามแปลภาษาให้ฟรีเพื่อตอบคำถามใดๆ ที่คุณอาจมีเกี่ยวกับแผนด้านสุขภาพหรือยาของเรา หากต้องการล่ามแปลภาษา โปรดติดต่อเราที่หมายเลข **1-877-374-4056 (TTY: 711)** คนที่พูดภาษาไทย ได้สามารถช่วยคุณได้ บริการนี้ไม่มีค่าใช้จ่าย

Sèvis Manm Wellcare Dual Access (HMO D-SNP)

Metòd	Sèvis pou Manm yo – Enfòmasyon Kontak
RELE	1-833-444-9089 Li gratis pou rele nimewo sa a. Ant 1ye oktòb ak 31 mas, reprezantan yo disponib lendi pou rive dimanch, 8è a.m. jiska 8è p.m. Soti 1ye Avril pou rive 30 Septanm, reprezantan yo disponib soti Lendi–Vandredi, soti 8 a.m. rive 8 p.m. Tanpri sonje, apre orè fonksyonman yo, wikenn ak jou ferye federal yo, sòti 1ye avril pou rive 30 septanm, sistèm telefòn otomatik nou an ka reponn apèl ou. Tanpri kite non ou ak nimewo telefòn ou, epi n ap retounen w apèl la nan delè yon (1) jou ouvrab. Sèvis pou Manm yo genyen sèvis entèpretasyon lang ki gratis ki disponib tou pou moun ki pa pale anglè yo.
TTY	711 Li gratis pou rele nimewo sa a. Ant 1ye oktòb ak 31 mas, reprezantan yo disponib lendi pou rive dimanch, 8è a.m. jiska 8è p.m. Soti 1ye Avril pou rive 30 Septanm, reprezantan yo disponib soti Lendi–Vandredi, soti 8 a.m. rive 8 p.m.
EKRI	Wellcare PO Box 31370 Tampa, FL 33631-3370
SIT ENTÈNÈT	www.wellcare.com/medicare

Florida Serving Health Insurance Needs of Elders (SHINE)

Florida k ap Sèvi nan Kesyon Asirans Sante pou Granmoun Aje (Florida Serving Health Insurance Needs of Elders, SHINE) se yon pwogram eta an ofri ki benefisye finansman gouvènman federal la pou bay moun ki gen Medicare konsèy lokal gratis sou asirans sante.

Metòd	Enfòmasyon Kontak
RELE	1-800-96-ELDER (1-800-963-5337)
TTY	1-800-955-8770 Nimewo sa a mande pou w itilize ekipman telefòn espesyal epi li disponib sèlman pou moun ki tande di oswa ki gen difikilte pou pale.
EKRI	SHINE Program, Department of Elder Affairs 4040 Esplanade Way, Suite 270 Tallahassee, FL 32399-7000
SIT ENTÈNÈT	http://www.floridashine.org/

Deklarasyon Divilgasyon PRA Selon Lwa 1995 sou Rediksyon Fòmalitye Administratif yo (Paperwork Reduction Act of 1995), okenn moun pa oblije reponn nan kad yon kolèk enfòmasyon si yo pa montre li yon nimewo kontwòl OMB ki valid. Nimewo kontwòl OMB ki valid pou kolèk enfòmasyon sa a se 0938-1051. Si w gen kòmantè oswa sigjesyon pou ede amelyore fòm sa a, tanpri ekri nan: CMS, 7500 Security Boulevard, Attn: PRA Reports Clearance Officer, Mail Stop C4-26-05, Baltimore, Maryland 21244-1850.